O'ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA'M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASI MİNİSTRLER KEN'ESİ

ORTA ARNAWLI HA'M KA'SİPLİK BİLİMLENDİRİW BASQARMASI

Q.Q. JA'RİMBETOV
Q.K. ORAZIMBETOV

# QARAQALPAQ A'DEBİYATI

*Ka'sip-o'ner kolledjleri oqıwshıları ushın sabaqlıq*

NO'KİS
«BİLİM»
2006

www.ziyouz.com kutubxonasi

83 Q. Ja'rimbetov, Q. Orazımbetov. Qaraqalpaq a'debiyatı,
J—65 No'kis «Bilim», 2006, 200- bet

Я 722

Bul sabaqlıqta qaraqalpaq folklorı, qaraqalpaq jazba a'debiyatı da'rekleri, XIV—XIX a'sir qaraqalpaq a'debiyatı, XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq a'debiyatı, ha'zirgi qaraqalpaq a'debiyatına baylanıslı materiallar berilgen. Sonday-aq sabaqlıqta a'debiyat teoriyasınan mag'lıwmatlar teması astında ko'p g'ana a'debiy atamalarg'a tu'sinikler beriledi.

Sabaqlıq ka'sip-o'ner kolledjleri oqıwshılarına arnalg'an. Sabaqlıqtan orta mektep ha'm akademiyalıq litseylerdin' oqıwshıları, oqıtıwshıları, joqarı oqıw orınlarının' studentleri qollanba sıpatında paydalanıwı mu'mkin.

Sabaqlıqtın' qaraqalpaq folklorınan XXI a'sir a'debiyatına shekemgi bo'limleri Q. Ja'rimbetov,

XXI a'sir qaraqalpaq a'debiyatı bo'limin Q. Orazımbetov jazg'an.

Pikir bildiriwshiler:

**S. Bahadırova** — *filologiya ilimlerinin' doktorı, professor;*
**Q. Yusupov** — *filologiya ilimlerinin' kandidatı, O'zbekstan Respublikası ag'la oqıtıwshısı*

© «Bilim» baspası, 2006- j.

# KO'RKEM A'DEBİYAT HAQQINDA TU'SİNİK

Adam sırtqı ortalıqtı, ja'miyetti, turmıstı teк a'meliy xızmet barısında biliw menen g'ana sheкlenbeydi. Adam olardı кo'rкem-estetiкalıq piкirlewler, seziwler arqalı da u'yrenedi, yag'nıy sırtqı ortalıq, ja'miyet, turmıs tuwralı tu'siniкlerdi кo'rкem obrazlar arqalı beredi.

Ko'rкem obrazlar кo'rкem o'ner (su'wretshiliк, mu'sinshiliк, muzıкa, xoreografiya, teatr) shıg'armalarında jaratıladı, demeк, кo'rкem o'nerdin' baslı wazıypası — bul кo'rкem obraz jaratıw, du'nyanı кo'rкem obrazlar arqalı кo'rsetiw, tanıtıw, sa'wlelendiriw. Ko'rкem a'debiyat ta кo'rкem o'nerdin' bir tu'ri bolıp esaplanadı ha'm o'zinin' ayrıqsha qa'siyetlerine iye boladı.

A'debiyat degen atama кen' ma'nisкe iye boladı. Ulıwma xatqa tu'sirilgen, ja'miyetliк mazmung'a iye ha'm a'debiy tildin' o'lshemlerine say jazılg'an shıg'armalardı a'debiyat degen atama menen ju'ritedi. Mısalı, ilim-izertlew tarawına tiyisli shıg'armalardı **ilimiy a'debiyat** huqıqnızamg'a tiyisli shıg'armalardı **yuridikalıq a'debiyat,** meditsina tarawına tiyisli shıg'armalardı **meditsinalıq a'debiyat** dep ataydı. Ko'rкem so'z o'neri arqalı do'regen shıg'armalardı jıynaqlı bir termin menen кo'rкem a'debiyat dep ju'ritedi. Ko'rкem a'debiyattı кo'binese qısqasha g'ana a'debiyat dep te ataydı.

Ko'rкem a'debiyat — кo'rкem so'z o'neri. Sırtqı du'nyanı, ja'miyetliк turmıstı obrazlar arqalı tanıwdın' bir tu'ri. Haqıyqatında da jazıwshı-shayırlar кo'rкem so'zdin' qu'direti menen su'wret saladı, teк g'ana su'wret salıp qoymastan og'an jan beredi, adam xaraкterin ashıp beredi. A'debiyat ta ja'miyetliк sananın' bir tu'ri bolıp esaplanadı. Ol ta'biyattı, turmıstı biliwge umtıladı ha'm olar tuwralı tu'siniкlerdi кo'rкem obrazlar menen beredi. Sonın' ushın da кo'rкem a'debiyattın' ta'rbiyalıq xızmeti u'lкen.

Ko'rкem a'debiyat V.G.Belinsкiydin' кo'rsetкenindey кo'rкem o'nerdin' basqa da tu'rlerinen o'zinin' jeteкshiliк qa'siyeti ha'm qospalılıg'ı menen parıq qıladı. Mısalı, pesa saxnalastırılıwı ushın en' da'slep onın' a'debiy nusqası — dramalıq shıg'arma payda bolıwı кereк, кino eкranlastırılıwı ushın aldı menen onın' stsenariyi jazıladı yamasa muzıкa jazılıwı ushın og'an qosıq teкsti bolıwı sha'rt.

Ko'rкem a'debiyat rawajlanıwdın' uzaq tariyxıy jolların basıp o'tкen. Ko'rкem a'debiyattın' da'slepкi basqıshı — xalıq awızeкi a'debiyatı,



www.ziyouz.com kutubxonasi

yag'nıy folklor. Jazıwdın' ele payda bolmag'an da'wirinde ko'rkem shıg'armalar awızeki do'relgen ha'm atqarıwshılıq yamasa awızeki ko'rkem bayanlaw jolı menen tarqalg'an. Sonlıqtan folklorlıq shıg'armalar ha'r da'wirdin' talaplarına muwapıq o'zgerip baradı. Usı jag'daylardı esapqa alıp folklorlıq shıg'armalardı ilimde ja'ma'a'tlik (kollektivlik) do'retpeler dep ataydı.

A'debiy shıg'armalar jazba tu'rde, belgili bir adamnın' avtorlıg'ında do'reydi. Olar o'zgertilmeydi. Rawajlang'an a'debiyatta ha'r bir itibarlı jazıwshının' jeke (individual) stili boladı.

Folklorlıq shıg'armalarda obraz jasaw a'piwayı usıllar menen iske asırıladı. Jazba a'debiyatta obraz jasaw biraz quramalasadı. Ko'rkem obrazg'a avtordın' jeke ko'zqarasları, jeke pozitsiyası sin'diriledi. Realistlik a'debiyatta personajlardın' obrazları olardın' jeke xarakterleri arqalı jaratıladı. Shıg'armalarda ha'r bir personajdın' basqalardı qaytalamaytug'ın jeke minez-qulqın, is ha'reketlerin, ishki keshirmelerin, so'ylew o'zgesheligin, sırtqı portretin beriw arqalı xarakter jaratıladı. Usı xarakter personajdın' obrazın ko'rkem ha'm isenimli etip ko'rsetedi. Xarakter jaratıw — bul jan'a da'wir a'debiyatının' jemisi.

Ko'rkem a'debiyattın' ko'rkem o'nerdin' basqa tu'rlerinen baslı ayırmashılıqlarının' biri — ol ko'rkem obrazdı til (so'z) arqalı jasaydı. Mu'sinshi (skulptor) ko'rkem obraz jaratıwdın' materialı retinde tas, gips, ma'rmer, bronza usag'an materiallardı paydalanadı, su'wretshi boyaw menen qıl qa'lemdi, kompozitor muzıka jaratıw ushın ne tu'rli seslerdi paydalanadı. Al jazıwshı (shayır) obraz jaratıw ushın so'zlerdi paydalanadı. Ol shıg'armalarda waqıyanı so'z benen ko'rkemlep su'wretleydi yamasa so'z benen ishki sezimlerdi, ruxıy keshirmelerdi, oy-pikirlerdi beredi. Demek, ko'rkem shıg'arma do'retiwdin' baslı sha'rtlerinin' biri — bul ko'rkem tildi tolıq men'geriw, onı ko'rkem obraz jaratıw ushın sheberlik penen paydalana biliw.

Ko'rkem a'debiyat regionallıq a'debiyat, milliy a'debiyat bolıp sha'rtli tu'rde bo'liniwi mu'mkin. Milliy a'debiyat o'z shıg'armalarında belgili bir xalıqtın', millettin' o'zgesheliklerin, xarakterin (mentalitetin), ruwxıy ma'deniyatın, tariyxın sa'wlelendiredi. Ha'r bir milliy a'debiyat sol millettin' basıp o'tken tariyxıy jollarına, ja'miyetlik turmıs sharayatlarına qaray ha'r qıylı da'wirlerde, ha'r qıylı jag'daylarda qa'liplesedi, rawajlanadı. Mısalı, antik grek-rim a'debiyatı bunnan 2500—2800 jıllar burın qa'liplese baslag'an bolsa, Batıs Evropa a'debiyatı aldın'g'ı orta a'sirlerde qa'liplesedi. Al ko'shpeli turmıs keshirgen xalıqlardın' jazba a'debiyatı tariyxıy sharayatlarg'a baylanıslı bunnan da kesh payda boladı. Qaraqalpaq jazba a'debiyatının' sag'aları erte da'wirlerdegi tu'rkiy jazba esteliklerden baslanadı ha'm qaraqalpaq a'debiyatı ataması menen XVIII — XIX a'sirlerden do'retile basladı.

# QARAQALPAQ FOLKLORI HA'M ONIN' TU'RLERİ

## Salt-da'stu'r qosıqları

**Folklor haqqında ulıwma tu'sinik.** Folklor termini inglis tilinen alıng'an bolıp, so'zbe-so'z awdarg'anda xalıq danalıg'ı, xalıq do'retiwshiligi degendi an'latadı. (**folk** – xalıq, **lore** – danalıq) ha'm ol xalıq aralıq terminge aylanıp ketken. Qaraqalpaq tilinde folklor menen qatar xalıq do'retiwshiligi so'z birikpesi sın'ar termin sıpatında o'nimli qollanıladı. Onı geyde awızeki a'debiyat degen termin menen de ataydı. Folklor (xalıq do'retiwshiligi) o'zinin' kelip shıg'ıwı boyınsha uzaq da'wirlerge yag'nıy, mifologiyalıq da'wirlerge barıp taqaladı. A'yyemgi folklor son'g'ı da'wirler folklorı sıyaqlı tu'rlerge (janrlarg'a) jiklenbegen bolıp, sinkretikalıq (qospaq) qa'siyetke iye bolg'an. Demek a'yyemgi folklor o'zine muzıka, xoreografiya (ayaq oyın) teatr elementlerin ja'mlep, tutas bir ko'rkem o'nerdi an'latqan ha'm ha'r qıylı salt-da'stu'rlerdi, u'rp-a'detlerdi, ırımlardı orınlag'anda atqarılg'an. Folklor zamanlardın', ja'miyettin' rawajlanıwı menen o'zgerip baratug'ın tariyxıy qubılıs. O'zgeriwshen'lik, yag'nıy syujettin', obrazlar sistemasının', tildin' a'sirese onın' leksikalıq quramının' o'zgerip barıwı-folklor shıg'armalarının' tiykarg'ı qa'siyeti. Tariyxıy rawajlanıwdın' barısında bir tutas sinkretikalıq o'ner bolıp esaplang'an folklor tu'rlerge ajıralıp, jiklene baslaydı; muzıka folklorı, xoreografiya folklorı, ko'rkem so'z folklorı (awızeki xalıq do'retiwshiligi) h.t.b. Ko'pshilik folklorlıq shıg'armalarda, mısalı qosıqlarda, da'stanlarda ko'rkem so'z baslı orıng'a shıg'ıp, muzıka teatr elementleri og'an qosımsha bolıp qaladı, al bir qatar folklorlıq janrlarda mısalı erteklerde, an'ızlarda, anekdotlarda ko'rkem so'z o'neri jetekshi orındı iyeleydi.

Xalıq awızeki so'z o'neri (folklor) bir qatar o'zgesheliklerge iye boladı. Birinshi na'wbette folklor **ja'ma'a'tlik (kollektivlik) do'retiwshilik** bolıp esaplanadı, yag'nıy folklorlıq shıg'armanın' jeke avtorı bolmay, onı xalıq do'retedi. Bunda en' da'slebinde pu'tin bir shıg'arma bir adam ta'repinen do'reliwi mu'mkin. Biraq onın' xalıqqa taralıwının' barısında bul shıg'armanı aytqan adam onı tın'lap otırg'an auditoriyanın' (tın'lawshılardın') talaplarına, ko'rkem estetikalıq talg'amına, zamannın' o'zgesheligine qaray o'zgertiwi, qısqartıwı yamasa qosıwı mu'mkin. Sonlıqtan folklorlıq shıg'armalar xalıq do'retiwshiligi, xalıq miyrası bolıp esaplanadı.

Xalıq do'retiwshiliginin' o'zgesheliklerinen biri — ol negizinen awızeki do'reledi ha'm tarqaladı. Basqasha aytqanda folklorlıq shıg'armalar burıng'ı zamanlarda xatqa tu'sirilmegen ha'm nusqa bolıp qalmag'an. Birewden birewge a'wladtan a'wladqa awızeki o'tip ha'm tarqalıwının' na'tiyjesinde folklorlıq shıg'armanın' da'slepki avtorı umıtılıp, olar xalıq mu'lkine aylanadı. Durıs, ayırım da'stanlarda («Qırq qız», «Alpamıs» h.t.b) jıraw o'zinen burın usı da'standı jırlag'an jırawlar tuwralı,da'stannın' da'slepki do'retiwshisi tuwralı mag'lıwmatlar beredi. Biraq olar da'stannın' avtorları bola almaydı, al onın' atqarıwshıları bolıp tabıladı.

Folklorlıq shıg'armalardın' ja'ne bir belgisi — bul olardın' ko'p variantlılıg'ı. Joqarıda aytılg'anınday bir shıg'armanı ha'r atqarıwshı o'zinshe o'zgerisler kirgizip, ha'r qıylı atqarıwı mu'mkin. Mısalı, «Alpamıs» da'stanının' qaraqalpaq folklorında ko'p variantları bar. (Qıyas jıraw variantı, O'giz jıraw variantı, Esemurat jıraw variantı t.b). Ha'r bir jıraw da'stannın' syujetine, obrazlarına, motivlerine o'zinshe o'zgerisler kirgiziwi mu'mkin. Folklorlıq shıg'armalardın' ha'r bir xalıqtın' ko'rkem estetikalıq tu'siniklerine, turmıs ta'rizine, tariyxıy sharayatlarına baylanıslı xalıqlıq variantları boladı. Bulardı ilimiy tilde milliy versiyalar dep ataydı. Mısalı, joqarıda keltirilgen «Alpamıs» da'stanının' qaraqalpaqsha, o'zbekshe, qazaqsha versiyaları bolıp, olardın' syujeti, motivleri, ideyası, tematikası bir-birine jaqın bolg'anı menen ha'r bir milliy versiyanın' o'zgeshelikleri bar.

Folklorg'a ta'n qa'siyetlerdin' ja'ne biri — bul onın' burınnan kiyatırg'an ko'rkemlik da'stu'rlerdi qatan' saqlawı bolıp tabıladı. Ertekler, da'stanlar, qosıqlar turaqlı baslamalarg'a, syujetlik motivlerge, kompozitsiyalıq qurılıslarg'a iye boladı. Mısalı, ertekler «bir bar eken, bir joq eken, burıng'ı o'tken zamanda, sol zamannın' qa'diminde...» degen turaqlı baslamalarg'a, da'stanlar batırdın' a'jayıp bolıp tuwılıwı, o'siwi, batırdın' at tan'lawı, batırdın' qız izlep ketiwi, batırdın' gu'res tutıwı sıyaqlı turaqlı syujetlik motivlerge iye boladı.

Al jazba a'debiyattın' talapları pu'tkilley basqasha. Mısalı, a'debiyat shıg'armaları belgili bir avtorg'a iye boladı, ha'r bir itibarlı jazıwshının' (avtordın') o'zinin' jeke ko'rkemlik uslubı, jeke ideyaları bolıwı mu'mkin. Jazba a'debiyatta folklordag'ıday bir shıg'armanın' bir neshe variantları bolmaydı. Shıg'arma baspadan shıg'ıp ko'pshilikke tarqalg'an son' onı avtordın' kelisimisiz hesh kim o'zgerte almaydı ha'm ol jazba nusqa bolıp qaladı.

A'debiy shıg'arma jazba tu'rde do'reydi, jırawlarg'a, baqsılarg'a ertekshilerge ta'n improvizatorlıq (suwırıp salmay, to'kpe shayırlıq) jazba a'debiyat wa'kiline jat usıl.

Folklorlıq do'retiwshilik penen jazba a'debiyat arasındag'ı bunday ayırmashılıqlar olardın' bir-birine qarama-qarsı ekenin an'latpaydı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Kerisinshe, ko'rkem so'z o'nerinin' bul eki tu'ri bir-biri menen tıg'ız baylanısta boladı, bir-birine ta'sir jasaydı. Mısalı, jazba a'debiyat wa'killeri xalıq do'retiwshiliginen ko'p na'rseler aladı (naqıl-maqallar, su'wretlew quralları, tu'rli obrazlar h.t.b.), onın' syujetlerin, motivlerin paydalanadı. O'z gezeginde xalıq shayırları jazba a'debiyattan ko'p na'rseler u'yrenedi. Ha'tteki olardın' ayırımları u'yreniw barısında jazba a'debiyat wa'killerine aynalıp ketedi. Qaraqalpaq a'debiyatı tariyxında Abbaz Dabılov, Sadıq Nurımbetov do'retiwshilik jolın xalıq shayırları sıpatında baslap, son'ın ala XX a'sir qaraqalpaq a'debiyatının' iri wa'killeri bolıp jetilisti.

**Ha'zirgi zaman folklorının' o'zgeshelikleri.** Joqarıda atap o'tilgen o'zgeshelikler barlıq zamanlar ushın sonın' ishinde ilim ha'm texnikanın' rawajlanıw shın'larına jetken XX — XXI a'sir ushın jaramlı bola bermeydi. Ma'selen, folklorlıq shıg'armalar awızeki do'retiledi ha'm xalıq arasına atqarıwshılar ja'rdeminde awızeki tarqaladı degen qag'ıyda jazıw-sızıwı bolmag'an a'yyemgi da'wirlerge yamasa sawatsızlıq u'stemlik etken orta a'sirlerge ta'n bolıp esaplanadı. Al xalıqtın' g'alaba sawatlılıg'ına erisilgen ha'zirgi da'wirde folklorlıq shıg'armalar jazba tu'rde do'rele beriwi mu'mkin. Mısalı, ha'zirgi zaman xalıq shayırları qosıqlardı, sonın' ishinde toy, betashar qosıqların jazba tu'rde do'retedi ha'm ko'binese olardın' jazba tekstlerin toy ma'resimde oqıp beredi. Egerde da'stanlar, ertekler, burıng'ı zamanlarda jırawlar, baqsılar, ertekshiler ta'repinen xalıqqa awızeki jetkerilgen bolsa, ha'zirgi waqıtta folklordın' bul tu'rlerinin' variantları jazıp alınıp, kitap tu'rinde baspadan shıg'arılg'an. Qa'legen sawatlı adam ha'zirgi folklorlıq shıg'armalar menen atqarıwshılardın' ko'megisiz-aq kitap nusqasın oqıp tanısa beriwine boladı.

Ha'zirgi waqıtta folklorlıq shıg'armanın' avtorı bolmawı kerek degen ug'ımdı go'nergen dewge bolmaydı. Xalıq do'retiwshiligi usılında payda bolg'an ko'p g'ana shıg'armalardın' avtorı belgili. Ha'tteki bulardın' shıg'armaları baspadan shıg'ıp ta turadı. Ma'selen qazaq aqını Jambıl Jabaevtın', o'zbek baqsısı Fazıl Yuldash ug'lının', qaraqalpaq jırawları Qurbanbay Ta'jibaevtın', Qıyas Qayratdinovtın' shıg'armaları tikkeley o'zlerinen jazılıp alınıp solardın' avtorlıg'ında baspadan shıg'arılg'an.

Biraq bul aytılg'an jag'daylar texnika rawajlanıp ketken ha'zirgi zamanda xalıq do'retiwshiligi menen jazba a'debiyat arasındag'ı ayırmashılıq o'shti degendi bildirmeydi. Olar ko'rkem so'z o'nerinin' eki tu'ri bolıp qala beredi. Folklorlıq shıg'armalar jazba tu'rde payda bolıp, baspadan shıg'arılg'an menen olar ba'ribir xalıq do'retiwshiliginin' tiykarg'ı printsipleri shen'berinde do'retiledi. Mısalı, folklorlıq shıg'armanın' avtorı belgili bolg'an menen ol ba'ribir folklor poetikası tiykarında do'retiledi, yag'nıy folklordın' poetikalıq da'stu'rleri qatan' saqlanadı. Bular folklorlıq shıg'armalardag'ı da'stu'rli baslamalar, da'stu'rli

su'wretlew qurallarы (metaforalar, epitetler, ten'ewler, giperbolalar h.t.b.) кo'pshiliк shıg'armalarg'a ortaq bayanlaw stili avtordın' individual stili h.t.b. belgiler. Demeк, ha'zirgi zaman folкlorının' do'rew usılı, texniкası o'zgergen menen onın' ulıwma folкlorlıq poetiкası saqlanıp qaladı.

Folкlor — bul xalıq danalıg'ı, xalıqtın' ma'deniy miyrası, ruwxıy du'nyası. Onı qa'sterlep jıynaw, saqlaw ha'm xalıqtın' ruwxıy mu'ta'jine jaratıw — bul ha'zirgi a'wladtın' a'diwli wazıypalarınnan bolıp tabıladı.

## Qaraqalpaq folklorının' tu'rleri

Qaraqalpaq folкlorı mazmunı, tematiкası, кo'rкem formaları jag'ınan da кu'ta' bay, ra'n'ba'ra'n', кo'p tu'rlerge, janrlarg'a bo'linedi. Folкlordın' tu'rlerge, janrlarg'a jiкleniwi joqarıda aytılg'anday onın' uzaq evolyutsiyalıq rawajlanıwı dawamında ju'z beredi. Sonlıqtan folкlorlıq shıg'armalardın' ishinde adamzattın' rawajlanıwının' barlıq tariyxıy da'wirlerinin' qatlamları, elementleri bar (mifologiyalıq, diniy, tariyxıy, etnografiyalıq, sotsiallıq, h.t.b.). Qaraqalpaq folкlorı da usı tiyкarda tu'rlerge bo'linedi.

Qaraqalpaq awızeкi a'debiyatının' xalıq awzınan jıynalıwı, teкstologiyalıq jaqtan islenip baspadan shıg'arılıwı XX a'sirdin' birinshi yarımında isкe asırıladı.Onın' da'slepкi jıynawshıları ha'm tu'rlerge bo'lip izertlewshileri N.Da'wqaraev, N.A.Basкaкov, Q.Ayımbetov, O.Kojurovlar boldı. 1950—1960-jılları qaraqalpaq folкlorının' tu'rleri boyınsha N.Japaqov, İ.Sag'ıytov, Q.Maqsetov, A'.Ta'jimuratov, Q.Ma'mbetnazarov, N.Kamalov, A'.Alımov, T.Niyetullaev, M.Niza-matdinov h.t.b jumıs alıp bardı. Usı folкlorshı alımlardın' miynetlerine su'yene otırıp qaraqalpaq folкlorın to'mendegishe jiкlew mu'mкin: salt-da'stu'r jırları: balalar folкlorı: xalıq do'retiwshiliginin' кishi janrları (naqıl-maqallar, jumbaqlar, jan'ıltpashlar): xalıq qosıqları (miynet qosıqları, ashıqlıq qosıqları, xoshlasıw qosıqları, aytıslar h.b): folкlordın' epiкalıq janrları: erteкler, an'ızlar sheshenliк so'zler, кu'ldirgi a'n'gimeler (aneкdotlar): da'stanlar (qaharmanlıq da'stanlar yamasa batırlar jırı, liro-epiкalıq yamasa ashıqlıq da'stanlar). Xalıq do'retiwshiligi shıg'armalarının' janrlıq qa'siyetleri,belgileri boyınsha jiкleniwi ilimde **folklordın' klassifikatsiyası** dep ataladı.

## Qaraqalpaq folklorının' atqarıwshıları

Folкlorlıq shıg'armalardın' xalıq arasında tarqalıwı ha'm a'sirler boyı a'wladtan a'wladqa o'tip jasawı olardın' atqarıwshılarına baylanıslı bolıp кeledi. Atqarıwshılar tın'lawshılardın' tilegine, tu'siniкlerine

ha'm zamannın' talaplarına qaray o'zleri atqarıp otırg'an shıg'armalarg'a o'zgerisler kirgizip baradı.

Qaraqalpaq folklorının' atqarıwshıları ko'p bolg'an. Erteklerdi, an'ızlardı, miflerdi, ku'ldirgi a'n'gimelerdi qatıqulaq, yadıkesh, syujet toqıw ha'm onı bayanlaw uqıbı joqarı, tilge sheshen adamlar aytatug'ın bolg'an. Olar o'zleri aytqan a'n'gimelerdi qızıqlı mag'lıwmat sıpatında g'ana emes, al olardı ko'rkemlep obrazlı etip aytıp bergen. Na'tiyjede olardın' aytqan a'n'gimeleri ko'rkem shıg'arma da'rejesine ko'terilgen.

Qaraqalpaq awızeki do'retiwshiliginin' en' salmaqlı janrlarının' biri da'stanlar bolıp tabıladı. Da'stanlar u'lken eki toparg'a-batırlıq da'stanlar ha'm ashıqlıq da'stanlar bolıp bo'linedi. Batırlıq da'stanlardı qıyqalap shertetug'ın muzıka a'spabı qobız benen belgili namalarg'a salıp jırawlar aytqan.Jırawlar sonday-aq kishi ko'lemli poetikalıq janrlar bolg'an didaktikalıq,filosofiyalıq mazmung'a iye termeler ha'm tolg'awlardı da atqarg'an. Ashıqlıq (liro-epikalıq) da'stanlardı duwtar a'spabı menen baqsılar aytqan. Baqsılar sonın' menen birge didaktikalıq, ashıqlıq, tariyxıy, sotsiallıq mazmundag'ı lirikalıq qosıqlardı da atqarg'an.

Jırawshılıq qaraqalpaqlar xalıq bolg'alı berli birge kiyatırg'an ko'p a'sirlik da'stu'rlerge iye eski o'ner. «Alpamıs», «Qoblan», «Ma'spatsha», «Qırq qız», «Edige» sıyaqlı qaharmanlıq da'stanlar jırawlardın' atqarıwında taraldı ha'm bizin' da'wirimizge shekem kelip jetti. Qaraqalpaqlardın' jırawshılıq mektebi XIV a'sirde jasag'an ullı jıraw Soppaslı Sıpıra jırawdan baslanadı. Onın' jolın Asan Qayg'ı, Dospambet, Shalkiyiz, Mu'yten jırawlar, XVIII—XIX a'sirlerde Jiyen jıraw, Qazaqbay jırawlar dawam ettirgen. XX a'sirdegi jırawshılıq mektebinin' iri wa'killeri O'giz jıraw (Xojambergen Niyazov, 1884—1954), Qurbanbay jıraw Ta'jibaev (1876—1958), Esemurat jıraw Nurabıllaev (1885—1979), Qıyas jıraw Qayratdinovlar (1903—1974) bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaqlarda baqsıshılıq o'nerinin' payda bolıwı olardın' otırıqshılıq turmısqa o'tiwi menen baylanıslı. Baqsılar tiykarınan «G'a'rip ashıq», «Sayatxan-Hamra», «Ashıq Na'jep» sıyaqlı ashıqlıq da'stanlardı, o'z aldına aytılatug'ın lirikalıq qosıqlardı, sonday-aq muhabbat, doslıq, ma'rtlik, jawıngerlik sıyaqlı joqarı qa'siyetlerdi jırlaytug'ın «Axmet-Yusup», «G'o'rug'lı» du'rkinine kiretug'ın «Ba'zirgen», «Qırmanda'li», «Yunis peri» da'stanların atqarg'an.

Qaraqalpaq baqsıshılıq o'nerinin' XIX a'sirdegi iri wa'killeri Aqımbet baqsı, Muwsa baqsılar bolıp tabıladı. Qaraqalpaq xalqı su'yip tın'laytug'ın «Muwsa sen yarı», «Arıwxan» namaları Muwsa baqsının' atı menen baylanıslı.

XX a'sirde baqsıshılıq o'nerin Japaq baqsı Shamuratov (1893—1973), Esjan baqsı Qospolatov (1904—1952), A'met baqsı Tariyxov (1923—1991), Genjebay baqsı Tilewmuratovlar dawam ettirdi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Atqarıwshılıq o'nerdin' texnikalıq mu'mkinshilikleri rawajlanıp ketken ha'zirgi zamanda xalıq qosıqların müzika a'spablarının' ko'p tu'rleri menen qurallang'an ha'r qıylı folklor toparları, estrada ansamblleri atqara beredi.

## TEORİYALIQ MAG'LIWMATLAR

**Janr.** So'zlik ma'nisi boyınsha *genre* — tu'r degendi an'latadı. Ko'rkem so'z o'nerinin' rawajlanıwının' barısında qa'liplesken a'debiy yamasa folklorlıq shıg'armalardın' tu'rleri. Ko'p g'ana shıg'armalar uqsas yamasa ortaq ko'rkem formalarg'a, tematikalıq bag'darlarg'a, su'wretlew printsiplerine (sha'rtlerine) iye boladı. Mısalı, batırlıq da'stanlar janrı degende ko'plegen da'stanlarda ushırasatug'ın ortaq yamasa uqsas belgilerdi tu'sinemiz. Turaqlı baslamalar, uqsas tematika (batırlıq teması), ortaq syujetlik motivler (batırlıq a'jayıp bolıp tuwılıwı, o'siwi, at tan'lawı,qız izlewi,batırdın' sırtqı dushpanlar menen gu'resiwi h.t.b ) batırlıq da'stanlarg'a ta'n janrlıq belgiler bolıp tabıladı.

**Variant.** Frantsuzsha ***variante*** co'zinen kelip shıg'ıp, bizin'she o'zgermeli degen ma'nisti an'latadı. Bir ko'rkem shıg'armanın' ha'r qıylı o'zgerislerge iye nusqalarına onın' variantları dep aytıladı. Variantlar tu'rli jag'daylarg'a baylanıslı payda boladı. Avtor o'z shıg'armasın jen'illestiriw maqsetinde a'welgi variantti o'zgertiliwi, og'an qosımshalar kirgiziwi yamasa bir bo'leklerin alıp taslawı mu'mkin. Bul jazba a'debiyattag'ı variantlardın' payda bolıwı. Variantlar folklorda ko'p ushırasadı. Bir ertekti, an'ızdı, mifti ha'r aytıwshının' o'zinshe bayanlawı yamasa bir da'standı ha'r jırawdın', baqsının' o'zinshe jırlawı na'tiyjesinde olardın' tu'rli variantları payda boladı. Mısalı, bir «Alpamıs» da'stanının' ko'p g'ana variantları belgili. Olardan O'giz jıraw, Qıyas jıraw, Esemurat jıraw aytqan variantları basılıp shıqqan. «Edige» da'stanının' O'giz jıraw, Qıyas jıraw variantları jarıq ko'rgen.

**İmprovizatsiya.** Latınsha — **impovigo** — birden, tosınnan degendi an'latadı. Qaraqalpaqsha suwırıp salmay, to'kpe degenge tuwra keledi. Ko'rkem do'retiwshiliktin' ayırıqsha bir usılı. Belgili bir temag'a aldınala tayarlıqsız birden shıg'arma do'retiw usılı **improvizatsiya** degen termin menen ju'ritedi, al **improvizatsiya** usılı menen do'retiwshini **improvizator** dep ataydı. İmprovizatsiya usılı ko'binese folklorlıq aytıs janrında o'nimli qollanılg'an.

**Klassifikatsiya.** Folklor iliminde teoriyalıq tu'siniklerdin' bir-birine jaqınlıg'ı, shıg'armalardın' uqsas tematikası, ko'rkem forması, janrlıq belgileri boyınsha jikleniwi **klassifikatsiya** dep ataladı.

**Sinkretizm.** A'yyemgi grek tilindegi **sinkretis** — **qospaq** degendi an'latadı. Ko'rkem o'nerdin' alg'ashqı ja'miyetke ta'n tu'rlerge bo'lin-



www.ziyouz.com kutubxonasi

degen bir pu’tin halın sinkretikalıq o’ner dep ataydı. Alg’ashqı ja’miyette muzıka, saz shertiw, qosıq aytıw, ayaq oyını, teatr o’nerinin’ ayırım elementleri qosılıp bir tutas o’nerdi payda etken. Son’ın ala bular ha’r biri o’z aldına ko’rkem o’ner bolıp ajıratılıp keledi. Biraq ko’rkem so’z o’neri ele lirika, epos, drama bolıp tu’rlerge bo’linbey bir pu’tin o’ner bolıp jasaydı. Mısalı, xalıq da’stanlarının’ quramında lirikalıq elementler, epikalıq qa’siyetler (syujet, personajlar du’zimi), dramalıq elementler (dialoglar, sharayatlardı su’wretleytug’ın ekspozitsiyalar h.t.b.) bar. Bulardı ko’rkem shıg’armadag’ı sinkretizm dep ataydı.

### Sorawlar ha’m tapsırmalar

1. Folklordın’ ulıwma qa’siyetlerin anıqlap berin’.
2. Ja’ma’a’tlik do’retiwshilik degen ne?
3. Folklordag’ı variantlar tu’sinigine anıqlama berin’.
4. Folklorlıq shıg’armalardın’ tarqalıw usılları.
5. Ha’zirgi zaman folklorına ta’n belgiler.
6. Qaraqalpaq folklorın janrlarg’a jiklen’ (klassifikatsiyalan’), ha’r janrg’a mısallar keltirin’.
7. Q. Ayımbetovtın’ «Xalıq danalıg’ı» ha’m Q.Maqsetovtın’ «Da’stanlar, jırawlar, baqsılar» kitapları boyınsha qaraqalpaq folklorın atqarıwshılardın’ (jırawlardın’, baqsılardın’) shejire-kestesin du’zin’.

## QARAQALPAQ XALQININ’ SALT-DA’STU’R QOSIQLARI

Qaraqalpaq awızeki do’retiwshiliginin’ en’ ko’p tarqalg’an tu’ri — bul xalıq qosıqları. Olardın’ ko’pshiligi xalıqtın’ du’nya tanımı, tu’sinikleri, turmıs saltı, u’rp-a’det ha’m da’stu’rlerine baylanıslı do’reydi ha’m atqarıladı. Sonlıqtan folklordın’ bul tu’rin ilimde turmıs-salt jırları yamasa salt-da’stu’r qosıqları dep ataydı.

Salt-da’stu’r qosıqların folklor iliminde tiykarınan eki toparg’a bo’ledi: da’stu’r, u’rp-a’detlerge baylanıslı qosıqlar ha’m jıl ma’wsimlerine baylanıslı qosıqlar.

Qaraqalpaq xalqının’ turmısında ha’r qıylı da’stu’rlerge, u’rp-a’detlerge baylanıslı qosıqlar ko’p bolg’an. Solardan biri qız uzatıw, kelin tu’siriw ma’resimleri menen payda bolg’an qosıqlar. Bular sın’sıw, ha’wjar, bet ashar qosıqları.

**Sın’sıw.** Qaraqalpaq xalqının’ da’stu’rinde uzatılıp baratırg’an qız ata-anasın, tuwg’an-tuwısqanların, oynap o’sken elin, qurbı-qurdasların qıymay ko’zine jas alıp, sın’sıp jılaytug’ın bolg’an. Usı ma’resimdi orınlaw waqtında qız tiyisli aytımlardı aytıp jılawı tiyis bolg’an.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Qaladan alg'an shar aynam,
Sındırmay qalay saqlayın.
Aynanayın jan anam,
Aq su'tin'di qalay aqlayın.
Shalqayıp o'sken shan'lag'ım,
Buralıp o'sken bosag'am,
Tuwısqan-tuwg'an qurbılar,
Xosh bolın'lar ko'rgenshe,
Eli-jurtım ag'alar.

Bul uzatılıp atırg'an qızdın' xoshlasıwı bolıp tabıladı. Sın'sıw qosıqlarında qızlardın' ata-analarına, tuwılg'an eline bolg'an su'yiwshilik sezimleri, olardın' ishki du'nyası, qızlardın' na'zik ta'biyatı teren' lirizm menen beriledi.

**Ha'wjar.** Qız uzatıw da'stu'rin orınlag'anda aytılatug'ın aytımlardın' biri — bul ha'wjar. Ol da sın'sıwg'a usap xoshlasıw motivine qurıladı. Biraq ha'wjar qosıg'ında qızdın' tek xoshlasıw sezimleri beriliw menen sheklenbesten onın' o'z ta'g'dirine narazılıq, o'kinish sezimleri de beriledi. Bunın' sebebi o'tmishte, urıwlıq-patriarxallıq du'zimde qızlarda tan'law erkinligi bolmag'an, onın' erkine qaramastan uzatılg'an. Sonlıqtan ha'wjar qosıqlarında qızlardın' narazılıq sezimleri ko'birek berilgen.

O'z a'kemnin' esigi jupar esik ha'wjar.
Kirsem-shıqsam shashımdı sıypar esik ha'wjar.
Qaynatamnın' esigi shen'gel esik ha'wjar,
Kirsem-shıqsam shashımdı jular esik ha'wjar.

Salt-da'stu'r jırlarının' eski tu'rlerinen biri — bul **joqlaw.** Ol jaqın adamlardın' (ata-ana, ul-qız, ag'a-qarındas) o'limin azalap, olardı son'g'ı saparg'a shıg'arıp salıw ma'resimine baylanıslı do'regen ha'm atqarılg'an. Joqlawdı burınları shayırshılıq ha'm atqarıwshılıq o'neri bar hayallar aytqan. Joqlawda o'lgen adamnın' jaqsı ta'repleri aytılıp, onı ko'klerge ko'terip maqtag'an. Sonlıqtan joqlawlarda metaforalar, metonimiyalar, epitetler, ten'ewler, giperbolalar jiyi-jiyi qollanılg'an. Mısalı:

**Qarshıg'am** (metafora) tu'sti qalın'g'a,
**Ishim bir toldı-aw bir jalıng'a,**-metonimiya
Jalınım qashan so'nedi,
**Keshe bir ketken** beglerim, **-metafora**
Elge bir qashan keledi.

Ag'ın bir suwdın' ag'ısı, **-metafora**
Aq oramal nag'ısı, **-metafora**
Qulag'ımnan ketpeydi-aw,
Beglerimnin' dawısı.

Bul mısalda erinen ayırılıp, ornı tolmas jog'altıwg'a ushırag'an qaralı qostardın' tragediyalıq jag'dayı sa'wlelengen. Erin joqlag'an hayal **arıslanım, aybatım, beglerim, sultanım** sıyaqlı, ulın joqlag'an ana **qulınım**, «botam», **ko'z qarashıg'ım** sıyaqlı metaforalardı o'nimli isletкen. Bunday metaforalar joqlawdın' tragediyalıq mazmunın teren'letip, obrazlılıg'ın кu'sheytip turadı.

Joqlawlar teк marhumlardı son'g'ı saparg'a uzatıp salg'an кu'ni g'ana emes, al onın' qırqı, ju'zi, jılı sıyaqlı as-abat mereкelerinde de aytıla bergen.

Qaraqalpaq folкlorındag'ı joqlawlar menen qazaq, nog'ay, qırg'ız joqlawları genetiкalıq (кelip shıg'ıwı) jag'ınan bir-birine u'nles bolıp кeledi. Sebebi bul xalıqlardın' turmıs saltı, sonın' ishinde marhumdı joqlaw saltı burınları bir-birine jaqın bolg'an.

Ha'zirgi zamanda da marhumdı azalaw ma'resimlerinde joqlaw aytıladı. Biraq joqlaw aytıwg'a ha'mme uqıplı bola bermeydi, sonlıqtan onı кo'binese кo'pti кo'rgen, til-awzının' ebi bar hayallar aytadı.

Ulıwma joqlaw o'zine ta'n mazmung'a, motivlerge, pafosqa ha'm ırg'aq, uyqas sıyaqlı кo'rкemliк qa'siyetlerge iye xalıq poeziyasının' janrı.

## TOY QOSIQLARI

Salt-da'stu'r jırlarının' bul tu'ri xalıq turmısının' кewilli ta'replerinen bolg'an toy ma'resimi menen baylanıslı. Xalıq u'y-shan'araqta ju'z bergen ha'r qıylı quwanıshlı waqıyalarg'a baylanıslı ag'ayın-tuwg'an, quda-tamır, dos-yaranlardı shaqırıp toy berip quwanıshtı ortaqlasqan. Toy beriw da'stu'ri barlıq xalıqlarg'a ta'n ortaq qubılıs. Qaysı bir quwanıshlı waqıyanı ruwxıy qa'diriyat dep bilse, xalıq sog'an baylanıslı toylar bergen. Mısalı, qız uzatıw yamasa uldı u'ylendiriw toyları ha'r qıylı o'zgesheliкleri menen barlıq xalıqlarg'a ta'n bolsa, tuwılg'an кu'ndi toy etip belgilew, yubiley toyların beriw кo'bireк Evropa xalıqlarına ta'n bolg'an. Toydın' bunday tu'rleri XX a'sirden baslap xalıqlar arasındag'ı qatnasıqlardın' кu'sheyiwine baylanıslı Orta Aziya xalıqları turmısına da кelip кirgen. Qaraqalpaqlarda qa'liplesкen toydın' tu'rleri to'mendegilerden ibarat: ullı bolg'anda toy beriw, besiк toy, tusaw toy, su'nnet toy beriw, taza qonısqa кelip u'yli-jaylı bolıw mu'na'sibeti menen toy beriw, кelin tu'siriw, qız uzatıw toyları h.t.b. Ha'r bir toydın' o'zgesheligine baylanıslı toy qosıqları atqarılg'an. Toy qosıqlarının' ishinde toy baslar ha'm bet ashar aytımları кo'bireк tarqalg'an. Olar ha'zirgi zaman toylarında da aytıladı.

### Toy baslar

Toy aytımlarının' bul tu'ri кelin tu'siriw da'stu'ri menen baylanıslı. Kelindi alıp кelgennen son' onı birden u'yge кirgizbegen, al tiyisli



www.ziyouz.com kutubxonasi

qa'delerin atqarıp bolıp kirgizgen. Bul qa'delerdin' biri — toy baslar aytımı. Onı shayırshılıq uqıbı bar adam aytatug'ın bolg'an. Toy baslawshı adam kelinshekti ha'm onın' qasında uzatıp kelgen jen'gelerin awıl-el, toy berip atırg'an u'y menen qa'deli aytımlar arqalı tanıstırg'an, qosılıp atırg'an jaslarg'a jaqsı tilekler aytıp, baxıt-saadat tilegen. Mısalı:

Gu'l jamılg'an boylarıın'ız,
Dus kelipti oylarıın'ız,
Jıynalıptı qoylarıın'ız,
Qutlı bolsın toylarıın'ız.
Bag'ın'da bu'lbil sayrasın,
Oshag'ın'da shay qaynasın,
Qazanın'da may qaynasın,
Qutlı bolsın toylarıın'ız.

## Bet ashar

Qaraqalpaq xalqında toy aytımlarının' biri — bul bet ashar aytımları. Bet ashar kelin tu'siriw toydın' qa'deli aytımlarınan.

Kelin toyda qonaqlar iship-jep, oynap-ku'lip bolg'an son' toy tarqatıwdın' bir tu'ri retinde bet ashar qa'desin tamashalag'an. Kelinshekti shımıldıqtan shıg'arıp, awıl-elge, qa'yın ata, qa'yin enege, jası u'lken, jası kishige tiyisli aytımlar aytıp, iyildirip sa'lem bergizgen. Bet ashardın' wazıypası jan'a tu'sken kelindi awıl-el, onın' xalqı, tu'sken u'yi menen tanıstırıwdan ibarat bolg'an.

Kelinshek keldi ko'rin'iz,
Ko'rimligin berin'iz,
Qutlı bolsın kelinshek,
En'keyip tu'sken elin'iz.

Turpatın'a qarasam,
Pa'kize g'ana boyın'ız,
Boyın'ızg'a ılayıq,
Aqıl menen oyın'ız.

Qolına qolın uslag'an,
Qa'legenine qosılg'an,
Qutlı bolsın kelinshek,
Quwanıshlı toyın'ız.

Bet asharda eldin' itibarlı adamların, jası u'lkenlerin u'lgi etip maqtaydı, al ayırım adamlardın' minez-qulqındag'ı, ju'ris-turısındag'ı, turmıs qa'lpindegi kemshilikler yumor-satiralıq su'wretlewler arqalı o'tkir sıng'a alınadı.

Qawın ko'rse pıshaqlag'an,
Aqsha ko'rse usaqlag'an,
Araq iship, ma's bop ju'rip,
Jolda turg'an stolbanı
Qatınım dep qushaqlag'an,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Sa'lmen degen qaynag'an',
Og'an berin' bir sa'lem.

Bet ashar aytımları ha'zirgi zaman toylarında da da'wir o'zgeshelikklerin sa'wlelendirgen halda aytıla beredi. Ha'zirgi zaman bet asharlarında texnikanın' jetiskenlikleri ken' qollanıladı. Mısalı, dawıstı ku'sheytip beretug'ın texnika u'skeneleri, ha'r qıylı muzıkalıq a'sbaplar paydalanıladı. Bet ashar aytımlarında xalıqtın' etnografiyalıq tariyxı, didaktikalıq oy-pikiri sa'wlelenedi.

## TEORİYALIQ MAG'LIWMATLAR

**Didaktika** Grek tilindegi **didaktikos** degen so'zden alınıp, **u'lgili, sabaq alarlıq** degen ma'nisti an'latadı. Folklorda ha'm jazba a'debiyatta ko'p g'ana shıg'armalar didaktikalıq mazmung'a, yag'nıy aqıl-ken'es, u'git-na'siyat mazmunına iye boladı, adamlardı miynet etiwge, a'dep-ikramlı, insaplı bolıwg'a, nadanlıqtan qutılıp bilim alıwg'a, jaqsılıq penen jamanlıqtı, hadal menen haramdı ayırıwg'a shaqıradı, u'gitleydi. Qaraqalpaq xalıq poeziyasında termeler, tolg'awlar, bet ashar qosıqları h.t.b. xalıqtın' didaktikalıq oy-pikirin sa'wlelendiredi.

**Entogragiya.** Grek tilindegi **etnos — qa'wim, xalıq, grafo— jazıw** degen so'zlerden kelip shıqqan. Terminologiyalıq ma'nisi boyınsha xalıqtın' u'rp-a'detlerin, salt-da'stu'rlerin, turmıs ha'm ma'deniy o'zgesheliklerin u'yrenetug'ın ilim degendi an'latadı.

### Sorawlar ha'm tapsırmalar

1. Salt-da'stu'r jırları qanday jag'daylarda payda boladı ha'm atqarıladı?
2. Salt-da'stu'r jırların tu'rlerge jiklen'.
3. Joqlaw aytımlarında adamnın' qanday ruwxiy jag'dayları sa'wlelenedi?
4. Bet ashardın' turmıslıq wazıypası qanday?
5. Toy qosıqları qanday mazmung'a iye boladı?
6. Ha'wjar, joqlaw, bet ashar qosıqlarında xalıqtın' qanday o'zgeshelikleri sa'wlelenedi?
7. Ha'zirgi zaman bet asharlarınan bir neshe u'lgiler toplan' ha'm olarg'a didaktikalıq, etnografiyalıq tallaw jasan'.
8. Salt-da'stu'r jırlarına su'wretlew quralları boyınsha tallaw jasan'.

## XALIQ QOSIQLARI

Qosıqlar qaraqalpaq folklorının' ku'ta' u'lken bo'limin quraydı. Qosıqlar ha'r qıylı tariyxıy ha'm turmıs sharayatlarına, kewil-keypine baylanıslı do'reydi. Sonlıqtan qosıqtın' tematikası bay, ko'p tu'rli boladı. Qosıq adam tuwılg'annan baslap o'mirinin' aqırına shekem



www.ziyouz.com kutubxonasi

ruwxıy azıq retinde xızmet etedi. Adam quwanıshlı ku'ninde qosıq aytıp yamasa tın'lap kewlin kо'teredi, shadlanadı, qayg'ılı ku'ninde qosıq penen sherin tarqatadı, qapa kewlin jubatadı.

Qosıqlar o'zinin' janrlıq ta'biyatı boyınsha ko'rkem so'z o'nerinin' lirika tu'rine kiredi. Qaraqalpaqlar qosıqqa bay xalıqlardın' biri. «Qaraqalpaqlar sahradag'ı birinshi shayırlar ha'm qosıqshılar» dep XIX a'sirde jasag'an belgili ag'artıwshı, folklorshı ha'm tariyxshı alım Shoqan Wa'liyxanov (1835—1865) biykarg'a atag'an emes. Sonlıqtan qaraqalpaq xalıq qosıqları tematikalıq jaqtan ra'n'ba'ren' ha'm mazmunlı bolıp keledi. Olarda adamgershilik, azamatlıq, batırlıq, muhabbat, miynet temaları sa'wlelenedi.

Qosıqtın' so'zlik ma'nisi «Qosıw» so'zinen kelip shıg'ıp, qosıp aytıw, yag'nıy sazg'a, namag'a qosıp aytıw degendi bildiredi. Qosıqtın' tiykarın, tariyxın u'yrengen alımlar onın' termini retinde tu'rkiy xalıqlardın' ko'rkem so'z o'neride ku'ta' erte da'wirlerden beri qollanılatug'ının, atap aytqanda Maxmud Qashqariydin' «Tu'rik so'zlerinin' kitabı» («Devonu lug'atit turk»), Yusuf Xas Xəjibtin' «Baxıtqa baslawshı bilim» («Qutadg'u bilik») kitaplarında ushırasatug'ının aytadı.

Qaraqalpaq xalıq qosıqlarının' bası termeler ha'm tolg'awlar dep aytıwg'a boladı. Terme ha'm tolg'awlar formalıq du'zilisi (qosıq qurılısı) boyınsha birdey bolg'anı menen mazmunı jag'ınan ajıraladı. Sonlıqtan ko'pshilik folklorshı alımlar olardı ayırım janrlar dep qaraydı (N. Da'wqaraev, Q. Maqsetov h.b.).

Termelerdin' payda bolıwı ha'r qıylı temalardag'ı naqıl-maqallar, aqıl-na'siyat so'zler menen baylanıslı, solardın' jıyındısınan aqıl-na'siyat mazmunındag'ı shıg'armalar bolıp qa'liplesedi. Ha'r g'ıylı tematikadag'ı naqıl-maqallardı terip alıp, olardı shıg'armag'a ja'mlegenlikten termeler degen janrlıq atama qa'liplesken. Termelerde aqıl-na'siyat mazmunındag'ı oy-pikirler turmıstın' tu'rli tarawındag'ı ta'jiriybelerdin' juwmaqları retinde ko'rinedi. Mısalı:

Bilegimde ku'shim bar,
Batırman dep maqtanba.
Baxıt qonıp basıma,
U'lkeydim dep maqtanba.
Du'nya jıyıp u'yime,
Ko'rkeydim dep maqtanba.
Telek tolı u'yimde,
Da'nim bar dep maqtaba.

Bul termede ju'ris-turıs, a'dep-ikramlılıq qa'deleri boyınsha aqıl-na'siyat beriledi. Termenin' ha'r bir eki qatarı o'z aldına naqılg'a usaydı.

Termelerdi jırawlar aytatug'ın bolg'an. XIX a'sirge kele termelerdi baqsılar da aytatug'ın bolg'an. Biraq baqsılardın' termeleri jıraw terme-

lerindey shubırtpa qatarlı emes, al to'rt qatarlı ba'ntlerge tu'sкen, belgili uyqas qag'ıydalarına (a-a-a-b yamasa a-a-b-a) bag'ınatug'ın bolg'an.

**Tolg'awlar** qandayda bir u'lкen waqıyanı ha'm sol waqıyag'a baylanıslı bolg'an jeкe adamdı, кo'binese tariyxıy waqıya menen tariyxıy adamdı su'wretlewge, sol waqıya ha'm og'an qatnasqan adamlar tuwralı oylanıwg'a, tolg'anıwg'a baylanıslı do'reydi. Sonın' ushın da bunday shıg'armalarg'a **tolg'awlar** degen janrlıq atama berilgen.

Asıw-asıw tawlardan
Asıg'a кo'shti кo'p nog'ay,
Edil menen Jayıqtan,
Jabıla кo'shti кo'p nog'ay.
Ormambettey biylerden
Ul qalmadı, qız qaldı.
Alg'ır qustın' pa'njesi,
U'sh qızının' genjesi,
Sarısha sulıw der edi.
Ormambet biy o'lgende,
On san nog'ay bu'lgende,

Bul tolg'awda qaraqalpaqlardın' Nog'aylı da'wirine tiyisli tariyxıy waqıya (XVI a'sirdin' aqırı) tiyкarg'ı syujet etip alıng'an. Onda qalmaq basqınshılıg'ı saldarınan qaraqalpaqlardın' ata-ma'кanın taslap Tu'rкstang'a posıwı sa'wlelengen. Personajlar sıpatında xalıq ha'm qaraqalpaqlardın' jaw qolınan qurban bolg'an biyi Ormambettin' aqıllı qızı Sarısha sulıw qatnasadı. Tolg'awlarda waqıyanın' su'wretleniwine adamnın' ruwxiy кeshirmeleri, ishкi mun'-sher, qayg'ı-ha'siret sezimleri qosılıp, qarısıp ju'redi.

Tolg'awlardı jırawlar aytqan. Tolg'awlar forması boyınsha tu'rкiy xalıqlarg'a go'ne zamanlardan miyras bolıp кiyatırg'an da'stu'rli jır u'lgisinde do'retilgen. Qurılısı boyınsha belgili bir ba'nt o'lshemlerine, uyqas ta'rtiplerine bag'ınbay 7-8 buwınlı shubırtpa qatarlar tu'rinde bolg'an.

Tolg'awlar da'stu'ri XIX a'sirde tematiкası ha'm ideyalıq mazmunı boyınsha **tariyxıy qosıqlarda** dawam ettirilgen. Olarda xalıq tariyxına baylanıslı u'lкen waqıyalar, ha'diyseler, tariyxıy adamlar ha'm olardın' iygiliкli isleri tuwralı tolıp-tasıp jırlanadı. Qaraqalpaq folкlorında «Qaraqalpaq», «Jeti u'yge bir beldar», «Ma'rdiкar», «Bir a'lamat zaman boldı», «Bozataw», «A'wezjan«, «Eshbay» qosıqları кen'nen belgili.

Japaкeshler qarsı turıp qozg'aldı,
Paraxat xalıqqa oyaz jar saldı,
Jeti u'yge bir adam ma'rdiкar aldı,
Xalıqtı teren' oylandırg'an ma'rdiкar.

Bul qosıqta 1916-jılı Patsha Rossiyasının' birinshi jer ju'zilik urısta jen'impaz bolıw maqsetinde jergilikli xalıqtan front jumısları ushın adamlar alg'anı, bunday ma'nissiz, iygilikli emes iske xalıqtın' narazı bolıwı ha'm qozg'alan' ko'teriwi sıyaqlı tariyxıy waqıya sa'wlelengen.

Xalıq qosıqlarının' ishinde **muhabbat qosıqları** ku'ta' ken' tarqalg'an. Olardı **ashıqlıq qosıqlar** dep te ataydı. Olarda jas jigit yaki qızdın' su'ygen yarına bolg'an teren', na'zik, pa'k sezimleri, hijran-ayralıq da'rtine giriptar bolg'an ashıqtın' mun'-sher sezimleri beriledi. Sonday-aq su'ygen yardın' sulıw kelbeti, qa'ddi-qa'wmeti, aqıl-parasatı, joqarı adamgershiligi arnaw-ta'riyip tu'rinde ko'terin'ki, maqtanıshlı sezimler menen jırlanadı.

Jasımnan qosılıp, oynap ku'lgenim,
Sol ushın sarg'ayıp otqa ku'ygenim,
Qushaq ashıp, intizar bop su'ygenim,
Qayda qaldı, xabar bergil aq boz at.

Bul qosıqta jawg'a atlang'an su'ygen yarı qurban bolıp, ayralıq basına tu'sken opalı qızdın' ju'rek sezimleri beriledi.

Xalıq arasında ha'zirge shekem «Na'yleyin», «Aq boz at», «Ag'lan», «Qızlar u'yge kir», «Yasha pa'ri», «Da'rdin'nen», «Aqsın'gu'l», «Sa'wdigim», «Qız Minayım», «Qarako'z» sıyaqlı ashıqlıqtı jırlaytug'ın qosıqlar ken'nen ma'lim bolıp, saxnada, toylarda, zıyapatlarda tez-tez aytıladı.

**Miynet qosıqlarının'** baslı teması hadal miynet, ka'sip-ka'r, o'ner, diyqanshılıq, sharwashılıq bolıp keledi. Bir qatar qosıqlarda jallanba miynettin' awırlıg'ı, jumıs beriwshi mu'lik iyesinin' a'dilsizligi, ashko'zligi sıng'a alınadı.

Arjag'ı Da'wqara, berjag'ı Shımbay,
Eki ortada qos aydadım bir tınbay.

Yamasa:

Ala ba'ha'r sen qostırdın' arban'dı,
Sa'skede keltirdin' suyıq jarman'dı,
Ayında ko'rmedik maylı sorpan'dı,
Diyqan ashtan o'ler boldı, Qazı iyshan.

Miynet temasına baylanıslı qosıqlar sotsiallıq turmıstı real sa'wle-lendiriwi menen o'zgeshelenip turadı.

## BALALAR FOLKLORI

Xalıq do'retiwshiligi (folklor) balalardan baslanadı. Ayırım shıg'ar-malardın' payda bolıwına balalar da qatnasıwı mu'mkin, biraq balalar

folkloriń ko'binese u'lken adamlar do'retedi. Balalar folklorına tiyisli ertekler, an'ızlar, a'n'gimeler, qızıq syujetli, tili jen'il, tu'siniwge an'sat, balalar qosıqları bolsa uyqasları kelisken, yadlawg'a qolay bolıwı kerek. Balalar shıg'armaları mazmunlı, ta'rbiyalıq qa'siyetke iye bolıp keledi. Olar balalardın' oy-o'risin, sana-sezimin o'siriwde, ta'biyat ha'm ja'miyet tuwralı tu'siniklerin teren'letiwde, tilin jatlıqtırıp, adamgershilikke ta'rbiyalawda u'lken a'hmiyetke iye. Ayırım qosıqlardın' payda bolıwı ha'm tarqalıwı analardın' bo'bekti besikke bo'lep terbetip, og'an arnawlı aytımlar aytıwı menen baylanıslı.

Ha'yiw, ha'yiw aq bo'pe,
Aq besikte jat bo'pe,
Qonaq keldi qoy soydıq,
Qoy piskenshe jat bo'pe.
Ha'yiw, ha'yiw, ha'yiwim-ay,
Alla berdi alsın dep,
Alg'anda qollar talsın dep,
Su'ygende miyri qansın dep.

Analardın' tilinen aytılatug'ın bunday mazmundag'ı shıg'armalardı **besik jırı** dep ataydı. Besik jırları jen'il namalar menen bir bapta besik shayqag'anda aytıladı. Bul uyqının' qurısı tutıp turg'an na'resteni tez uyqılatıwg'a ta'sirin tiygizgen. Besik jırlarına ananın' o'z perzentine bolg'an teren' su'yiwshilik sezimleri sin'dirilgen.

Balalar qosıqlarının' bir topari balalardın' oyını waqtında do'reydi ha'm atqarıladı. Mısalı, «A'welemen, du'welemen», «Ha'kke qayda», «Soqır teke» oyınların oynag'anda da'stu'rli aytımlar aytıladı.

Balalar qosıqlarının' ko'pshiligi soraw-juwap, dialog formasına qurılg'an. Jetekshi sorawlar beriledi, olarg'a juwaplar beriledi. Bul usıl balalardın' logikalıq oylaw qa'biletin o'siriwge ja'rdem beredi. Mısalı, «Ha'kke qayda» oyın-qosıg'ın alıp qarayıq:

— Ha'kke qayda?
— Uyasında.
— Ne islep atır?
— Keste tigip atır.
— Kestesi qanday?
— Alaqanday.
— Kimler ushın?
— Begler ushın.
— Beg nesin beredi?
— Altın pıshag'ın beredi.

Shıg'arma usılay soraw-juwap formasında dawam etip kete beredi. «Tu'lkishek», «Ha' tu'yeler, tu'yeler» qosıqları da dialog formasına qurılg'an.

Balalar qosıqlarının' bir topan *o'tirik o'len'ler*den ibarat. Atamasının' ko'rsetip turg'anınday bul qosıqlardın' mazmunın shınlıqqa sıyıspaytug'ın o'tirik so'zler quraydı. Aytıwshının' sheberligi onın' lapgo'ylik uqıbı menen bahalanadı. Mısalı:

Tuttım bu'rgenin' anasın,
Tutqa bayladım tanasın,
Qosqa qostım jup tanasın,
Jer su'digar etpedim be?
Bir bu'rge tepti dizeme,
Keldim altı ayda o'zime,
İnanbas adam so'zime,
Altı ay kesel jatpadım ba?

O'tirik o'len'lerdin' tiykarg'ı maqseti balalardı aldaw emes, al olardı lapgo'ylik jolı menen ku'ldirip, kewillendiriw bolıp esaplanadı. Giperbolalıq su'wretlewler o'tirik o'len'lerde ko'p qollanıladı.

Balalar folklorına sonday-aq balalar turmısın sa'wlelendiretug'ın ertekler, qızıqlı an'ızlar, mifler kiredi. Sonın' menen birge balalar folklorına jan'ıltpashlardı, jumbaqlardın', naqıl-maqallardın' balalarg'a biyimlestirilgen ayırım tu'rlerin jatqarıwg'a boladı.

Balalar folklorı ha'zirgi zamanda da rawajlanıp barmaqta. Mekteplerde, balalar baqshalarında ha'r qıylı ha'reketshen' oyınlardın' stsenariyleri du'zilip, olar xalıq do'retiwshiligi usılına ku'ta' jaqın. Mısalı, mekteplerde a'lipbe bayramlarında aytılatug'ın qosıqlardı nag'ız balalar qosıqlarına jatqarıwg'a boladı.

«A» degenim Alım,
Ha'riptin' ba'rin biler,
«B» degenim Bazar,
Qa'tesiz etip jazar.

Bunday qosıqlardın' variantların ha'r mektep o'zinshe du'zip ala beriwi mu'mkin.

Juwmaqlap aytqanda balalar folklorı balalardın' sırtqı ortalıq haqqında tu'siniklerin, ko'rkem-estetikalıq ko'zqaraslarn qa'liplestiriwde a'hmiyetli orın tutadı.

## XALIQ DANALIG'ININ' KİSHİ JANRLARI

Xalıq danalıg'ında ko'lemi boyınsha bir neshe qatarlardan turatug'ın kishkene shıg'armalar ko'p. Olar naqıl-maqallar, jumbaqlar, jan'ıltpashlar.

### Naqıl-maqallar

Xalıq do'retiwshiliginin' bir tu'ri. Turmıs shınlıg'ı tuwralı qısqa, biraq o'tkir ha'm obrazlı etip aytılatug'ın so'zler. Naqıl-maqallar turmıs

sabaqlarınan, o'mir ta'jiriybelerinen кelip shıg'ıp aytıladı, кen' oy-piкirdi jıynaqlı etip beredi. Mısalı, «Bilegi кu'shli birdi jıg'adı, Bilimi кu'shli mın'dı jıg'adı» degen naqıl qısqa g'ana qatarlar arqalı ilim-bilimnin' a'hmiyetin, nadanlıqtın' jolı tar eкenin an'latadı. Basqasha aytqanda bilimli, ruwxiy du'nyası кen' adam mın'lardı o'zine qaratıp, olardın' sanasına ilim-bilim nurların quyıp, ruwxıy du'nyasın bayıta aladı, al teк qara кu'shtin' iyesi, bilimsiz, nadan adam bunday ruwxıy кu'shкe iye bola almaydı. Bunday naqıllar ilim-bilimdi, ruwxıy rawajlanıwdı jaslarg'a na'siyatlawda u'lкen a'hmiyetкe iye.

Naqıl-maqallar jup so'zler tu'rinde bir qosılıp aytılıp, terminologiyalıq jaqtan bir tu'siniкti beredi, biraq folкlor iliminde olardı ajıratıp tu'sindiredi. Naqıl aytılatug'ın oy-piкirdi tımsallamay tuwra ma'nisinde beredi ha'm qurılısı boyınsha bir, eкi yamasa onnanda кo'p qatarlardan ibarat bolıp кeledi, qatarlar qosıqqa usap uyqasıp кeledi. Bir neshe mısallar:

**Bir qatardan ibarat naqıl:**

Sabır tu'bi-sarı altın.

**Eki qatarlı naqıl:**

Er tuwg'an jerine tartadı,
Iyt toyg'an jerine tartadı.

**To'rt qatarlı naqıl:**

Asıq oynag'an azar,
Top oynag'an tozar,
Ha'mmesinen кo'p oqıp,
Bilim alg'an ozar.

Maqallar кo'binese awıspalı yamasa astarlı ma'nisкe iye bolıp кeledi. So'ylep atırg'an adam maqaldı qıysını кelgen jerinde retin tawıp ga'pкe qosıp baradı. Mısalı, «**Soqır tawıqqa ba'ri tarı**» degen maqal tiккeley soqır tawıq haqqında aytılg'an emes, al zatlardı bir birinen ajıratıp bilmeytug'ın topas, nadan adam tuwralı aytılg'an.

Qaraqalpaq xalqı naqıl-maqallarg'a кu'ta' bay, olar a'sirler boyı xalıq awzında aytılıp, ısılıp кelgen. Olar o'mir ta'jiriybelerinen tuwılıp, turmıstın' tu'rli tarawların sa'wlelendiredi. Usıg'an qarap folкlor iliminde naqıl-maqallardı tematiкalıq bag'darları boyınsha jiкleydi. Mısalı, miynet haqqında naqıl-maqallar, densawlıq, o'ner, bilim, tu'rli кa'sipler, tuwılg'an jer, a'dep-iкramlılıq, adamgershiliк, doslıq h.t.b. tuwralı naqıl-maqallar bolıp sha'rtli tu'rde bo'linedi. To'mende naqıl-maqallardın' bir neshe u'lgileri beriledi.

**Naqıllar:** «Miyneti qattı bolsa, miywesi tatlı boladı». «Erinsheк adam tilensheк». «Jılay-jılay jap qazsan', кu'le-кu'le su'w ishesen'».

«Sho'bi joq dep jerden tu'n'ilme, malı joq dep erden tu'n'ilme». «Jalg'ız g'arg'anın' u'ni shıqpas, Jalg'ız attın' shan'ı shıqpas». «Qus qanatı menen, adam elatı menen».

**Maqallar:** «Samal bolmasa sho'ptin' bası qıymıldamaydı». «Jog'alg'an pıshaqtın' sabı altın».«Soqırdın' tilegeni eki ko'zi». «Bo'ri ang'ın bildirmes». «İyt joq jerde shoshqa u'redi». «Qapta qalg'ansha, tapta qalsın».

## Jumbaqlar

Xalıq do'retiwshiliginin' bir janrı. Atamasına qarag'anda «jum» ha'm «baq» degen eki so'zdin' birikpesi bolıp, so'zlik ma'nisi boyınsha bir na'rseni oylap jasırıw (jumıw) ha'm onın' sheshimin izle, qara (baq) degendi an'latadı. Jumbaqtın' ma'nisin tabıw ushın o'tkir zeyinlilik, bilimlilik, aqıllılıq, tapqırlıq talap etiledi. Jumbaqtın' tiykarg'ı xızmeti adamnın' oy-pikirin, sezimin, tapqırlıq uqıbın rawajlandırıwdan ibarat. Onda xalıqtın' du'nyag'a, ta'biyatqa, turmısqa, ja'miyetke ko'zqarasları, qatnasları beriledi. Sonın' menen birge jumbaqlar ko'rkemlik qa'siyetlerge iye. Sonın' ushın da olar ko'rkem so'z o'nerinin' bir janrı bolıp sanaladı. Jumbaqlar ko'binese adamlardın' shug'ıllanatug'ın ka'sip-ka'rine, u'y-xojalıq turmısına, haywanlar ha'm o'simliklerge, ulıwma qorshap turg'an ortalıqqa baylanıslı do'reydi.

Jumbaqlar a'sirese jas a'wladlardın' aqıl-oyın, tapqırlıg'ın, sezgirligin rawajlandırıwda u'lken ta'rbiyalıq a'hmiyetke iye. Jumbaqlardı mazmunına qaray bir neshe tematikalıq toparlarg'a jiklew mu'mkin: ta'biyat ko'rinislerine baylanıslı jumbaqlar, haywanatlarg'a, o'simliklerge baylanıslı jumbaqlar, ha'r qıylı ka'sip-ka'rlerge, u'y-ruwızgershiligine, u'rp-a'det, da'stu'rlerge baylanıslı jumbaqlar h.t.b. To'mende jumbaqlardın' bir neshe u'lgileri beriledi.

Jas ku'ninde oraqtay,
Orta jasta sho'rektey.

*(Ay)*

On eki shaqalı daraq,
Ha'r shaqada otız japıraq,
Japıraqtın' bir jag'ı qara,
Bir jag'ı aq.

*(12 ay, 30 ku'n, 30 tu'n)*

Bazardan tabılmaydı,
Ta'rezige tartılmaydı,
O'zi paldan da tatlı,
Biraq onı jep bolmaydı.

*(Uyqı)*

O'zi da'nnen tuwg'an,
Moynın beĸĸem buwg'an.
*(Suw qabaq)*

Duzsız pisĸen as ĸo'rdim,
Domalang'an tas ĸo'rdim.
*(Qawın)*

Qısta mazar, jazda bazar.
*(Ju'zim)*

Uzın quyrıq sawısqan,
Bir ĸo'ldin' suwın tawısqan.
*(Quyı ha'm sheleĸ)*

Sırtı pu'tin, ishi tu'tin.
*(Tandır)*

Kishĸene g'ana aq tana,
Mu'yizim bar dep maqtanar.
*(Sha'yneĸ)*

Murtı bar saqalı joq,
Tonı bar shapanı joq,
Otırıp ot basında oylanadı,
Uzaqqa baratug'ın sapari joq.
*(Pıshıq)*

## JAN'ILTPASHLAR

So'zlerdi jan'ılmay, aljaspay durıs aytıw degendi an'latadı. Jan'ıltpashlar tiyĸarınan balalar folĸlorınm' janrı. Olar bir jag'ınan ĸishi jastag'ı balalardın' tilin jatıqtıratug'ın, so'zlerdi tez ha'm durıs so'ylewge u'yretetug'ın metodiĸalıq ĸo'nliĸpe xızmetin atqarsa, eĸinshi jag'ınan balalar so'zlerdi jan'ılıp aytıp ĸu'lĸige qaladı ha'm jan'ıltpashlar bul jag'dayda ha'zil-da'lĸeĸ xızmetin atqaradı. A'dette jan'ıltpashlardı tez-tez aytıw ĸereĸ, sonda aytıwshı so'zlerdi jan'ılıp ĸu'lĸige qaladı. Jan'ıltpashlar o'zinin' poetiĸalıq qurılısı boyınsha tildin' sesliĸ du'zilisine tiyĸarlanadı. Olarda anaforalar qatardın', so'zdin' basında (seslerdin' qaytalanıwı), assonanslar (dawıslı seslerdin' qaytalanıwı), alliteratsiyalar (dawıssız seslerdin' qaytalanıwı) jiyi-jiyi qollanıladı. To'mende jan'ıltpashlardın' bir neshe u'lgileri beriledi.

Ayır atan'dı ju'ĸ qartaytar,
Semiz qoydı may qartaytar,
U'y qartaytar, bu'y qartaytar.
Adamg'a so'ĸ sho'pshettirmesin,



www.ziyouz.com kutubxonasi

So'ĸ sho'pshettirsede ĸo'p sho'pshettirmesin.
Bizin' tamnın' quyashlamasında
Quyashlamalalasan'da quyashlamalalasan',
Quyashlamalapasan'da quyashlamalalan'.
Qaladan alg'anım altı arba asqabaq,
Altı arba asqabaqqa jeĸĸenim
Targ'ıl ala, taypaq mu'yiz
Aq bo'ĸse baspaq, aq bo'ĸse baspaq.
Esiĸtin' aldı g'arrı qarabaraq,
G'arrı qarabaraqtı shawıp atırg'an
Qara shalbarlı g'arrı qaraqalpaq, g'arrı qaraqalpaq
Ha'mme qara qasqa baspag'ın
Qarabaraqlandırmag'a aparatır,
Men de qara qasqa baspag'ımdı
Qarabaraqlandırmag'a aparatırman.
Qırda qırıq qırg'awıl,
Qırıq qırg'awıl ishinde
Qırıq jıl qısır qalg'an
Qızıl qıl quyrıqlı qırg'awıl.

## ERTEKLER HA'M AN'IZLAR

Erteĸler xalıq do'retiwshiliginin' ĸen' tarqalg'an janrı. Erteĸler o'zinin' janrlıq ta'biyatı boyınsha haqıyqıy turmıstan uzaq, onda turmısta ushıraspaytug'ın derliĸ qıyalıy (fantastiĸalıq) syujetlerge qurıladı. Erteĸlerde su'wretlenetug'ın waqıyalar ĸu'ta' qızıqlı, tartımlı, qıyalıy oy-piĸirdin' juwmaqlarına qurılg'an, bayanlaw usılı a'piwayı ha'm tu'siniĸli bolıp ĸeledi. Erteĸler so'z o'nerinin' epiĸalıq (epos) tu'rine jatadı, ĸo'rĸem tildin' proza tu'ri menen de, poeziya (qosıq) tu'ri menen de bayanlana beredi. Erteĸler ma'zi qızıq ushın, ermeĸ ushın shıg'arılmaydı, olarda xalıqtın' a'sirliĸ a'rmanları, tileĸleri, jaqsılıq ushın jamanlıqqa qarsı gu'resleri sa'wlelengen.

Erteĸlerdi syujetliĸ qurılısına, tematiĸasına, mazmunına, obrazlardın' ha'r qıylılıg'ına qaray sha'rli tu'rde bir neshe tu'rlerge bo'liwge boladı. Olardan u'sh tu'ri folĸlorda ĸen'ireĸ tarqalg'an: 1. Qıyalıy erteĸler. 2. Turmıs erteĸleri. 3. Haywanlar haqqında erteĸler. Bunday erteĸler qaraqalpaq folĸlorında da ĸo'p ushırasadı.

Qıyalıy erteĸlerde syujet qıyalıy (fantastiĸalıq) waqıyalarg'a, geyde mifologiyalıq qubılıslarg'a qurıladı, turmısta ushıraspaytug'ın qıyalıy na'rseler su'wretlenedi, qıyalıy personajlar ha'reĸet etedi. Mısalı, ayırım erteĸlerde bas qaharmanlar qıyın qıstaw waqıtta ushar gilemge yamasa qanatlı tulparlarg'a minip ushıp, uzaq aralıqlardı, altı ayshılıq sho'llerdi ha'p zamatta basıp o'tip ma'nzilge aman-esen jetedi, el joq jerlerde ashıl da'stu'rxan ja'rdemge ĸeledi. Bas qaharman geyde qıyalıy yamasa

mifologiyalıq maqluqatlar, ba'lemetler menen gu'resedi. Mısalı,ol jeti baslı aydarha, jalmawız kempir, adamxor da'w, sıyqırshılar, jin-jıpırlar, tu'rli a'rwaqlar menen gu'resedi, olardı jen'ip shıg'adı. Qaharmanlar qıyın-qıstaw waqıtta olarg'a qarsı sıyqırlı tas, sıyqırlı ju'zik, sıyqırlı qılısh sıyaqlı fantastikalıq qurallardı paydalanadı.

Qıyalıy yamasa fantastikalıq erteklerde turmıstı jaqsılaw, ilim ha'm texnikanı rawajlandırıw sıyaqlı xalıqtın' arzıw-a'rmanları sa'wlelengen. Bul a'rmanlardın' ko'pshiligi ilim ha'm texnika o'sip ketken bizin' zamanımızda o'zlerinin' fantastikalıq yamasa erteklik qa'siyetin jog'altıp, haqıyqatlıqqa aylanbaqta. Ma'selen, uzaq aralıqtı qısqartatug'ın ushar gilem yamasa a'piwayı su'ymuriq quslardın', qanatlı tulparlardın' ornına samolyotlar, kosmos kemeleri payda boldı ha'm turmısta qollanılmaqta. Du'nyanın' ju'zin ko'rip otırıw, du'nyanın' xabarların ha'p zamatta biliw sıyaqlı xalıq a'rmanları erteklerde **aynatı ja'ha'n** quralına ja'mlengen. Ha'zirgi bizin' turmısımızda qollanılıp atırg'an televizorlar, kompyuterler, internet tarmaqları xalıqtın' aynayı ja'ha'n haqqında a'rmanlarının' iske asıp atırg'anı dep esaplawg'a boladı.

Demek, bunnan ko'p a'sirler burın do'regen qızıq syujetli qıyalıy erteklerde xalıqtın' ilim ha'm texnikanı joqarı da'rejede jetkeriw, turmıs mashaqatların jen'illestiriw haqqındag'ı a'rmanları, niyetleri sa'wlelengen.

Qıyalıy erteklerdin' ishinde «**Qa'pesten qustı tapqan bala**» ertegi syujetinin' qızıqlı bolıwı menen dıqattı tartadı. Ertektin' bas qaharmanı — bir baydın' genje balası. Ol aqıllı, tapqır, hadal, ken' peyil jigit bolıp er jetedi. Atasının' tapsırması boyınsha a'lwan tu'sli pa'ri bar a'jayıp qa'peste jasaytug'ın go'zzal qustı tawıp keliw ushın qa'wipli jolg'a rawana boladı. Jolda ol do'gerek-dashqa wayran salıp ju'rgen, jawız ku'shtin' iyesi, ısqırg'an aydarhanı o'ltirip, u'lken qara qustın' palapanların aman alıp qaladı. Qara qus jigitke minnetdar boladı. Bunnan son' atasının' tapsırmasın orınlawda bul qara qus ko'p ja'rdemler beredi. Sebebi ol g'ayrı ta'biyiy ku'shlerge iye sıyqırlı qus edi. Onın' ja'rdemi menen hawada ushatug'ın, ten'izde keme bolıp ju'zetug'ın sıyqırlı gilemge, bir patshalıqtın' ku'shine ten' bolg'an qural sıyqırlı tayaqqa, kiysen' adamdı ko'rsetpey taslaytug'ın sıyqırlı sho'girmege iye boladı. Usı sıyqırlı ku'shke iye qurallardın' ja'rdeminde jigit ku'ta' qa'wipli jag'daylardan, qa'wipli ku'shlerden aman qutıladı. Qıyın waqıtlarda qara qustın' pa'rin tu'tetse, qara qus balag'a ja'rdemge keledi. Mısalı, atasının' qıyın tapsırmasın orınlap, ko'p oljalı bolıp kiyatırg'an jigitke onın' eki ag'ası jamanlıq etip jolda an'lıp oljaların tartıp aladı, o'zin o'limshi etip du'zge taslap ketedi. Jigit qara qustın' pa'rin tu'tetip onı ja'rdemge shaqıradı. Qara qus jigitti tiriltip, o'limnen aman alıp qaladı. Ja'ne de ko'p qıyınıshılıqlardı jen'ip eline aman-esen quwısadı. Gu'nakarlardı jazalap elde a'dillik ornatadı, shadlı da'wran su'redi.

Bul erteкtegi su'wretlengen waqıyalardın' barlıg'ı derliк qıyalıy. Mısalı, aydarha menen balanın' ayqası, qara qıstın' ja'rdemleri, balanın' qıyalıy jurtlarg'a atlanıwı h.t.b. erteкtin' syujetin quraydı. Waqıyalarg'a qatnasatug'ın personajlar da qıyalıy, turmısta ushıraspaydı. «ayrı ta'biyiy кu'shкe iye da'wler, qara qus (suymurıq), g'ayrı ta'biyiy maqluq aydarha, altı кu'nde altı ayshılıq jol alatug'ın tulpar, sıyqırlı tayaq, sho'girme, gilem, ma'yeк, qara qustın' sıyqırlı pa'ri h.t.b.- qıyalıy erteкtin' tiyкarg'ı elementleri.

Qıyalıy erteкlerdin' tiyкarg'ı ideyası insannın' aqıl-oyının' teren'ligin, ushqır qıyalın, tapqırlıg'ın, ruwxıy кu'shin ulıg'law bolıp tabıladı. Ko'p g'ana qıyalıy erteкler g'ayrı ta'biyiy кu'shler menen gu'reste adamnın' jen'isкe erisiwin sa'wlelendiredi.

## Turmıs erteкleri

Bul topardag'ı erteкlerde fantastiкalıq syujetler ha'm personajlar su'wretlenbeydi, al real turmısqa jaqın waqıyalar, sharayatlar, xalıqtın' turmıs-tirishiligi su'wretlenedi. Turmıs erteкlerinin' qaharmanları qıyalıy da'wler, aydarhalar, sharwalar, sawdagerler, baylar, biyler, qullası xalıqtın' ha'r qıylı qatlamınan shıqqan adamlar bolıp tabıladı. Turmıs erteкlerindegi waqıyalar qıyalıy erteкlerdegidey jeti qat jerdin' astında yamasa jeti qat aspannın' u'stinde emes, al real o'mirde, turmısta bolıp o'tedi. Sonın' ushın da turmıs erteкlerin folкlor iliminde realistliк erteкler degen termin menen de ataydı. Realistliк erteкler bul sha'rtli atama. Og'an qarap bunday erteкlerge a'debiyattag'ı realizm metodının' qatan' talapların, qag'ıydaların qoyıwg'a bolmaydı. Erteкtin' atı erteк. Onda ushqır qıyal, giperbolalıq su'wretlewler basım bolıwı tiyis. Basqasha jag'dayda erteкler haqıyqıy janrlıq qa'siyetin jog'altadı. Turmıs (realistliк) erteкlerde ha'zil-da'lкeк (yumor), ashshı кu'lкi, sıqaq etiw (satira) belgili orın iyeleydi, qızıqlı, кu'lкili waqıyalar, sharayatlar su'wretlenedi. Mısal retinde «Eкi dos», «Esim boyrashı», «Tog'ız ton'qıldaq, bir shin'кildeк», «Aqıllı g'arrı», «Otınshı baba», «Eкi ag'ayinli jigit», «Aqıllı hayal ha'm axmaq patsha», «Tazsha», «Diyqan», «Aldar кo'se», «Muxtar кo'se ha'm Duxtar кo'se» erteкlerin кeltirip o'tiw mu'mкin.

«Eкi dos» erteginde qarapayım xalıqtan shıqqan Eshan ha'm Doshan degen dos jigitlerdin' turmısı su'wretlenedi. Olar a'piwayı diyxan jigitler bolsa da epshil, tapqır bolıp shıg'adı, dos, tatıw bolıp jasaydı. Doshan o'zinin' tapqırlıg'ı, hiyleкerligi menen eldi shabıwg'a кelgen dushpanlardı qorqıtıp izine qaytaradı, eldi dushpan shabıwlınan aman alıp qaladı. Bul xızmeti ushın eldin' patshası Doshan menen Eshandı sıylap, olardı u'yli-jaylı etedi, eкi wa'zirinin' qızların neкelep berip, dan'g'aralı toy beredi. Doshan patshanın' a'sкerbasısı bolıp tayınlanadı. Eкi dos baxıtlı turmıs кeshiredi.

Bul erteкte fantastiкalıq su'wretlewler кo'rinbeydi, onda turmıslıq su'wretlewler basım.

Turmıs erteкlerinin' baslı ideyası qarapayım xalıqtın' danalıg'ın, tapqırlıg'ın, epshilligin ulıg'lawdan ibarat. Olarda a'dilliк, hadallıq, ar-namıs, hu'jdan ma'seleleri кo'teriledi, jaqsı patsha, berекetli el, abadan turmıs haqqındag'ı xalıq a'rmanları sa'wlelenedi.

## Haywanatlar haqqında ertekler

Bul topardag'ı erteкlerde haywanatlar baslı qatnasıwshılar bolıp, personajlar da'rejesine кo'teriledi. Olar кo'rкem so'z o'nerinin' sha'rtliligi boyınsha *janlandırıladı,* yag'nıy adamlarday bolıp ha'reкet etedi, so'yleydi, oylaydı. Erteкlerde haywanlardın' ta'biyatın su'wretlew arqalı adamlardın' minez-qulqı, ju'ris-turısı, u'rp-a'detleri astarlap beriledi. Mısalı, u'y haywanlarınan eshек-aqılsız, o'jet, qoy-juwas, til alg'ısh, eshкi-sumlıqlı, jabayı haywanlardan qasqır-jırtqısh, ashкo'z, na'psiqaw, tu'lкi-hiyleкer, jalatay, sag'al-na'psiqaw, turaqsız, qoyan-qorqaq etip su'wretlenedi. Biraq haywanlardın' obrazları arqalı adamlardın' turmısı, кewil-кeypi, ju'ris-turısı tımsallap beriledi. Sonlıqtan haywanatlar haqqındag'ı erteкlerdi ayırım jag'daylarda tımsal-erteкler dep te ataydı.

Haywanatlar haqqında erteкlerdin' payda bolıwın folкlor iliminde erte da'wirlerdegi mifologiyalıq tu'siniкler menen, yag'nıy totemizm tu'siniкleri menen baylanıstıradı. Erte da'wirlerde adamlar ta'biyat sırların tu'sinbey haywanlarda qanday da bir sırlı кu'sh bar dep bilgen, olardan qorıqqan, olarg'a tabıng'an. Biraq adamlarda ta'biyat tuwralı tu'siniкlerdin' кen'eyiwi menen erteкlerde haywanlar кem-кemnen mifologiyalıq sıpatın jog'altıp, tirishiliк du'nyasının' a'piwayı bir bo'legi bolıp кo'rinedi.

«Tu'lкi menen Qoraz» erteginde sumlıg'ı sa'tine tu'spey qalg'an tu'lкinin' is-ha'reкetleri su'wretlenedi. Ash bolıp awılg'a tawıq urlıqqa кelgen tu'lкi qoranın' to'besine qonaqlap otırg'an qorazdı aldastırıp jerge tu'sirмeкshi boladı. Tu'lкi ha'mme haywanlardın' doslıqta ha'm tatıw jasawı кereкligi tuwralı patshanın' buyrıg'ı shıqqanın aytadı, jerge tu'sip so'ylesip otırıwg'a mira't etedi. Sonda qoraz: tu'lкi dostım, a'new кiyatırg'an eкi iyt te jetip кelsin, ba'rimiz birge gu'rrin'lesemiz, deydi. Tu'lкi quyrıg'ın putına qısıp, qashıwg'a qolaylasadı. Qoraz: tu'lкi dostım, nege qashasan', patshanın' buyrıg'ı barg'oy, deydi. Tu'lкi: iytler ele bul buyrıqtı esitpegen shıg'ar, dep zıp beredi.

Erteкte sumlıqlı tu'lкi obrazı arqalı miynet etpey hiyleкerliк penen кu'n кo'riwge a'detlenip кetкen adamnın' tımsalıy obrazın an'lawg'a boladı. Haywanatlar haqqındag'ı erteкlerde haywanlardın' o'z ara qatnasları, bir biri menen soqlıg'ısıwları arqalı jaqsılıq penen jamanlıq arasındag'ı gu'res sa'wlelenedi, ashкo'zliк, zorlıq, hiyleкerliк qaralanadı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## An'ızlar

Xalıq awızeki do'retiwshiliginin' belgili bir bo'legin an'ızlar tutadı. So'z o'nerinin' epikalıq tu'rine jatadı. An'ızlar ko'rkem tildin' proza (qara so'z) tu'ri menen de, poeziya (qosıq) tu'ri menen de bayanlana beriwi mu'mkin. An'ızlar rus folklorında **legendalar** o'zbek folklorında ***ra'wiyatlar*** dep ataladı.

An'ızlar belgili tariyxıy waqıyalardın' yamasa tariyxıy adamlardın' a'tirapında payda bolg'an a'n'gimeler, shıg'armalar bolıp tabıladı. An'ızlarda fantaziyalıq, giperbolalıq su'wretlewler mol bolg'anı menen olar tariyxıy shınlıqtın' shen'berinen alıslap ketpeydi. Mısalı, bir an'ızda qaraqalpaq xalqının' batırı Ernazar Alako'zdin' Xiywa xanının' toyında 50 put (800 kg) ju'k ko'tergeni a'n'gime etiledi. Adamnın' sonshelli salmaqtı ko'tere almawı mu'mkin, biraq Ernazar Alako'zdin' tariyxta bolg'anı, Xiywa xanının' jıyınlarına qatnasqanı ras.

An'ızlar xalıqtın' o'tkendegi tariyxı, turmısı tuwralı bay mag'lıwmatlar beredi. Qaraqalpaqlardın' tariyxına baylanıslı Ormambet biy, Maman biy, Aydos biy, Bozataw, Qon'ırat waqıyaları tuwralı, jer-suw atlarına baylanıslı Xojeli, Shımbay, Nazlımxan sulıw, Gu'ldirsin, Qırıq qızdın' qalası, Shomanay atamalarına baylanıslı ha'm basqa da ko'plegen an'ızlar bar.

An'ızlar tematikalıq jaqtan bir neshe toparlarg'a bo'linedi: 1. **Tariyxıy an'ızlar.** Bular tariyxıy waqıyalarg'a, tariyxıy adamlarg'a baylanıslı do'reydi. Mısalı, Mama biy, Aydos biy, Ernazar biy tuwralı an'ızlar. 2. **Toponimikalıq an'ızlar.** Bul topardag'ı an'ızlar jer-suw atamalarına baylanıslı do'reydi. Mısalı, Shımbay, Shomanay haqqındag'ı an'ızlar. 3. **Diniy an'ızlar.** Olar payg'ambarlar, sahabalar, a'wliyeler, shayıqlar haqqında bolıp keledi. Mısalı, Muhammed payg'ambar, onın' to'rt dostı (sha'ryarlar) Ha'zireti Ali, Omar, Osman, Siddiq tuwralı an'ızlar usı toparg'a kiredi.

An'ızlardag'ı waqıyalar, sharayatlar, adamlar ko'rkem til menen su'wretlenedi, syujetler belgili bir kompozitsiyalıq qurılısqa iye boladı. Sonın' ushın da an'ızlar ko'rkem do'retiwshiliktin' bir janrı bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq folklorında «Gu'ldirsin» an'ızı qarabaqanag'a aynalg'an eski Gu'ldirsin qalasının' atamasına baylanıslı payda bolg'an. Erte zamanlarda Xorezm elinde Gu'listan degen abat qalanı dushpanlar qamal etedi. Qala xalqı ashlıqqa qaramastan shıdamlılıq penen ma'rtlershe qorg'anadı. Biraq patshanın' Gu'ldirsin atlı qızı dushpan patshasının' balasına shahzadag'a ashıq bolıp, qamaldın' sırın ashıp beredi. Gu'ldirsinnin' satqınlıg'ı aqıbetinde qala qarap boladı, xalqı tutqın boladı yamasa posıp ketedi. Shahzada asaw attın' quyrıg'ına



www.ziyouz.com kutubxonasi

Gu'ldirsindi baylatıp aydatıp jiberedi. Sebebi, o'zinin' jeкe tileкlerin qanaatlandırıw ushın ata-anasına, eli-xalqına qıyanet etкen qız, erten' mag'an da an'sat qıyanet ete aladı, — deydi shahzada. Usınnan baslap qa'rep bolg'an qalanın' atın xalıq Gu'ldirsin dep atay baslag'an.

## Sheshenlik so'zler

Qaraqalpaq folкlorında o'z aldına janr bolıp qa'liplesкen so'z marjanlarınan. Sheshenliк so'zler xalıqtın' turmıs ta'jiriybesinen кelip shıg'ıp, jasap turg'an zamannın' mazmunına qaray o'tкir zeyin, teren' aqıl, shireli til menen aytılg'an. Sheshenliк so'zlerdi erte zamanlarda el basqarıp, xalıqtı izine ertкen biyler, dawlı islerge to'reliк beretug'ın, кo'p кo'rgen dana кisiler aytqan. Olardı **sheshenler** dep atag'an. Sheshenliк so'zler turmıstın' ha'r qıylı jag'daylarına baylanıslı aytılıp, olarda a'dilliк, ar-namıs, hu'jdan sıyaqlı adamgershiliк ma'seleleri ortag'a qoyıladı. Qaraqalpaq xalqında Jiyrenshe ha'm onın' sheshenliк so'zleri haqqında a'n'gimeler кen' tarqalg'an. «Jiyrenshenin' bayıwlılar menen so'ylesiwi» degen a'n'gimede Ja'nibeк xan aw salıp ju'rip bir go'ne tamda u'sh bayıwlının' otırg'anın кo'rip, olardın' ne so'ylesip atırg'anın bilip кel dep Jiyrensheni jiberedi. Jiyrenshe bayıwlılar o'z-ara quda tu'sip atırg'anın, qız ta'repi qalın' malına 300 go'ne tam sorap atırg'anın, biraq кu'yew ta'repi onday кo'p go'ne tamdı to'ley almaytug'ının, sonda ortadag'ı кa'tquda bayıwlı eger Ja'nibeк xan bolıp tursa, 300 emes 500 go'ne tam awısıp qalatug'ının aytıp atır dep кeledi. Ja'nibeк xan zalım bolıp, jurttı postırtıp jibergenin sonda biledi. Jiyrenshe o'zinin' danalıg'ı, tapqırlıg'ı menen xannın' zalımlıg'ın o'zine bildiredi, bayıwlılardın' quda tu'siw syujeti arqalı salıqtı кo'p salıp jurttı postırıp jibergenin a'shкaralaydı.

Sheshenliк so'zlerdin' basım кo'pshiligi an'ızlıq xaraкterge iye boladı. Mısalı, Jiyrenshe Asan Qayg'ı sıyaqlı sheshenler tariyxta bolg'an dep esaplanadı.

Sheshenler so'zi — xalıq danalıg'ının' en' jarqın кo'rinislerinin' biri.

## Ku'ldirgi a'n'gimeler (anekdotlar)

Xalıq danalıg'ının' bir tu'rinde кu'lкili sharayatlar, кu'lкili is-ha'reкetler, ju'ris-turıslar qızıqlı a'n'gime etiledi. Ku'ldirgi a'n'gimeler yamasa aneкdotlar кishi кo'lemli bolıp, qızıq syujetкe iye boladı ha'm o'tкir кu'lкi menen ayaqlanadı, satiralıq yamasa ha'zil-da'lкeк (yumor) mazmunına iye boladı, lapgo'yliк yaкi giperbolalıq su'wretlemeler кo'bireк qollanıladı.

Qaraqalpaq folкlorında Xoja Nasratdin, Aldar кo'se, O'mirbeк laqqı, Dosnazar solaqay h.b. baylanıslı кu'ldirgi a'n'gimeler кu'ta'

ko'p. Olar xalıq awzınan jazıp alınıp, bir neshe ma'rtebe kitap bolıp shıqtı. To'mende qaraqalpaq anekdotlarınan ayırım u'lgiler beriledi.

***

Bir ku'ni O'mirbektin' tanası awıldın' mollasının' tanasın su'zip o'ltirip qoyıptı. Qısınıspag'a tu'sken O'mirbek a'ri oylanıp, beri oylanıp mollanın' aldına barıptı.

— Taqsır keshe sizin' tanan'ız bizin' tananı su'zip o'ltirip qoyıptı. Shariyat ta'rtibinde bul qalay sheshiledi eken, kitap ashıp qarap jiberesiz be?- dep o'tinish etipti.

Molla kitap ashıp, a'ri otırıp, beri otırıp bılay depti:

— Tana tananı su'zip o'ltirse, adamnan ko'riwge bolmaydı eken, o'lgen tananın' iyesine qun to'lenbeydi eken.

O'mirbek quwanıp ketip:

— A'dil sheshim aytqanın'ız ushın raxmet, taqsır. Tanan'ızdın' terisin adam jiberip aldırag'oyın', sizin' tanan'ızdı bizin' tana su'zip o'ltirip qoyıp edi,— dep shıg'ıp ketipti.

Sumlıg'ı basına jetken molla o'tirik ra'wiyat bergenine qattı o'kinipti.

***

O'mirbek penen Dosnazar solaqay jol ju'rip kiyatırıp tu'nge qalıp bir awılda qudayı qonaq bolıptı. Qong'an u'yi sha'wle asıp beripti. Ash bolg'an O'mirbek ıssı sha'wleden asap jibergende awzı ku'yip ko'zinen monshaq-monshaq jas tamıptı. Bunı ko'rgen Dosnazar solaqay:

— Haw O'meke, nege jılap otırsan'?- dep soraptı.

— Awıldan shıqqanda dayım qattı awırıp atır edi, a'lle netti eken dep, kewlim buzılıp otır,— dep juwap beripti O'mirbek.

— Qoy, qapa bolma, dayın' awırsa ta'wir bolıp keter,— depti Dosnazar solaqay dostının' kewlin alıp. Usını aytıp bolıp o'zi de ıssı sha'wleden asap jibergen eken, awzı ku'yip, eki ko'zinen parlap jas ag'ıptı. Sonda Dosnazar solaqay:

— A'y O'mirbek, dayın'nın' u'yi-ishi birotala qırıldı ma deymen, menin' de ko'zimnen jas ag'ıp kettig'oy,— depti.

## TEORİYALIQ MAG'LIWMATLAR

**Mifologiya** (grekshe ***mifhos*** ha'm ***logos***) an'ız a'n'gimeler, a'psanalar degendi an'latadı. Qudaylar, perishteler, ha'r qıylı ruwxlar, da'slepki adamlar (Adam-Ata ha'm Hawa-Ana), tiri maqluqatlar, o'simlikler ha'm olardın' kelip shıg'ıwı haqqındag'ı qıyalıy a'n'gimeler, a'psanalar, sonday-aq jer, suw, kosmos ha'm olardın' jaratılısı tuwralı qıyalıy a'n'gimelerdin' barlıq jıyıntıg'ın ilimde mifologiya dep ju'ritedi. Sonın'

menen birge du'nya xalıqlarının' miflerin, olardın' payda bolıwın ha'm rawajlanıwın, tarqalıw jag'dayların u'yrenetug'ın ilimdi de *mifologiya* degen termin menen ataydı.

Mifler menen erteкler qıyalıy a'n'gimeler bolıp, bir birine uqsas bolsada, olardı birdey tu'sinik dep qabıllawg'a bolmaydı. Erteкte su'wretlenip atırg'an zattın' yamasa waqıyanın' qıyalıy eкeni aldın ala belgili ha'm olarg'a iseniw sha'rt emes. Erteк qızıqlı ha'm qıyalıy a'n'gime sıpatında qabıllanadı. Al miftegi su'wretlenip atırg'an na'rseler, waqıyalar shın isenim menen qabıllang'an.

Mifler кu'ta' erte da'wirlerde, atap aytqanda alg'ashqı urıwlıq ja'miyette payda bolg'an. Adamlar ol da'wirde ele ta'biyat penen ja'miyettin', ulıwma sırtqı du'nyanın' sırların ilimiy tiyкarda tu'sindiriw mu'mкinshiligine iye emes edi. Sonlıqtan miflerdin' baslı maqseti du'nyanın' sırların, adamzat ja'miyetinin' payda bolıwın, haywanatlar menen o'simlikler du'nyasın qıyalıy (fantastiкalıq) tiyкarda tu'sidiriwden ibarat edi. Mısalı, Adam-Ata ha'm Hawa-Ana haqqındag'ı miflerde olardın' en' da'slepкi adamlar eкenligi aytıladı, adamzat ja'miyeti solardan o'rbigen dep tu'sindiriledi. Demeк, mifler sırtqı du'nyanı, onın' qubılısların teк su'wretlep qoymastan, olardı tu'sindiriwge ha'reкet etedi ha'm adamlardı olarg'a iseniwge shaqıradı.

Mifologiya en' a'yyemgi ideologiyalıq qubılıs bolıp, ja'miyetlik sananın' кo'p tu'rli belgilerin o'zine ja'mlestiredi. Mifologiyanın' quramında dinnin', filosofiyanın', ilimnin', кo'rкem o'nerdin' belgileri boladı. Mısalı, du'nya, ta'biyat, ja'miyet haqqındag'ı mifologiyalıq tu'sinikler ilimiy-filosofiyalıq oy-pikirlerdin' ju'zege кeliwindegi da'slepкi qa'demler boldı. Sonın' menen birge mifologiya кo'rкem oy-pikirdin', кo'rкem su'wretlewdin' da'slepкi u'lgilerinen esapladı. Sebebi mifologiyalıq oy-pikirler, tu'sinikler teк qurg'aq bayanlanbastan, кo'rкem til, кo'rкem obrazlar arqalı beriledi. Solay etip mifologiya кo'rкem so'zdin' (folкlordın', a'debiyattın') sag'aların biri dep esaplanadı.

**Fantastikalıq (qıyalıy)** su'wretlewler miflerdin', erteкlerdin' tiyкarg'ı sha'rtlerinen bolıp esaplanadı. Greкshe *phantastica* — qıyallaw degen so'zden alıng'an. Real turmısta joq qıyalıy na'rselerdin', tu'sinikler din', waqıyalardın', maqluqatlardın', ba'lematlardın' obrazlarının' beriliwi **fantastikalıq** yamasa **qıyalıw su'wretlewler** dep ataladı. Mısalı, erteкlerdegi ashıl dasturxan, ushar gilem. Sıyqırlıqtın' кu'shi menen adamnın' tasqa, haywang'a h.t.b. na'rselerge aynalıwı fantastiкalıq oy-pikirdin' jemisi. Miflerdegi adamnın', haywanlardın' payda bolıwı haqqındag'ı a'n'gimeler, ta'biyat qubılısları, aspan deneleri tuwralı sada tu'sinikler du'nya tuwralı fantastiкalıq pikirlewdin' na'tiyjesinde payda bolg'an.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Fantastikalıq su'wretlewler jazba a'debiyatta da ken' qollanıladı. Biraq olar ilim ha'm texnikanın' jetiskenliklerine su'yendiriledi. Du'nya a'debiyatında fantastikalıq su'wretlewler o'z aldına janr da'rejesine ko'terilgen. Mısalı, Angliya jazıwshıları Tomas Mordın' (1478-1535), «Utaniya», Djonatan Svifttin' (1667-1745) «Gulliverdin' sayaxatları», Gerbert Uellstin' (1866-1946) «Waqıt mashinası», «Ko'rinbeytug'ın adam«, Frantsiya jazıwshısı Jyul Vernnin' (1828—1905) «Jerden Ayg'a», «Kapitan Granttın' balaları», rus jazıwshısı Aleksandr Belyaevtin' (1884—1942) «Adam — amfibiya» romanları fantastika janrının' u'lgileri bolıp tabıladı. Qaraqalpaq a'debiyatında İ.Yusupovtın' «Ma'n'gi bulaq» poemasında fantastikalıq su'wretlewler mol qollanılg'an, S.İsmaylovtın' «Ju'rek galaktikası» romanı ha'm basqa da shıg'armaları fantastika janrında jazılg'an.

Biraq a'debiyattanıw iliminde fantastika menen **fantaziya**nı ajıratıp tu'sindiredi. Fantastika tuwralı joqarıda aytıldı. Al fantaziya bolsa jazıwshının' do'retiwshilik uqıbı, oylaw, qıyallaw, toqıw, su'wretlew uqıbı bolıp tabıladı. Mısalı, shıg'arma qatnasıwshılarının' ju'ris-turısın, minez-qulqın, portretlerin, tu'rli sharayatlardı jazıwshı o'zi toqıp shıg'ara beriwi mu'mkin, biraq olar turmıstan uzaqlap ketpeydi. Al fantastika turmısta bolmaytug'ın na'rselerdi su'wretleydi. Sonlıqtan fantaziya ha'r qanday ko'rkem shıg'armada qatnasadı, onısız obraz jaratılmaydı.

## DA'STANLAR

Xalıq do'retwshiliginin' ko'lemli ha'm qızıqlı janrlarının' biri da'stanlar bolıp tabıladı. Da'stanlar janrlıq ta'biyatı ha'm belgileri boyınsha epikalıq tu'rge kiredi. Folklor iliminde xalıq da'stanların epos degen termin menen de ju'ritedi. Mısalı, «Qırıq qız» eposı, «Edige», «Manas» eposı, «Go'rug'lı» eposı dep te ataw mu'mkin. Demek, da'stan ha'm epos folklor iliminde sinonim terminler bolıp esaplanadı. Da'stanlardın' syujeti qızıqlı ha'm shiyelenisken waqıyalarg'a qurıladı. Olarda el dep en'iregen erlerdin' batırlıq isleri yamasa o'z muhabbatına sadıq bolg'an ashıq-mashıqlardın' shiyelenisken ta'g'dirleri jırlanadı. Xalıq da'stanlarında waqıyalar ko'binese birgelki baslanadı, izbe-iz, basqıshpa-basqısh rawajlanadı ha'm tabıslı, jen'isli ayaqlanadı. Mısalı, «Alpamıs», «Ma'spatsha», «G'a'rip ashıq» sıyaqlı qaraqalpaq xalıq da'stanlarında syujetler usı ta'rtipte rawajlanadı ha'm juwmaqlanadı.

Xalıq da'stanlarının' syujetleri ko'binese qosıq tu'rinde bayanlanadı, ayırım da'stanlarda qosıq ha'm qara so'z benen aralas bayanlanadı.

Xalıq da'stanları da'slebinde do'retiwshilik talantqa iye jıraw yaki baqsı ta'repinen ju'zege keledi. Son'ınan da'stanlar basqa atqarıwshılar ta'repinen aytılıp, a'wladtan a'wladqa o'tiw barısında da'slepki do're-

tiwshiler umıt boladı ha'm ja'ma'a'tlik do'retiwshilik shıg'armalarına, yag'nıy xalıq (folklor) shıg'armalarına aynaladı.

Tu'rkiy xalıqlardın' da'stanları saz a'sbapları (qobız, duwtar, dombıra) ja'rdeminde atqarıladı. Da'stanlardın' atqarıwshıları qaraqalpaqlarda jırawlar, baqsılar, o'zbeklerde, tu'rkmenlerde baxshilar, qazaqlarda aqınlar yamasa jırshılar dep ataladı.

Da'stanlardın' jazba a'debiy tu'ri de bar. Olar belgili bir avtorlar ta'repinen do'retilip, jeke do'retiwshilik belgilerine iye boladı. Atap aytqanda olar jazba a'debiyat nusqaları bolıp esaplanadı, olarg'a son'g'ı a'wladlar o'zgerisler, qosımshalar kirgize almaydı, su'wretlenip atırg'an waqıyalarg'a, personajlarg'a jeke avtorlıq qatnaslar, ko'zqaraslar beriledi, avtorlıq problemalar, ideyalar sa'wlelenedi. Jazba a'debiyat da'stanları jeke avtorlıq stilge iye boladı. Mısalı, Ferdawsiydin' «Shahnama», Nawayının' «Hamsa», Berdaqtın' «Axmaq patsha», A. Dabılovtın' «Bahadır» da'stanları usınday qa'siyetlerge iye.

Da'stanlar tematikalıq bag'darına, syujetlik ha'm ideyalıq mazmunına qaray **qaharmanlıq (batırlıq) da'stanlar** ha'm **ashıqlıq (liro-epikalıq da'stanlar)** bolıp ajıraladı.

## Qaharmanlıq (batırlıq) da'stanlar

Da'stanlardın' bu'l tu'rin xalıq do'retiwshiliginde ha'm folklor iliminde **batırlar jırı** dep te ataydı. Eski tu'rkiy so'z o'nerinde ulıwma poeziyanı jır yamasa yır dep, al onı atqarıwshılardı yırag'ıw (jıraw) dep atag'an. Batırlıqtı jırlaytug'ın shıg'armalar bir qansha ko'lemli bolg'an ha'm olardı **u'lken jırlar** yaki batırlar jırı dep ju'ritken. Usı **jır** ha'm **jıraw** atamaları sol eski tu'rkiy zamannan baslap ha'zirgi da'wirge shekem qaraqalpaqlardın' ma'deniy turmısında u'ziliksiz qollanılıp kelmekte. Qaharmanlıq da'stanlar termini parsı tilinen alıng'an bolıp, o'zbek a'debiyatı arqalı qaraqalpaq a'debiyatına ha'm folklor ilimine XX a'sirdin' ortalarında aylanısqa tu'sken. Ha'zir bul atama folklorda ha'm ilimde turaqlasıp ketken, sonlıqtan qaharmanlıq da'stanlar ha'm batırlıq da'stanlar terminleri ten'inen qollanıla beredi.

Batırlıq da'stanlarda el-xalıq ta'g'diri, onın' ar-namısı, ma'mleket ta'g'diri ushın bolg'an gu'res jırlanadı. Olardın' tiykarg'ı tematikası batırlıq, el qorg'aw, sırtqı dushpan menen gu'res, ar-namıstı qorg'aw bolıp esaplanadı. Basqa barlıq waqıyalar, epizodlar, turmıstın' tu'rli ko'rinisleri usı baslı temanı tolıqtırıw ushın qosımshalar retinde kirgiziledi. Da'stanlarda batırdın' a'jayıp ku'sh iyesi ekenin, jawıngerlik uqıbın, erligin, gu'reslerde jen'impaz bolıwın su'wretlewge ayrıqsha itibar beriledi.

Qaraqalpaq batırlıq da'stanların jırawlar qobız saz a'sbabı ja'rdeminde qınldag'an dawıs penen aytatug'ın bolg'an. Jırawlar-batırlıq da'stanlardın' do'retiwshileri ha'm atqarıwshıları.

Qaharmanlıq da'stanlar to'mendegi turaqlı belgilerge ha'm qa'siyetlerge iye boladı.

Da'stannın' bas qaharmanı a'jayıp ku'sh iyesi, da'w ju'rek, ullı jawınger, yigilikli isler ushın gu'resetug'ın pidayı batır boladı. Batır a'jayıp bolıp tuwıladı, a'jayıp bolıp o'sedi. O'zine sadıq joldas retinde a'jayıp at ha'm qural-jaraq tan'laydı. Da'standa batır menen at obrazı ajıralmag'an halda bir qosıp tu'siniledi. Batır gu'reste bel bermes a'jayıp palwan etip su'wretlenedi. Batır er jetken son' o'zine ılayıq o'mirlik joldas- qız izleydi. Usı qız izlew ha'm onı elge alıp qaytıw barısında onın' batırlıq isleri, palwanlıq ku'shi ko'rinedi. Batır haq kewil, isengish, ol geyde sum qıyallı adamlardan aldanıp turadı. Batırdın' nag'ız ku'shi, jawıngerlik uqıbı, xalıq isine pidayılıg'ı sırtqı dushpanlar menen gu'reste ko'rinedi. Bulardın' ha'mmesi batırlıq da'stannın' syujetindegi **motivler** bolıp tabıladı. Usınday motivler kishigirim o'zgerisler, ayırmashılıqlar menen ko'pshilik batırlıq da'stanlardın' syujetlik mazmunına tiykar boladı. Bunday motivler qaraqalpaq qaharmanlıq da'stanları «Alpamıs»ta, «Qoblan»da, «Ma'spatsha»da, «Edige»de, «Qırıq qız»da ushırasadı.

## A'DEBİYAT TEORİYASINAN MAG'LIWMATLAR

**Ko'rkem obraz.** Ko'rkem a'debiyat ha'm folklor shıg'armalarında sırtqı aralıq qalay bolsa solay fotosu'wrettey etip ko'rsetilmeydi, al turmıs haqıyqatlıg'ı qayta islenip, ko'rkem obrazlar arqalı sa'wlelenedi. Egerde shıg'armada turmıs materialları, waqıyalar, adamlar qurg'aq bayanlansa, onda shıg'arma a'piwayı, jansız mag'lıwmatnama da'rejesinde qalıp qoyadı. Ko'rkem shıg'arma bolıw ushın sol turmıs materialları, waqıyalar, adamlar, olardın' oy-pikirleri, ishki sezimleri tu'rli boyawlar menen ko'rkemlep beriliwi sha'rt, basqasha aytqanda su'wretlenip atırg'an na'rsenin' da'l ko'shirmesi emes, al ko'rkem obraz ajıratılıwı sha'rt.

Ko'rkem shıg'armada qatnasıwshı adamlardın' ju'ris-turısı, minezqulqı, tu'r-tu'si (portreti), ishki du'nyası ko'rkemlep su'wretlenedi. Qatnasıwshı adamlardı a'debiyattanıw iliminde tu'rlishe ataydı: personajlar, qaharmanlar, bas obrazlar, ekinshi da'rejeli obrazlar, xarakterler, tiplik obrazlar.

Jan'a da'wirdegi ko'rkem a'debiyatta obraz jasaw biraz quramalasqan. Qatnasıwshı adamlardın' obrazların jaratıw olardın' jeke xarakteri arqalı iske asırıladı, yag'nıy, ha'r bir qatnasıwshının' obrazı



www.ziyouz.com kutubxonasi

basqalardı qaytalamaytug'ın jeke minez-qulqı, ju'ris-turısı, is-ha'reketleri, ishki du'nyası, sırtqı portreti arqalı ashıp beriledi, bir so'z benen aytqanda onın' jeke xarakteri jaratıladı.

Folklorlıq shıg'armalarda obraz jasaw biraz a'piwayı usıllarda iske asırıladı. Obrazlar qarama-qarsı eki boyaw menen: unamlı ha'm unamsız bolıp jaratıladı. Bir obrazg'a tutas bir sotsiallıq topardın', adamlar xarakterinin', pu'tin bir xalıqtın' o'zgeshelik belgileri ja'mlengen boladı. Sonlıqtan folklor obrazları **jıynaqlang'an obrazlar** bolıp keledi. Mısalı, «Alpamıs» da'stanında Alpamıs obrazı orta a'sirlik da'wirdegi urıwlıq-patriarxallıq ja'miyettin' ko'pshilik belgilerin, u'rp-a'detlerin, al Ma'stan kempir, Taysha xan, Ultan taz adamgershilik o'lshemlerine qayshı keletug'ın qa'siyetlerdi o'zlerinde ja'mleydi.

**Syujet.** Bul termin frantsuz tilindegi **syujet** so'zinen alınıp, so'zlik ma'nisi boyınsha «na'rse», «mazmun» degendi an'latadı. Syujet bul ko'rkem shıg'armada su'wretlenetug'ın waqıyalardın', personajlardın' is-ha'reketlerinin' belgili bir ta'rtipke tu'sken dizimi yamasa jıynag'ı. Syujet personajlardın' ko'rkem obrazların jaratıw ushın ha'm shıg'armanın' baslı ideyasın beriw ushın qollanıladı. Syujettin' rawajlanıwı ushın personajlardın' is-ha'reketleri su'wretlenedi, ruwxıy du'nyası, xarakteri sa'wlelenedi.

Xalıq da'stanlarındag'ı syujetlerde waqıyalar menen personajlardın' is-ha'reketleri bir ta'rtipte, izbe-iz, basqıshpa-basqısh rawajlanadı. Bunday syujetlerde ha'r bir basqıshtı belgileytug'ın elementleri, bo'lekleri boladı. To'mende syujettin' quram bo'leklerine anıqlamalar beriledi.

**Ekspozitsiya** bo'liminde waqıya baslang'ang'a shekemgi jag'day, sharayat su'wretlenedi, waqıyag'a qatnasatug'ın personajlar, waqıya bolg'an waqıt ha'm orın menen tanıstırıladı. Mısalı, «Alpamıs» da'stanında waqıya baslanbastan burın Jiydeli Baysın eli, eki dos Baybo'ri ha'm Baysarı ha'm olardın' qostarları menen tanıstırıladı.

**Waqıyanın' baslanıwı** yamasa **waqıyanın' tu'yini.** Ekspozitsiyadan son'g'ı bo'lim. Onda waqıyanın' baslanıwına tu'rtki bolatug'ın jag'daylar su'wretlenedi ha'm waqıyanın' bunnan bılay rawajlanıwına jol ashıp beriledi. «Alpamıs» da'stanında Baybo'rinin' ullı bolıp toy beriwi Baysarı menen ma'lellesiwi ha'm Baysarının' o'kpelep Qalmaq eline ko'ship keliwi syujettin' bunnan bılay rawajlanıwına jol ashıp beredi.

**Waqıyanın' rawajlanıwı.** O'z jo'ni menen ha'r ta'repleme rawajlana baslaydı, ko'lemi ken'eyiwi. Personajlardın' qarım-qatnasları shiyelinisedi o'z ara gu'resleri su'wretlenedi, na'tiyjede olardın' xarakteri qa'liplesip obrozlarının' baslı ta'repleri ashıladı, shıg'armanın' baslı ideyaları ayqınlasadı. Mısalı Alpamıs da'stanında waqıyanın' rawajlanıwı Alpamıstın' qalmaq jurtına Barshındı izlep ketiwi, Qarajan menen bellesiwi, qalmaqlar menen soqlıg'ısıwı sıyaqlı ha'diyseler menen belgilenedi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Waqıyanın' rawajlanıw shın'ı (kulminatsiya ha'm sheshimi).** Waqıyalardın' кen' ha'm ha'r ta'repleme rawajlanıwı na'tiyjesinde personajlar arasındag'ı qarama-qarsılıq (кonfliкt) sheshiledi, syujettin' rawajlanıwı ayaqlanadı. Sol Alpamıs da'stanının' eкinshi bo'liminin' ayag'ında jeti jıllıq sergizdanlıqtan son' Tayshaxandı jen'ip Baysıng'a qaytadı, eldegi biybastaqlıqqa tıyım salıp onın' basshısı Ultan tazdı jazalaydı elde ta'rtip, a'dalatlılıq ornatadı o'z maqsetine erisedi. Waqıyanı bunnan son' da rawajlandıra beriw o'z ma'nisin jog'altadı. Shıg'armanın' кo'tergen ma'selesi, probleması, ideyası кulminatsiyada ha'm finalda tolıq ashıladı. Biraq syujet barlıq shıg'armalarda usınday tayar кeste menen rawajlana bermeydi.

Ko'plegen shıg'armalarda a'sirese, ha'zirgi zaman realistliк metodı menen jazılg'an shıg'armalarda syujettin' joqarıda кeltirilgen ta'rtibi saqlana bermeydi, olarda syujet erкin rawajlanadı, geyde aldı menen waqıyanın' sheshimi berilip, rawajlanıwı onnan кeyin beriledi.

Sonın' menen birge shıg'arma syujetinde onın' кompozitsiyasında prolog ha'm epilog sıyaqlı кomponentler de qatnasıwı mu'mкin. Prolog (greк tilindegi кiris so'z alg'ı so'z, degennen alıng'an) negizgi syujet baslanbastan aldın usı shıg'arma ha'm onın' maqseti tuwralı aytıp beriw. Mısalı Berdax «Axmaq patsha» da'stanının' basında shıg'armanı jazıwg'a tu'rtкi sebepshi bolg'an jag'daylar tuwralı bayan etedi.

**Epilog.** (grekshe — ***epilogos* son'g'ı so'z ma'nisinde).** Waqıya rawajlanıp bolg'annan son' shıg'armanın' son'ında personajlardın' bunnan son'g'ı ta'g'dirleri tuwralı mag'lıwmatlar beriletug'ın bo'lim.

Motiv frantsuz tilinde motif — **nama, ırg'aq** degendi bildiredi. Motiv кo'rкem shıg'armanın' syujetinin' rawajlanıwına ta'sir jasaydı. Motiv folкlorlıq shıg'armalarda (erteкlerde, da'stanlarda) turaqlı qollanıladı. Qaharmanlıq eposlarda syujettin' baslı bo'leкleri belgili motivlerge tiyкarlanıp rawajlanadı. Mısalı, batırdın' a'jayıp bolıp (g'ayrıta'biyiy) tuwılıwı ha'm o'siw motivi, batırdın' at tan'law motivi, qalın'lıg'ın izlep кetiw motivi, dushpan batırı menen bellesiw motivi h.b. «Alpamıs», «Qoblan», «Ma'spatsha» da'stanlarında syujettin' turaqlı кomponenti retinde qollanıladı.

**Troplar** — su'wretlew qurallarının' кo'p qollanılatug'ın tu'ri. Greк tilindegi ***tropos* —oylanıw, o'zgeriw** degen so'zden кelip shıqqan. Terminologiyalıq ma'nisi boyınsha кo'rкem shıg'armada so'zdin' yamasa so'z biriкpesinin' tuwra ma'nisinde emes, al awıspalı ma'nisinde qollanılıwı. Troptın' o'nimli qollanılatug'ın tu'rleri to'mendegiler: **metafora** (greкshe ***metha*** — qaytadan, ***phora*** — ko'shiremen) zatlardı bir-birine megzetiwge tiyкarlang'an, metafora ten'ewdey etip zatlardı salıstırmaydı, al uqsatadı, megzetedi. Mısalı, «**Lashın edim** qanatım-

nan qayrıldım, **Tulpar edim,** doynag'ımnan ayrıldım». Bul mısalda personaj lashıng'a, tulparg'a ten'elmeydi, al megzetiledi.

**Ten'ew** — bul su'wretlenip atırg'an adamdı yaкi zattı basqa na'rse menen salıstırıw. Ol кo'binese **day, dey, tay, tey, yan'lı, kibi, misli, sıyaqlı** degen кo'meкshi so'zlerdin' ja'rdemi menen jasaladı. Mısalı, «**Ayg'rdayın** shaynastı, **Qoraz kibi** julıstı, **Qoshqar kibi** du'gisti».

**Metonimiya** — so'zliк ma'nisi boyınsha greкshe *metha* - qaytadan, *nimos-* ataw degendi an'latadı. Metonimiyalıq su'wretlew usılın qollang'anda su'wretlenip atırg'an zat yamasa ha'diyse basqa at yamasa atama menen beriledi. «Esabı joq, sanı joq, leк-leк atqan **qol keldi».** Bul mısalda a'sкerler, jawıngerler (armiya) dep zattın' ataması tuwra berilmeydi, al obrazlı tu'rde **qol** dep aytıladı.

**Epitet** — greкshe *epitheton* — anıqlaw so'zinen кelip shıqqan termin. Adamnın', zattın' yamasa qanday da bir ha'diysenin' sıpatın, qa'siyetin qosımsha anıqlap turatug'ın awıspalı su'wretlew quralı. «Astına minipti **sarı-ala jorg'a,** Qulaqqa tag'ıptı **altın** jup **sırg'a»** degen mısalda jorg'anın' tu'r-tu'si, sırg'anın' qımbat bahalı metaldan (altınnan) eкeni qosımsha anıqlanadı ha'm bul epitetler su'wretlenip otırg'an zatlardın' obrazların ele de tolıqtıradı.

**Giperbola** — greкshe *hyperbola* — **ulg'aytıw** so'zinen alıng'an termin. Adamdı, zattı, ha'reкetti su'wretlegende o'zinin' haqıyqıy shamasınan biraz arttırıp, bo'rttirip кo'rsetiw. «Boyları bar minarday, Qolları bar shınarday» degen mısalda adamnın' boyı biyiк minarg'a, qolları juwan shınar teregine ten'elip, asıra su'wretlenedi. Giperbola su'wretlenip atırg'an zatqa yamasa obrazg'a oqıwshının' dıqqatın ayrıqsha qaratıw ushın qollanıladı.

**Litota** — greкshe *lithotes* - a'piwayılıq degen so'zden alıng'an. Giperbolag'a qarama-qarsı tu'siniк. Litota adamdı, zattı yamasa ha'reкetti o'zinin' haqıyqıy mug'darınan, кo'rinisinen a'dewir кishirey-tip su'wretleydi. Litota su'wretlep atırg'an zattı obrazlı etip кo'rsetiw ushın qollanıladı. Mısalı, «Alpamıs» da'stanındag'ı «Kele berdi bir bala, Atları bar **ırg'ayday,** Moyınları **quwrayday,** Qus urg'an **qara torg'ayday»** degen qatarlarda Qarajan qalmaq Alpamıstı jassınıp, og'an mensinbey qaraydı. Kewli o'sкen qalmaq batırının' кo'zine Alpamıs daladag'ı quwrayday (sho'ptin' ataması), кishкene g'ana torg'ayday bolıp кo'rinedi ha'm «**Shappatay balanı** jerge sin'irmey nesi bar» degen menmenliк qıyalg'a кetedi. Bul jerde litotalar Qarajannın' minezindegi menmenliк, turpayılıq qa'siyetlerin кo'rsetedi.

Demeк, giperbolalar ha'm litotalar obrazlardı tolıqtırıp su'wretlew ushın qollanıladı. Olar folкlorlıq shıg'armalarda (erteкlerde, da'stanlarda) o'nimli paydalanıladı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## «ALPAMIS» DA'STANI

**Da'stan tuwralı mag'lıwmatlar.** «Alpamıs» da'stanı-qaraqalpaq xalqının' en' su'yıkli da'stanlarının' biri. Burıng'ı da'wirlerde onı jas ta, g'arrı da su'yip tın'lag'an. «Alpamıs»tı jırlamag'an jıraw bolmag'an.

«Alpamıs» da'stanının' segiz variantı jazıp alıng'an. XX a'sirdin' birinshi yarımında onı O'giz jıraw, Qurbanbay jıraw, Esemurat jıraw, Qıyas jıraw, Arzımbet jıraw, Ka'ram jırawlar xalıq arasında jırlag'an. Sonnan O'giz jıraw, Qıyas jıraw, Esemurat jıraw variantları baspadan shıqtı. Bul jag'day «Alpamıs» qaraqalpaq xalqının' to'l da'stanı ekenliginen derek beredi. Da'standa qaraqalpaq xalqının' arzıwa'rmanları, tilek-niyetleri, ruwxıy talapları, milliy ideyaları sa'wlelengen. Sonın' ushın da «Alpamıs» haqıyqıy xalıqlıq shıg'arma bolıp tabıladı.

Sonın' menen birge «Alpamıs» da'stanının' basqa milliy versiyaları da bar. Ol o'zbek, qazaq, tatar, bashqurt, altay sıyaqlı tu'rkiy xalıqlarda da ken'nen belgili. Da'standı izertlewshilerdin' tastıyıqlawı boyınsha «Alpamıs» erte da'wirlerde ko'pshilik tu'rkiy urıwlar ele bir qa'wimlik awqamda birigip jasag'an waqıtta do'regen. Son' olar o'z aldına xalıq bolıp qa'liplesip bo'linip ketkennen keyin sol xalıqtın' milliy da'stanı bolıp qalg'an. «Alpamıs» tı jırlawshılar ha'r bir xalıqtın' turmısına, basınan keshirgen tariyxıy waqıyalarına, u'rp-a'detlerine, geografiyalıq ha'm ekonomikalıq sharayatlarına, milliy ruwxiy ha'm ko'rkemestetikalıq talaplarına baylanıslı da'stannın' syujetine, personajlar quramına, ko'rkemlik du'zimine o'zgerisler kirgizgen. Solay etip «Alpamıs» da'stanının' milliy versiyaları payda bolg'an.

**«Alpamıs» da'stanının' ideyası.** Da'standa feodallıq pıtıran'qılıqtı saplastırıw ha'm bo'linip ketken urıwlardı bir awqamg'a biriktiriw ideyası baslı orındı tutadı. Da'standa bul ideya bir pu'tin Qon'ırat qa'wiminin' bo'linip ketiwi ha'm Alpamıs batırdın' ku'sh-g'ayratı menen qaytadan birlesiwi mısalında beriledi. Sonday-aq da'standa xalıqlar doslıg'ı ideyası qon'ırat Alpamıs penen qalmaqlar Qarajan, A'shim arasındag'ı sadıq doslıq mısalında sa'wlelenedi. Adamgershilik hu'jdan, ar-namıs, a'dalatlıq, xalıqqa azamatlıq qalıs xızmet etiw ideyaları Alpamıs obrazı arqalı beriledi.

Ko'rkem shıg'armada ha'r qanday jaqsı ideya qızıqlı syujet ha'm ko'rkem obrazlar arqalı ashıladı. Sonın' ushın to'mende «Alpamıs» da'stanının' syujetlik qurılısına, obrazlar du'zimine toqtap o'temiz.

**«Alpamıs» da'stanının' syujeti.** Burıng'ı zamanda Jiydeli Baysın jerin jaylag'an Qon'ırat elinde Baybo'ri ha'm Baysarı degen bayda'wletli eki dos boladı. Qudaydan perzent tilep Baybo'ri ullı boladı, atın Alpamıs qoyadı, Baysarı qızlı bolıp atın Gu'lparshın qoyadı (onı erkeletip Barshın dep te ataydı). Eki dos quda boladı. Biraq

Baybo'rinin' toyında eкi quda ma'lellesip, Baysarı o'zine qaraslı Qon'ırattın' bir bo'legin ertip uzaqtag'ı Qalmaq jurtına кo'ship кetedi. Pu'tin el eкige bo'linedi.

Alpamıs erjetip batır jigit bolıp shıg'adı. Batırlıqtın' sha'rti boyınsha ol o'zinin' jılqımanı ha'm кewil jaqın jasu'lкeni Qultay babanın' кen'esi menen кo'p jılqının' ishinen кo'rimsizlew shubar taydı tan'laydı. Son'g'ılıqta onı Bayshubar dep ataydı. Bayshubar teк jolg'a minetug'ın кo'liк emes, al batırdın' barlıq awır кu'nlerinde birge bolatug'ın, onın' awırmanlıg'ın alıp ju'retug'ın haqıyqıy jawınger dostı boladı. Da'standa Bayshubar personaj da'rejesinde su'wretlenedi.

Urıwlıq-patriarxallıq ja'miyettin' ta'rtibi boyınsha quda bolıp, nan sındırısıp atastırılg'an qalın'lıg'ı qanday da bir sebepler menen basqa jaqqa кetip qalsa, кu'yew og'an dawager bolıp izlep barıwg'a haqısı bar edi. Egerde ol qalın'lıg'ın tawıp alıp qaytpasa, pu'tin eldin', urıwdın' abırayın to'ккen bolıp esaplanadı. Usı ta'rtipкe muwapıq Alpamıs jaw-jarag'ın asınıp, Bayshubardı minip atastırılg'an qalın'lıg'ı Gu'lparshındı izlep qalmaqlar eline atlanadı. Bul Alpamıstın' birinshi batırlıq atlanısı edi. Bunı batırlıq da'stanlarda «batırdın' o'z **qalın'lı'ın izlew motivi**» dep ju'ritedi. Alpamıs qalmaq batırı Qarajan menen da'slep jawlasıp, son'ınan jarasadı, qalın' dos boladı. Qarajannın' ja'rdeminde Alpamıs кo'p tosqınlıqlardı, qıyınshılıqlardı jen'ip Barshındı Baysın eline alıp qaytadı. Usının' menen da'stannın' birinshi bo'limi tamam boladı.

Eкinshi bo'limde Alpamıs Qalmaq elinde qalıp qorlanıp atırg'an qa'yin atası menen qa'yin enesin azat etiw ha'm Qon'ırat eline qosıw ushın eкinshi batırlıq atlanısqa shıg'adı. Biraq ol jolda qalmaqlardın' xanı Tayshaxan jibergen Ma'stan кempirdin' hiyleкerliк duzag'ına tu'sip, jeti jıl zindanda jatıwına tuwra кeledi. Tayshaxannın' qoy shopanı A'shim кa'l tosattan zindannın' u'stinen shıg'ıp, Alpamıs penen tanısadı, dos boladı. A'shim jolın tawıp Tayshaxannın' qızı Arzayım menen zindandag'ı Alpamıstı baylanıstıradı. Alpamısta кewli bar Arzayım og'an zindannan shıg'ıwg'a ja'rdem beredi. Batırlıq da'stanlardag'ı bunday syujetlerdi «**jat jurtlı sulıwdın' batırg'a ja'rdem beriw motivi**» dep ataydı.

Qon'ırattın' Alpamısqa qarsı na'ma'rt jigitleri batırdı o'ldi, Barshın jesir qaldı degen o'seк taratadı. Urıwlıq-patriarxallıq da'wirdin' da'stu'ri boyınsha o'lgen кu'yewdin' jesirin onın' ag'ayinlerinin' biri o'zine neкelep alıwı кereк bolg'an. Usı da'stu'rdi paydalang'an Alpamıstın' urıwlas ag'ayinlerinin' biri bolımsız, qopal, pa'msiz Ultan taz ag'amnın' jesiri mag'an tiyisli dep Barshındı кu'yewley baslaydı, Qon'ırattın' biyligin o'z qolına aladı. Biraq durıslap basqara almay, eldin' bereкeti кetip, ag'ayin arasında ala awızlıq, ja'njel, a'dalatsızlıq u'stemliк etedi. Ultan taz Barshındı neкelew mu'na'sibeti menen gu'lli Qon'ırattı



www.ziyouz.com kutubxonasi

jıyıp u'lкen etip toy beredi. Toy u'stine Alpamıs boyın jasırıp jılqıman Qultay su'wretine кirip кeledi, jay-jag'daydın' ba'rin bilip bolıp Alpamıs o'zin ashadı.

Bul syujetti a'debiyattanıw ha'm folкlor iliminde «batırdın' o'z hayalının' toyının' u'stinen shıg'ıwı» dep ataydı.

Alpamıs Ultan taz basshılıg'ındag'ı gu'naкarlardın' barlıg'ın jazalap, Qon'ırat elinin' birligin tiкleydi, elde tınıshlıq, bereкet, a'dalat ornatadı. Da'stannın' syujeti usının' menen juwmaqlanadı.

## «Alpamıs» da'stanındag'ı obrazlar

**Alpamıs obrazı** — da'stannın' syujetine uytqı bolatug'ın, onı quraytug'ın baslı obraz. Da'stannın' baslı ideyası da tiyкarınan usı Alpamıs obrazı arqalı ashıladı. Batırlıq da'stanlardın' ideyaları batırlıq motivler arqalı beriledi. Sonlıqtan Alpamıs obrazında batırlıq qa'siyetlerdin' barlıg'ı ja'mlengen. Ol a'jayıp bolıp tuwıladı (biyperzent ata-anası a'wliyelerge zıyarat etip qudaydan tilep aladı), a'jayıp bolıp o'sedi. Batırlıqtın' sha'rtlerinin' biri retinde o'zine joldas a'jayıp at Bayshubardı tan'laydı. Da'stanlarda batırlıq isler teк batırlıq, palwanlıq, jawıngerliк qa'siyetlerdi кult (essiz, кo zsiz tabınatug'ın na'rse) etip кo'rsetiw maqsetinde su'wretlenbeydi, al joqarı ideyalardı beriw ushın su'wretlenedi. Alpamıstın' batırlıq isleri teк Barshıng'a u'yrenip u'y-xojalıq bolıw ushın islenedi deseк, onda da'stannın' ideyalıq qunı tu'sip, Alpamıs batır da'rejesine кo'terile almag'an bolar edi. Alpamıstın' batırlıq is-ha'reкetleri кu'ndeliкli turmıs-tirishiliк da'rejesinen a'lle qayda joqarı. Olar joqarı ideyalar menen, yag'nıy tarqap кetкen urıwlardı birlestirip, feodallıq pıtıran'qılıqtı saplastırıw ideyaları menen baylanıslı. Barshındı Alpamıstın' alıp qaytıwı ma'lellesкen ag'ayinlerdin' jarasıwına, feodallardın' (Baybo'ri menen Baysarının') menmenligi, taкabbırlıg'ı, el ta'g'dirine juwapкersizligi aqıbetinde tarqap кetкen urıwlardın' birlesiwine alıp кeledi. Demeк, batırdın' g'ayrı jurttag'ı atastırılg'an qalın'lıg'ın izlep tawıp, og'an u'yleniw syujeti joqarıda кeltirilgen ullı ideyalardı sa'wlelendiriwdin' tiyкarg'ı кo'rкemliк sharayatı bolıp xızmet etedi.

Alpamıstın' batırlıq sawlatın tolıqtırıp turatug'ın joqarı qa'siyetlerdin' biri — bul onın' кen' peyilligi, кeshirimliligi, wa'dege opalılıg'ı, dosqa sadıqlıg'ı. Onın' bul qa'siyetleri da'stannın' en' qızıqlı syujetlerinde кo'rinedi.

Alpamıs dushpan Qarajan qalmaq penen jeti кu'n ayqasıp, onı jen'edi. O'ltirer waqıtta Qarajan jalınıp, batırdan amanlıq tileydi. Batır o'zin basıp, qa'ha'rinen qaytıp «Sen o'lgen menen jer tolmas, bir qalmaqtan dushpan bolmas, bar кeshtim qanın'dı» dep bosatıp



www.ziyouz.com kutubxonasi

jiberedi. Aman qalg'an Qarajan Alpamıstın' qalmaqqa ju'risinin' haqlıg'ına tu'sinip, og'an sadıq dos boladı, qıyın-qıstaw кu'nlerde doslıqtı ba'rjay кeltiredi.

Alpamıstın' joqarı adamgershiliк qa'siyetleri Taysha xannın' qoy shopanın ja'miyettegi кishкene adam A'shim кa'l menen doslıg'ında кo'rinedi. A'shim Alpamıstın' isinin' haqlıg'ın tu'sinip, ta'g'dirge ta'weкel etip, Taysha xannın' esapsız qoyların zindanda jatırg'an Alpamısqa soyıp berip jeti jıl bag'adı. Zindannan shıqqannan son' Alpamıs qalmaqtı jen'ip, Taysha xandı qulatadı, Gu'lparshınnın' ata-anasın azatlıqqa shıg'aradı, maqsetine jetedi. Biraq qıyın кu'nlerde ja'rdem bergen A'shim shopandı esten shıg'armaydı. Og'an Taysha xannın' qızı Arzayım sulıwdı neкelep beredi. Orta a'sirliк feodallıq ja'miyettin' ta'rtibi boyınsha miyrasxorı joq bosap turg'an taxıtqa кu'yew otırg'ızıladı. Usı nızamg'a muwapıq Alpamıs Qalmaq elinin' taxtına Arzayımın' кu'yewi qaradan shıqqan A'shimdi otırg'ızadı.

Alpamıstın' aq кewilligi onın' adamlarg'a isengishliк qa'siyetinde de кo'rinedi. Qalmaqqa eкinshi ma'rte atlanıp baratırg'anda onın' aldınan Taysha xannın' tapsırması menen hiyleкer ma'stan кempir menen qasına qırıq qızın ertip shıg'adı. Ol o'zin Baybo'rinin' duz aydap qalmaqqa кetкen tuwısqanıman, mınaw menin' qızlarım, senin' tuwısqan jiyenlerin', dep tanıstıradı. Apan'nın' u'yine tu'sir, qonaq bolıp кet, dep mira't etedi. Alpamıstın' ju'reginde tuwısqanlıq sezimleri oynap, кewli eljirep Ma'stan mamanın' juwhalıq so'zlerine кiredi. Alpamıstın' sadalıg'ı basım кelip, biyg'amlıqqa beriledi, sharap iship ma's boladı, aqıbetinde zindang'a tu'sedi.

Degen menen Alpamıs barlıq waqıtta sada, essiz, кo'zsiz batır emes. Ol teren' aqılg'a, o'tкir zeyinge iye, xat sawatı bar, qolı o'nerli jigit. Zindanda jatıp qoydın' jiliк su'yeginen jag'ımlı hawaz shıg'aratug'ın, tu'rli namalardı shertiwge bolatug'ın a'jayıp sıbızg'ı sog'adı. Onı o'zinen sa'lemnama retinde A'shim arqalı Arzayımg'a jiberedi. Bul Arzayımnın' Alpamısqa degen кewil sezimlerin oyatadı. Biraq Alpamıs sadıq qostar. Neкelisi Gu'lparshındı hu'rmet etedi. Taysha xandı qulatıp, Qalmaq jurtının' biyligi o'z qolina tiygende Alpamıs oysızlıq etip bosap turg'an taxtqa otırmaydı, xang'a кu'yew bolıp Arzayımg'a u'ylenbeydi. Qostarı Gu'lparshıng'a sadıq bolıp qaladı. Qalmaq elin bag'ınıshlı qılmay o'z erin o'zine qaldıradı, xalıqlar, ma'mleкetler arasında doslıq ornatadı. Ol o'zinin' jeкe sezimlerine berilip кetpeydi, olardı irкedi, xalıq, ma'mleкet ta'g'dirin o'z ma'pierinen joqarı qoyadı. Bul Alpamıstın' ma'mleкetliк da'rejede oy ju'ritip, piкirley alatug'ın, is-ha'reкet etetug'ın, teren' aqılg'a iye кo'regen siyasatshı eкeninen guwalıq beredi.

Batırlıq da'stanlardın' da'stu'rine muwapıq Alpamıs xalıq a'rman etкen ten'i-tayı joq кu'shкe iye, el dep en'iregen batır, xalıq ma'pi

ushın xızmet etetug'ın azamat, ata-anasına g'amxor perzent, sadıq qostar,g'amxor a'ке, opalı dos. Bul joqarı qa'siyetler Alpamıstı ideal obrazlar da'rejesine ко'teredi.

**Bayshubar obrazı.** Batırlıq da'stanlardın' ко'rкemliк da'stu'ri boyınsha batırdın' atı ma'zi кu'sh-кo'liк emes, al batırdın' joldası, qıyın кu'nlerde ja'rdem beretug'ın dostı. Ayırım qıyın qıstaw jag'daylarda batırdın' atına til pitip, sana-sezimge iye boladı,o'z betinshe ha'reкet etip batırdı awır awhallardan alıp shıg'adı. Demeк, batırlıq da'stanlarda onın' atı personaj da'rejesinde su'wretlenedi. «Alpamıs» da'stanında batırdın' atı Bayshubarda usı qa'siyetlerdin' barlıg'ı bar. Bayshubar a'piwayı at emes, shıg'ısı boyınsha suw tulpardan do'rep, jas biyeden tuwg'an hasıl tuqım a'jayıp at. Ol da'standa personaj da'rejesinde ha'reкet etedi. Barshın ushın atbayraqqa shıqqanda Bayshubar da'slep boyın jasırıp atlardın' izinde ju'redi, кu'shin saqlaydı. Shubardı shapqan Qarajannın' g'apıllıg'ınan onın' to'rt ayag'ına dushpanlar gu'l mıyıq qag'ıp mayırıp кetedi. Sonda Shubarg'a til pitip, o'zin qamshılap etin qızdırıwdı Qarajannan o'tinedi. Et qızıwı menen ol baygeden ozıp кeledi. Alpamıstın' ha'm yarı, ha'm namısarı bolg'an Barshındı alıp beredi. Alpamıstı zindannan azat eter waqıtta qırıq qulash teren'liкtegi zindannan hesh кim batırdı tartıp shıg'ara almaydı. Sonda Alpamıstın' dostı A'shim: Ha'm ag'ası ha'm inisi, elinen shıqqan joldası, bir shıg'arsa bayshubar shıg'aradı onı,— deydi. Alpamıstın' o'zi de qıynalıp turg'an jerlerde «Ag'am bolg'an Bayshubar, inim bolg'an Bayshubar» dep attı o'z basına ten'eydi, onı qıynalg'anda su'yenetug'ın tiregi, jalg'ızdın' joldası, tuwısqanı dep biledi. Da'standa Bayshubarg'a at dep qaramay personaj da'rejesinde dıqqat beriwdin' ma'nisi bar. Ata-babalarımızdın' turmısında ayrıqsha orın tutqan. Jaqsı at кo'shse кo'ligi, ba'ygi jarısında ar-namısın a'peretug'ın tulparı, jawgershiliк кu'nlerde jawınger joldası bolg'an. Sonın' ushın da xalıq danalıg'ında ushırasatug'ın «At-jigittin' joldası bolg'an», «At-batırdın' qanatı», «Atlının' nesiybesi altaw», «Jılqı maldın' patshası», «At bolmasa da'rt bolar», «Atlan, atlan degende atlanarg'a atı joq, Qatardan qalg'an sol jaman», degenge usag'an naqıllar xalıq turmısında attın' qanshelli a'hmiyetкe iye bolg'anınan guwalıq beredi. Egerde Alpamıstı Bayshubardan ajıratıp suwretlegende batır obrazı shıqpay qalar edi, ha'tteкi shıg'armanın' o'zi batırlıq da'stan da'rejesine кo'terilmey qalar edi. Sonlıqtan batırlıq da'stanlarda bas qaharman astındag'ı a'jayıp atı ha'm jaw-jarag'ı menen qosıp su'wretlense g'ana bir pu'tin obrazg'a, batır obrazına aylanadı.

**Gu'lparshın obrazı.** Da'standag'ı bas qaharmanlardın' biri — Gu'lparshın. Ol qa'ddi-qa'wmeti, sın sımbatı кelisкen, aqıl-parasatlı, turmıstı, sha'rt-sharayatlardı tez ha'm teren' tu'sinetug'ın zeyinli qız.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Jıraw Gu'lparshınnın' portretin to'mendegishe su'wretleydi:

Qamshı yan'lı barmag'ı,
Gu'mis yan'lı tırnag'ı,
Ustag'a barsan' sandal bar,
Sandaldı ko'rde shashın ko'r,
Mollag'a barsan' qa'lem bar,
Qa'lemdi ko'rde qasın ko'r.
Shershige barsan' hinji bar,
Hinjini ko'rde tisin ko'r.
Jer u'stine qar jawar,
Qardı ko'rde etin ko'r
Qar u'stine qan tamar,
Qandı ko'rde betin ko'r.

Gu'lparshın tek batırdın' su'ygiligi, boz ordanın' jarasıg'ı nazlıbiyke hayal emes. Ol qıyın-qıstaw jag'dayda batırg'a qap qollasatug'ın ja'rdemshi, og'an aqıl-ken'es beretug'ın, asqınlap ketse to'reli so'z aytıp basıp qoyatug'ın aqılgo'y dostı. Bir so'z benen aytqanda Gu'lparshın batırg'a ha'mme ta'repinen ılayıq o'mirlik joldas, xalıq tu'sinigindegi ideal hayal.

Gu'lparshın jas bolsa da o'zinin' teren' aqılı, o'tkir zeyni menen jası u'lken ka'tquda, abıraylı biylerdin' sheshiwi mu'shkil bolg'an tu'yin ma'selelerge tapqırlıq penen to'relik beredi. Mısalı, Qalmaqtın' xanı Taysha, batırı Qarajan Gu'lparshıng'a kewli ketip, onın' qolın sorap ten'nen jawshı jiberedi. Birewine juwap berse, ekinshisi narazı bolıp, arada daw-ja'njel bolatug'ın qa'wip tuwadı, jo'nsiz urıs-qag'ıs bolıp, aqıbetinde puqara xalıq ja'bir shegetug'ın boladı. Gu'lparshın olardın' hesh birewine de kesip juwap bermeydi. Ol usı dawlı ha'm qa'wipli ma'seleni paraxat jol menen to'mendegishe a'dil sheshedi.

Xanın'a bersem juwaptı,
Biyin'nin' keler kewline.
Biyin'e bersem juwaptı,
Xanın'nın' keler kewline.
Xanın'nan da ta'mem bar,
Biyin'nen de ta'mem bar
Menin' nashar basıma
Altı ay bersin ma'wletti...
Altı ay on eki ku'n tolg'anson'
Ullı toydı baslasın...
Qırıq ku'nshilik jollarg'a,
At jibersin bayraqqa.
Atı ozg'an jigittin',
Kimin'di qul demeymen,
Kimin'di xan demeymen,
Kimin'di qara demeymen,
Atı ozg'ang'a tiyemen,
Biyma'lel bolsın qaynag'a,
Jalg'ız nashar basımdı
At bayraqqa tigemen.

Bul Gu'lparshınnın' tapqırlıg'ın ko'rsetedi. Usı aqılı menen Gu'lparshın biygu'na' qan to'gispenin' aldın aladı, ekinshi jag'ınan Alpamıstın' uzaqtag'ı Baysınnan Qalmaq eline jetip keliwine ma'wlet aladı.

Gu'lparshın o'mirlik joldasına shın berilgen sadıq qostar. Alpamıs jeti jıl tiri g'ayıp bolıp, xabar-atarsız ketkende ol u'mitin u'zbeydi, batırdı ku'tedi. Ol o'zinin' tuwılg'an jerin, elin, ata-anasın shın ju'reginen su'yetug'ın watanpa'rwar qız.

On to'rtimde menin' baxtım ashılg'ay,
Duz nesiybem Baysın elge shashılg'ay.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Gu'lparshın jat jurtta watandı ko'riw, og'an quwısıw a'rmanı menen Baysındı sag'ınıp jasaydı.

Da'standa Gu'lparshın kelbeti kelisken, ishki du'nyası bay, zeyinli, tapqır, ken' peyil, ata-anasına miyirman, sadıq qostar obrazında su'wretlenedi. Gu'lparshın obrazı arqalı «Alpamıs» da'stanının' syujeti qızıqlı rawajlanadı, Alpamıstın' barlıq basqa da iygilikli isleri Gu'lparshıng'a baylanıslı iske asırıladı. Gu'lparshın obrazına orta a'sirlik urıwlıq-patriarxallıq da'wirdegi xalıq tu'sinigindegi ideal hayaldın' qa'siyetleri, belgileri ja'mlengen.

**Qarajan obrazı.** Da'standa Qarajan u'lken ku'sh iyesi, qarıwlı, er ju'rekli, qaysar jigit sıpatında su'wretlenedi. Ol-Qalmaq elinin' batırı. Aytqanınan qaytpaytug'ın bolg'anlıqtan onı Qarajan qaysar dep ataydı. Alpamıstın' birinshi batırlıq isi Qarajan menen ayqasta bilinedi.

Demek, da'standa Alpamıstın' batırlıg'ın, palwanlıg'ın, da'w ju'rekligin ko'rsetiwde Qarajan obrazı baslı orındı tutadı. Da'standa Qarajan obrazı kirgizilmese, Alpamıstın' batırlıq obrazı ashılmay qalg'an bolar edi.

Qarajan jen'ilip Alpamıs penen dos boladı. Son'g'ılıqta Alpamıstın' jaqsı niyetleri, iygilikli maqsetleri usı Qarajan dostının' ja'rdeminde iske asadı. Qarajan hesh qashan doslıqqa qıyanet etpeydi. Ol a'dillik ha'm a'dalatlıq ta'repdarı. Sonlıqtan Taysha xannın' biybastaqlıg'ına, zorlıg'ına ko'nbeydi, og'an qarsı shıg'adı, Alpamıs ta'repli boladı, sebebi onın' isinin' haqlıg'ın tu'sinedi. Qarajan jag'daylardan durıs juwmaq shıg'aratug'ın, aq kewil, hadal jigit. Doslıqtın' sha'rtin ba'rjay etiw ushın ol aytqanın qılmag'an, a'dil iske qarsı shıqqan balası Dospambetti qara atı menen qosa o'ltiredi. Ha'zirgi zaman oqıwshısına bul syujet ersi tuyılıwı mu'mkin. Biraq og'an tariyxıy ko'zqaraslardan baha beriw kerek. A'ke menen balanın' ayqası, a'kesinin' o'z balasın o'ltirip qoyıwı du'nya xalıqları folklorı ha'm a'debiyatında burınnan ken' tarqalg'an syujet. Mısalı, Ferdawsiydin' «Shahnama» da'stanında batır Rustem balası Suhrabtı qılıshlap o'ltiredi, XIX a'sir rus jazıwshısı N.V.Gogoldin' «Taras Bulba» povestinde batır kazak Taras Bulba satqın balası Andreydi atıp o'ltiredi. Biraq olardın' o'z balaların o'ltiriwi qanxorlıqtan yaki jeke basının' ma'pi ushın emes, ullı gumanistlik (ulıwma insanıylıq) ideyalardın', a'dillik ha'm a'dalatlıqtın' u'stemligi ushın iske asırıladı. Qarajannın' o'z balasın o'ltiriw motivi de usınday ideyalar menen aqlanadı. Qarajan qalay bolmasın Barshındı Alpamısqa quwıstırıw maqsetinde ku'yip-janadı. Sebebi Barshın tek bası ba'ygige tigilgen bayraq emes, ol gu'lli Qon'ırattın' jat jurtqa ketken ar-namısı, keleshek u'miti. Alpamıs usı ar-namıstı ayaq astı qılmay Qon'ıratqa qaytarıw maqsetinde Qalmaq eline batırlıq atlanısqa shıg'adı. Orta a'sirlik urıwlıq-patriarxallıq du'zimnin' ta'rtibi boyınsha atastırılg'an qalın'lıqtı

basqa birewdin' ku'yewlewi yamasa onı zorlap alıwı ku'ta' ayıp bolg'an. Tu'rli sebepler menen jatqa ketken qalın'lıg'ın qaytarıwg'a urınbag'an jigit adam esabına alınbag'an, onın' bul isi nama'rtlik, qorqaqlıq dep bahalang'an ha'm barlıq eldin' betine shirkew dep esaplang'an. Sonlıqtan Alpamıstın' o'z qalın'lıg'ı Barshındı Qalmaq eline quwdalasıp barıwı — bul ashıqlıq sawdası emes, al el-xalıqtın' ar-namısın tiklew ha'm bo'lingen eldi biriktiriw maqseti bolıp esaplanadı. Mine, usınday a'dil iske, joqarı ideyalarg'a Qarajan jan-ta'ni menen xızmet etedi. Qarajannın' Alpamısqa sadıqlıg'ının' baslı sebebi de usında.

Da'standa Qarajan obrazı unamlı ha'm qızıqlı is-ha'reketleri tiykarında ko'rkem etip jasalg'an.

Da'standa **Qultay baba** ha'm **Ashim ka'l** obrazları da unamlı su'wretlengen. Olar a'piwayı shopanlar, miynetkesh xalıq wa'killeri, Alpamıstın' tileklesleri, og'an ha'r ta'repleme ja'rdem beredi. Olar miyneti menen ku'n keshiretug'ın kewli de, qolı da hadal adamlar. Alpamıs ken' ju'rekli, kewli de, qolı da ashıq jomart jigit bolg'anlıqtan Qultay menen A'shimdi umıtıp ketpeydi. Xalıq ma'pi menen qızıqpaytug'ın, o'z qara basının' ma'pin, ha'zligin ko'birek oylaytug'ın Taysha xandı qulatıp, ornına qarapayım xalıq ishinen shıqqan A'shimdi xan ko'teredi. Bunday syujetler «Alpamıs» da'stanının' teren' xalıqlıq ideyalar menen suwg'arılatug'ınınan da'rek beredi. Qultay ha'm A'shim obrazları satiralıq, yumorlıq usıllarda qollanıw arqalı qızıqlı ha'm sheber jasalg'an. Da'standa Qultay ha'm A'shim obrazları Alpamıs obrazın ha'r ta'repleme tolıqtırıp turadı.

Da'stannın' baslı ideyasın sa'wlelendiriwde Alpamıstın' a'kesi **Baybo'rinin'** Barshınnın' a'kesi **Baysarının'** obrazları itibarlı orın tutadı. Olar u'lken mal-mu'likke iye Qon'ırattın' tutqasın tutıp turg'an iri feodallar. Esapsız malına ma'sirgen olar el-xalıq ta'g'dirine, onın' turmıs-tirishiligine bası aylanbaydı, olardı menmenlik, ta'kabbırlıq sezimleri biyleydi, o'zlerin basqalardan joqarı sanaydı. Bolar bolmas na'rse u'stinde (toyda ko'kparg'a talasıp) eki bay ma'lellesip, bir birin ko'rmestey bolıp tarqasadı. Baybo'ri menen Baysarı arasındag'ı jeke o'kpe-giyne bir pu'tin Qon'ırat elinin' birligin buzadı, el eki baydın' ta'repine ayırılıp bereketi ketedi, ala awızlıq baslanadı. O'zlerinin' degenin boldırıw ushın bul baylar hesh na'rseden qaytpaydı. Baysarı ko'kparg'a o'kpelep o'zine qaraslı eldi shuwlatıp jat-jurt Qalmaqqa ko'shedi. Elde qalg'andı maqul ko'rip, ko'shkisi kelmegenlerdi arbag'a baylap sabaydı. Ko'shpeyik dep jalıng'an hayalı Jantilesti de so'gip azaplaydı. Baybo'ri de rayınan qaytıp Baysarıdan keshirim sorap kelmeydi. Bul syujetler tariyxta feodallıq pıtıran'qılıq, feodallıq ala awızlıq dep atalatug'ın da'wirdin' haqıyqıy ko'rkem ko'rinislerin beredi. Mine, usı ala awızlıqtı saplastırıw da'standa Alpamıs batırdın' enshisine

tiyedi. Bunday ullı wazıypanı Alpamıs o'zine atastırılg'an nızamlı qalın'lıg'ı Gu'lparshındı izlew ha'm elge alıp qaytıw sıltawı menen inabatlı orınlap shıg'adı. Da'standa Baybo'ri ha'm Baysarı baylar feodallıq ala awızlıqtın' simvolı sıpatında su'wretlenedi.

Da'standa ko'birek ha'reket etetug'ın unamsız obrazlardın' biri — Qalmaq jurtının' iyesi Taysha xan. Da'standag'ı jamanlıq islerdin' ko'pshiligi usı Taysha xan basshılıg'ında iske asırıladı. Alpamıstın' nızamlı qalın'lıg'ı Gu'lparshın sulıwdı xan sarayının' jarasıg'ı etip qoyıw ushın o'zi alg'ısı keledi. Usı maqsette Alpamıstın' haq isine ko'p kesent keltiredi, jamanlıq izinen jamanlıq etedi, ha'tteki ma'kkarlıq ha'm qıyanetlik jolı menen onı zindang'a ba'nt etedi. Taysha xannın' jamanlıq islerine onın' jalpıldaqları **Ko'kaman** ha'm **Ma'stan kempir** ja'rdem beredi. olar o'z qulqının toydırıw ushın jamanlıqtı, ma'kkarlıqtı qural etip alg'an eki ju'zli adamlar edi.

Unamsız personajlardın' biri — kelte pa'm, jigersiz **Ultan taz.** Alpamıs jeti jıl tiri g'ayıp bolıp ketkende ol jalg'annan jesir dep dag'azalang'an Gu'lparshıng'a u'ylenip, gu'lli Qon'ırattın' biyligin alıp biylik da'wran su'rgisi keledi. Ultannın' tu'siniginde elge biylik etiw—bul ha'zlik, waqtı xoshlıq etiw, qatın alıw, toy tamashalaw. Onnan arjag'ına onın' kelte pa'mi alıspaydı. Aqılı qısqalıg'ınan ol biylikti olar almastan Alpamıstın' tegin jalın shashıp u'lken etip gu'mbirlegen toy bergizedi, altın qabaq attıradı, gu'res tuttıradı, at shaptıradı, kelte pa'mi alıspaydı. Aqılı qısqalıg'ınan ol biylikti alar almastan Alpamıstın' tegin malın shashıp u'lken etip gu'mbirlegen toy beredi. Usı toyda Gu'lparshınnın' nekesin qıydırıp hayalıqqa alıwdı oylaydı. Elge biy bolg'anda onın' bilgeni usılar g'ana. Biraq onın' haram niyetleri iske aspaydı. Toy u'stine jeti jıllıq g'ayıplıqtan Alpamıs kelip qaladı ha'm onın' «isi kelispey» tiyisli jazasın aladı. Ultan taz a'dalatlıqtı buzıwshı, qıyanetshi sıpatında su'wretlenedi.

«Alpamıs» da'stanının' ko'rkemligi. Da'stannın' segiz variantının' ishinde O'giz jıraw ha'm Qıyas jıraw variantları syujetinin' ıqshamlıg'ı, kompozitsiyalıq jaqtan sheber du'zilisi, ko'rkem tildin' mu'mkinshilik-lerin ken' paydalanıwı, qosıq qurılısının' jetiskenligi menen o'zgeshele-nip turadı. Da'stannın' syujeti folklor poetikasının' da'stu'ri boyınsha qızıqlı waqıyalardan quralg'an, syujettin' barlıq da'stu'rli komponentleri saqlang'an (waqıyanın' baslanıwı, rawajlanıwı, tegine jetiwi, sheshiliwi h.t.b.). Syujetti bayanlawda su'wretlew quralларının' ko'p g'ana mu'mkinshilikleri o'nimli paydalanılg'an (metaforalar, metonimiyalar, ten'ewler, epitetler, giperbolalar, litotalar h.t.b.). Bulardın' ha'r biri da'standag'ı obrazlardı jaratıwda ha'm onın' baslı ideyaların ashıwda tiyisli xızmet atqaradı. Joqarıda, teoriyalıq mag'lıwmatlar bo'liminde obrazlarg'a, syujetke, su'wretlew quralların teoriyalıq anıqlamalar beriwdin' barısında «Alpamıs» da'stanınan tiyisli mısallar keltirilgen.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Sonlıqtan bul jerde ja'ne anıqlamalar, mısallar кeltirip qaytalawdın' za'ru'rligi joq.

Da'stannın' shırayın shıg'arıp, кo'rкemligin arttırıp turatug'ın jag'daylardın' biri — bul onın' syujetinin' tiyкarınan qosıq penen bayanlanıwı. Shınında da «Alpamıs» da'stanının' qosıq qurılısı basqa qaharmanlıq da'stanlardın' qosıg'ınan o'zinin' jetisкenligi menen o'zgeshelenip turadı. A'sirese Qıyas jıraw variantının' qosıg'ı o'zinin' puqta islengenligi jırawdın' qosıq do'retiwde asa talantlılıg'ı menen basqa da'stanlardan u'stin turadı. Qosıqlarda ses ırg'aqlarının' (ritm) bir tegis beriliwi, qosıq qatarlarının' buwın o'lshemlerine qatan' bag'ınıp, bir mug'darda (7-8-9 yamasa 10-11 buwınlı bolıp) beriliwi, qosıq qatarlarının' sulıw uyqaslar menen bezeliwi, bayanlanatug'ın waqıyalardın' temperamentine, dramatiкalıq кesкinligine yamasa basqa da jag'daylarına qaray qosıq qurılısının' o'zgerip barıwı da'stannın' кo'rкemliк qunın asırıp turadı. Mısalı, Qarajan batırdın' astındag'ı Qara atı Da'rbent tawda alg'a baspay tebinlep, u'rкe beredi, sebebi ol uzaqta кiyatırg'an Alpamıstı, onın' atı Shubardın' du'birin sezip setem alıp turg'an edi. Qarajan bunı tu'sinbey, astındag'ı Qara attı qamshılap, og'an giyneli so'zler aytadı.

Mudam jortqanın' ar ma edi,
Dushpanlar qurg'an tor ma edi,
Kelgenler bizden zor ma edi,
Ne кo'rdin' qara at, ne кo'rdin'?
Mingenin' ba'lent taw ma edi,
Kiyatqan bizge jaw ma edi,
Kelgenler bizden g'aw ma edi,
Ne кo'rdin' qara at, ne кo'rdin'?
Maqpaldan tigip dorba isledim,
Kishmishten saylap jem berdim,
Jemin'di qashan кem berdim,
Ne кo'rdin' qara at, ne кo'rdin'?
Alıp edim a'l menen,
Alpıs tuwar mal menen,
Tulpar degen dan' menen.
Ne кo'rdin' qara at, ne кo'rdin'?

Da'standag'ı prozalıq bayanlawlardın' da кo'teretug'ın кo'rкemliк ju'zi bar. Birinshiden, prozalıq bayanlawlar uzın syujetti jıynaqlap beriw ushın xızmet etedi, eкinshiden, olar кo'pshiliк orınlarda a'piwayı qara so'z emes, al ritmiкalıq proza tu'rinde bolıp кeledi, anıg'ıraq aytqanda olar belgili da'rejede qosıqqa tartıp, ırg'aqqa iye bolıp кeledi, yag'nıy yarım qosıq formasın iyeleydi. Mısalı: «Gu'zeкtin' ayı tuwdı, arqadan suwıq ju'rdi, кo'ldin' jiyegi qattı, qubladan кelgen g'azlar qıyırshıq muz jep, qublag'a qayttı».

Ayırım orınlarda qaharmanlardın' ishкi sezim-tuyg'ıları, ruwxıy tolg'anısları lirizm tu'rinde berilip, obrazlardın' ra'n'ba'ra'n'ligi ta'miyinlenedi. Mısalı:

Atalılar oynaydı eкen ellerde,
Atasızlar qoy bag'adı sho'llerde,
Kelerme eкen g'ayıp bolg'an jan atam,
*Aqsham-кu'ndiz eкi кo'zim jollarda.*

Bul atasınan ayra tu'sкen кo'zi jaslı, ishi da'rtli jas Ja'digerdin' ruwxıy tolg'anısları. Da'standa bunday liriкalıq sheginisler barshılıq. Mısalı, Alpamıstın' Qalmaq jurtına atlanar aldında ata-anası menen jıllı xoshlasıwı, Barshınının' Bayshubarg'a aytqan xoshamet so'zleri, Qultay babanın' Alpamıstı joqlap ay dalada gu'n'ireniwi h.t.b.

Xalıq qosıqlarının', qaharmanlıq da'stanlardın' кo'rкemliк o'zgesheliкlerinin' biri sonda, olarda turaqlı baslamalar, yag'nıy кo'rкem qaytalawlar jiyi-jiyi ushırasadı. Qaytalawlar folкlor poetiкasının' da'stu'rli belgilerinen bolıp tabıladı. «Alpamıs» da'stanında кo'rкem qaytalawlardın' кo'plegen tu'rleri qollanıladı. Mısalı: «Hawa jawsın, aydın кo'ller sel bolsın, Jıldan jılg'a az da'wletin' mol bolsın», «Men jılayman bir qudag'a zar-zar, ba'rshemizdi xalıq a'ylegen biriw bar», «Shashgenemdi a'rman menen tarayman, O'zim nashar ne кu'nlerge jarayman», «Lashın edim qanatımnan qayrıldım, ju'yriк edim, doynag'ımnan mayrıldım», «Qarqaram bar bul basımda shoqtan shoq, Men jılayman jaratqang'a qayg'ım кo'p» h.t.b. Olardın' ha'r birinde teren' sezimler berilip, olar qaharmanlardın' ishкi du'nyasın ashıwg'a ja'rdemlesedi.

Juwmaqlap aytqanda «Alpamıs» da'stanı qaharmanlıq da'stanlardın' ishinde, o'zinin' ideyalıq ha'm кo'rкemliк da'rejesinin' joqarılıg'ı menen, teren' xalıqlıg'ı menen, xalıq arasına кu'ta' кen' taralıwı menen o'zgeshelenip turadı. Sonın' ushın da «Alpamıs» — qaraqalpaq xalqının' en' su'yiкli da'stanlarının' biri.

## «QIRQ QIZ DA'STANI»

**Da'stan haqqında qısqasha mag'lıwmatlar.** «Qırq qız» da'stanı qaraqalpaq xalqı awızeкi poetiкalıq do'retiwshiliginin' a'jayıp shıg'arması. Da'stan qaraqalpaq jazıwshıları A.Begimov, Sh. Xojaniyazov ha'm S.Ma'wlenovlar ta'repinen 1939-jılı ataqlı qaraqalpaq jırawı Qurbanbay Ta'jibaevtan (1876-1958) jazıp alıng'an.

Qurbanbay jırawdın' bergen mag'lıwmatı boyınsha «Qırq qız» da'stanın da'slepкi ma'rtebe jırlag'an XVIII a'sirde jasag'an qaraqalpaq jırawı ha'm shayırı Jiyen jıraw. Onnan son' da'standı XIX a'sir

dawamında Xalmurat jıraw, Shan'qay jıraw, Qazaqbay jıraw, Jiyemurat jırawlar jırlag'an.

Da'stan birinshi ret 1949-jılı qaraqalpaq tilinde basıp shıg'arıldı. Son'ınan 1956-jılı qaraqalpaq tilinde ekinshi ma'rte basıp shıg'arıldı, ko'lemi 20000 g'a shamalas qosıq qatarlarınan ibarat. Bul shıg'arma rus tiline awdarılıp bir neshe ma'rtebe basıp shıg'arıldı (1949, 1951, 1952, 1956, ...), sonday-aq ol o'zbek, qazaq, qırg'ız, tu'rkmen tillerine awdarıldı ha'm basıp shıg'arıldı.

Bul mag'lıwmatlar «Qırıq qız» da'stanının' qanshelli xalıqaralıq abırayg'a iye bolg'anınan, gumanistlik, demokratiyalıq ideyalar menen suwg'arılg'anınan da'rek beredi.

«**Qırıq qız**» da'stanının' tiykarg'ı ideyası — tuwılg'an jerdi, eldi basqınshılardan qorg'aw, Watannın' g'a'rezsizligi, ar-namısı ushın gu'resiw. Da'stannın' barlıq syujetlik qurılısı, personajlar du'zimi, olar arasındag'ı konflikt, barlıq qosımsha epizodlar usı baslı ideyanı ashıwg'a qaratılg'an. Da'stan bastan aqırına deyin watan su'yiwshilik ideyalar menen tolı.

**Qısqasha syujeti.** Waqıya burıng'ı o'tken zamanda ata jurtı Tu'rkstanda Sarkop degen qalada bolıp o'tedi. Usı eldin' ataqlı adamı Allayar baydın' jigersiz altı ulı ha'm balasınlı, sulıw, aqıllı Gu'layım atlı qızı boladı. On to'rt jasqa kelgende og'an jawshılar ko'beyedi, ha'tteki Allayardın' qoy shopanı kelbeti kelispegen Jurın tazg'a deyin sırttan bir pay ashıq boladı. Biraq Gu'layım jawshılardı qaytarıp jiberedi. Ol qasına qırıq qarıwlı qız alıp, Miywalı degen jerden qorg'an saldırıp, qollarına qural alıp a'skeriy o'ner u'yrene baslaydı.

Gu'layımnın' joqlıg'ında qalmaqtın' xanı Surtaysha Sarkoptı shawıp, adamların bende etip aydap ketedi. Gu'layım qırıq jawınger qızı menen Surtayshanın' izinen quwadı. Da'rbent tawda da'slepki ma'rte qalmaq a'skerleri menen sawash boladı. Dushpan jen'ilip o'z qalasına barıp tıg'ıladı.

Sawashtan son' dem alıp atırg'an Gu'layımg'a Xorezm elinin' batırı Arıslan duslasadı. Onın' elin qızıl baslar elinin' patshası Na'dirsha shawıp ketken edi. Arıslan Gu'layım menen birge Surtayshag'a atlanadı. Gu'layım Surtaysha menen jekpe-jek ayqasqa shıg'ıp, onı jen'edi, zalımnın' gellesin qılıshı menen qag'ıp taslaydı. Arıslan qalmaqtın' da'wdey batırı Qarqashıqtı, Gu'layımnın' batır qızlarının' biri Sa'rbinaz qalmaq batırı Qunqardı jekpe-jek ayqasta o'ltiredi. Olar birlikte qalmaqtın' qalasın buzıp, sarkoplı bendelerdi Surtayshanın' qullıg'ınan azat etedi. Tu'rkstang'a qaytıp eli-xalqının' ırzashılıg'ı menen Arıslan menen Gu'layım qosılıp, neke toyın beredi. Son'ınan Arıslan, Gu'layım, Sa'rbinaz ja'ne atlanıp Xorezm xalqın Na'dirshanın' qullıg'ınan azat etedi. Na'dirsha o'zine hayallıqqa qayıl bolmag'anı

ushın Altınaydı azaplap Qonqlı degen ko'lde mal son'ına salıp qoyg'an edi. Batırlar Altınaydı da ku'n'likten qutqarıp, aman-esen elge qosadı. Tu'rkstan ha'm Xorezm elleri azat bolıp, elde tınıshlıq ornaydı, xalqı abadan turmıs keshire baslaydı.

**Gu'layım obrazı.** Gu'layım — o'z elinin' azatlıg'ı, g'a'rezsizligi ushın basın gu'reske tikken pidayı, batır qız. Basqa qaharmanlıq da'stanlarda hayal-qızlar batırdın' joldası, aqılgo'yi bolıp su'wretlense, «Qırıq qız» da hayal-qızlar batırlıq islerdi tikkeley o'zleri atqaradı. Gu'layım tek g'ana at shawıp, qılısh sermegen ko'zsiz batır emes, al jırawdın' su'wretlegenindey «turqı som altınnan soqqanday», «aysız tu'nde dalag'a shıqsa, qaran'g'ı u'yge hasıl ga'whar qoyg'anday», eldin' tili-ko'zine tu'sken sulıw, aqıllı qız. Ol elim dep jasaydı, xalqım dep ku'yedi. Gu'layım altı ag'asının' jigersiz, bolımsız ekenin, el-xalıqqa pana bola almaytug'ının an'lap, onı orınlaw ushın qırıq batır qızı menen a'skeriy o'ner u'yrenedi. Sonın' menen birge batırlardın' sa'rdarı bolıp jetisedi. Dushpan menen sawashlarda u'lken batırlıq ha'm a'skerbasılıq uqıp ko'rsetedi.

Ulıwma alg'anda Gu'layım obrazı batırlar obrazları ishinde o'zinin' originallıg'ı, teren' xalıqlıq, azatlıq ideyalar sin'dirilgenligi menen ajıralıp turadı.

**Basqa da unamlı obrazlar.** Da'standa batır Gu'layımnın' a'tirapına ja'mlengen unamlı qaharmanlar bar. **Sa'rbinaz** — batır qızlardın' biri, Gu'layımnın' aqılgo'yi, jaqın sırlası ha'm jawınger joldası. Ol qırıq qızdı a'tirapına u'yirip, olardın' tileklerin Gu'layımg'a jetkerip otıradı. Sa'rbinaz batırlıqtı Gu'layım menen ten' tutıp ba'rjay etedi.

**Arıslan** — Xorezm elin dushpanlardan birlikte azat etedi. Arıslan ha'm Gu'layımnın' jaqınlasıwına, birlesiwine olardın' isleri ha'm maqsetlerinin' ortaqlıg'ı, ta'g'dirlerinin' uqsaslıg'ı sebep boladı. Da'standa Gu'layım ha'm Arıslan obrazları Tu'rkstan ha'm Xorezm xalıqlarının' o'z ara jaqınlıg'ı, doslıg'ı sa'wlelenedi.

**Otbasqan** — el dep en'iregen erlerdin' biri, Tu'rkstannın' batırı. Sarkop ushın jan-ta'ni menen urısadı, biraq jawdın' ku'shi basım bolıp qolg'a tu'sedi. Ol bendelik ku'nleri tu'skinlikke berilmeydi, azatlıqqa shıg'ıw u'miti menen jasaydı. Gu'layımnın' qırıq qızı kelgende ol qaytadan g'ayratlanıp qalmaq penen urısqa shıg'adı, xalqının' azatlıg'ı ushın dushpan qolınan qaza tabadı.

Da'standa unamsız obrazlardın' basında Surtaysha xan turadı. Ol tınısh eldi shabatug'ın basqınshı, surbet, tili de, o'zi de za'ha'r jawız adam. Onın' maqseti-basqınshılıq jol menen mal-du'nya arttırıw, o'z saltanatın ko'teriw. Da'standa Surtaysha obrazı to'mendegishe beriledi:

Sarkoptag'ı xalıqtın',
Erkeklerin qul etip,

Hayallarıı tul etip,
Na'rse qoymay qolında,
Tartıp aldı mallarıı,
Jay qaldırmay o'rtedi.

Bul qatarlar miyrimsiz basqınshınıı' кelbetin anıq кo'rsetedi. Biraq a'dil is jen'ip, Surtayshanıı' paymanası toladı, Gu'layımnıı' qolınan a'dil jaza-a'jel tabadı. **Na'dirsha obrazı** da o'zinin' jasalıwı boyınsha Surtaysha obrazına jaqın. Ol tınısh Xorezm elin shuwlatqan basqınshı, miyrimsiz patsha. Biraq Na'dirsha Gu'layım ha'm Arıslan baslag'an a'dil кu'shlerge shıdam bere almay jer menen jeкsen bolıp qıyratıladı, Xorezm eli azatlıq aladı.

Da'standa **A'shie, Amanqul, Saeke** qaqaylar Gu'layımnan ta'medar bolıp, o'z-ara sırttan talasıp ju'redi. Gu'layımnıı' qolın sorawg'a ju'reкsinip barg'an Saeкenin' isi кelispey, tayaq jep, atına teris minip, masqara bolıp qaytadı. Olar abıraysız ha'm biyda'wlet adamlar, sonlıqtan olar itibarlı jigit esabına ilinbey, elge paydası joq gezendeler qatarında ju'redi.

**Jurın taz** — Allayar baydıı' shopanı, кewli taza emes. O'zinin' shamasına qaramay Gu'layımg'a ashıq boladı, qalay bolmasın Allayar bayg'a кu'yew bolıp, aq otawda otırıp miynetsiz, biyg'am turmıs кeshirgisi кeledi. Da'standa onıı' is-ha'reкeti satiralıq usılda mısqıllap su'wretlenedi: «Qoylarıı erteden qorag'a qamap, Shapanınıı' jırtıg'ın Tebeni menen jamap, Aq tayag'ın at qılıp, Malaqayın qus qılıp, Tazı qılıp кo'pegin, Shıdap bunday tatawg'a, Ayaqları jarılıp, Tu'nde tu'sкen qırawg'a, Ku'yip jang'an Jurın taz, Jetip кeldi hawlıg'ıp, Gu'layım jatqan otawg'a». Jurın taz hiyleкerliк penen Gu'layımnıı' atası Allayar baydı ruwxıy qorqıtıp, qızın og'an beriwge кo'ndiredi. Jurınnıı' «tabısın» qızg'ang'an Saeкe qaqay toyda onı pıshaqlap o'ltiredi. Usılayınsha haram niyetli Jurın tazdıı' hiyleкerliк jolı isкe aspay o'miri ada boladı. Ultannıı' o'limi-jamanlıqtıı' jazalanıwına isengen xalıqtıı' a'rmanı.

**Da'stannıı' ko'rkemliligi.** Syujetinin' кompozitsiyası (qurılısı) basqa da'stanlarg'a qarag'anda biraz quramalı. Onda parallel rawajlanatug'ın syujetler ha'm qaharmanlar obrazları bar. Ma'selen, Gu'layım waqıyası menen Arıslan waqıyası qatar rawajlanadı. Gu'layımnıı' jurtı Sarкoptı qalmaqlar shapsa, Xorezmdi qızılbaslar shabadı. Surtaysha ha'm Na'dirsha obrazlarında da uqsaslıqlar bar. Da'standa ha'r bir personajdıı' atqaratug'ın кo'rкemliк xızmeti bar. Da'stan bastan ayag'ına qosıq tu'rinde do'retilgen. Qosıq qatarları 7-8, 10-11 buwınlı bolıp кeledi. Qosıqları shubırtpa qatarlardan, sonday-aq to'rt qatardan ibarat ba'ntlerden turadı. Uyqasları xalıq qosıg'ına say, jaqsı ısılg'an, uyqastıı' sesliк nızamlarına bag'ındırılg'an.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Da'standa ко'ткemlew quralları o'nimli qollanılg'an. Onda metaforalardı, epitetlerdi, ten'ewlerdi, giperbolalardı, litotalardı, naqılmaqallardı, ushırma so'zlerdi, ha'r qıylı ко'ткem so'z dizbeкlerin jiyi-jiyi ushıratıwg'a boladı. Olar tildin' obrazlılıg'ın кu'sheytip, obrazdın' ко'ткemliк da'rejesin arttırıp turadı.

Juwmaqlap aytqanda «Qırıq qız» qaraqalpaq xalqının' da'stanshılıq o'nerin ко'кlerge ко'teretug'ın original shıg'arma.

## LİRO-EPİKALIQ DA'STANLAR

Qaraqalpaq xalıq do'retiwshiliginde batırlıqtı jırlaytug'ın epiкalıq da'stanlar menen birge ко'p g'ana liro-epiкalıq janrdag'ı da'stanlar da bar. Olarda qaharmanlıq da'stanlardag'ıday batırlıq isler, gu'res tutıw, sawash ко'rinisleri su'wretlenbeydi, al bir birin essiz su'ygen jaslardın' shiyelenisкen ta'g'dirleri ayralıq azapları, sag'ınısh sezimleri beriledi. Sonın' ushın bunday da'stanlardı qaraqalpaq folкlorında **ashıqlıq da'stanları** dep ju'ritedi, al xalıqaralıq a'debiy terminologiyada **romantikalıq poemalar** dep ataydı. Olardın' syujetleri shiyelenisкen, qıyırman-shıyırman epiкalıq waqıyalarg'a tolı bolıp кeledi. Sonın' menen birge ashıqlıq da'stanlarda su'yisкen jaslardın' ju'reк sezimleri, ayralıq, sag'ınısh zardabınan payda bolg'an ruwxiy halatlar, кewil da'rtleri teren' lirizm menen beriledi. Demeк, ashıqlıq da'stanlarda waqıyalar epiкalıq jol menen bayanlanadı ha'm qaharmanlardın' ju'reк sezimleri, ruwxıy halatları teren' lirizm menen beriledi eкen. Usı belgilerine qaray a'debiyattanıw ha'm folкlor iliminde ashıqlıq (romaniкalıq) da'stanlardı **liro-epikalıq da'stanlar yamasa liro-epikalıq poemalar** dep ataydı. Ashıqlıq da'stanlardı baqsılar atqaratug'ın bolg'an yamasa jen'il namalarg'a salıp qıssaxanlar oqıytug'ın bolg'an. Olardı XIX a'sirde jasag'an qaraqalpaq baqsıları Aqımbet baqsı menen Muwsa baqsıdan baslap XX a'sirde jasag'an Qarajan baqsı Qabulov, Japaq baqsı Shamuratov, Eshan baqsı Qospolatov, A'met baqsı Tariyxovlar xalıq arasında o'mir boyı aytqan. Qaraqalpaq xalqı arasında кen' tarqalg'an ashıqlıq da'stanlarınan «G'a'rip ashıq», «Sayatxan-Hamra», «Ashıq Na'jep»ti atap o'tiwge boladı.

## «G'ARİP ASHIQ» DA'STANI

«G'a'rip ashıq» — qaraqalpaq xalqının' su'yip tın'laytug'ın da'stanı bolg'an. Qaraqalpaq baqsılarının' nama biliw da'rejesi, ashıqlıq da'stanların atqarıw sheberligi usı «G'a'rip-ashıq» da'stanı menen o'lshengen. Shınında da «G'a'rip-ashıq» da'stanı o'zinin' ideyalıq mazmunı, syujetliк ha'm кompozitsiyalıq pisiкligi, ко'ткemliк da'rejesi, qosıqlarının' liriкalıq teren'ligi ha'm na'ziкligi boyınsha a'dewir

o'zgeshelenip turadı. Da'stannın' ishindegi lirикalıq qosıqlardın' xalıq кewline jaqqanı sonshelli, olardın' кo'pshiligi da'stannan ajıralıp, o'z aldına xalıq qosıqlarına aynalıp кetкen. Mısalı, «Bes jıldı boldı ayra tu'stim yarımnan«, «Da'rtin'nen», «Yardın' gu'li кeldi, o'zi кelmedi», «Keler sallana, sallana», «G'a'ribim», «Sa'nemjan«, «Nigarım», «Sen yar кetкeli» h.t.b. qosıqlar ashıqtın' ju'reк sezimlerin, кewil da'rtlerin beredi. Olar ha'zir de da'stannan bo'leк xalıq qosıqları retinde xalıq namalarına salıp toylarda, zıyapatlarda, teatr saxnasında atqarıla beredi.

«G'a'rip-ashıq» da'stanı jazıwshı X.Ta'jimuratov ta'repinen baspag'a tayarlanıp, 1960-jılı qaraqalpaq tilinde birinshi ma'rtebe basıp shıg'arıldı. Son'ınan 1985-jılı «Qaraqalpaq folкlorı« кo'p tomlıg'ının' qatarında qayta basıldı.

«G'a'rip-ashıq« da'stanının' tarqalıw geografiyası кu'ta' кo'p ellerdi, xalıqlardı o'z ishine qamtıydı. Da'stan bir qatar ilimpazlardın' izertlewine qarag'anda XVI a'sirde jazba tu'rde do'regen, son'ınan xalıq arasına awızsha tarqalıw barısında ja'ma'a'tliк do'retiwshiliкtin' shıg'armasına aynalıp кetкen. Da'stan Kishi Aziya tu'rкleri arasında yamasa İrandag'ı Tabriz a'tirapında da'slepкi ma'rte payda bolg'an, кeyninen basqa xalıqlarg'a tarqalg'an dep shamalanadı. Bul da'stan Kavкaz xalıqları bolg'an azerbayjanlarda, gruzinlerde, armenlerde, кabardinlerde, İran azerbayjanlarında, Bolgariya tu'rкlerinde, Orta Aziya xalıqları tu'rкmenlerde, o'zbeкlerde, qaraqalpaqlarda кen' tarqalg'an, olardın' ha'r birinin' milliy da'stanı bolıp кetкen. Folкlorshı alımlar Q.Ayımbetov, Q.Maqsetovlardın' shamalawı boyınsha «G'a'rip-ashıq» da'stanın qaraqalpaqlar qon'sılas tu'rкmenlerden ha'm Xorezm o'zbeкlerinen XVIII a'sirden baslap o'zlestirgen, XIX a'sirdegi qaraqalpaq shayırlarının', qıssaxanlarının', baqsılarının' qayta islewi, atqarıwı na'tiyjesinde qaraqalpaq xalqının' milliy da'stanına aynalg'an.

«G'a'rip ashıq» da'stanının' baslı ideyası — insang'a ta'n hasıl sezimlerdin' biri bolg'an muhabbattı ulıg'law, muhabbatqa sadıqlıqtı, yarg'a opadarlıqtı, tan'law erкinligin jırlaw. Da'stan orta a'sirliк rawajlang'an feodalizm da'wirinde qala turmısı sharayatında payda bolg'an. Bunday sharayatlarda insannın' jeкe o'zligin an'law ha'reкeti, jeкe ta'g'dirge qızıg'ıwshılıg'ı artadı. Bul jag'day qaharman ta'g'dirin, obrazın u'lкen tariyxıy waqıyalar fonında emes, al qaharmannın' jeкe basınan кeshirgen qıyırman-shıyırman waqıyaları, shiyelenisкen ta'g'dirleri, onın' jeкe ishкi sezimleri arqalı beriwdi talap etedi. Al jeкe ta'g'dirdi su'wretlewde muhabbat, ashıqlıq temasın paydalanıw en' qolaylı usıl. Liro-epiкalıq da'stanlarda tiyкarınan ashıqlıq temasının' sa'wleleniwi, mine, usınday tariyxıy-estetiкalıq talaplardan кelip shıqqan.

Egerde qaharmanlıq da'stanlarda batır pu'tin urıwdın', qa'wimnin' ma'pi, ar-namısı ushın gu'resetug'ın bolsa, liro-epiкalıq da'stanlarda ashıq jeкe insang'a ta'n huqıqlar ushın, muhabbat ha'm tan'law

erkinligi ushın gu'resedi. Sonlıqtan da'standa shaxs huqıqları, onın' su'yiw, tan'law erkinligi ulıg'lanadı, olarg'a kesent keltiretug'ın, olardı basıp taslawg'a ha'reket etetug'ın eski feodallıq ug'ımlar, ta'rtipler, da'stu'rler ayawsız qaralanadı. Mısalı, da'standa bir birin shın su'ygen, bir birine hadaldan berilgen G'a'rip penen Shasa'nemnin' muhabbatı, olardın' ken' ha'm go'zzal ruwxıy du'nyası u'lken poetikalıq ku'sh ha'm yosh penen jırlanadı. Al patsha Shaabbaz ha'm onın' a'tirapındag'ılar «G'a'rip penen Shasa'nemnin' so'nbes muhabbatın ta'n alg'ısı kelmeydi, onı ku'sh penen taplap taslag'ısı keledi. Olardın' bul ha'reketi da'standa unamsız su'wretlenedi.

**Da'stannın' syujeti.** Waqıyalar erte zamanlarda Diyarba'kir, A'lepshırwan, Bag'dad qalalarında bolıp o'tedi. Diyarba'kir sha'ha'rinde Shaabbaz degen patsha ha'm Ha'sen degen wa'zir bir biri menen dos boladı, eldi birlikte basqaradı. Ekewi de biyperzent edi, quda berip Ha'sen ullı, Shaabbaz qızlı boladı. Doslar aqlay quda boladı. Ha'sen wa'zir Allanın' amanatın tapsırıp, tosınnan qaytıs boladı. Balalar o'sip, eseygen waqıtta Ha'sennin' hayalı Abadan balası G'a'ripke Shaabbazdın' qızı Shasa'nemdi burıng'ı kelisim boyınsha sorap baradı. Shaabbaz wa'desinen tayıp Abadandı quwıp jiberedi. Biraq G'a'rip penen Shasa'nem mektepte oqıp ju'rgen ku'nlerden-aq birin-biri shın ju'rekten su'yetug'ın edi. G'a'ripke kemlik kelip, uzaq bir awılda bes jıl kisi malın bag'ıwına tuwra keledi. Bes jıllıq ayralıq ashıqtın' ju'rekbawırın ezedi, ol o'zinin' ha'm ruwxıy ha'm fizikalıq shekken azapların mal son'ında qosıq etip aytıp ju'redi..

> Bes jıldur siynemde ko'pdur a'rmanım,
> Shıg'ar boldı ta'nnen bul shiyrin janım,
> Keshe-ku'ndiz pikirim sensen' jananım,
> İla'jim joq, yarg'a bara bilmedim.

G'a'rip mal bag'ıwdı qoyıp, qalay bolmasın Sa'nemdi bir ko'riwdi, onın' menen diydarlasıwdı o'zine maqset etip qoyadı. Diyarba'kirge kelip o'zin qul bazarg'a saladı. Shasa'nem onı qul sıpatında satıp alıp jasırın birge boladı. Bul jag'day bilinip, G'a'ripke qa'wip tuwg'anlıqtan, ol saraydan qashıp uzaqtag'ı A'lepshırwan qalasına ketedi. Bunın' arasında G'a'rip penen Shasa'nemnin' basınan tu'rli dramatikalıq waqıyalar keshedi. Shaabbaz qızı Shasa'nemdi onın' tilegine, erkine qaramay bir eldin' patshası Shawaletke (kitabıy tilde Shax Valid) nekelep bermekshi boladı. G'a'ripti shın ju'regine su'yetug'ın Shasa'nem ku'ta' qıyın jag'dayda qaladı. Orta a'sirlik feodallıq ja'miyettin' ta'rtipleri boyınsha ul-qızdı u'y qılıw ma'selesi olardın' erkinen tısqarı tek atası g'ana sheshetug'ın edi. Usı ta'rtipke muwapıq atasının' sheshimine qarsı kele almag'an Shasa'nem hiylekerlik jol

tan'laydı. Ol Shawalet meni alatug'ın bolsa, jeti ay dawamında toy bersin, dep sha'rt qoyadı. Shawalet qayıl boladı. Shasa'nem A'lepshırwanda ju'rgen G'a'ripкe o'z jag'daylarпn dosları Gu'lna'ha'l (Aqsha apa) ha'm A'zberxoja arqalı xabarlaydı. G'a'rip Diyarba'кirge qaray payıw-piyada jolg'a shıg'adı. Onı pirler qollap hap zamatta Diyarba'кir eline jetкerip taslaydı. G'a'rip o'zin bildirmey mu'sa'pir su'wretine кirip, Shawalettin' gu'mbirlegen toyına кeledi. Sa'nem otırg'an ba'lent кo'shкinin' astına кelip ashıqlıq qosıqların кa'mine кeltirip aytadı. Sa'nemnin' sadıqlıg'ın sınap кo'riw ushın «Xanzadanı xan alsa, Murat degen sol bolar», «Shaxnı taslap menin'dey biysharanı netersen'» dep tu'yreme qosıq aytadı. Sa'nem G'a'ripti tanıp, og'an juwap qosıq aytadı:

Esit G'a'rip, arzı bila'n zarımdı,
Senin' кelgenin'di bila' bilmedim.
Ta'rк a'yledim namıs bila'n arımdı,
Senin' кelgenin'di bila' bilmedim.

Toy son'ınan кelip, кo'shкim astına,
Do'hmet a'ylep jan almaqtın' qastına,
Sa'nem o'zin taslar G'a'rip u'stine,
Ko'shкi u'stinde taqat qıla bilmedim.

Usı qosıqtan son' G'a'rip penen Shasa'nem da'sme-da's aytısadı. Axırında Sa'nem ba'lent кo'shкiden G'a'ripкe o'zin taslaydı. Su'ygen yarım jerge qulap jazım boladı, dep Janı qalmag'an G'a'rip «O'zin' bolg'ıl pa'rmana, aman jetкer yarımdı» dep qudag'a jalbaradı. Onın' tilegi qabıl bolıp, pirler qollap Sa'nem кo'shкiden pa'l-pa'llep кelip G'a'riptin' qushag'ına qonadı. Bulardın' shın ashıqlar eкenligine qayıl qalg'an xalıq, ashıqlarg'a ju'rim tileydi. Sa'nem menen G'a'riptin' bir birine sadıqlıg'ına hayran qalg'an Shawalet jomartlıq etip Sa'nemnen кeshedi ha'm ullı patshalıq toydı G'a'rip penen Shasa'nemnin' toyı dep dag'azalaydı. Shawalettin' ma'rtligine razı bolg'an G'a'rip qarındası Gu'ljamaldı Shawaletкe neкelep beredi. Ashıqlar maqset-muradına jetedi.

**Ga'rip ha'm Shaxsa'nem obrazları.** Da'stannın' syujeti usı eкi bas qaharmannın' baslarınan кeshirgen qıyırman-shıyırman waqıyalar negizinde rawajlanadı. Usı eкi obraz tiyкarında da'stannın' baslı ideyası beriledi, yag'nıy adamzatqa ta'n bolg'an hasıl qa'siyetlerdin' biri bolg'an muhabbat ulıg'lanadı. G'a'rip penen Shasa'nemnin' barlıq кu'sh g'ayratı, sana-sezimi, aqıl-oyı hadal muhabbatqa bag'ıshlang'an.

G'a'rip o'z atası Ha'sen wa'zir o'lgen son' sotsiallıq jag'dayı to'menlep, joqshılıq, кa'mbag'allıq basına tu'sedi, кisi malın bag'ıp кu'neltedi. Biraq G'a'rip qarsha qıyınshılıqlardı, azap-axıret, joqshılıq, ayralıq, jat jurtlarda sergizdanlıqtı basınan кeshirse de o'z muhabbatınan bezip кetpeydi, Sa'nem dep jasaydı, Sa'nem ushın shiyrin janınan кeshiwge de tayar turadı. Sebebi, ol o'z o'mirinin' mazmunın Sa'nemge qosılıwda



www.ziyouz.com kutubxonasi

dep biledi. G'a'rip-o'z muhabbatı ushın, ar-namısı ushın qara ku'shlerden qorıqpay gu'resetug'ın da'w ju'rek jigit. Biraq ol qaharmanlıq da'stanlardag'ı batırlarday astına at minip, u'stine sawıt kiyip, iynine oq jay asıp, qolına qılısh, nayza alıp sawash maydanında gu'respeydi. G'a'rip-ju'regin ashıqlıq otı shalg'an, duwtarınan naması to'gilgen, tilinen a'jayıp qosıg'ı to'gilgen xosh hawaz, sazende, o'nerli jigit. Ol ashıg'ı Sa'nemdi du'nyadag'ı ha'mme na'rseden de joqarı qoyadı. Ha'r kimnin' o'z su'ygen yarı bolsa, sonı en' jetiskenlik dep biledi.

Ba'rshenin' muradın bir alla bersin,
Ha'r kim yarı menen oynasın ku'lsin,
Ha'r kim mu'ta'j bolsa, alsın, bay bolsın,
Mag'an zar kerekmes, diydar kerekdur.

G'a'rip ko'p g'ana qıyınshılıq jag'daylardı o'zinin' sazendelik, goyendelik (qosıq aytıw) o'neri menen jen'ip shıg'adı. G'a'rip batırlıq da'stanlardag'ı Alpamıs, Qoblan sıyaqlı urıwdın', qa'wimnin' yamasa pu'tin bir xalıqtın' arı, ma'pi ushın gu'respeydi, al o'zinin' hadal muhabbatı ushın, sol muhabbatqa, yag'nıy su'yiwge, su'ygiligin tan'lawg'a bolg'an insanıylıq huqıqı ushın jan-ta'ni menen gu'resedi. Sonlıqtan da G'a'riptin' qaysı urıwdan, ha'tteki qaysı xalıqtan ekeni tuwralı aytılmaydı, og'an ulıwma a'hmiyet berilmeydi. G'a'ripke jol bermeytug'ın ku'shler barshılıq edi. Biraq G'a'rip barlıq qıyınshılıqlarg'a, azaplarg'a to'zim beredi, muhabbatqa gu'lli o'mirin bag'ıshlaydı ha'm jen'iske erisedi.

G'a'riptin' shın muhabbatına Shasa'nem ılayıqlı qız. Ol G'a'ripti barlıq jan-ta'ni menen su'yedi. Sag'ınısh, ayralıq otına ma'rtlik penen shıdam beredi. G'ıybatkeshlerge, shug'ıllarg'a aqıl-parasat penen to'tepki beredi. Shasa'nem ushın en' joqarı maqset — G'a'ripke qosılıw, muhabbatın' u'stinligine erisiw. Shın muhabbat sotsiallıq ten'sizlikti, rassalıq yamasa milliy ayırmashılıqtı moyınlamaydı. Onın' moyınlaytug'ını haqıyqıy ju'rek sezimleri, sol sezimlerge sadıqlıq, opadarlıq g'ana, basqa ma'seleler su'yiskenler ushın ekinshi da'rejeli bolıp tabıladı. Sa'nemde usı qa'siyetlerdin' ba'ri bar. Onı baylıq, ma'rtebe qızıqtırmaydı. Sonlıqtan da ol sotsiallıq jaqtan o'zinen a'lle qayda to'men, ka'mbag'al G'a'ripti shın kewlinen su'yedi, og'an sadıq boladı. Ol ko'p jerlerde G'a'rip ushın, yag'nıy o'z muhabbatı ushın jeke basın qa'wip-qa'terlerge tigedi, ayralıq azaplarına shıdam beredi, u'mit otın so'ndirmey su'ygen yarın uzaq jıllar ku'tedi.

Ha'r bir o'tken ku'nim bir jılday keshti,
Ku'nnen ku'nge halım jamang'a tu'sti,
Mudam matam menen ku'nlerim keshti,
Bir ku'n shad bolmadım sen yar ketkeli.

Bul qatarlarda yarınan ayra tu'sip, sag'ınısh qursawında qısılg'an Sa'nemnin' ju'reк da'rtleri beriledi.

G'a'rip ha'm Shasa'nem obrazının' go'zzallıg'ı sonnan ibarat, olardın' ishкi du'nyası go'zzallıqqa, ju'reкleri sap muhabbattın' mo'ldir sezimlerine tolı. Olardın' muhabbat jolındag'ı кo'rgen кo'rimleri, is-ha'reкetleri adam huqıqın ayaq astı etetug'ın, shirip кetкen orta a'sirliк feodallıq ta'rtiplerge, da'stu'rlerge qarsı gu'restin' sa'wleleniwi bolıp tabıladı. Muhabbat — bul joqarıda aytılg'anınday sotsiallıq ten'sizliкti, milliy ayırmashılıqtı, ma'mleкetliк shegaralardı moyınlamaytug'ın ulıwma insanıylıq pazıyletlerdin' biri. «G'a'rip-ashıq» da'stanı gumanistliк ideyalarg'a tolı dep aytıwımızdın' ma'nisi de usında.

Da'standa G'a'rip ha'm Shasa'nem obrazların tolıqtırıwg'a ja'rdem beretug'ın obrazlar bar. Olardan **Aqsha (Gu'lna'ha'l)** Shasa'nemnin' sırlası, qısılg'anda кen'es beretug'ın aqılgo'yi. Ol eкi ashıqtın' tabısıwın, ta'g'dirlerin bir birine qosıwına кo'p ja'rdem beredi, olarg'a tileкles boladı.

G'a'riptin' **anası Abadan, qarındası Gu'ljamal** obrazları da da'standa belgili orın iyeleydi, syujettin' rawajlanıwı basqıshlarında qatnasıp baradı.

Da'standa su'yisкenlerge qarsı feodallıq qara кu'shlerdin' simvolı **Shaabaz patsha** turadı. Ol sotsiallıq jag'dayı to'men, o'zinin' ten'i emes G'a'ripкe Shasa'nemdi beriwge namıslanıp, G'a'ripti u'ziliкsiz quwdalaydı. Shaabbaz-esкi feodallıq ta'rtiplerdin', go'nergen da'stu'rlerdin' qorg'awshısı. Onın' ushın muhabbat sezimleri jalg'an, tu'siniкsiz na'rseler. Onın' tu'siniginde jaslardı neкelew materiallıq, eкonomiкalıq jaqtan paydalı bolıwı кereк. Shaabbaz jeкe basının' g'amın oylap, tajı-taqtın beккemlew ushın qızı Shasa'nemdi onın' ıqtıyarına qaramay patsha Shawaletкe bermeкshi boladı. Biraq onın' bul niyeti isкe aspaydı, su'yisкen G'a'rip ha'm Shasa'nem o'zlerinin' muhabbatına sadıqlıg'ı, da'w ju'reкliligi menen jen'ip shıg'adı.

**Patsha Shawalet** obrazının' ha'm unamsız ha'm unamlı ta'repleri bar. Unamsız ta'repleri sonnan ibarat, ol da'slep G'a'rip penen Shasa'nemnin' muhabbatın moyınlamaydı, G'a'ripti el gezip ju'rgen sayaq, diywana dep qabıllaydı. Shasa'nemnin' gezende G'a'ripti su'yetug'ınına isenbeydi. Ol G'a'ripti mısqıllap: «Ko'shкinin' astına barıp, bir-eкi awız so'z ayt. Eger Shasa'nem qa'lese, men sag'an berip jaqsılıq etemen, — dedi. Shawalettin' кewlinde: «Menin'dey patshazada onı almaqshı bolg'anda, bunday bir кa'mbag'aldı ne qılsın» degen oy boladı. G'a'rip bir neshe qosıqlar aytadı. Shasa'nem G'a'riptin' u'stine ba'lent кo'shкiden taslaydı. Pirlerdin' qollawı menen eкi ashıq aman-esen qawıshadı. Bunı кo'rgen Shawalet кewlindegi menmenliк piкirden qaytıp, eкi ashıqtın' muhabbatına ta'n beredi. Muhabbat degennin' ullılıg'ın, onı ha'r qanday qara кu'shler jen'e almaytug'ının tu'sinip jetedi. Ol ma'rtliк etip o'zinin' shaw-shuwlı toyın G'a'rip



www.ziyouz.com kutubxonasi

penen Shasa'nemnin' toyı dep dag'azalaydı. Bul epizodlar onın' obrazının' unamlı ta'replerin ko'rsetip turadı.

Da'standag'ı ekinshi da'rejeli personajlar A'zberxoja, Babaxan shayır, Xoja bag'man, Yasmıq mama, Aysa'nem bir qansha epizodlarda ko'rinedi ha'm G'a'rip penen Shasa'nemnin' obrazların ha'r ta'repleme tolıqtırıwg'a, syujetti qızıqlı etiwge ko'megin tiygizedi, olardın' ha'r birinin' o'zine tiyisli ko'rkemlik ju'gi bar.

**«G'a'rip ashıq» da'stanının' ko'rkemliligi.** Da'stannın' dıqqattı tartarlıq, ko'zge tu'serlik birinshi o'zgesheligi — bul syujettin' dramatizmge tolı, shiyelenisken qızıq waqıyalarg'a qurılıwı. Ashıqlar keskinlesken waqıyalardın', sharayatlardın' iyrimine tez-tezden tu'sip turadı. Oqıwshı yamasa tın'lawshı da'stannın' bastan ayag'ına deyin ashıqlıq sawdası basına tu'sken G'a'rip penen Shasa'nemnin' ta'g'dirinen qa'wiplenip, olarg'a tilekles bolıp otıradı.

Da'stannın' ja'ne bir ko'rkemlik o'zgesheligi sonda, onın' da'slepki shiyraq kitabıy tili «jumsarıp», shın xalıqlıq poetikalıq tilge jaqınlasadı. «G'a'rip ashıq» da'stanı o'zinin' shıg'ısı boyınsha kitabıy (jazba) shıg'arma bolg'anlıqtan onda lirikanın' murabba', muxammes (beslik) usag'an kitabıy janrları paydalanılg'an, biraq olardın' kompozitsiyalıq qurılısı, leksikalıq quramı jaydarı xalıq poeziyasına jaqınlastırılg'an.

- So'yle, menin' bawırımdı ka'bap etpe, nigarım,
Kewlim g'amlı, ju'zimdi qara etpe, nigarım,
Bul o'mirimdi qor a'ylep, dilgir etpe, nigarım,
Salıp turman sizdi da'rtke, biytap etpe nigarım,
Ra'him a'ylegil halıma, qarap etpe, nigarım.

Bul muxammes (xalıq tilinde «muxalles«) qosıg'ında usı janrdın' tiykarg'ı sırtqı formalıq belgileri saqlang'an: ba'ntler bes qatardan quralg'an, qatarları 14 buwınnan ibarat, uyqasları a-a-a-a-a; a-a-a-a-b; a-a-a-a-v bolıp keledi. Basqa qosıqlardın' ba'ntleri to'rt qatardan ibarat bolıp, a-a-a-b, a-a-a-v ta'rizinde uyqasadı.

«G'a'rip ashıq» da'stanının' en' ku'shli ta'repi teren' lirizmge iye bolıwında. Shıg'armanın' lirikalıq sheginislerine qaharmanlardın' na'zik ju'rek sezimleri, ruwxıy tolg'anısları, keshirmeleri sin'diriledi. Bular bas qaharmanlardın' ruwxıy du'nyasın, sezimler sarayın, o'mir ideallarınn ashıp beriwde u'lken xızmet etedi, olardın' obrazların ko'rkemlik jaqtan tu'rlendirip, ideyalıq jaqtan teren'letedi, xalıqshıllıq da'rejesin ku'sheytip jiberedi. Usınday joqarı ideyalıq, ko'rkemlik qa'siyetlerge iye bolg'anlıg'ı ushın da «G'a'rip ashıq» da'stanı a'sirler dawamında baqsılar, qıssaxanlar ta'repinen su'yip jırlandı ha'm xalqımız ta'repinen su'yip tın'landı. Bul da'stan ha'zirgi ·ıman a'wladları ushın da ko'rkem-estetikalıq ha'm ta'rbiyalıq a'hmiyetke iye. Onın' qosıqları ha'zirde



www.ziyouz.com kutubxonasi

xalıq jıyınlarında, teatr saxnalarında su'yiwshilik penen atqarılıp, xalqımızg'a zawıqlı sezimler bag'ıshlaydı.

## QARAQALPAQ JAZBA A'DEBİYATI HAQQINDA

Aldın'g'ı sabaqlarda qaraqalpaq awızeki do'retiwshiligi (folklorı) haqqında mag'lıwmatlar ha'm tu'sinikler berilgen edi. Endi bul bo'limde qaraqalpaq jazba a'debiyatı haqqında mag'lıwmatlar beriledi ha'm ko'rkem shıg'armalarg'a tallawlar ju'rgiziledi.

Folklor ku'ta' erte da'wirlerden, yag'nıy adamlar sana-sezimge iye bolıp, til baylıg'ına jetisken da'wirlerden baslanadı. Anıg'ıraq aytsaq folklor adamzat tariyxınıń' **son'g'ı paleolit** da'wirinen baslap (bunnan 40 mın' — 12 mın' jıllar aralıg'ında) payda bolg'an. Biraq folklor shıg'armaları da'slepki payda bolg'an tu'rinde saqlana bermeydi. Olar ha'r qıylı da'wirlerdin' ta'sirine ushırap yamasa uzaq-da'wirler jelisine ayaq qosa almay umıt bolıp ketedi, ku'shli o'zgerislerge ushıraydı. Sonlıqtan da xalıq da'stanlarında, an'ızlarında, erteklerinde ha'r qıylı tariyxıy da'wirlerdin' jan'g'ırıqların abaylawg'a boladı. Al jazba a'debiyattın' do'rew nızamlılıqları folklorg'a qarag'anda o'zgeshe. Onın' tiykarg'ıları aldın'g'ı bo'limde aytıldı. Sonlıqtan olarg'a ken'irek toqtap o'tiwdin' za'ru'rligi joq. Jazba a'debiyattın' en' baslı sha'rtleri mınalar: ko'rkem shıg'arma jazba tu'rde do'reledi, onın' belgili avtorı boladı, shıg'armada ja'ma'a'tlik oy-pikirden go're jeke avtorlıq ko'zqaraslar, oy-pikirler, jeke avtorlıq sheberlik basım boladı. Bunı a'debiyattanıw iliminde bir so'z benen **jeke avtorlıq stil** dep ataydı.

Al qaraqalpaq jazba a'debiyatı qashan payda bolg'an? Bul sorawg'a bir awız ga'p penen juwap beriw kemlik etedi. Sonlıqtan og'an tariyx ha'm filologiya ilimlerinin' jetiskenliklerine su'yenip juwap bergen durıs boladı.

Qaraqalpaqlar tu'rkiy xalıqlardan bo'linip shıg'ıp o'z aldına xalıq bolıp qa'liplesken. Olar VII—XV a'sirler aralıg'ında tu'rkiy qa'wimlerdin' ha'r qıylı siyasiy birlespelerinde, awqamlarında bolg'an. Tu'rk qag'anatlıg'ında (xanlıg'ında), ma'lim da'rejede Oguzlar birlespesinde, Qıpshaqlar birlespesinde, Nog'ay awqamında bolıp, XV—XVI a'sirlerden baslap ha'zirgi qaraqalpaq ataması menen o'z aldına xalıq sıpatında tariyx maydanında ko'rine baslag'an. Tu'rkiy qa'wimler birlikte VII—VIII a'sirlerden baslap o'z tariyxın, folklorın, jazba a'debiyatın jarata baslag'an. Qaraqalpaqlar da tu'rkiy xalıqlardın' biri sıpatında usı erte da'wirlerde qa'liplesken ulıwma tu'rkiy ma'deniyatqa, tu'rkiy a'debiyatqa ortaq. Bul jag'day XX a'sirdin' ekinshi yarımında alıp barılg'an izertlewler na'tiyjesinde da'lillenedi. Sonlıqtan qaraqalpaq jazba a'debiyatınıń' arg'ı sag'aların VII—VIII a'sirlerde payda bolg'an ulıwma tu'rkiy xalıqlarg'a ortaq du'nyag'a belgili «Orxun-Enisey» jazba estelik-



www.ziyouz.com kutubxonasi

lerinen baslaw durıs boladı. Eskı tu'rkiy jazba a'debiyatı ko'pshilik tu'rkiy xalıqlarg'a tu'sinikli bir a'debiy tilde (eski tu'rkiy tilde) jaratılg'an. Onda tu'rkiy xalıqlarg'a ortaq ruwxıy du'nya sa'wlelengen, tu'rkiy xalıqlardın' ortaq ma'pleri jırlang'an, tu'rkiy qa'wimlerdi bir ordag'a, bir tuwdın' astına birlesiwge shaqırg'an. Sonlıqtan son'g'ı da'wirlerde o'z aldına tuw ko'terip, ayırım xalıq bolıp ketken o'zbeklerdin', qazaqlardın', qırg'ızlardın', tu'rkmenlerdin', tu'riklerdin', nog'aylardın', bashqurtlardın', tatarlardın', uyg'ırlardın' milliy a'debiyatının' sag'aları bir jerden baslanadı, atap aytqanda «Orxun-Enisey» jazba esteliklerinen (VII—VIII a'a'.) baslanadı.

**«Qorqıt ata kitabı»** VIII—XI a'sirlerde Sırda'rya boyların jaylag'an tu'rkiy qa'wimler oguz-qıpshaqlardın' turmısın, ruwxıy du'nyasın sa'wlelendiredi. Kitaptın' syujetleri XVI a'sirde xatqa tu'sirilgen ha'm «Kitabı dedam Qorqud» degen atama menen tarqalg'an. Kitap bo'lek-bo'lek 12 jırdan ibarat. Jırlardın' ha'r biri o'z aldına syujetke iye. Olardın' ayırımları qaraqalpaq jırawları aytqan da'stanlarg'a usaydı. Mısalı, «Bamsa-Beyrek» syujeti «Alpamıs» da'stanı menen u'nlesedi. An'ız ga'plerge qarag'anda jırawlardın' tu'p babası (birinshi jıraw), da'slepki qobız a'spabın soqqan, Sır boyında jasag'an Qorqıt ata bul jırlardı toqıg'an ha'm tu'rkiy oguz-qıpshaq qa'wimleri arasında jırlag'an dep shamalanadı.

**«Oguznama»** — Oguz batır yaki Oguz xan haqqında da'stan. Da'stan a'yyemgi miflik an'ızlıq, erteklik syujetler tiykarında quralg'an. Son'ınan ala olar IX a'sirde xatqa tu'sirilip, jazba nusqa etip qaldırılg'an. Sonın' ushın «Oguznama» jazba a'debiyat esteliklerinen bolıp tabıladı. Shıg'armada Oguz batırdın' a'jayıp bolıp tuwılg'anı, oguz (tu'rkiy) qa'wimlerinin' xanı bolg'anı, Oraylıq Aziya dalaların jaylag'an tu'rkiy qa'wimlerdi birlestirgeni a'n'gime etiledi.

**Yusup Has Hajıbtın' «Kutadg'u bilik» «Baxıtqa baslawshı bilim») da'stanı.** Kitap XI a'sirde 1069-jılı qosıq tu'rinde jazılg'an. Bul da'wirde Orta Aziyanı tu'rkiy Qaraxaniy patshaları soraytug'ın edi. Qaraxaniyler ma'mleketinde ilim-bilimge ku'shli dıqqat berilgen. Sonlıqtan tu'rkiy tilde kitaplar jazılg'an. Eski tu'rkiyde qut degen so'z baqıt, da'wlet degendi an'latadı. Kitap didaktikalıq (aqıl-na'siyat) temasında jazılg'an. Eldi basqarıwda patsha qanday jaqsı qa'siyetlerdi basshılıqqa alıwı kerekligi aytıladı. A'dalatlıq, baylıq, aqıl, bilim, qanaat ma'seleleri ko'teriledi.

Patsha eldi basqarg'anda a'dillikke, durıslıqqa su'yeniwi kerek. A'dillik ma'selesi da'standa patsha **Ku'ntug'mısh** obrazı arqalı beriledi. Ma'mleket bay bolıwı ushın, onın' xalqı toq ha'm abadan jasawı ushın ma'mleketti bilimli, esap-sanaqqa du'ziw, hadal adamlar basqarıwı tiyis. Kitapta bunday basqarıwshı wa'zir Aytoldı obrazı arqalı



www.ziyouz.com kutubxonasi

sa'wlelengen. Sonday-aq ma'mleкet basqarıw isinde ilim-bilim menen birge aqıl-parasat, sabır-taqat ta baslı orında turmag'ı lazım. Bunday hasıl qa'siyetler wa'zirdin' ulı Ug'dulmısh obrazında sa'wlelengen. Sonın' menen birge da'standa qanaat, insap ma'selesi de кo'teriledi. Da'standa bul ma'sele qanaat iyesi, insaplı da'rwish Odgurmısh obrazı arqalı sheshiledi.

Yusup Xas Hajibtin' piкiri boyınsha eldin' iyesi u'sh na'rsege beккem bolıwı tiyis: birinshisi — ma'mleкette puldın' qa'dirsizleniwine (inflyatsiyag'a) jol qoymaw, eкinshisi—xalıqqa za'ru'r ha'm paydalı, biraq a'dil nızamlar shıg'arıw, u'shinshisi—jollardı qaraqshılardan qorg'ap, jolawshılardın', кa'rwanlardın' qa'wipsizligin ta'miyin etiw. Usınday sharayatlardı elde ornatıp bolg'an son' patsha o'z puqaralarınan to'mendegi sha'rtlerdi talap etiwine haqılı: birinshisi — patshanın' shıg'arg'an pa'rmanların, buyrıqların xalıq ta'repinen orınlanıwı, eкinshisi — salıqlardın' to'leniwi ha'm ma'mleкetкe o'z waqtında tapsırılıwı, u'shinshisi — ma'mleкettin' barlıq xalqı patsha ta'repinde bolıwı, patshanın' dostına dos, dushpanına dushpan bolıwı tiyis.

Yusup Xas Hajibtin' «Qutadg'u biliк» shıg'armasında ma'mleкetliк du'zim ha'm onın' basqarılıwı, ma'mleкet basshısının' wazıypaları, ma'mleкetliк ma'pler menen puqaralar ma'plerinin' sa'yкesleniwi sıyaqlı a'hmiyetli ma'selelerdi кo'teredi. Ma'mleкetti bilimli, aqıl-parasatlı, a'dil patsha basqarıwı кereк, onın' a'tirapındag'ı a'meldarlar da usınday qa'siyetlerge iye bolıwı lazım. Da'standa bunday piкirler, ma'seleler VIII—XI a'sirlerde Orta Aziyada qa'lipleseкen rawajlang'an feodalizm da'wirine ta'n кu'shli pul-tovar qatnasıqları ha'm quramalasqan ma'mleкetliк du'zim sharayatlarınan кelip shıg'ıp aytıladı.

«Qutadg'u biliк» tin' a'dilliк, elge xızmet etiw sıyaqlı baslı ideyaları bizin' zamanımızda da o'z a'hmiyetin jog'altqan joq. Ol ulıwma tu'rкiy xalıqlar a'debiyatının' maqtanıshı bolıp esaplanatug'ın ullı shıg'arma.

**Axmed Yugnakiydin' «Hibatil haqoyiq» («Haqıyqatlar sıylıg'ı»)** кitabı XII a'sirge tiyisli a'debiy esteliк. Da'stan didaкtiкalıq oy-piкirlerden turadı. Tu'rкiy tilde qosıq penen jazılg'an. Bul shıg'armada tilge, a'sirese ilimge itibar beriw sıyaqlı ag'artıwshılıq ideyalardı, bul du'nyanın' o'tкinshi eкenligi sıyaqlı filosofiyalıq ma'seleler, iyman, insap, saqıylıq ha'm baqıllıq (sıqmarlıq), qızg'anshaqlıq, ashкo'zliк, menmenliк ha'm кishipeyilliк sıyaqlı etiкalıq ma'seleler кo'teriledi. Axmed Yugnaкiydin' bul кitabı Karaxaniyler patshalıg'ı da'wirinde payda bolg'an ha'm tu'rкiy xalıqlardın' ruwxıy baylıg'ına aynalg'an.

**Maxmud Qashg'ariydin' «Devonu lug'at it türk» («Tu'rk tilinin' so'zligi»)** кitabı 1074-jılı jazılg'an. Kitap o'zinin' jazılıw maqseti ha'm xızmeti boyınsha filologiyalıq izertlew bolıp tabıladı. Biraq onda tu'rкiy xalıqlardın' og'ada кo'p sandag'ı qosıqları, an'ızları, naqıl-maqalları,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ushırma so'zleri berilgen. Sonlıqtan bul кitaptın' belgili da'rejede xrestomatiyalıq xızmeti de bar. Usınday qa'siyetlerine bola onı кo'rкem a'debiyat tariyxına da кirgizip ju'ripti. Kitaptag'ı кo'p g'ana qosıqlar ha'm naqıl-maqallardın' usı zamanda aytılıp ju'rgen naqıl-maqallardan ayırması joq. Bir neshe mısal: 1. Jawdı ayasan', jag'an'a asıladı. 2. Qayg'ını er кo'teredi, jawdı jer кo'teredi. 3. Eкi ayg'ır tebisse, ortasında tay o'ler. 4. Qus qanatı menen, er atı menen (кu'shli). 5. Adam alası ishinde, mal alası tısında (sırtında). 6. Bes barmaq birdey emes h.t.b.

**Xoja Axmed Yassawiy hikmetleri (danalıqları).** Yassawiy XII a'sirde Tu'rкstan jerinde jasag'an sufiy shayır. İslam dinindegi sufiyliк ta'limattın' iri wa'кillerinin' biri. Bul ta'limattın' ta'rtibi boyınsha haqıyqat jolına tu'sкen musılman insan shariat nızamların saqlap, o'zin-o'zi jılawlap ju'riwi кereк. Jamanlıqqa qarsı gu'resip, jaqsılıq jolınan ju'riwi lazım. Na'psi ba'lesin dizginlep, кewildi qudag'a berip, ta'ni menen janın (ruwxıy du'nyasın) bir-birine sa'yкeslendiriw кereк. Yassawiy jamanlıq, ja'miyetliк illetler menen gu'resiwdin' en' bir jaramlı quralı shariat ta'rtiplerine qatan' a'mel qılıw dep biledi. Usı tu'siniкten кelip shıg'ıp o'z poeziyasın islam ruwxı menen, a'sirese, sufiyliк ta'limat penen teren' suwg'aradı. Yassawiy o'z zamanındag'ı ja'miyetliк illetlerdi: a'dilsizliкti, zalım patsha ja'ne ha'кimlerdi, paraxorlıqtı, ashкo'zliкti, baylıqqa кo'zsiz umtılıwshılardı ayawsız a'shкaralaydı.

Qazı, imam bolg'anlar,
Nahaq dawa qılg'anlar,
Aqırzaman bolg'anda
Ju'к astında qalarlar.
Haram tamaq ha'кimler,
Ja'ha'n malın alg'anlar,
O'z barmag'ın tishlaban
Qorqıp turıp qalarlar.

Yassawiy poeziyasının' tili a'piwayı, кen' xalıqtın' talg'amına shaqlang'an. Sonlıqtan Yassawiy hiкmetleri (danalıq so'zleri) xalıq arasında кu'ta' кen' tarqalg'an. Olarda ha'r qıylı obrazlar, metaforalar, epitetler, ten'ewler, metonimiyalar кen' qollanıladı. Bul Yassawiy hiкmetlerinin' poetiкalıq кu'shin, ta'sirshen'ligin joqarı da'rejege кo'teredi.

Yassawiy poeziyasının' baslı ideyalıq motivleri - hadallıq, sotsiallıq a'dilliк, ruwxiy baylıqqa umtılıw XIX a'sir qaraqalpaq shayırları Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq, O'tesh shıg'armalarında o'z zamanının' tariyxıy-sotsiallıq sharayatlarına muwapıq кen' sa'wlelengen. Olar Yassawiy ta'limatın teren' u'yrengen, onı jamanlıqqa, a'dalatsızlıqqa qarsı gu'restin' ruwxıy quralı dep bilgen.

## NOG'AYLI HA'M TU'RKSTAN DA'WİRİNDEGİ QARAQALPAQ A'DEBİYATI (XV—XVIII A'SİRLER)

Qaraqalpaqlar XIV-XVI a'sirlerde Edil (Volga) ha'm Jayıq (Ural) da'ryaları boylarında jasap, Nog'ay awqamı quramına кiredi. Bul awqamg'a ha'zirgi qazaqlardın', o'zbeкlerdin', nog'aylardın', tatarlardın', bashqurtlardın' ata-babaları кirgen. XV — XVI a'sirlerde кo'shpeli qazaqlar, o'zbeкler Nog'ay awqamınan shıg'ıp, o'z aldına tuw кo'terip, orda du'zgen. Qaraqalpaqlar da XVI a'sirden baslap tariyxqa ha'zirgi ataması menen кo'rine baslag'an.

XVI a'sirdin' aqırında nog'aylılardın' sa'rdarı Ormambet biydin' tusında Oraylıq Aziya dalalarınan esap-sansız кo'shpeli jung'ar (qalmaq) basqınshıları Edil-Jayıq boylarına jeldey esip кelip, nog'aylılardı toz-toz etip jiberedi. Nog'ay ordası birotala qulaydı. Qaraqalpaq a'debiyatında «Ormambet biy» tolg'awı usı tariyxıy waqıyanın' кo'rкem sa'wlesi retinde кo'rinedi. Qaraqalpaqlar Tu'rкstang'a posıp Sır boyın jag'alay qonıslanadı. XVI—XVIII a'sirler qaraqalpaqlar tariyxının' Tu'rкstan da'wiri dep ataladı. XVIII a'sirdin' eкinshi yarımınan baslap ja'ne de jawgershiliкtin' saldarınan qaraqalpaqlar Sır boyınan кo'terilip, bir bo'legi Tashкent, Ferg'ana a'tiraplarına, eкinshi bo'legi Buxara, Samarqand do'geregine, u'shinshi u'lкen bo'legi burıng'ı ata ma'кanı Xorezm oypatına A'miwda'ryanın' quyar ayag'ına, Araldın' tu'sliк jag'alawlarına кo'ship qonıslanadı. Jiyen jırawdın' «Posqan el» tolg'awı qaraqalpaqlardın' usı son'g'ı posıwının' кo'rкem sa'wleleniwi bolıp tabıladı. XVIII a'sirdin' ayaqlarınan qaraqalpaq xalqının' Xorezm da'wiri baslanadı.

Nog'ay ha'm Tu'rкstan da'wirinde joqarıda atap o'tilgen tu'rкiy xalıqlar birge jasap, jaqın ma'deniy qatnas qurg'anlıqtan olardın' ortaq bolg'an tolg'awlar, termeler, batırlıq jırları (da'stanlar) do'reledi, olardı usı xalıqlarg'a ortaq jırawlar atqaradı. Demeк, bul da'wirdegi so'z o'neri esteliкlerinin' basım кo'pshiligi qaraqalpaq, qazaq, nog'ay xalıqlarına ortaq bolıp esaplanadı. Sonın' ushın bul da'wirdegi a'debiy miyraslar qaraqalpaq a'debiyatının' sag'aları bolıp ta tabıladı.

Bul da'wirdegi кo'rкem so'z nusqaları awızeкi do'retilgen, jazba nusqalar qalmag'an. Do'retiwshiler tiyкarınan jırawlar bolg'an. Xalıq ishinde atı shıqqan abıraylı jırawlar o'zleri do'retкen terme, tolg'awlar, da'stanlarg'a avtorlıq iyeliк etiwge umtılg'an, shıg'armaların menshiкlep



www.ziyouz.com kutubxonasi

o'z atları menen miyras etip qaldırg'an. Olardın' do'retken shıg'armaların xalıq yadında saqlap, bizin' ku'nlerimizge shekem jetkizgen. Bul folklorlıq ja'ma'a'tlik do'retiwshilikten jeke do'retiwshilikke o'tiwdin' da'slepki belgileri edi. Usı belgilerge qaray izertlewshiler Nog'aylı ha'm Tu'rkstan da'wirindegi poeziya do'retiwshilerin **jıraw-shayırlar** dep ataydı. Solay etip XIV—XVIII a'sirlerde jıraw-shayırlar mektebi qa'liplesedi ha'm rawajlanadı. Bul mekteptin' iri wa'killerinen Soppaslı Sıpıra jırawdı (XIV a'sir), Asan Qayg'ı jırawdı (XV a'sir), Dospanbet jırawdı (XVIII a'sir) atap o'tsek boladı. Bul jıraw-shayırlardın' ha'r birinin' atına tan'ılıp ju'rgen termeler, tolg'awlar bar. Olar jıraw jasag'an zamannın' tariyxıy waqıyaların, ja'miyetlik o'zgesheliklerin ko'rkem sa'wlelendiredi. Sonlıqtan bul jıraw-shayırlardın' terme-tolg'awları haqqında mag'lıwmatlar ha'm tallawlar berip o'tken maqul boladı.

Soppaslı Sıpıra jıraw. XIV a'sirde jasag'an ullı jıraw. Toqtamıs xan soramı Altın ordada, Edigenin' soramı Nog'ay ordasında, A'mir Temir soramı U'rgenish a'tirapında jırlag'an. Qaraqalpaq jırawlarının' tu'p babası esaplanadı. Sıpıra jırawdın' atına «Baban'man», «Men jırawman, jırawman» tolg'awları, «Bir degende ne jaman» dep baslanatug'ın terme tan'ıladı. Sonday-aq qaraqalpaqlardın' su'yikli da'stanı «Edige» ni birinshi do'retken ha'm jırlag'an Sıpıra jıraw degen shamalawlar da bar. Onın' o'miri ha'm do'retiwshiligi tuwralı tariyxıy da'rekler menen tastıyıqlang'an anıq mag'lıwmatlar joq. Ol tuwralı mag'lıwmatlar xalıq awzınan jazıp alıng'an folklorlıq da'rekler bolıp tabıladı.

Sıpıra jıraw «Bir degende ne jaman?» termesinde ko'pti ko'rgen qariya tilinen tın'lawshılarg'a na'siyat aytadı. Xalıqtın' etikalıq tu'siniklerinen kelip shıg'ıp, ju'ris-turıs, a'dep-ikramlılıq qa'deleri tuwralı oy ju'ritedi, jaqsılıq ha'm jamanlıq haqqında tın'lawshılarg'a oy taslaydı. «Baban'man» tolg'awında Shın'g'ıs xannan beride o'tken iri baslı xanlarg'a sıpatlama beredi, o'zine zamanlas xanlardın' nasazlıg'ın, sorag'an eline **ja'bir beretug'ın bolımsız** siyasatın ayawsız a'shkara etedi.

Qozg'alan' salg'an jurtına,
Jesir qatın, jetim ul,
Tın'lamay dadın jılatqan,
Shaytan joldan azg'ırg'an,
Aqıbetin sorasan',
Sizlerdi ko'rgen baban'man.

**Asan qayg'ı** XV a'sirde jasag'an jıraw-shayır. Xalıq ta'g'dirin uwayımlap, xalıq ma'pi dep ku'yip-jang'anı ushın xalıq arasında Asan Qayg'ı dep atalıp ketken. To'mendegi u'zindi bunın' gu'wası bola aladı.

Quyrıg'ı joq, jolı joq,
Qulan qa'ytip ku'n ko'rer?

Ayag'ı joq, qolı joq,
Jılan qa'ytip кu'n кo'rer?
Xan menen biyler qısqanda,
Xalıq qa'ytip кu'n кo'rer?

Asan Qayg'ı Edil boyında tuwılıp, Ja'nibeк xannın' (XV a'.) tusında jasag'an ha'm do'retiwshiliк etкen. Onın' jırları «biyma'lel na'siyat» emes, al anıq adresine qaratılg'an, mazmunı teren', tili o'tкir bolıp кeledi.

Qımız iship qızınıp,
Qızaran'lap terleysen'.
O'zin'nen basqan, xan joqtay,
Elerip nege so'yleysen'.

Xalqın' qa'ytip shıdaydı,
Jag'daysız кelgen bul isкe,
Orınsız кelgen salıqtan,
G'a'ziynen'di toltırdın',
Altın menen gu'misкe.

Bul кishigirim a'meldarlarg'a emes, al tiккeley Ja'nibeк xannın' o'zine qaratılg'an so'zler. Ol zamanlarda (XIV—XVI a'a'.) xan ordasında jıraw ayttırıw u'rdis bolg'an. Ko'plegen jırawlar xandı ha'm onın' tutımın кo'zsiz maqtap xannan sıy-inamlar alıp turg'an. Asan Qayg'ı da xan zıyapatında talay ma'rte jırlag'an, an'ızlarg'a qarag'ada ha'tteкi Ja'nibeк xannın' aqılgo'yi bolg'an, saray adamı bolg'an. Biraq Asan Qayg'ı saray ma'pi menen xalıq ma'pin shatastırmag'an, xalıq ta'repinde bolg'an, sebebi xannın' кu'ni xalıq penen eкenin jaqsı tu'singen. Joqarıdag'ı tolg'awda Asan Qayg'ı qattı qollıg'ı ha'm miyrimsizligi menen atı shıqqan Ja'nibeк xan aldında taysalmay sın so'zler aytadı, xalıqqa jaysız salıq siyasatın a'shкaralaydı.

Ulıwma Asan Qayg'ı tolg'awlarında ha'm termelerinde teren' mazmung'a iye xalıqlıq na'siyat aytıladı, o'tкir sotsiallıq ma'seleler кo'teriledi.

**Dospanbet jıraw (XVI a'sir).** Bul jıraw Nog'ay Ordasının' ıdırap, nog'ay sultanlarının' ala awızlıg'ı o'z ara ja'njelleri, qıyan-кesкi urısları jag'dayında jasag'an. Sonlıqtan onın' tolg'awlarında jawıngerliк ruwxı seziledi, feodallıq pıtıran'qılıq, ala awızlıq ma'seleleri кo'teriledi. Dospanbettin' o'zi de jawınger (batır) jigit bolg'an, feodallıq urıslardın' tiккeley qatnasıwshısı bolg'an. Onın' кo'pshiliк tolg'awlarında feodallıq ja'njellerdin' toqtap, tınısh кu'nlerdin' ornap, paraxat turmıstı кu'sew motivleri baslı orında turadı.

Aylanıp aqqan Aq Jayıq
At salmay o'ter кu'n qayda?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Esigi biyiк boz orda,
En'кeymey o'ter кu'n qayda?
Edildin' boyın el jaylap,
Shalg'ayına at baylap,
Boz ordanın' to'rinde,
Qız balanın' qolınan,
Qımız isher кu'n qayda?

**Mu'yten jıraw (XVII a'sir).** Tu'rкstan da'wirinin' jıraw-shayırı. Sıg'naq qalası a'tirapında jasag'an. Tu'rкstan da'wirinde Sır boyın jaylag'an qaraqalpaqlar Buxara xanlıg'ına qaraslı bolg'an. Mu'yten jıraw tolg'awlarında qaraqalpaqlardın' burıng'ı ma'кanı Edil-Jayıqtı eslew, Nog'aylı da'wirin кu'sew motivleri jan'laydı. Mısalı, «Men Mu'ytenmen, Mu'ytenmen» dep baslanatug'ın tolg'awında bul motivler anıq кo'rinedi:

Edilden ju'zip o'temen,
Elime barıp jetemen.
Jayıqtan ju'zip o'temen,
Jaylawıma jetemen.

Er Edige tusında,
Babam qaysar er edi.
Nuraddin tusında,
Batır nog'ay der edi.

Mu'yten tolg'awlarında jıraw-shayırlar do'retiwshiligine ta'n didaкtiкalıq tema u'stin turadı, sonday-aq o'tкir sotsiallıq, feodallıq ala awızlıq temaları anıq кo'zge taslanadı.

O'tкinshi mınaw du'nyada,
Malı кo'p adam bay bolar.
Qarsılıq qılg'an qara xalıq,
Qamshı menen iy bolar

Sawash bolsa arada,
Neshshe qatın tul bolar.
Erinsheк bolsa ulın'ız,
Jaw aldında qul bolar.

Bul tolg'awda u'lкen mu'lк iyeleri menen mu'lкsizler arasındag'ı qarama-qarsılıq, feodallıq ja'njeller, urıslar na'tiyjesinde xalıqtın' shegetug'ın ja'biri ashıq aytıladı ha'm feodallıq du'zimge ta'n bunday sotsiallıq ha'm siyasiy jag'daylar o'tкir sıng'a alınadı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# JIYEN JIRAW AMANLIQ ULI

(1730—1784)

Jiyen jırawdın o'miri ha'm do'retiwshiligi qaraqalpaq xalqının' XVIII a'sirdegi turmısı menen tıg'ız baylanıslı. Sonlıqtan Jiyen jıraw XVIII a'sir qaraqalpaq xalqının' turmısı, tariyxıy ta'g'diri tuwralı ko'p-legen tolg'awlardı miyras etip qaldırg'an. Bulardan «Ilag'ım», «Ber tu'yemdi», «Xosh bolın' doslar» sıyaqlı kishi tolg'awlarında jarlıshılıq, jetpeslik jag'day, adamlarg'a zorlıq, qısım jasaw sıyaqlı sotsiallıq ten'sizlik, adalatsızlıq awhalları ashıqtan-ashıq a'shkaralanadı. Sonday-aq «Ayırsha», «Aytpasam bolmas», «Aldı-artım biyik jar», «Xan qasında to'reler» kishi tolg'awlarında da zaman qısıwmetin, xalıqtın basına tu'sken awırmanlıqtı jırlaydı. Ulıwma Jiyen jıraw o'z tolg'awlarında xalıqtın' mun'-sherin, awır sotsiallık jag'dayın onın' jan ashır bir perzenti retinde ba'lent hawaz benen jırlaydı.

Degen menen onın' tiykarg'ı shıg'armaları — klassikalıq poeziyasının' u'lken ha'm bahalı estelikklerinen esaplanatug'ın «Posqan el» ha'm «Ullı taw» tolg'awları. Jiyen jırawdın' bul shıg'armalarının' tiykarında tariyxıy waqıyalar jatadı.

«Posqan el» tolg'awı qaraqalpaq xalqının' Tu'rkstannan Xorezmge ko'shiw waqıyasın sa'wlelendiredi. XVIII a'sirdegi bul qaraqalpaq jırı jawgershilik, bu'lginshilik sebepli ju'z bergen tariyxıy jag'daylardı epikalıq usıl menen su'wretleydi. Bunda waqıya ha'm personajlar obiektiv (sırttan) su'wretlenedi. Usı ta'repleri menen «Posqan el» tolg'awı XVI a'sir qaraqalpaq a'debiyatındag'ı «Ormambet biy» tolg'awına uqsap ketedi.Tap usınday tariyxıy waqıyalar, mısalı XIX a'sirdin' ortalarında qaraqalapqlar tariyxında bolıp o'tken Bozataw waqıyası A'jiniyazdın' «Bozataw» qosıg'ında beriledi. A'jiniyazdın bul shıg'ar-masında qorg'awsız qalg'an qaraqalpaq awılların tu'rkmen baspashı-larının' shabılıwı, eldin posıp bu'lginshilikke ushırawı lirikalıq usıl menen berilse, Jiyen jıraw tolg'awlarında XVIII a'sir tariyxıy waqıyaları epikalıq usıl menen beriledi. Demek, «Posqan el» tolg'awı qaraqalpaq so'z o'nerinde belgili tariyxıy jırlardın biri.

Tolg'aw dep atalatugın jırlardın geyparaları a'dewir ko'lemli bolıp, kishigirim da'stanlarg'a keyip beredi. Mısalı, Jiyen jırawdın' «Ullı taw», «Posqan el» shıg'armaları tolg'aw dep ataladı. Olarda oz baslanıwına, rawajlanıwına, juwmaqlanıwına iye epikalıq syujet bar, sonday-aq epikalık personajlar ha'reket etedi. Sonın' menen birge bul shıg'armalarda jırawdın' «men»i arqalı lirikalıq sheginisler de beriledi. Mısalı, «Posqan el» shıg'armasındag'ı bir u'zindige ser salayıq:

Al jigitler, men sorlı,
Posqan eldin' ishinde,
Qobızımdı qolg'a alıp,
Qayg'ılı nama shalaman.
Nege qapa bolmayın,
Qobızımdı ne ushın ,
Qayg'ılı etip shalmayın,
Mına o'lgen jas janlar,
Mına o'lgen analar,
Anaw o'lgen atalar,
Ko'zlerin g'arg'a shoqıydı,
Tappag'an son' panalar.

Bul jırawdın' ishкi tolg'anısların, кewil кu'yin beretug'ın liriкalıq sheginis. Demeк, bunday tolg'awlarda epiкalıq qa'siyetler aralasıp кeledi. Usı sebepten bolsa кereк, bir qatar a'debiyatshılarımız (A.Karimov, S.Axmetov, K.Ma'mbetov) Jiyen jırawdın «Ullı taw», «Posqan el» tolg'awların ha'zirgi zaman termini menen poema dep ataydı ha'm epiкalıq shıg'arma retinde tallaydı.

Qaraqalpaq xalqının' tariyxındag'ı кu'ta' awır кeshкen waqıyalardın' biri — olardın Tu'rкstannan Xorezmge кo'shiwi boldı. Bu'lginshiliк u'stine «jol azabı go'r azabı» na ten' bolıp xalıq qattı qıyınshılıq кo'rdi. Jiyen jıraw posıp кo'shкen xalıqtın' ishinde bolıp, bu'lginshiliк ha'm joldın' azabın xalıq penen birge basınan кeshirgen. Shıg'armanın' tiyкarg'ı qaharmanı-Jiyen jıraw o'z waqtının' aldıng'ı qatardag'ı oy-piкirli adamı bolg'anlıqtan, sol da'wirdin' en' a'hmiyetli tariyxıy ha'm sotsiallıq ma'selelerin jırlag'an demoкrat shayır. Onın' «Posqan el» tolg'awı jawgershiliкtin' saldarınan ata-ma'кanın taslap кo'shкen qaraqalpaq xalqının' Tu'rкstannan Xorezmge кo'ship кelip jayg'asıwı menen tamamlanadı. Shayır ashshı ha'm tariyxıy turmıs shınlıg'ın burmalamastan, real su'wretlep beredi. Sonlıqtan «Posqan el» tolg'awı XVIII a'sir qaraqalpaq a'debiyatının' jarqın esteliкlerinin' biri bolıwı menen qatar qaraqalpaq xalqı tariyxın tolıqtıratug'ın bahalı tariyxıy da'reк bolıp tabıladı. Jiyennin' o'zi de tolg'awdın' bir personajı retinde syujettin' bastan aqırına sheкem qatnasıp baradı. Posıw saldarınan ol кo'rgen awır azaplar, gu'nasız o'lgen jas janlar, g'arrı ata-analar shayırdın' qabırg'asın qayıstırıp, ju'reк-bawırın ezip jiberedi, qattı qıynaldıradı.

Ata jurtı Tu'rкstan,
O'mirliк jaylaw bolmadı,
Ku'ni-tu'ni jıynalıp,
On eкi ayda tapqanı,
Qıs azıqqa jetpedi,
Tamtar boldı suwları,

Eкse egin pitpedi,
Jawgershiliк кo'p boldı,
Sansız adam qırılıp,
G'arg'a jegen o'liкке,
Jılg'a saylar top boldı,
Biygu'na gelle кesildi,
Aq deneli arıwdın',
Burımları esildi,
Sag'ıyranın' qanları,
Suw ornına to'gildi,
Jol ju'riwge jaramay,
Jası qaytqan g'arrılar,
Bu'gilgen beli analar,
Jolda qaldı кo'miwsiz,
Ko'shкen кo'shкe ere almay,
Dalada qaldı кo'miwsiz,
Qızıl qumdı asa almay.

Bunda shayır sol xalıq basına tu'sкen awır кu'nlerdi mun'lı-sherli tolg'anıslar arqalı ashıp beredi. Bunda jıraw-shayırdın epiкalıq talantı menen birge lirizmdi qollanıya sheberligi de кo'rinedi. «Posqan el» shıg'armasının' baslı personajlarınan biri- qız Minayım obrazı su'wretlenedi. Panasız qalg'an jas o'spirim qız Minayım posqan eldin кo'shine ga' ilesip , ga' qalıp ja'rdemge, qa'wenderliкке mu'ta'j boladı. Jiyen bul jetim qızdın ta'g'dirine aralasıp, onın ushın кo'p azap кo'redi, awır jag'daylarg'a duwshar boladı. Sog'an qaramastan shayır qarawsız jetim qızg'a qoldan кelgen ja'rdemin berip otıradı. Jiyen jolda Minayım menen asqar qumlardı asıp, кo'shin tu'sirip otırg'an bir baydın u'stinen shıg'adı. Ash adamlar o'zlerinin' qıyın awhalların bildirip, baydan nan sorasa, ol bularg'a adamgershiliк etip ja'rdem beriwdin' ornına awır azap beredi:

Bıdım-bıdım bet awzı,
Bir balası bar eкen,
Otır eкen to'rinde,
Tamaq iship tamsanıp...
Qasımdag'ı jetimge
Qaradı da jutındı,
Mag'an ayttı jeкirinip,
Toyg'annan son' tamaqqa,
Qayta-qayta кeкirip,
Mag'an ber mına qızın'dı,
Hayallıqqa alaman,
Jaman bo'sa negizi,
Qoy кeynine salaman.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Solay etip esersoq bay balası jas o'spırının qızın tartıp aladı, onı qorg'amaqshı bolıp qarsılıq bildirgen Jiyendi tayaqlap jıg'adı.

Shıg'armadag'ı jetim qız Minayımnın' basına tu'sken awır sawda epizodı shayır su'wretlegen syujetti, obrazlardı ha'r ta'repleme ashıp beredi.

Jiyen jırawdın' tolg'awları qaraqalpaq xalqı o'tmishinin' gu'wası. «Ullı taw» tolg'awındag'ı tiykarg'ı syujette el biylerinin' ala awızlıg'ı na'tiyjesinde xalıq qorlıqlı awhalg'a tu'sedi, el bu'linip bereketi qashadı, biylerdin' bir-birinen o'sh alıw ushın bolg'an o'z ara ja'njelleri tamam bolmaydı. Eldegi bunday awır siyasiy ha'm sotsiallıq jag'daylardı Jiyen jıraw tınısh turmıs keshiriwdi qa'leytug'ın puxara xalıqtın' ta'repdan bolıp jırlaydı.

Aldı-artım biyik jar eken,
Xanlardın' peyli tar eken,
Baylar menen biylerdin',
Etken qısıwmetinen,
Jaz ku'nlerim qar eken.
Nan tabalmay adamzat,
Qapılg'an qara zamanda,
İytten beter xor eken.
Ten'lik jetpey basına,
İshi da'rtke tolı eken.
Qayda barsan' ashıq joq,
Qurıwlı turg'an tor eken.
Jetim-jesir shuwlagan,
Bir tislem nang'a zar eken.

«Ullı taw» tolg'awı shayırdın' «Posqan el» tolg'awının' ideyalıq dawamı sıpatında bolıp, onda xanlardın', bay ha'm biylerdin' xalıqqa jasag'an qısımı, onı jo'nsiz tonawı, ta'biyat qıyınshılıqları sebepli eldin' bu'linip posqanı ta'riplengen. Ulıwma alg'anda, «Ullı taw» shıg'arması qaraqalpaq xalqı tariyxının' og'ada awır ku'nlerinin' gu'wası bolıp tabıladı.

Shayırdın «Posqan el» , «Ullı taw» tolg'awları qaraqalpaqlardı ata jurtı Tu'rkstannan Sırda'ryanın' ayag'ı, Quwanda'rya, Jan'ada'rya boylarınan ko'terilip, bul jerlerden posıp Xorezmge, yag'nıy, ha'zirgi jasap atırg'an jerlerine kelgennen keyingi bir a'sirlik da'wirinin' ko'rkem sa'wlesi bolıp tabıladı. Bul shıg'armalarında ol ha'r qanday qıyınshılıqqa, bu'lginshilikke, posqınshılıq, jawızlıq ha'm ten'sizlikke ushırag'an eldin' mun'-sherin, arzıw-a'rmanların ortaqlasadı. Onın' barlıq shıg'armalarında patriotlıq, gumanistlik ideyalar sa'wlelengen. Jiyen jırawdın' «Posqan el» ha'm «Ullı taw» tolg'awları qaraqalpaq xalqının' tariyxın, ta'g'dirin, onın' o'z betinshe xalıq bolıp ha'm basqa xalıqlar menen ten' bolıp jasaw ma'selelerin ortag'a taslawı jag'ınan da a'hmiyetli.

Solay etip, XVIII a'sirdin' ortaları ha'm ekinshi yarımında jasag'an Jiyen jırawdın' do'retiwshiligi XIV a'sirden baslanatug'ın qaraqalpaq



www.ziyouz.com kutubxonasi

jıraw-shayırları bolg'an Soppaslı Sıpıra jıraw, Asan Qayg'ı jıraw, Dospanbet jıraw, Mu'yten jırawlardın' poeziyasın ha'm ko'rkemlik jaqtan ha'm tariyxıy jaqtan juwmaqlaydı. Jiyen jırawdın' do'retiwshiligi XVIII a'sirdin' ekinshi yarımındag'ı qaraqalpaqlardın' ja'miyetlik turmısın, olardın' Sırda'rya boylarınan burıng'ı tariyxıy Watanı Xorezm alaplarına ko'ship qonıslanıwı sıyaqlı u'lken tariyxıy waqıyanı su'wretleydi. Sonday-aq Jiyen jıraw ullı talant ha'm aldın'g'ı oy-pikir iyesi bolg'anlıqtan o'zinen burıng'ı jıraw-shayırlardın' poeziyasın en' ba'lent shoqqıg'a ko'terdi, onı jan'a poetikalıq formalarda do'retilgen XIX a'sir qaraqalpaq poeziyasına tariyxıy, ideyalıq, ko'rkemlik jaqlardan ushlastırdı. XIX a'sirde jasag'an qaraqalpaq shayırları Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq, O'tesh h.b. XIV—XVIII a'sirlerdegi jıraw-shayırlarg'a qarag'anda basqasha tariyxıy ha'm a'debiy sharayatlarda jasadı ha'm do'retiwshilik etti. Sonlıqtan olardın' do'retiwshiligin o'zleri jasag'an da'wirdin' talaplarına ılayıq o'z aldına u'yrenemiz.

## KU'NXOJA İBRAYIM ULI

(1799 — 1880)

Ku'nxoja İbrayım ulı XIX a'sir qaraqalpaq poeziyasının' ko'rnekli wa'kili. Xalıqshıl, realist shayır sıpatında da o'zine zamanlas ha'm o'zinen son'g'ı xalıqlıq, demokratiyalıq bag'dardag'ı qaraqalpaq shayırlarının' ustazı sıpatında da onın' qaraqalpaq a'debiyatı tariyxındag'ı xızmeti ha'm tutatug'ın ornı ayrıqsha. Ol qaraqalpaq xalqının' xarezm oypatına kelip, Xiywa xanlıg'ı qolastına qarag'an jan'a da'wirdegi turmısın, jan'a tariyxıy jag'daylarg'a, ja'miyetlik ha'm sotsiallıq o'zgerislerge baylanıslı qaraqalpaq xalqı sanasındag'ı jetilisken milliy birlikke ha'm g'a'rezsizlikke, siyasiy sotsiallıq ten'likke umtılıw sezimlerin birinshi bolıp jırlawshı shayır boldı.

Ku'nxoja do'retpelerinin' ta'sirinde qaraqalpaq poeziyasının' sotsiallıq ha'm tarixıy mazmunı ayrıqsha o'tkirlesti, onın' tutas xalıqqa tiyisli milliy belgisi ha'm jazba a'debiyatlıq xarakteri ayqın qa'liplesti. Sonlıqtan da a'debiyat tarixshıları ku'nxojanı qaraqalpaq jazba a'debiyatının' tiykarın salıwshısı dep esaplaydı.

Ku'nxoja qaraqalpaq xalqı tariyxındag'ı jan'a ja'miyetlik qatnaslar sharayatında g'ana emes, al xalıqtın' milliy, sotsiallıq ruwxiy sanasının' o'siwi sharayatında da jasadı. Shayır jasag'an XIX a'sirdin' ortaları ha'm ekinshi yarımında Xiywa xanlıg'ında siyasiy ha'm ja'miyetlik turmıs turaqlı bolmadı. Xalıqtın' basım ko'pshiligi ka'mbag'al turmıs keshirdi. Sonın' menen birge iri feodallar materiallıq baylıqtın' u'lken



www.ziyouz.com kutubxonasi

bo'legin o'z qollarında usladı (jer, suw, o'ndiris quralları, mallar, jaylawlar ha'm.t.b.). Na'tiyjede ja'miyette u'lken sotsialıq ayırmashılıqlar, usı tiykarda sotsiallıq a'dilsizlik payda bolıp turdı. İri mu'lk iyelerinde, ha'meldarlarda baylıqqa ko'zsiz umtılıw, ashko'zlik, sotsiallıq ma'selelerge kewil bo'lmew jag'dayları mudamı ju'z berip turdı. Bul jag'daylar tuwralı Ku'nxojanın' «Oraqshılar», «Shopanlar», «Ku'n qayda», «Nege kerek», «Jetimnin' haqın jep qoyma», «El menen», «Zaman» qosıqları anıq gu'walıq beredi. Mısal:

Qarap tursan' bul zamang'a
Sonday jaysız shıbın jang'a,
Jılg'a, saylar toldı qang'a,
A'lewmet bul qanday jaman?
Malı barg'a hesh na'rse emes,
Olarg'a malsız ten' emes,
Aytsan' bul waq ku'n emes,
Qara tu'nek boldı zaman.

*(«Zaman»)*

Shayır bul awır sotsiallıq jag'daylardı o'z ko'zi menen ko'rip o'z basınan keshirip, olardan sotsiallıq, filosofiyalıq, etikalıq juwmaqlar shıg'aradı. Sotsiallıq motivler onın' didaktikalıq qosıqlarının' baslı ideyaları boldı. Sonday-aq, Ku'nxoja «Nege kerek» qosıg'ındag'ı didaktikalıq oy-pikirler, juwmaqlar o'zi jasag'an zamannın' sotsiallıq alag'atlılıg'ı isharat ekeni ko'rinip tur.

Xalıqtın' arın arlamasa,
Barı-joqtı barlamasa,
Ash ha'm toqtı qaramasa,
Awan basshı nege kerek?
Xalıqqa a'dil bolmasa,
Jılag'andı jubatpasa,
Xalıq tatqandı tatpasa,
Xalıq iyesi nege kerek?
Eki jaqtı ten' ko'rmese,
Tuwrı a'dillik bermese,
Xalıq penen oynap-ku'lmese,
Ka'tqudalar nege kerek?

*(«Nege kerek»)*

Qosıqta el ag'alarının' a'diwli wazıypaları anıq ha'm du'rıs belgilep berilgen. Ku'nxojanın' bul na'siyatları konkret sotsiallıq jag'daylardan, turmıslıq faktlerden kelip shıqqanı ko'rinip tur.

Ku'nxoja poeziyası qaraqalpaq a'debiyatındag'ı demokratiyalıq ag'ımlardın' sag'aları sıpatında qarawg'a boladı. Ol turmıstın' nag'ız qara qazanında qaynap pisken, o'miri xalıq penen aralasıp o'tken



www.ziyouz.com kutubxonasi

teren' bilimli shayır. Onın' qosıqlarının' basım ko'pshiligi o'zi ko'rgen awır turmıstı, sol da'wirdegi ka'sip iyeleri ha'm diyqanlardın' qıyın ku'n ko'risin sa'wlelendiriwge bag'ıshlang'an. Mısalı:

İyninde ku'nlik shapanı,
Paqalg'a tırnalıp sanı,
Ba'rqulla qıynalıp janı,
Atızda ju'r oraqshılar.

(*«Oraqshılar»*)

Yamasa:

Ordıq oraq, shaptıq otın, qazdıq jap,
Terdik masaq, iynimizge saldıq qap,
Jas o'mirler gu'ldey solıp boldıq sap,
Bul ju'risten endi bizge ku'n qayda?

(*«Ku'n qayda»*)

Shayır qıyın turmıstan, awır miynetten, azap shekken xalıqtın' nalısh yamasa narazılıq sezimlerin beriw arqalı sol da'wirdegi miynetkesh xalıqtın' sotsiallıq jag'dayların real ashıp berdi.

Ku'nxoja realizminin' ku'shi ba'rinen de burın XIX a'sirdin' qaraqalpaq ja'miyetinin' belgilewshi siyasiy man'ızı — sotsiallıq ten'sizlikti, sotsiallıq toparlar arasındag'ı qarama-qarsılıqtı ashıp beriwde ko'rinedi. Jallanba miynet adamlarının' awır awhalın, huqıqsızlıq jag'dayın, da'rbedarlıq o'mirin su'wretlewge shayır ko'p dıqqat bo'lgen. XIX a'sirdegi xalıq o'mirinin' u'lken bir shınlıg'ı bolg'an jallanba miynet adamlarının' o'mirine ayrıqsha kewil bo'liwi de Ku'nxojanın' o'z zamanının' realist shayırı bolg'anlıg'ın ayqın da'lilleydi. Mısalı: «Ku'n qayda?» qosıg'ında ku'nlikshilerdin' qullıq miynetleri:

Oraq orıp o'mir boyı boldıq qul,
Jumıs islep ala almadıq qara pul...

dep su'wretlep beredi. Sotsiallıq ten'sizliktin', puxara xalıqtın' huqıqsızlıq jag'dayının' su'wretileniwi shayır qosıqlarının' realistlik sıpatın ku'sheytip turadı. Bul qosıqta diyqanshılıqta ma'wsimli jumıslardı islep jallanıp ju'rgen adamlardın' turmısı, barlıq xarakterli belgileri menen ko'rsetiledi.

«Shopanlar» degen qosıg'ında shayır ashıq-a'ptadalıqtan betlerinen qanı qashıp, ku'ndiz-tu'ni tınımsız qos aydap, asqar qumlardı jalan'ayaq aralag'an, du'nyanın' barlıq ra'ha'tinen bos qalg'an, elsiz, qutsız qashqan qula du'zde ju'rgenlikten tilkim-tilkim bolıp, betleri torlanıp ketken, topıraqqa bılg'anıp, shan' jutip, ıssı da da, suwıqta da ay dalada to'seksiz jatqan, ko'z jasları menen Qızılqumdı sel etken shopanlar turmısının' ayanıshlı ko'rinisin sheberlik penen su'wretleydi.

Qaynag'an ıssıda qumlardı basıp,
Alan'lap ko'zleri, aqıldan sasıp,
Qoyıp jayılg'anda arqasın qasıp,
Ku'ni ushın ju'rgen g'a'rip shopanlar.
Kiyiminin' arasın tayaqlar tilgen,
Birazının' qolı otlarg'a ku'ygen.
Jası jetpey qıpsha beli bu'gilgen,
Sansız qoy keninde ju'rgen shopanlar.

Bul qosıqta ja'miyettin' sotsiallıq jaqtan qorg'almag'an miynetkesh qatlamının' hal-jag'dayı realistlikliк boyawlar menen ko'rsetiledi. Ku'ta' awır awhaldı qoy baqqan shopanlardın' miynet haqısı da ko'binese durıslap berilmey qaladı:

Qayısıp baqqanı baydın' qoyları,
Bir ılaqqa qu'sh jıl ju'rgen shopanlar.

dep shopanlardın' qıyın jag'dayın bu'rkelmesten ashıq atap ko'rsetedi.

Ku'nxojanın' el, xalıq ja'miyet haqqındag'ı ko'z qaraslarıп tu'siniwde onın' «El menen» qosıg'ı og'ada u'lken a'hmiyetke iye. Bul qosıqta shayırdın' sotsiallıq ideyaları bayan etiledi: Mısalı:

G'a'ziynesi tolısı altın aqshanın',
Ha'wli-ha'rem ja'ne bag'ıw-baqshanın',
Xalıqtı sorap turg'an xan ha'm patshanın',
Shalqıg'anı g'a'rip-qa'ser el menen.
Adamg'a qast etip miyrimi kelmes,
Kim jaqsı, kim jaman parqını bilmes,
Jılasan' da ko'zdin' jasını ko'rmes,
Patshan' jaman bolsa ku'nin' zar bilen.

(*«El menen»*)

Qosıqta shayır el-xalıqtın' jag'dayı sotsiallıq, a'dillik ma'selelerin ko'teriw menen birge o'z zamanındag'ı basqarıwshı toparg'a o'tkir ha'm a'dil sın aytadı. Shayırdın' «El menen» qosıg'ının' tag'ı bir a'hmiyetli ta'repi sonda, ol jaqsı keleshekti xalıqtın' birligi ha'mmenin' ja'm bolıp ha'reket etiwi arqalı jaqınlastırıw mu'mkin dep tu'sindiredi.

Xalıqtın' adam bolıp, xalıq bolıwı,
Qaran'g'ı tu'nektin' jarıq bolıwı,
Ko'kireginin' shadlıqlarg'a tolıwı,
Talap etse, hu'jim etse el menen

(*«El menen»*)

«Umıtpaspan» qosıg'ında Ku'nxojanın' ja'miyetlik,siyasiy jeke avtorlıq ko'z qarasları bayqaladı. Bul qosıqta shayırdın' o'zi jasap

turg'an da'wirdegi siyasiy tutımg'a qatnasları, ja'hil patsha tuwralı xalıqtın' ideyalg'a su'yengen pikirleri beriledi:

U'sh ag'ash tur ken' maydanda,
Ornalasıp qızıl qang'a
Qıyılıp ha'm shıbın jan da,
Turg'anların umıtpaspan.

Adam o'lgen jayıp qushaq
Ko'zdin' jası monshaq-monshaq,
Qollarında o'tkir pıshaq,
Ja'lladlardı umıtpaspan.

(*«Umıtpaspan»*)

Qosıqta XIX a'sir Xiywa qalasındag'ı jawızlıq ko'rinisler su'wretlengen. Olar shayırdın' a'dil patsha tu'wralı tu'siniklerine, ulıwma gumanistlik ko'zqaraslarına sa'ykes kelmeydi. Qosıqta lirikalıq qaharmannın' jaqsı patsha tuwralı ideyalarının', a'dalatlı turmıs tuwralı oylarının', a'rmanlarının', u'mitlerinin' ku'l-talqan bolıp qıyrag'anın ko'remiz. Sonlıqtan ol ma'mleketlik ta'rtiplerdi jetilistiriwge, xalıq turmısın jaqsılawg'a juwapker el basshısının' unamsız obrazın a'shkaralawshı satira menen jaratadı.

Xalıqtın' ayanıshlı turmısı, sotsiallıq a'dillik temaları shayırdın' «Jarımadım», «Menin' balam», «Yaranlar», «A'rmanda», «Balalar ma eken», qosıqlarında da ken' sa'wlelenilgen. Uluwma aytqanda, Ku'nxoja el-xalıqtın' ma'pin, miynet adamının' da'rtin jırlaytug'ın nag'ız xalıqshıl, demokrat shayır boldı. Ku'nxojanın' xalıqlıq, demokratiyalıq ideyalarg'a tolı shıg'armaları o'zine zamanlas ha'm song'ı da'wirlerdegi qaraqalpaq shayırları ushın ko'rkem-ideyalıq ta'jiriybe, u'lgi boldı.

## A'JİNİYAZ QOSIBAY ULI

(1824—1878)

A'jiniyaz — XIX a'sir qaraqalpaq a'debiyatının' klassik shayırı. Qaraqalpaqstannın' ha'zirgi Moynaq rayonı aymag'ında orta hallı xojalıqta tuwılg'an. Da'slep meshitte sawat ashqan, awıllıq medresede oqıg'an. Son'ınan Orta Aziyada belgili oqıw oraylarınan bolg'an Xiywadag'ı Qutlımurat inaq ha'm Sherg'azı xan medreselerinde bilim alg'an, ila'hiyat (din) iliminin' jetik mamanı bolıp shıqqan. Eline kelip meshitte bilimlendiriw jumısları menen shug'ıllang'an. Son'ınan Kishi Ju'z qazaqları arasında bir neshe ma'rtebe bolıp, Mırza Qojban degen iri feodaldın' qa'wenderliginde meshit ashıp bala oqıtqan. Turmıstın' tu'rli qıyınshılıqların basınan keshirgen. O'z zamanının'

teren' oy-pikirli, jetik bilimli adamı bolg'an. Onın' bul qa'siyetleri qosıqlarına teren' sin'dirilgen. A'jiniyaz o'z qosıqlarına **Ziywar** degen taqallus qoyıp jazg'an. «Ziywar» so'zlik ma'nisi boyınsha «sulıw, shıraylı» degendi an'latadı. Shıg'ıs poeziyasının' da'stu'ri boyınsha belgili shayır o'zinin' shıg'armalarına haqıyqıy atın emes, al **taqallus** yag'nıy shayırlıq laqabın qoyıp jazg'an. Taqallus qosıqtın' en' son'g'ı ba'ntine qoyılatug'ın bolg'an. Mısalı:

**Ziywarın'** xoshlasar qa'dirin'ni bilip,
Ko'zini yashartıp, bag'rını tilip.

A'jiniyaz (Ziywar) shayırdın' do'retiwshilik miyrası tiykarınan lirikalıq qosıqlardan ibarat. Olardın' tematikası ha'r qıylı: Watan teması, sotsiallıq tema, didaktikalıq tema, filosofiyalıq temadag'ı qosıqlar, muhabbat qosıqları h.t.b.

**Watan haqqındag'ı qosıqları.** Ha'r bir ko'rnekli shayır o'zinin' tuwılg'an jerin, elin su'yedi, olardı shayırlıq yosh penen jırlaydı. A'jiniyaz da o'zinin' tuwılg'an jerin shın ju'reginen su'ydi ha'm jırladı. Watan teması onın' poeziyasının' o'zek temalarınan boldı.

Begler ta'riyip etsem Qalpaq yurtını,
Xup a'jep tamasha elleri bardur.
Arif bolıp haq yolına erishken
Mu'rshiydi mukammal pirleri bardur.
(*«Bardur»*)

O'tirikti ıras etip aytpag'an,
Tuwrı joldan bas ketsede qaytpag'an,
Nama'hremdi hasla joldas tutpag'an.
Atı qaraqalpaq ellerim bardı.
(*«Ellerim bardı»*)

Bul qosıqlar lirikanın' ta'riyp (maqtaw, arnaw) janrında jazılg'an. Olarda shayır qaraqalpaq elinin' jaqsı jaqların ko'terin'ki, maqtanısh sezimleri menen jırlaydı, onın' ruwxıy kamalatqa erisken ulamaların (ariflerin, jetik pirlerin), qaraqalpaqlardın' xalıqlıq xarakterin, tu'rli-tu'rli an'ları menen jemislerin, a'dep-ikramlı ha'm go'zzal qız-jawanların, «o'rug'lıday batır jigitlerin, el basqarg'an ataqlı biylerin teren' hu'rmet ha'm su'yiwshilik penen maqtaydı, solar arqalı pu'tkil qaraqalpaq elinin' atın ko'teredi.

Ziywar Watan temasına arnalg'an bir qatar qosıqlarında jat ellerde ju'rgen adamnın' o'z watanınan ayra tu'sip, onı an'sap, ju'regin sag'ınısh sezimleri biylegen halatı beriledi:

Arzıw a'yler kewlimiz o'z ywrtımızg'a barg'alı,
Yarıw-doslar ha'm qa'dirdan bila'n birga' yu'rgeli,

Ra'him a'yle patshahım, elge jetker sen meni,
Ya ila'him, elimdi ko'rer ku'nler bar ma eken?
(*«Bar ma eken»*)

Tuwılg'an eldi, ata-ananı, ul-qızdı, doslardı sag'ınıw, su'yiw, olarg'a sadıqlıq sezimleri, bir so'z benen aytqanda Watandı su'yiw motivleri A'jiniyazdın' «Bozataw», «Qal imdi», «Bar ma eken?», «Xosh imdi», «Shıqtı jan», «Sa'lem degeysen'», «Jaqsı», «A'jiniyazdın' Qız Men'esh penen aytısı» shıg'armalarında ayqın sa'wlelengen. Ulıwma alg'anda, A'jiniyaz poeziyasında Watan teması belgili bir ko'rkem kontsepsiya, ideya sıpatında (Watandı su'yiw, patriotizm tu'siniklerinin' sisteması, du'zimi sıpatında) ko'teriledi ha'm sa'wlelenedi.

**Sotsiallıq temadag'ı qosıqları.** A'jiniyaz do'retiwshiliginin' belgili bir bo'legin sotsiallıq temadag'ı qosıqları quraydı. Shayır olarda zaman ten'sizligin, xalıqtın' sotsiallıq qıyın jag'dayların, a'dalatsızlıqlardı bu'rkemey ko'rsetedi, zorlıqtı, insapsızlıqtı, basshı toparlardın' biybastaqlıg'ın h.b. unamsız qubılıslardı o'tkir sıng'a aladı.

**Sotsiallıq temadag'ı qosıqları.** A'jiniyaz do'retiwshiliginin' belgili bir bo'legin sotsiallıq temadag'ı qosıqları quraydı. Shayır olarda zaman ten'sizligin, xalıqtın' sotsiallıq qıyın jag'dayların, a'dalatsızlıqlardı bu'rkemey ko'rsetedi, zorlıqtı, insapsızlıqtı, basshı toparlardın' biybastaqlıg'ın h.b. unamsız qubılıslardı o'tkir sıng'a aladı.

Xalıq sorag'an atalıqqa,
İsin ju'ritip qatalıqqa,
Ku'sh berip o'nbes salıqqa,
Xalıqtı postırg'an shul kerek.

O'mirinshe jarımay pulg'a,
İsi baspay ba'rha on'g'a,
Sor qaynag'an sorlı qulg'a
Jaynap-jasnar zaman kerek.
(*«Kerek»*)

Qudayım saqlasın zalım patshadın,
Tila'kin'ni tila' qa'dir qudadın.
(*«Bolmasa»*)

Bul qosıqlarda lirikalıq qaharmannın' zamang'a, ja'miyetlik du'zimge, eldi jag'daysız basqarg'an a'meldarlarg'a qattı narazılıg'ı, turmıs qısıwmetinen, sotsiallıq a'dilsizlikten payda bolg'an qıynalıw, mun'-sherge tolı sezimleri real sa'wlelengen. Shayırdın' «Kerek», «Bolmasa», «Ko'rin'» h.b. qosıqlarında da lirikalıq qaharmannın' kewil-keypin, mun'-sherin beriw arqalı u'lken ja'miyetlik ha'm turmıslıq ma'seleler ko'teriledi. Solay etip A'jiniyazdın' sotsiallıq temadag'ı qosıqlarında



www.ziyouz.com kutubxonasi

o'zi jasap turg'an ortalıqqa, sotsiallıq jag'daylarg'a, ja'miyetlik ta'rtiplerge ko'zqarasları, olar tuwralı tu'sinikleri anıq beriledi.

## Didaktikalıq lirika

Adamdı iyman-insap, ilim-bilim, aqıl-na'siyat jolları menen ta'rbiyalaw, tutas ja'miyetti usı jollar menen rawajlandırıw, a'yyemgi zamanlardan berli kiyatırg'an, tu'rli da'wir sınaqlarınan o'tken da'stu'rli jollardan bolıp sanaladı. Ruwxiy du'nyanın' bunday ta'repleri ilimde didaktikalıq oy-pikirler yamasa didaktikalıq ideyalar dep ataladı. Didaktikalıq temadag'ı shıg'armalar insan kelbeti, onın' ja'miyettegi ornın, ja'miyetke qatnasların etikalıq ko'zqaraslardan, yag'nıy adamgershilik pazıyletler, adam huqıqları, azamatlıq wazıypalar ko'zqaraslarınan sa'wlelendiredi.

XIX a'sirdegi qaraqalpaq shayırları, sonın' ishinde A'jiniyaz aqıl-na'siyat qosıqların ko'p jazg'an. Na'tiyjede aqıl-na'siyat qosıqları o'z aldına lirikalıq janrg'a aynaladı. Qaraqalpaq shayırları xalıq didaktikalıq poeziyasının', Xoja Axmet Yassawiydin', a'sirese Maqtımqulının' didaktikalıq janrdag'ı jetiskenliklerin do'retiwshilik penen o'zlestiredi. Olar o'z qosıqlarında o'zlerin qorshap turg'an ortalıqtın', konkret turmıstın' talaplarına muwapıq ja'miyetlik ta'rtipler, turmıs-tirishilik sharayatları, a'dep-ikramlılıq, ilim-bilim, ta'lim-ta'rbiya ma'seleleri haqqında oy-pikir ju'ritedi, olardı jaslarg'a ug'ındıradı, ken' xalıqqa na'siyat etedi.

Qazı bolsan' a'dil bolıp yol sorg'ıl,
Bay, paqırıw, bek, sultana ten' turg'ıl...
Patsha bolsan' a'dilden qoy qazını,
Puqaranın' qıy a'ylama yazını...
G'aniy (bay) bolsan' qayır-saqawat a'yle,
Jetim g'a'riplerge sha'pa'a't a'yle.

(*«Na'siyat»*)

Kisinin' yarına ku'lip baqqannan,
Shıbın jının' ıshqı otına jaqqannan,
O'z boyın'a tu'rli nasaq taqqannan,
O'z yarın'nın' ta'rbiyasın ber jaqsı.

(*«Jaqsı»*)

Bul qosıqlarda el basshısının' ma'mleketlik wazıypaları, el azamatlarının' puqaralıq, adamgershilik minnetleri, jeke adamnın' minezqulqı, o'zin tutıw, ju'ris-turıs a'depleri, sonday-aq erli-zayıplardın' parızları ma'seleleri ko'teriledi, olar ja'miyetlik ta'rtipler, azamatlıq

parızlar, shariat nızamları ko'zqaraslarınan sa'wlelendiriledi. A'jiniyazdın' «Bolurmı», «Ayrılsa», «Ha'r jerlerde dilgir mu'ta'j bolsan'ız», «Ha'r kim hatam bolur paniy du'nyada», «Kerek», «Jigitler«, «Bolmas», «Ha'r kimsanın' yarı bolsa», «Ba'rshe birdey bolg'an emes», «Kerekti», «Arjag'ında bolmag'ansha» qosıqlarında da adamnın' ja'miyettegi ornı, ju'ris-turısı, sotsiallıq a'dillik, iyman-insap, qayırsahawat, jaqsılıq ha'm jamanlıq, miyrim-sha'pa'a't ha'm zulımlıq ma'seleleri didaktikalıq ko'zqaraslardan sa'wlelendiriledi.

Solay etip A'jiniyazdın' didaktikalıq oy-pikirleri ma'zi shayırlıq yoshtan tuwılg'an subektivlik qıyallardan ibarat emes, al olar shayır jasap turg'an XIX a'sirdegi tariyxıy sharayatlardan, ja'miyetlik du'zimnen, turmıs o'zgesheliklerinen kelip shıg'adı.

## Filosofiyalıq lirika

Filosofiyalıq lirika degende jaratılıs, ja'miyet ha'm ondag'ı qubılıslar, insan ha'm olardın' payda bolıwı haqqında, adamnın' ja'miyetlik ornı ha'm xızmeti haqqında oy-pikirler menen suwg'arılg'an qosıqlarg'a aytamız. Ha'r qanday shayır filosofiyalıq mazmung'a iye qosıqlar jaza bermeydi, al du'nya ha'm ja'miyet tuwralı o'z zamanına ılayıq teren' bilimge iye, olar tuwralı teren' oy-pikir ju'rite alatug'ın shayırlar g'ana filosofiyalıq qosıqlar jaza aladı. A'jiniyaz usınday shayırlardan edi. Sonlıqtan onın' bir qatar shıg'armalarında filosofiyalıq oy-pikirler sa'wlelengen. Olarda jaratılıs ha'm insan haqqında musılman du'nyasında ken' tarqalg'an oy-pikirlerdi poeziya menen beredi.

Qu'direti ku'shlidur e qılsa subhan, (jaratqan)
Ko'pten son' jarattı topıraqtan insan,
Kimi ka'pir boldı, kimi musılman,
Ba'rshenin' atası adam demishler.

(*«Demishler»*)

Shayır bul qosıqta xalıq arasında ken' tarqalg'an musılman mifologiyası elementlerin ken' qollanadı. Gu'lli a'lemdi jaratıwshı quda dep tu'sinedi, adamıdı topıraqtan jaratılg'an dep biledi, demek adam jaratılısı boyınsha materiallıq tiykarg'a iye. Musılman ha'm ka'pir (dinsiz yamasa g'ayrı din) bolıp son' bo'lingen, olar ideologiyalıq qubılıslardın' na'tiyjesi, negizinde adamnın' biologiyalıq tiykarı bir, topıraqtan jaratılg'an. Sonday-aq bul du'nya o'tkinshi, paniy, ja'ne sheksiz, waqıt o'lshemine sıymaydı. «Bilemen neshshe mın' jıl keshti aradan, Bul du'nya bir g'ana zaman demishler».

Filosofiyalıq oy-pikirler A'jiniyazdın' geypara shıg'armalarında hikmetli so'zler yamasa didaktika arqalı da beriledi. Shıg'ıs poeziyasının'

danıshpanları Nawayı, Fizuli, Maqtımqulılardın' ko'pshilik filosofiyalıq oyları didaktika menen baylanıslı. A'jiniyaz olardan u'lgi alıp, a'sirese Maqtımqulının' poetikalıq jolın tutıp, adamnın' ja'miyetlik ornı, onın' o'mirinin' mazmunı tuwralı oy ju'ritedi, insandı ayrıqsha ulıg'laydı.

Bul du'nyanın' ko'rki adam balası,
Sol adamnın' ko'kke jeter nalası.

(«*Ayrılsa*»)

A'jiniyazdın' biraz qosıqlarında filosofiyalıq oy-pikirler etikalıq ko'zqaraslardan beriledi. Olarda jaqsılıq ha'm jamanlıq, iyman-insap, miyrim-sha'pa'a't, zulımlıq sıyaqlı etikalıq ma'seleler konkret turmıs, ja'miyetlik ta'rtipler tiykarında aytıladı. Mısalı: «Aqıllı yaqshının' giynesi bolmas, Yaman adam giyne tutsa umıtpas» («Bolmasa»), «Etpegen qayır-sahawat, Miywasız bir talg'a megzer« («Megzer»), «Ha'r kimler etedi maqsud-murada, Durıs bolsa ıqlas penen niyeti» («Ha'r kim Hatam bolur»).

A'jiniyazdın' ayırım qosıqlarında bul du'nyanın', a'sirese onda jasap atırg'an ba'rshe tiri maqluqlardın', sonın' ishinde adamlardın' paniy (waqıtsha, o'tkinshi) ekeni aytıladı.

Men a'yla'sa'm bir-bir bayan,
Paniy ermish ushbu ja'ha'n.
Ba'rsha' bul du'nyag'a mehman,
Tiri yu'ra'r zaman yoqtı.

(«*Yoqtı*»)

## MUHABBAT QOSIQLARI

Janrlıq qa'siyetleri boyınsha muhabbat qosıqları lirikalıq qaharmanlardın' ju'rek to'rinen shıqqan mo'ldir sezimlerin beredi. Ashıqlıq qosıqlarında lirikalıq qaharmandı adamg'a ta'n hasıl qa'siyet bolg'an shın kewilden su'yiw sezimleri biyleydi, ol usı sezimler qursawında boladı. A'debiyattanıw iliminde muhabbat qosıqların **intim lirikag'a** jatqaradı. Bul termin latın tilindegi intimus so'zinen alıng'an bolıp, so'zlik ma'nisi boyınsha ku'ta' teren', ku'ta' ishki degendi an'latadı. İntim lirika lirikalıq qaharmannın' ju'regin awırtıp shıqqan sezimlerin, jeke da'rtlerin, ahıw-zarın beredi. Muhabbat sezimleri de jeke da'rtlerge jatadı. Qaraqalpaq a'debiyattanıw iliminde ayırım miynetlerde intim lirikanı **pinhamı lirika** dep te ju'ritedi.

A'jiniyazdın' muhabbat lirikasının' ko'pshiligi romantikalıq usılda jazılg'an, yag'nıy muhabbat ila'hiy bir sezim, al ashıq-mashıqlar ku'ndelikli turmıstın' mayda-shu'ydesinen a'lle qayda joqarı turatug'ın, muhabbatqa sadıq ilahiy insanlar bolıp sa'wlelenedi.

Qara ko'zli, shiyrin so'zli dilbarım,
Sendin o'zge sa'wer yarım yoq menin'.
Taza gu'listanım, mohi a'nwarim,
Ha'siretin'nen hesh qararım yoq menin'.
Seni ko'rsem bolur menin' kewlim shad,
Ja'ha'nnin' g'amiydin bolurman azad,
Na'zakat babında qa'matin' shamshad, (sulıw daraq)
Sendin o'zge u'lfikarim yoq menin'.

(«*Yoq menin'*»)

A'jiniyazdın' lirikalıq qaharmanı (ashıq) o'z mashıg'ına jan-ta'ni menen berilip, onı essiz su'yedi, onın' ushın jismaniy ha'm ruwxiy azaplarg'a giriptar boladı, biraq bul azaplarg'a to'zim beredi, o'z muhabbatınan bezip ketpeydi, muhabbatqa isenip jasaydı.

Tınbas keshe-ku'ndiz ko'zim giryanı, (ko'z jası)
Bolıpman men anın' bag'rı biryanı, (ku'ygeni)
Jismimdi o'rtedi dag'ı, hijranı,
Ko'zde yashım to'kip ketti shul pa'riy.

(«*Bir pa'riy*»)

Muhabbat teması A'jiniyazdın' «Bir janan», «Go'zzallar», »Bir pa'riy», «Yol bolsın», «Sa'wdigim», «Ha'r kimsanın' yarı bolsa», «Dildarım», «Tu'ser» qosıqlarında ha'r ta'repleme sa'wlelengen. Olarda ashıq o'z mashıg'ın ju'reginen su'yedi, onın' azabında ku'yip-janadı, mashıg'ına shın beriledi, sadıq boladı, og'an ju'rek sezimlerin arnaydı, pu'tkil o'mirin bag'ısh etedi. A'jiniyaz jırlag'an ashıqtın' kewil sarayı usınday hadal ha'm mo'ldir sezimlerge tolı.

A'jiniyazdın' muhabbat jırları ma'zi kewil ashar yamasa zıyapat qosıqları emes, olarda muhabbat ma'selesi pu'tin bir filosofiyalıq kontsepsiya sıpatında ko'teriledi. A'jiniyaz kontsepsiyası boyınsha muhabbat sotsiallıq qubılıs emes, al sotsiallıq ayırmashılıqlarg'a bag'ınbaydı, ol «shahıw-gada»g'a birdey ta'n bolg'an hasıl ha'm ila'hiy sezim. A'jiniyazdın' muhabbat kontsepsiyası teren' lirikalıq sezimler, joqarı da'rejedegi ko'rkemlik penen sa'wlelengen.

## A'JİNİYAZ MUXAMMESLERİ

Qaraqalpaq poeziyasına Shıg'ıs lirikasının' muxammes janrın birinshi ma'rtebe engizgen A'jiniyaz boldı. Muxammeslerdi xalıq tilinde «muxallesler» dep atag'an, olar xalıq baqsıları repertuarınan ken' orın alıp, o'z aldına «muqalles» namaları payda bolg'an.

Muxammes qosıq qurılısı boyınsha Shıg'ıs poeziyasının' aruz o'lsheminde jazılatug'ın lirikalıq janr. Bes qatardan ibarat bir neshe



www.ziyouz.com kutubxonasi

ba'ntlerden turadı, a-a-a-a-a, b-b-b-b-a, v-v-v-v-a, g-g-g-g-a ta'rizinde uyqasadı. Muxammesler ha'r qıylı temalarda jazıladı. Olardan muhabbat ha'm filosofiyalıq temalarg'a jazılg'anları кo'birек кo'rinedi. A'jiniyaz o'z muxammeslerinde ıshqı-muhabbat, ayralıq, sag'ınısh, o'кinish, su'yiniw, tolqınlanıw usag'an ishкi sezimlerdi, ruwxiy tolg'anıslardı beredi.

Ko'p salam mendin biradar, ashnayıw duwjahan -a
Shiddatiy ruzıy qıyametdin yaman, - a
Altı san alashnı gezdim, tapmadım namıw-nıshan, -a
İnshalla gu'zge bararman, bolsam aman, -a
Ah dariyg'a, wah driyg', mın' sanı yarman, shıqtı jan. -a

*(«Shıqtı jan»)*

Bul muxammeste lirикalıq qaharman ju'reк sırların, arzıw-a'rmanların, basınan кeshкen azapların bayan etedi.

A'jiniyaz muxammeslerinen «Beri кel», «Ay a'lip», «Oyan» ashıqlıq temasına, «Ko'zlerim», «Shıqtı jan» nalısh, o'кinish, «Qız Oraz» ta'riyip, maqtaw, «Kereк» ha'zil-da'lкeк temalarına jazılg'an. A'jiniyaz o'z muxammeslerinde кo'rкemlewdin' ha'r qıylı usılların orınlı ha'm o'nimli qollanıp, olardı tu'rlendirip, jilwalandırıp jiberedi. Mısalı, onın ıshqı - muhabbat temasına jazılg'an «A'y a'lip», «Beri кel» muxammeslerinde Shıg'ıs poeziyasındag'ı da'sturli so'z oyını usılları sheber isletilgen.

A'y-a'lip кim aq yu'zin'dur, ayni alam anwariy, -a- 14 buwın
Be-belin' qıpsha dilbar, кo'z g'anan' shaxla wa'liy, - a- 14
Te-tisindur dana-dana la'blerin'nin' pallariy, - a- 15
Se-sorıp shiyrin la'bin' qanadurman a'y pa'riy. - a - 14
Jim-jamalın' кormegenshe, zarı-giryan Ziywariy. -a- 15

Mısalg'a кeltirilgen muxammes a'lipbe ta'rtibinde jazılg'an, bes qatarlı segiz ba'ntten ibarat, a'lipbenin' barlıq ha'riplerine qatarlar baylang'an, qatarları 14-15 buwınlı, a-a-a-a-a, b-b-b-b-a, v-v-v-v-a ta'rizinde uyqasadı, ashıqlıq temasın sa'wlelendiredi. A'jiniyazdın' «Beri кel» muxammesi de a'lipbe ta'rtibinde jazılg'an , bes qatarlı altı ba'ntten turadı, bul da ashıqlıq temasına bag'ıshlang'an.

A'jiniyaz XIX a'sir qaraqalpaq poeziyasına muxammeslerdi engizip, olardı a'debiy janr sıpatında qa'liplestiredi. Onın' muxammesleri teren' mazmunlı, кo'rкemligi joqarı, sonın' menen birge olar qaraqalpaq xalqının кo'rкem-estetiкalıq ug'ımlarına, tu'siniкlerine, talaplarına shaqlap jazılg'an. A'jiniyazdın' muxammes jazıw ta'jiriybesi ha'zirgi zaman qaraqalpaq shayırları ta'repinen кen' paydalanılmaqta.

## «BOZATAW» POEMASI

A'jiniyazdın' «Bozataw» poeması — qaraqalpaq xalqının' basınan кeshкen tariyxıy ha'm tragediyalıq waqıyanı кo'rкem sa'wlelendiretug'ın

shıg'arma. A'jiniyaz do'retiwshiligin u'yrengen a'debiyatshılardın' barlıg'ı derlik «Bozataw» dı tariyxıy mazmundag'ı shıg'arma dep tanıydı ha'm onı tariyxıy jır yamasa tariyxıy poema dep ataydı.

«Bozataw»da jawgershilik ha'm posqınshılıq jagdayları sa'wlelenedi. Bul jag'ınan «Bozataw» o'zinen aldın'g'ı a'sirlerde do'regen «Ormambet biy», «Posqan el» tolg'awlarına keyip beredi. Shıg'armada XIX a'sirdin' ortalarında (1858-jıl) o'tken tariyxıy Bozataw waqıyası so'z boladı. Tınısh otırg'an elge tu'rkmen baspashılarının' basıp kiriwi, eldi shabıwı, adamlardı bende etip aydap ketiwi teren' lirizm ha'm dramatizm menen jırlanadı.

Kimse shahiyd boldı, jandın ayrıldı,
Kimse gada boldı, maldın ayrıldı,
Kimse ko'zi qunqarıdın ayrıldı,
Bashın'a qıyamet tu'shti Bozataw.

Ziywarın' xoshlasar qa'dirin'ni bilip,
Ko'zini yashartıp, bag'rını tilip,
Aman bolsa hal sorasar bir kelip,
Xosh aman bol , bizden qaldın' Bozataw.

Shıg'armada shayır Watannan, tuwıp-o'sken ma'kannan ayra tu'sken adamnın' ahıw-zarın, tınısh eldin' posıp bu'lginshilikke ushırawın teren' lirikalıq sezimler menen beredi, waqıyalardı ju'rek eleginen o'tkerip, o'z ju'regindegi Watan da'rtin qayg'ı-ha'siretlerin ulıwma xalıqlıq da'rtlerge ushlastıradı ha'm teren' lirizm arqalı xalıqlıq tragediyanı beredi. Shıg'armada o'zinin' baslanıwına, rawajlanıwına ha'm juwmaqlanıwına iye epikalıq syujet ha'm epikalıq personajlar ko'rinbeydi, waqıyalar joqarıda eskertip o'tilgenindey lirikalıq qaharmannın' ju'rek sezimleri arqalı sa'wlelengen. Demek, «Bozataw»-o'zinin' janrlıq ta'biyatı boyınsha lirikalıq shıg'arma. U'lken tariyxıy waqıya lirikalıq qaharmannın' ju'rek sezimleri arqalı berilgenlikten «Bozataw»dı lirikalıq poema dep belgilew mu'mkin.

A'jiniyazdın' «Bozataw» poeması qaraqalpaq a'debiyatı tariyxında Watan, xalıq ta'g'diri temasın jırlaytug'ın teren' mazmunlı, ta'sirli ullı shıg'armalardın' biri bolıp sanaladı. Sonlıqtan xalıq onı yadqa bilgen ha'm belgili «Bozataw» namasına salıp aytqan.

## A'JİNİYAZ BENEN QIZ MEN'ESHTİN' AYTISI

Ko'rkem so'z o'nerinde aytıs janrının' o'zine ta'n talapları, belgileri bar. Aytıslar eki tu'rge bo'linedi: awızeki aytıs ha'm shayırlar aytısı (jazba tu'rde). Awızeki aytısqa aytısıwshılar toyda yamasa qanday da bir jıyında ju'zbe-ju'z ushırasıp, da'sme-da's aytısadı. Aytısıwshılar

improvizatsiya (aldın-ala tayarlıqsız, suwınp salmay) jolı menen so'z jarısına tu'sedi. Olar jen'iske erisiw ushın geyde bir-birinin' tu'rli kemshiliklerin betine basıp mineydi, sınaydı. Aytıs shayırlardın' improvizatsiyalıq talantın belgilep beretug'ın qızıqlı janr. A'jiniyaz ta'g'dir aydap qazaqtın' aqın qızı Men'esh penen aytısqa tu'sip, o'zinin' shayırlıq talantın, improvizatorlıq uqıbın ko'rsetken. Men'esh te o'zi ma'ka'n etken o'n'irde top ayırıp shıqqan, o'len' so'zdin' sheberi, asqan aqın, talay aqınlar menen jarısqa tu'sip ba'ygi alg'an, mereke-jıyın, toy-dumannın' ko'rki bolg'an qız. («Biledi Men'esh dese Kishi, Ullı ju'z»). A'jiniyazdın' o'zi bergen mag'lıwmatqa qarag'anda, ol qız Men'esh penen qırq jasında aytısqan(«Jılım qoy, jasım qırqta, ay Qız Men'esh»). Bul aytıs xalıq arasına ken' tarqalıp, onın' teksti Tashkentte shıg'atug'ın «Tu'rkstan wa'layatı» gazetasında birinshi ma'rtebe 1878-jılı basılg'an.

A'jiniyaz Kishi ju'z qazaqları arasına Qojban degen iri feodaldın' qaramag'ındag'ı meshitlerde mollashılıq etedi. Ol zamannın' u'rdisi boyınsha u'lken baylar toyg'a mira't etilse, qasına gu'reske tu'setug'ın palwanın, ba'ygige tu'setug'ın atın, aytısqa tu'setug'ın aqın, shayırların alıp baratug'ın bolg'an. Mırza Qojban u'lken bir toyg'a mira't etilgen. A'jiniyaz o'zinin' mollashılıg'ın sıltaw etip aytısqa tu'siwdi qa'lemese de, Mırza Qojban Kishi ju'zdin' ataqlı aqın qızı Men'esh penen aytısqa tu'sesen' dep, toyg'a zorlap alıp barg'an. (Qoymadı hesh erkime Mırza Qojban, Tusında aq Men'eshtin' o'len' ayt dep).

A'jiniyazdın' Qız Men'esh penen aytısı usı janrdın' da'stu'ri boyınsha at-jo'n, urıw, el sorasıw, jol bolsın sorawdan baslanadı.

Men'esh: Qalpaqpısan', sartpısan', o'zbekpisen'?
A'ken'nin' qoyg'an atı kim, su'yegin' kim?

A'jiniyaz: A'kemnin' qoyg'an atı Hajıniyaz,
Urıwım qaraqalpaq, sol su'yegim.

Men'esh: Qaraqalpaq degende jurt bolıp pa?
Degenin' qaraqalpaq nemene edi?...

A'jiniyaz: Qaraqalpaq qazaq penen ten'be-ten' jurt,
Ko'rmey, bilmey sırtınan qılmay mazaq.

Bunnan son'g'ı soraw-juwaplarda qaraqalpaq jigitlerinin', qızlarının' sıpatlaması beriledi, qaraqalpaqlardın' xalıqlıq belgileri u'rp-a'detleri, da'stu'rleri su'wretlenedi. Bul su'wretlemelerde A'jiniyazdın' o'z elin, xalqın, jigit-qızların maqtanısh etedi, tuwılg'an Watanına, xalqına bolg'an su'yiwshilik sezimleri ayqın ko'rinedi.

Aytısta shayırlar eldegi sotsiallıq ma'selelerdi tirek etip birinin' u'stinen biri jen'iske erisiwge urınadı, biraq aytıstın' barısında qazaqlar da, qaraqalpaqlar da sotsiallıq jag'day to'men da'rejede ekenligi ashıladı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Men'esh: Astırttan qalpaq кeler jetelengen,
Ha'r u'yden pa'tiya berip nan tilengen,
Xojaкe, senin' elin' mırza bolsa,
Keledi qalpaq nege tentiregen...

A'jiniyaz: Ha'r eldin' onday ashı bolmay ma eкen?
Ash qazaq bizin' elde onnan da кo'p...
Bul zaman кelme-gezeк sonday zaman,
Aytasan' onın' nesin salıq qılıp.

Aytıs dawamında eкi eldegi sotsiallıq jag'day, hayal-qızlar ten'sizligi, adam huqıqı, iri mu'lк iyelerinin', a'meldarlardın' zorlıg'ı tuwralı haqıyqatlıq ashıladı. Aytıstın' son'ında A'jiniyazdın' ulama sıpatında oqımıslılıg'ı, joqarı ma'deniyatı кo'rinedi. Ol Men'eshti jen'dim dep masayrap кetpeydi, o'zinin' insanıylıq pazıyletlerin saqlap, Men'eshti hu'rmet etedi. Aytıs A'jiniyaz ushın qarsılasın muqatıw, кemsitiw, baspalatıw quralı emes, al so'z o'nerinin' jarısı, til ju'yriкligin, oy-o'ristin' кen'ligin belgileytug'ın maydan. Bunı aqıl-oyı teren' Men'esh te jaqsı tu'sinedi. So'z jarısınan son' qarsılaslar aytıs babında aytılg'an qattı-qayrım so'zlerdi da'rhal umıtıp, bir-birin hu'rmet etedi. A'jiniyaz ulama sıpatında aytıstag'ı qarsılası Men'eshкe jıllı-jıllı so'zler aytıp, haq pa'tiyasın beredi.

«A'jiniyaz benen Qız Men'eshtin' aytısı»-qaraqalpaq a'debiyatında aytıs janrın ha'r ta'repleme toltırıp, onı joqarı da'rejege jetкergen shıg'arma. Bul aytıs ulıwma insanıylıq ideyalardı sa'wlelendiriwi ha'm sotsiallıq jag'daylardı qozg'awı menen urıw yamasa awıl shen'berindegi jadag'ay aytıslardan a'lle qayda joqarı turadı. Onda eкi aytısıwshının' da til ju'yriкligi, du'nya, ja'miyet, sotsial turmıs haqqında oy-piкirinin' teren'ligi кo'rinedi. Aytıstın' janrlıq ta'biyatına ılayıq satiralıq su'wretlew meylinshe кen' qollanılg'an. Onda ironiya (mısqıl), sarкazm, tu'yreme so'zler кo'p ushırasadı, sonday-aq metafora, epitet, ten'ew sıyaqlı su'wretlew qurallarıı da o'nimli qollanıladı.

## BERDAQ G'ARG'ABAY ULI

(1827—1900)

Qaraqalpaq a'debiyatı tariyxında Berdaq (Berdimurat) G'arg'abay ulının' do'retiwshiligi ayrıqsha orın tutadı. Ol XIX a'sir qaraqalpaq a'debiyatın ha'm ideyalıq mazmunı, ha'm кo'rкem-estetiкalıq da'rejesi boyınsha joqarı shın'larg'a кo'terdi. Ol adamnın' кewil tuyg'ıların, ju'reк da'rtlerin qozg'aytug'ın, oqıg'anda yaкi tın'lag'anda tu'rli sezimler, teren' oy-piкirler oyata alatug'ın joqarı кo'rкemliкtegi liriкalıq shıg'armalar do'retti. Sonday-aq joqarı insanıylıq qa'siyetlerdi, xalıqtın'



www.ziyouz.com kutubxonasi

o'zligin, milliy sana-sezimin, tariyxın sa'wlelendiretug'ın ha'm usı qa'siyetlerdi ta'rbiyalay alatug'ın «Axmaq patsha», «Shejire», «Amangeldi«, «Aydos baba», «Ernazar biy» sıyaqlı epikalıq shıg'armalar do'retti. Olar qaraqalpaq xalqının' a'debiyatı ha'm ulıwma ma'deniyatı tariyxında ko'rnekli orın iyeleydi.

Berdaq XIX a'sir qaraqalpaq a'debiy tilin qa'liplestiriwge, rawajlandırıwg'a u'lken u'les qosqan shayır. XVIII-XIX a'sirlerge kelip tu'rkiy xalıqlarg'a ortaq bolg'an on a'sirlik eski tu'rkiy a'debiyat ha'm tu'rkiy a'debiy til o'zinin' tariyxıy missiyasın (wazıypasın) o'tep bolg'an edi. Tariyxıy sharayatlarg'a baylanıslı bul bir pu'tin tu'rkiy miyras ornında jan'a o'zbek a'debiy tili, qaraqalpaq a'debiy tili, qazaq a'debiy tili qa'liplese basladı. Berdaq bul tariyxıy protsessti ku'ta' teren' sezdi ha'm tu'sindi. Sonın' ushın ol Ku'nxoja shayır baslap bergen jan'a qaraqalpaq a'debiy tilinin' qa'liplesiwine, rawajlanıwına ayrıqsha do'retiwshilik ku'sh saldı. Berdaq shıg'armalarının' tili ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' tiykarg'ı tireklerinen bolıp esaplanadı.

Berdaq 1827-jılı A'miwda'ryanın' quyar ayag'ında da'ryanın' on' jag'alıg'ında tuwılg'an. Jaslayınan ata-anadan jetim qalıp, turmıs qıyınshılıg'ın o'z basınan keshirgen. Ol o'z o'mirinde bir neshe tariyxıy waqıyalardın' gu'wası boldı. (1855-1856 jıllardag'ı Ernazar biy baslag'an xalıq azatlıq ko'terilisi, 1859-jıldag'ı Qon'ırat ko'terilisi, Xiywa xanlarının' tez-tez almasıwları, 1873-jılı Xiywa xanlıg'ının' Rossiya imperiyası ta'repinen jawlap alınıwı h.t.b.). Bul tariyxıy waqıyalar ha'm xalıqtın' sotsiallıq jag'dayı Berdaq shıg'armalarının' tiykarg'ı tematikası boldı. Qaraqalpaq xalqının' xalıq sıpatında qa'liplesiwi, milliy sana-sezimdi oyatıw, qaraqalpaq xalqının' keleshek ta'g'diri, miynet adamının' huqıqları, sotsiallıq jag'dayı, hayal-qızlar ta'g'diri, olardın' ja'miyettegi ornı, ilim ha'm ag'artıwshılıq-mine, Berdaq ko'tergen keskin ja'miyetlik, huqıqıy, milliy ma'seleler menen ideyalar. Bul o'tkir ma'selelerdi Berdaq aldın'g'ı demokratiyalıq oy-pikirler, teren' gumanistlik ideyalar menen suwg'aradı. Sonın' ushın da Berdaq — ullı oyshıl (filosof), demokrat ha'm gumanist shayır.

## Berdaqtın' didaktikalıq oy-pikirleri

Berdaq oyshıl shayır sıpatında ja'miyetlik illetlerdi, sotsiallıq tu'yin ma'selelerdi sheshiw jollarının' biri sıpatında insanda jaqsı pazıyletlerdi, ju'ris-turıs normaların, iyman-insap, miyrim-sha'pa'a't sezimlerin ta'rbiyalaw dep esaplaydı. Bul tuwralı onın' «Qashan rahatlanadursan'?», «Jaqsıraq», «Balam», «Xalıq ushın» «Bilgeysiz», «Nadan bolma» sıyaqlı ko'p sanlı qosıqları gu'walıq beredi. Olarda jeke adamnın' minez-qulqı,

ja'miyette o'zin tutıw a'deplerinen baslap, onın' miynetке, ja'miyetке, o'zinin' azamatlıq parızlarına, ruwxıy turmısqa qatnasları, neке, shan'araq ma'selelerine кo'zqarasları qozg'aladı.

**«Jigerli bol jastan balam».** Ullı shayırımızdın' tu'sinigi boyınsha ja'miyet izbe-iz rawajlanıp barıwı кereк, aldın'g'ı a'wladlar o'zlerinin' turmıs ta'jiriybesin, ruwxiy baylıg'ın кeyingi a'wladlarg'a o'tкerip barıwı tiyis. Berdaqtın' «Balam», «Bilgeysiz» qosıqları usı sha'rtler menen talaplardı sa'wlelendiredi. Bul qosıqlarda o'mirden, ja'miyetten endi g'ana o'z ornın izlep ju'rgen, turmısqa endi qa'dem qoyıp atırg'an jaslarg'a aqıl-na'siyat, ma'sla'ha't, jol-joba beriledi. Tuwrı jol menen igri joldın' qanday bolatug'ının tu'sindiredi. En' birinshi gezeкte ha'r bir azamat o'z eli, xalqı menen birge bolıwı кereк («Xalqın' qalmasın qasın'nan»). Shıg'armadag'ı lirикalıq qaharman jaman menen jaqsının' parqın biliwdi, jaqsı adamg'a (ba'lкim, ulamag'a, el basqarg'an biyge, qolı gu'l o'nermentке) erip, jamannan (g'ıybatкeshten, qıyanetshiden, ashкo'z sıqmardan, na'ma'rtlerden) awlaq ju'riwdi кen'es etedi.

Erme tag'ı shug'ıl so'zge,
Jamannan qash jastan, balam,
Man'layın'nan ag'ızıp ter,
Jaqsı jamandı sınap кo'r,
Jaqsı adamnın' кeynine er,
Sonda jolın' bolar, balam.

Usı «Balam» qosıg'ında jas azamattın' adamgershiliк qa'siyetleri, o'mirdegi ornı, ja'miyette o'zin tutıw, ju'ris-turıs qa'deleri beriledi. Sonın' menen birge Berdaq jaslar menen ata-analar arasındag'ı qatnaslarg'a, perzentliк ha'm atalıq parızlarg'a ayrıqsha dıqqat bo'ledi.

Ata-anan'dı qa'dirle,
O'lgenin'she jaqsı so'yle,
Mal tapsan' torqag'a bo'le (ata-anan'dı)
O'siwin'e jaqsı, balam.

Ullı shayır joqarıda eslep o'tкenimizdey, кo'pshiliк qosıqlarında adamgershiliкtin', azamatlıqtın' belgisi retinde a'zzilerge qol sozıw ideyasın beredi. Jas azamatqa bag'ıshlang'an «Balam» qosıg'ında da bul jag'day baslı ideyalardın' biri sıpatında beriledi:

Jetim кo'rsen' qolın'dı ber,
Ag'a bolsa кeynine er.
G'a'rip кo'rsen' aqılın'dı ayt,
Onıdag'ı oyla, balam.

Demeк, Berdaq tu'siniginde g'a'rip-qa'serge ja'rdem beriw — o'mirdegi u'lкen murat, adamgershiliкtin' baslı sha'rtlerinen, talaplarınan bolıp esaplanadı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

**«Jaqsı jaman parqı bolmas ren'ki — ju'zden».** Berdaqtın' na'siyatlarında adamgershilik, minez-qulıq, ju'ris-turıs a'deplerine de jeterli da'rejede dıqqat awdarıladı. Shayır adamgershilik normaların anıqlaw ushın «jaqsı adam» menen «jaman adam» tu'siniklerin tiykar etip aladı, olardı turmıslıq faktlar menen salıstıradı, olardın' morallıq kelbetin tu'rli ren'ler menen sızıp beredi. Jaqsı menen jamannın' portretleri, a'sirese, onın' «Xalıq ushın» na'siyat qosıg'ında anıq ko'rinedi:

Jamanlar qasınan qon'sı ko'shirer,
Jaqsı adam bolsa giyne keshirer.

Berdaqtın' jaqsı ha'm jaman tuwralı pikirleri bul haqqında aytqan

Maqtımqulının' oyları menen sabaqlasadı:
Jaqsının' kewlinde giyne az bolar,
Jamannın' ku'nde bir urısın ko'rin'.

Berdaq jaqsı menen jamandı bular haqqındag'ı xalıqlıq tu'siniklerge su'yene otırıp ayıradı, jaqsı adam menen jaman adamnın' minez-qulqın, is-ha'reketin, ju'ris-turısın antitezalıq (qarama-qarsılıqlı) su'wretlew usılları menen beredi:

Jaman joldas paydasına ildirer,
Jaqsı joldas adamgershilik bildirer.
Jaqsı adam so'z ma'nisin an'laydı,
Jaman adam pasıq so'zdi tın'laydı.
Jaqsı adam jag'ar shiyrin janın'a,
Jaman adam boyar qızıl qanın'a.

Shayır tu'siniginde jaqsı adam menen jaman adam tu'r-tu'sinen, boy-sımbatınan belgili bolmaydı (« Jaqsı-jaman parqı bolmas ren'ki-ju'zden»), jaqsı adam en' da'slep so'ylew ma'deniyatı menen ajıralıp turadı («Jaqsını pa'm a'yle so'ylegen so'zden»), ol mudam adamgershilikli, tu'simpaz, islegen isi, so'ylegen so'zi jang'a jag'ımlı, ken' peyil, keshirimli keledi, dostının' kewlin bag'ıp, onın' paydasın oylaydı («Dushpandı mun'aytıp, dostın ku'ldirer»), jaqsı adam el xızmetine tayın turadı («Jaqsı adam tuwıladı el ushın», «Solar xızmet eter ullı xalıq ushın»).

Solay etip, Berdaqtın' didaktikalıq qosıqlarında «jaman bolma» «jaqsı bol» degen qurg'aq u'gitler u'stemlik etpeydi, al olarda didaktikalıq oy-pikirler ha'r qıylı estetikalıq sezimlerdi oyatıw arqalı beriledi. Mısalı, pa's qulıqlarg'a jerkenishli sezimler oyatıw arqalı xosh qılıqlarg'a, jaqsı islerge degen su'yinish sezimlerin oyatadı. Na'tiyjede shayır o'zinin' didaktikalıq qosıqlarında qarama-qarsı estetikalıq sezimlerdi (jerkenishlilik ha'm go'zzallıq sezimlerdi) oyatıw arqalı oqıwshıda jaqsılıqqa,



www.ziyouz.com kutubxonasi

go'zzallıqqa, pa'кlikкe, hadallıqqa ıqlas sezimlerin ta'rbiyalaydı. Berdaq jaqsılıq penen jamanlıq tu'siniкlerin qurg'aq bayanlaw jolı menen emes, olardı кo'rкem su'wretlew usılları menen, a'sirese, кo'rкem su'wretlewdin' antiteza (qarama-qarsılıqlı), metafora (awıspalı ma'niste beriw) h.b. usıllarıın jiyi ha'm utımlı paydalanıw arqalı oqıwshılardın' sanasına sin'diredi.

**«Kisinin' yarına so'z salma».** Berdaq ja'miyetti birlestirip turatug'ın uytqı sıpatında sha'riyat zan'larına tiyкarlang'an neкeni, birliкli shan'araqtı, erli-zayıplılar arasındag'ı sadıqlıqtı, hadal qatnasıqlardı tanıydı. Musılmanshılıqtın' sha'rtleri boyınsha ha'r bir musılman o'z neкelesine sadıq bolıwı, og'an hu'rmet-izzet,mehir-muhabbat penen qatnas jasawı tiyis.

Berdaqtın' bir qatar na'siyat qosıqlarında neкe, shan'araq ma'seleleri musılman yuridiкası islep shıqqan tu'siniкlerge, talaplarg'a, huqıqlarg'a sonday-aq payg'ambar na'siyatlarına tiyкarlanıp qozg'aladı.

Aqıl adam so'zler ertpes izine,
Sho'p salmas yarının' ha'rgiz кo'zine,
Baqmas nama'hremnin' hasla ju'zine,
Solar xızmet eter ba'rha' xalıq ushın.

(*«Xalıq ushın»*)

yamasa:

G'ayrı birewlerdi etip qurdasın',
Ju'rme ag'ızıp dilbarın'nın' кo'z jasın,
Jaman bolsa da ol o'mirliк joldasın',
Waqıtsha qol bergen hu'rden jaqsıraq.

(*«Jaqsıraq»*)

Erli-zayıplılardın' bir-birine sadıqlıgı, hadallıg'ı, hu'rmet-izzet Berdaq tu'siniginde en' joqarı, en' hasıl adamgershiliк qa'siyetlerden. Bul qa'siyetlerdi ulıg'lawdan, olardı кen' xalıqqa na'siyatlawdan Berdaq hasla jalıqpaydı.

O'zin'nen pa'sкe ju'z salma,
Nama'hremlerge кo'z salma,
Kisi yarına so'z salma,
O'z yarın'nan qaladursan'.

O'zinin' aqıl-na'siyat qosıqlarında Ziywar da (A'jiniyaz) neкe, shan'araq ma'selelerin jiyi qozg'aydı ha'm Berdaq penen piкirles boladı:

Kisinin' yarına кu'lip baqqannan,
Shıbın janın' ıshqı otına jaqqannan,
O'z boyına tu'rli nasaq taqannan,
O'z yarın'nın' ta'rbiyası ber jaqsı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Berdaq ta, A'jiniyaz da neke, shan'araq qatnasıqların adamgershiliktin', a'dep-ikramlılıqtın' bası dep tu'sinedi, sonlıqtan olar a'dep-ikramlılıq tırnag'ına qurılg'an shan'araq bekkem boladı dep isenedi, al ha'r bir bekkem shan'araqtı pu'tkil ja'miyetlik qurılıstın' uyıtqısı dep biledi.

**«Miynetsiz du'nya izleme».** Berdaqtın' ko'plegen aqıl-na'siyat qosıqlarında hadal turmıs, o'ndirislik miynet ma'seleleri ko'teriledi. Olarda hadal miynet tuwralı a'sirler boyı qa'liplesken xalıq tu'sinigi anıq sezilip turadı. Mısalı, «Miynet tu'bi-ra'ha't», «En'bek etsen' emersen'», «Altın otta, adam miynette belli», «Miyneti qattı bolsa, nanı tatlı boladı», «İslesen' tisleysen'», «Jawın menen jer ko'gerer, miynet penen er ko'gerer» degenge usag'an tolıp atırg'an xalıq naqıl-maqalları miynetti ulıg'laydı, onı adamgershiliktin' da'slepki belgisi, hasıl qa'siyet retinde bahalaydı. Berdaq usınday mazmundag'ı xalıq danalıg'ın basshılıqqa aladı, onı ruwxiy ha'm ko'rkemlik tirek etedi. Qala berse «Miynet etiw — namaz-ibadat penen barabar» degen payg'ambar wa'siyatları da xalıq sanasına teren' uyalag'an edi. Berdaq o'zinin' hadal miynet, hadal turmıs ma'selelerin ko'teretug'ın qosıqlarında usı payg'ambar ha'dislerine de ruwxiy jaqtan su'yenedi.

Shayırdın' birqatar qosıqlarında («Jaqsıraq», «Qashan rahatlanadursan'?» h.b.) hadal miynet tek ku'n-ko'ris, tirishilik da'regi sıpatında emes, al adamnın' insanıylıq kelbetin belgileytug'ın, insanıylıq pazıyletlerin ta'rbiyalaytug'ın ku'shli qural sıpatında qaraladı. Tek miynet penen, man'lay ter menen tabılg'an ırısqı-nesiybe hadal ha'm tatlı.

Tu'rgelip erteden jumısqa shıg'ıp,
Qolın'dı qabartıp, belin'di bu'gip,
Dizen'di sızlatıp, miynetin shegip,
Jegen bir zag'aran' paldan tatlıraq.

Berdaqtın' tu'siniginde miynet adamdı tu'rlendiredi, onın' ruwxın ko'teredi, kewlin tazartadı, ha'r qıylı gu'nalardan awlaq etedi, pa's qulıqlardı ju'wenlep, ruwxıy ha'm materiallıq jaqtan g'a'rezsiz etedi.

Joqarıda eslep o'tkenimizdey, Berdaq miynet ma'selesin tar tu'sinikler menen sheklep qoymaydı, og'an teren' ja'miyetlik mazmun beredi.

Jumıs isle tuwılg'an son' el ushın,
Janın'dı ayama elde er ushın,
Kindikten qan tamıp tuwg'an jer ushın,
O'lip ketkeninshe xızmet jaqsıraq.

Berdaqtın' na'siyatları tek o'z da'wiri ushın g'ana emes, al bizin' zamanımızda da o'z a'hmiyetin jog'altqan joq. Sebebi ol ko'tergen jaqsılıq ha'm jamanlıq, miyrim-sha'pa'a't ha'm zulımlıq, qayır-saqawat,

iyman-insap, a'dep-iкram ma'seleleri bizin' кu'nlerimizde de za'ru'rli ja'miyetliк ha'm ulıwmainsanıylıq ma'selelerden bolıp turıptı. Sonın' ushın da Berdaqtın' aqıl-na'siyat qosıqları bizin' zamanımızda jan'asha jan'laydı, jan'a oy-piкirler tuwdıradı, onın' u'stine bul qosıqlardın' joqarı кo'rкemligi olardı tu'rli da'wir sınaqlarınan alıp o'tip, ha'r bir zaman talaplarına jaramlı etedi.

## Berdaqtın' lirikasında zaman ten'sizliginin' su'wretleniwi

Berdaq miynetкesh xalıq ortasınan shıqtı ha'm sol xalıqtın' кo'rer кo'zi, so'yler so'zi boldı. Xalıqtın' an'sag'an a'rmanı-Berdaqtın' a'rmanı edi. Sonlıqtan da, ol sol xalıq penen beккem baylanısta boldı. Sol ushın da onın': «Berdimurat xalıqtı, xalıq Berdaqtı, jalg'ızınday кo'rer jannan jaqsıraq» dewi haqıyqat shınlıq edi.

XIX a'sirde atı кen' tarqalg'an ullı shayırlar o'zleri jasag'an da'wirdin' shınlıg'ına biyta'rep bolıp qalg'an emes. Olar o'z piкirlerin кo'rкem shıg'armalarında ashıq bildirip otırdı. Berdaq ta usı shayırlardın' qatarına кiredi.

Berdaq o'zinin' кo'p g'ana liriкalıq qosıqlarında o'z da'wirinin' og'ada a'hmiyetli sotsiallıq ma'selelerin ortag'a qoydı. Xalıqtın' tileк-maqsetlerin, jaqtı o'mirge umtılıwın, eziwshilerge narazılıg'ın sa'wlelendirdi.

Solay etip Berdaq liriкasının' baslı teması xalıq ta'g'diri, onın' awır кu'n кo'riwi, jaqtı turmıstı an'saw boldı. Bul ideya shayırdın'. a'sirese, «Pana ber», «Bolg'an emes», «Zamanda», «Bıyıl», «Salıq» qosıqlarında ayrıqsha кu'shli su'wretlengen.

«Qaraqalpaq posar boldı,
Sho'listandı basar boldı,
Neshe qırdan asar boldı,
Xalıqqa aqıl dana ber.

Birewler bar кu'ta' jarlı,
Talag'an onın' barını,
Nang'a toymag'an qarını,
Solarg'a o'zin' pana ber».

Bul «Pana ber» qosıg'ında shayır кu'nnen кu'nge awırlasqan xalıqtın' turmısın ashıq tu'rde кo'rsetedi. Bul awır turmısqa sebepкer bolg'anlardı ayawsız a'shкara etedi.

«Salıq» qosıg'ında da xalıкtın' awır turmısı so'z boladı. XIX a'sirde salg'ırtlar og'ada awır ha'm adam shıdamaslıq da'rejede boldı. Awır salg'ırt puqara xalıqtı qattı qıynaldırdı. Usınday xalıq basına tu'sкen



www.ziyouz.com kutubxonasi

awır salg'ırtlardı shayır ku'ta' real su'wretleydi. Bul qosıq o'zinin' realistlik xarakteri ha'm o'tkirligi jag'ınan ayrıqsha dıqqatqa miyasar.

Qosıqtın' tiykarg'ı mazmunı awır salıqlardın' miynetkesh xalıqtın' turmısına qıyratıwshı ta'siri, xalıqtın' narazılıg'ı, ku'n ko'riw tirishiliginin' barg'an sayın to'menlesiwi, Xiywa xanı menen awız jalasqan qaraqalpaq ha'meldarlarının' jerkenishli sıpatların ayawsız a'shkaralawdan ibarat.

Berdaqtın' turmıstı u'yreniwi, ko'pshilik xalıq penen birdey turmıs keshiriwi, onın' sol turmısqa, zaman ta'rtibine bolg'an ko'zqarasın o'sirdi ha'm o'tkirlestirdi, ten'siz zamang'a shayırdın' narazılıq sezimlerin ku'sheyte tu'sti.

«Bıyıl» qosıg'ında da shayır xalıq turmısın orap alg'an ashlıq-jalan'ashlıqlardı, ashtan o'lgen gu'nasız janlardı, xalıq basına tu'sken awır ku'nlerdi, eziwshilerdin' zulımlıg'ın a'shkaralaydı. Qosıqta miynetkesh xalıqtın' awır turmısın su'wretlew, shayırdın' tiykarg'ı dıqqat orayında turadı:

Basalaydan basa tartıp,
Bılamıqqa shopaq qatıp,
Jutım ushın kiyim satıp,
Qıyınshılıq boldı bıyıl.

Ashtan o'ldi neshe adam,
Suwıqqa da bermey shıdam,
Ashlıq boldı ketpey mudam,
Ba'rinen de o'tti bıyıl.

Berdaq qaraqalpaq xalqının' qıyın jag'dayın ha'm zulımlıq penen iplaslıqtı o'z ko'zi menen ko'rgen. Ol o'z da'wirinin' barlıq siyasiy-sotsiallıq waqıyaların baqladı, miynetkesh xalıqtın' ta'repinde turdı.

Ne shara baylawda turmız jazıqsız,
Qaraqalpaq ku'nin' o'tti jarıqsız...

dep xalıqtın' qıyın jag'dayına ashındı.

Ha'tteki, o'zinin' «Zamanda» degen qosıg'ında ol o'mirdi zindang'a ten'edi, xalıq basına tu'sken awırmanlıqtı aytıwg'a til jetpeytug'ınlıg'ın bildirdi.

Shayırdın' otlı g'a'zep ha'm awır qayg'ı menen jazg'an:

Adamg'a miyrimsiz ja'lladlar, jawlar,-
Xalıqtı jılatqan atalıq , xanlar,
Basqa awır qayg'ı salg'an zalımlar,
Ko'zlerime shayan-jılan ko'rindi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Du'nyası qurısın qazan urg'anday,
Jasawıllar nayza alıp turg'anday,
Qara basqa aqır zaman qurg'anday,
Zaman mag'an qara duman ko'rindi.

degen qatarlarda shayırdın' g'a'zepli sezimleri ayqın beriledi.

Berdaq feodallıq urıwlıq ja'miyettegi ekonomikalıq, siyasiy-sotsiallıq ten'sizliktin' sebeplerin qarastırdı, usı ten'sizlik na'tiyjesinde jarlı xalıq turmısının' adam shıdamaslıq ahwalda ekenligin bildirdi:

Oylasam bul du'nya biypayan eken,
Dushpan isi xalıqqa ko'p zıyan eken,
Baylar-tu'lki, qasqır, xalıq qoyan eken,
Qaran'g'ı qaplag'an qayg'ı zamanda.

Berdaq kisinin' haqın jewshilerdi, g'a'rip-qa'serlerge azap beriwshilerdi nadanlar dep ataydı ha'm «Xalıq ushın» degen qosıg'ında Berdaq u'stem toparlar tuwralı «Nadanlar xalıqtı jep da'wran su'rerler, kewlim qabaradı menin' sol ushın» dep jazadı.

Berdaq feodallıq ja'miyettin' iplaslıg'ın ashıp bere otırıp, jarlı xalıq ushın baxıtlı, jaqtı zamandı a'rman etti.

Berdaq o'zinin' o'mirin, ku'n ko'ris tirishiligin puqara, miynetkesh xalıqtan bo'lek alıp su'wretlemeydi. Shayır o'zin ezilgen ko'pshiliktin' biri, miynetkesh xalıqtın' wa'kili dep esaplaydı. Sonlıqtan, shayır jaqtı du'nyag'a qalay erisiw mu'mkin, onın' jolları qanday, qalay etkende xalıq baxıtlı turmısqa jetedi?— degen sorawlarg'a da juwap izleydi. Shayırdın' bug'an juwabı «Xalıq ushın«, «Jaqsıraq» ha'm tag'ı basqa qosıqlarında bayan etiledi.

Berdaq xalıq ma'pi ushın gu'resken, xalıq a'rmanın iske asırıwshı ma'rt adamlardı a'rman etedi. Ullı demokrat ha'm patriot shayır g'ayratlı ha'm batır, a'dil ha'm g'amxor adamlardı a'rman etedi. O'z zamanlasların usınday qa'siyetlerge iye bolıwg'a shaqıradı. Onın' bunday pikirleri belgili «İzler edim» qosıg'ında da ku'shli bayan etilgen.

«İzler edim» qosıg'ı Berdaqtın' du'nyag'a ulıwma ko'zqarasın ko'rsetiwde de u'lken a'hmiyetke iye. Berdaq bunda o'z maqsetinin' xalıqqa baxıt izlew ekenligin aytadı.

Qosıqtın' aqırında Berdaq mınaday juwmaq shıg'aradı:

Jog'ımnan tappadım da'rek,
Sa'rdarımdı izler edim,
Men sorlıg'a da'wran kerek,
Da'wranımdı izler edim.

Shayır o'zinin' izleniwlerinde xalıq penen oylasadı, a'rmanları menen oy-pikirlerin ortag'a qoyadı, xalıqtı awır turmıstan qutqarıwdın' jolı

sıpatında batırlardı ku'sew, birlikke shaqırıw ideyası shayırdın' basqa qosıqlarında da sa'wlelenedi.

Berdaq do'retpelerinin' bizin' ushın a'hmiyeti de onın' usınday progressiv ideyalarına baylanıslı.

**Berdaq shıg'armalarında hayal-qızlar tematikası.**

Ko'rkem shıg'armalarda hayal-qızlardın' obrazın jasaw, olardın' aqıl-parasatlılıg'ın su'wretlew qaraqalpaq folklorının', klassik a'debiyatının' en' bir unamlı sıpatlarının' biri dep qarawg'a boladı. Bug'an ko'p sanlı qaraqalpaq da'stanları mısal bola aladı. Folklordın' usı jaqsı da'stu'ri jazba a'debiyatta dawam etti. Ataqlı Jiyen jıraw «Posqan el» tolg'awında jarlı qız Minayımnın' ayanıshlı ta'g'dirin sa'wlelendirdi. Demek, bul temanın' ullı shayır Berdaqtın' do'retpelerinde u'lken orın iyelewi ta'biyiy na'rse.

Feodallıq da'wirde u'stemlik etken a'dalatsızlıq, nızamsızlıq hayal-qızlardın' turmıs, muhabbat erkinligine, ja'miyetlik turmısqa aralasıwına mu'mkinshilik bermedi.

Berdaq ta progressiv oy-pikirdegi shayır sıpatında bunday ma'selelerden shette qalg'an joq. Ol bunday patriarxallıq ta'rtiplerge qarsı shıqtı. Ol hayal-qızlardın' o'z su'ygenine qosılıwı, erkin o'mir su'riwi ideyasın ko'terip, qaraqalpaq hayal-qızlarının' bas erkinligin a'rman etip jırlag'an shayır boldı.

Tikkeley hayal-qızlar temasına arnalg'an Berdaqtın' onlag'an shıg'armaları bar. Bulardın' ba'rinde de shayır sol da'wirdegi ko'zi jaslı, ju'regi sherli qaraqalpaq hayal-qızlarının' haqıyqat ta'repdan sıpatında ko'zge tu'sedi. «Oylanba», «Kelin» qosıqlarında Berdaq hayal-qızlardın' adam shıdamaslıq awır jag'dayın aytıw menen birge, olardın' bas erkinligine iye da'wranın a'rman etedi. Shayır «Kelin» qosıg'ında:

«Artıq senin' aqıl-oyın',
Tal shıbıqtay, ha'm de boyın',
Qarma-jarma bolıp toyın',
A'rman menen, tursan' kelin.

Qorlıq, azap ko'rgen ku'nin',
Qapalıqta o'tti tu'nin',
Erkin shag'lap shıqpay u'nin',
Qapalıqta, tursan' kelin...»-

dep jazıp, hayal-qızlardın' aqıl-parasatın, olardın' basındag'ı awır ku'ndi su'wretlew menen birge, «Ten'in'di tap», eski da'stu'rdin' qulı bolg'an adamlardın' kewline qarap, o'z o'mirin'di qorlama dep aqıl beredi:

«Usı bastan etip talap,
Kisi ushın ju'rme jılap,
Ererekten ten'in'di tap,
Matawlıqta, turma kelin».



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Oylanba» qosıg'ında da shayır hayal-qızlardı o'z maqsetine jetiw jolında batıl ha'reкet etiwge shaqırdı:

«Malı кo'p dep кetpe og'an,
Azap berer axmaq sag'an,
Opasız ol so'zi jalg'an,
Su'ygenin'e hesh oylanba,
Qapa bolma, ten'in'di izle,
Xor bolmastay jerdi go'zle...»

Berdaq «Zamanda« qosıg'ında da o'z zamanının' hayal-qızlardı huqıqsızlıqqa duwshar etкen iplas ta'replerin, hayal-qızlardın' basına tu'sкen awırmanlıqların a'shкaralaydı.

«Qız jawanlar su'ygenine кetpedi,
Shag'lap кu'lip ten'i menen ju'rmedi.

Bul piкirler Berdaqtın' basqa qosıqlarında da ayqın tu'rde bayan etiledi ha'm olar shayırdın' o'zi o'mir su'rgen da'wirdegi zamang'a degen narazılıg'ın tag'ı da o'tкirlestirip кo'rsetedi.

Hayal-qızlardın' awır turmısına shayırdın' ayanısh sezimin bildiriwi onın' «Ko'rdim« qosıg'ına da ta'n:

Jete almay paqır niyetкe,
Jılap turg'an qızdı кo'rdim.

Bul qatarlarda da hayal-qızlardın' erкsizlik, malg'a satılıw jag'dayı ashıq su'wretlenedi. Biz shayırdın' shıg'armalarında onın' sol da'wirdegi ta'rtiplerge, hayal-qızlardı teк oshaq basının' adamı dep qarawshı feodallıq кo'zqarasqa pu'tкilley qarsı bolg'anlıg'ın ayqın кo'remiz.

Berdaq hayal-qızlar huqıqı, ten'ligi haqqındag'ı piкirleri boyınsha o'z zamanlaslarının' кo'pshiliginen alda boldı. Berdaq bul tuwralı batıl, progressiv, demoкratiyalıq piкirler ayttı, hayal-qızlarg'a hu'rmet, su'yispenshiliк sezimlerin bildirdi, olardın' pa'кligin, go'zzallıg'ın jırladı.

## Berdaqtın' tariyxıy temadag'ı poemaları

Berdaq o'z xalqının' tariyxı, o'tкendegi o'miri menen jaqsı qızıqqan shayırlardın' biri bolıp tabıladı. Shayırdın' qa'lemine tiyisli «Shejire», «Amangeldi», «Aydos biy», «Ernazar biy» poemaları usının' da'lili bola aladı.

A'lbette, Berdaq barlıq tariyxıy faкtlerdi da'lme-da'l su'wretlemese de, xalıqtın' ta'g'dirinde u'lкen iz qaldırg'an iri waqıyalardı o'zinin' tu'siniginshe sa'wlelendirgen. Sol ushın da qaraqalpaq xalqının' tariyxın



www.ziyouz.com kutubxonasi

izertlewshi belgili ilimpazlar Berdaqtın' bul poemalarının' tariyx ushın og'ada bay material beretug'ın shıg'armalar ayrıqsha atap o'tedi.

## Berdaq shayır ha'm onın' «Shejire» shıg'armaları

Ku'nshıg'ıs ellerinde o'z xalqının' ma'deniy tariyxı haqqında shejire jazıp qaldırg'an alım ha'm shayırlar кo'p. Solardın' arasında Berdaq ayrıqsha orındı iyeleydi. Bul «Shejire«nin' o'zgesheligi sonnan ibarat, onda qaraqalpaqlar tariyxı birinshilerden bolıp jazba nusqada qalg'an. «Shejire» ni shın mag'anasındag'ı tariyxıy shıg'arma sıpatında qaralmag'anı menen qaraqalpaqlar tariyxı haqqında en' da'slepкi boljawlar sıpatında qarawg'a boladı.

«Shejire»nin' o'zinshe janrlıq qa'siyetleri bar. Onda tariyxıy da'reкler, anıq mag'lıwmatlar menen birge mifologiyalıq materiallar, an'ızlar, tariyx tuwralı boljawlar, shamalawlar кo'plep qollanıladı. Tu'rкiy jazıwshılar Rabg'uziy «Qissasul anbi» («Payg'ambarlar qıssası»), Ulıg'beк «To'rt ulıs tariyxı», Abulg'azı «Tu'rкler shejiresi» sıyaqlı belgili shejireler jazdı. Bul shejirelerde tariyxıy da'reкler menen qatar mifologiyalıq, an'ızlıq materiallar paydalanılg'an. Berdaq o'z «Shejire«sin qosıq penen jazg'an. Ol shıg'armasın jazg'anda shejire janrının' da'stu'rli jolların mol paydalanadı, yag'nıy onda miflerdi, an'ızlardı, xalıq awzındag'ı ha'r qıylı a'n'gimelerdi o'nimli qollanadı. Biraq bul shıg'armada tariyxıy mag'lıwmatlar, da'reкler de az emes. Demeк, ol кo'p g'ana tariyxıy кitaplar menen de tanıs bolg'an. Sonın' ushın da ol bul shıg'armasın o'zinin' кo'rgen-bilgeni, oqıg'anı ha'm esitкenleri tiyкarında xatqa tu'siredi.

Qullası, bul shıg'arma teк qaraqalpaq xalqının' tariyxı g'ana emes, sonın' menen birge ba'rshe tu'rкiy xalıqlar tariyxı ushın da og'ada a'hmiyetli bolg'an bir hu'jjet.

Avtordın'

> Berdimurat haqnın' qulı,
> Sahrada o'sкen bu'lbili,
> Bul shejireni jılqı jılı,
> Xalıqqa ma'shhur qılg'an eкen...-

dep jazıwına qarag'anda «Shejire« 1894-jılı jazılg'an.

Basqa tu'rкiy shejireler sıyaqlı Berdaqtın' «Shejire» si de payg'ambarlar zamanınan baslang'an. Bundag'ı en' baslı syujet Adam atadan baslang'anı menen de payg'ambarlar ha'm olardın' sahabalarınan baslanadı. Mısalı:

> Rasulullah pıraq minip,
> Qabı qawseyin barg'an eкen,

Quda bilen razı aytıshıp,
Haq diydarın ko'rgen eken.

Gu'l yu'zleri sha'msuw kamar,
A'biwba'kir ha'zireti Omar,
Osman, A'liy, to'rt sha'riyar,
Payg'ambardın' yaranı eken.

Otız u'sh mın' sahabası,
Jumla arabtın' qa'biylesi,
Xızmet ettiler ba'rshesi,
Payg'ambardın' zamanı eken.

Payg'ambardan otız u'sh mın' sahaba tarqalg'an bolıp, solardan eki sahaba Aral boylarına kelgen. Bul A'nes ha'm Ma'lik sahaba bolıp, olardın' atları Shıg'ıs tariyxshılarının' miynetlerinde ko'birek ushıraydı. Berdaq ta qaraqalpaqlar tariyxın tap sol da'wirlerden baslag'an. Mısalı:

A'nes, Ma'lik ekki kishi,
Payg'ambardın' sahabası,
A'nes qazaqtın' balası,
Shundin «alash» bolg'an eken.

Ma'liktin' ug'lı Razı-haq,
Yashlıg'ında qoydı g'ulraq,
Kiygen eken qara qalpaq,
Shundin «qalpaq» bolg'an eken.

Solay etip, Berdaq qaraqalpaqlar Ma'lik xannın' ulı Razıhaqtan tarqalg'an degen sheshimge keledi. Bul jag'day tariyxıy haqıyqatlıqqa a'dewir jaqın. Biraq bunnan keyin Berdaq o'zbek xalqının' kelip shıg'ıwı haqqında pikir ju'rgizedi de «O'zbek qalpaqtın' (qaraqalpaqtın') ulı edi» — degen sheshimge keledi. Biraq bul pikir ilimiy haqıyqatlıqqa tuwra kelmeydi. Mısalı:

Sahra xalqı ko'ship gezmek,
Qantlı yerden watan du'zma'k,
«Qalpaqtın'» ug'lıdur o'zbek,
O'zbek yekke bolg'an eken.

Shejiredegi bunnan keyingi syujet Mayqı biyden baslang'an. Mayqı biy shınında da barlıq shejirelerde tu'rkiy xalqının' atası sıpatında berilgen.

Al, Berdaqtın' ko'rsetiwi boyınsha Mayqı biy o'zbektin' Jiyen degen balasının' ba'ybishesinen tuwılg'an bolıp, onnan Jayılg'an, Seyilxan degen eki bala qalg'an. Seyilxannan tu'rkmen, Jayılg'annan Qon'ırat

tuwıldı,- dep jorıydı. Ekinshi hayalı Sarnazdan Qıtay menen Qıpshaq, bunnan keyingi hayalınan Mu'yten menen Qıyat, al onnan keyingi hayalınan Keneges, Mang'ıt ha'm Teke Yawmıt tuwıldı, — deydi.

Berdaq solay dep aytadı da Mayqı biyden keyin o'zbek, tu'rkmen, qaraqalpaq ajıralıp ketti-degen sheshimge keledi. Yaki:

Mu'yten, Qon'ırat, Qıtay, Qıpshaq,
Keneges-Mang'ıt jiptikdek,
Ba'ri altı urıw qaraqalpaq,
O'zbekten ayrılg'an eken...

dep jazadı.

Bul pikir tariyxıy dereklerge a'dewir sa'ykes keledi. Sebebi qaraqalpaqlar XVI a'sirde «Nog'aylının' altı ulı ordası» dep te atalg'an. Bunnan keyin shejirenin' syujeti ja'ne de mifologiyalıq, an'ızlıq bag'darda rawajlanıp baradı. Erte zamanda Altın xan degen sha'wketli patsha bolıp, ol ba'rshe xalıqlardı basqarg'an eken. Zayıbı peri bolıp, onnan Almalı-Ko'rikli degen bir qızı bolıptı. Qız ku'nge ashıq bolıp, sonnan ha'mledar bolıp qalıptı. Bul jag'daydı qızdın' anası patshag'a xabarlag'an. Qa'ha'ri kelgen patsha qızdı altın sandıqqa salıp da'ryag'a taslatqan. Altın sandıq bir jerlerge ıg'ıp kelgende onı Tomawlı menen Shaban degen eki mergen ko'rip qaladı. Son'ınan ekewi oylasıp Shaban sandıqtın' o'zin alıwg'a, al Tomawlı bolsa ishindegi zatqa razı boladı. Solay etip, sandıqtın' bir mushınan atıp, onı jag'ag'a jaqınlastırmaqshı boladı.

Berdaqtın' pikiri boyınsha Qıyat urıwı atamasının' payda bolıwı da sol sandıqtın' qıya atılıwınan bolg'an. Ma'selen, «Shejire» de:

Altın sandıq zıyat dedi,
Zarar bolsa uyat dedi,
Tug'rı atpa, qıya at dedi,
Shunnan qıyat bolg'an eken.

Solay etip, sandıqtı jag'ag'a shıg'arıp, ishin ashıp qarasa, ishinde ayı-ku'ni tolg'an gu'l ju'zli bir ha'mledar kelinshektin' otırg'anın ko'redi. Tomawlı kelisim boyınsha Almalı-Ko'riklini o'zine nekelep aladı. Onnan «Ku'n perzenti» bolg'an Shın'g'ıs xan, son'ınan Bo'denetay, Bu'rkeltay dep atalg'an balalar tuwılg'an.

Berdaq bunnan keyin Shın'g'ıstın' ko'p ellerdin' u'stinen qarag'an xan bolg'anlıg'ı haqqında aytadı. Mısalı:

Qoydı qushbegi meterdi,
Shın'g'ıs xannı xan ko'terdi,
Mayqıg'a ıqtıyar berdi,
Xan atası bolg'an eken.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Mayqı, Qotan ha'm Ketbug'a biyler awızekı a'debiyatta ko'p ushırasqanı menen de jazba dereklerde onsha ushıraspaydı.

Berdaq bunnan keyin ja'ne qaraqalpaq qa'wimlerinin' payda bolıw dereklerin ilgeri su'redi. Ol qaraqalpaqlardın' negizgi altı qa'wimi (Qon'ırat, Mu'yten, Qıtay, Qıpshaq, Keneges, Man'g'ıt) Shın'g'ıs xan da'wirinen burın payda boldı degen sheshimge kelgen. Ha'tte, sonın' pikiri boyınsha Shın'g'ıs qurg'an Altın Ordanın' o'zi de usı altı qa'wim tiykarında rawajlang'an. Sebebi Shın'g'ıs xan qaraqalpaqlardın' eki arısın Ordanın' tiykarı sıpatında qarag'an. Bul haqqında Berdaq o'z «Shejire» sinde:

Qon'ırat taptı bir arısın,
Man'g'ıt taptı bir arısın,
O'zge ag'ashnın' ba'risin,
O'zgelerge salg'an eken...

dep jazadı.

Demek, ma'mleketti arba dep esaplasaq, onı biriktiriwshi eki arıs u'lken eki qa'wim Qon'ırat penen Man'g'ıtqa tiyisli bolg'an.

Solay etip, Berdaq ha'r bir qa'wimdi payda etiwshi urpaq haqqında so'z etedi. Ma'selen, Qıtay-Qıpshaqlardın' payda bolıwı haqqında:

Sarnazdan tuwdı Qıtaybek,
Qıtayı tonın qıldı jo'rgek,
Ya'ne birinin' atı «Shaq»,
Qıtay-Qıpshaq bolg'an eken.

Shax yash bala erke ug'lı,
«Qıp» demeklik a'reb tili,
Qıpshaqdur tu'rkiy ma'nisi,
Shunnan «Qıpshaq» bolg'an eken...

dep jazg'an bolsa, olardın' uranları haqqında:

Qıtaybek ha'm qoy jıynadı,
Qoyı jahang'a sıymadı.
Ala tawlardı jayladı,
Ol taw uran bolg'an eken.

Qıpshaq ha'm yılqı jıynadı,
Jelige qulın bayladı,
Qımız sabasın sayladı,
«Toqsaba» uran bolg'an eken.

Berdaq bunnan tısqarı o'z shejiresinde Mu'yten, Qıyat ha'm Keneges qa'wimlerinin' kelip shıg'ıwı haqqında da bahalı pikirlerdi aytadı. Mısalı:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Bir zayıptan ekki ug'lı bolg'an,
Mu'yten bilan Qıyat tuwg'an,
Tuwg'an anası Arıwxan,
Qıyatqa uran bolg'an eken.

Mu'yten uranı Aqsholpan,
Qıyat uranı Arıwxan,
Mayqı biy Qonırat bolg'an,
Ba'rshesi qosılg'an eken.

Kenenin' Man'g'ıt ag'ası,
Kene tentekdur inisi,
Ha'r ish etse, kestdur isi,
Ol Keneges bolg'an eken.

Sho'llerde gezer jeyranı,
Jeyrang'a qurg'an aranı.
Keneges-Man'g'ıt uranı,
Jawlı shawqay bolg'an eken.

Qaraqalpaqlardın' basqa da qa'wimleri, mine, usı altı qa'wim arqalı tarqaladı.

Berdaq bunnan keyingi qaraqalpaqtın' urıw ha'm qa'wim atamalarının' ha'mmesin de Shın'g'ısxan a'wladlarınan bolg'an xan, sultan ha'm biy atamalarınan izleydi. Onın' pikiri boyınsha xan a'wladlarının' tiykarı Shın'g'ısxan. Tu'rkiy xanlarının' negizi de Shın'g'ısxannan tarqalg'an degen sheshimge keledi.

Biraq solay bolsa da Berdaq qaraqalpaqlar shejiresin Shın'g'ısxannın' o'zinen baslamaydı. Ba'lki Shın'g'ısxannın' aqılgo'y ken'esshilerinin' biri bolg'an Mayqı biyden baslaydı. Yag'nıy qaraqalpaqtın' arg'ı atası Mayqı biy, onnan Jayılxan biy, onnan Nag'aday biy, Nag'aday ulı Qarabek, Qarabek ulı Ja'nibek ha'm Qa'llibek, Ja'nibek ulı Xaydar, onın' ulı A'libek, A'libek ulı Ag'a'dil, onın' balası Baya'dil.

Berdaqtın' aytıwı boyınsha mal-mu'lkti ayırıp tamg'a bastırıw da'stu'ri sol da'wirden qalg'an. Tamg'alı ta'rtibindegi urıwlardın' kelip shıg'ıwı da tap sol da'wirden qalg'an. Bul haqqında shejirede:

Qolına basqan Qoldawlı,
Sanına basqan Ashamaylı.
Juptan basqan Qostamg'alı,
Tamg'ası qos bolg'an eken.

— dep aytıladı da, bunnan keyin Ag'a'dil ulı Tolıbay, Tolıbay ulı Sarıbay, Sarıbay ulı Ba'dek, Ba'dek ulı Bazar G'ulpaq, Bazar G'ulpaq ulı Tomaylar haqqında so'z boladı da, bul da'wirde payda bolg'an ayırım urıwlar haqqında da pikir bildiriledi.

Berdaq bunnan keyin Xojakeldi, Xajıkeldi, Xankeldi, Jankeldi, Sultan biylerdin' atın ataydı da, birden Xankeldinin' ulı Qarabas, onın' ulı Eshniyaz, Eshniyaz ulı Oraz atalıq yaki Sultannın' ulı Aydos, Maybas dep birden XIX a'sirge kelip qaladı.

Biraq bunnan keyin Xorezmdegi Qon'ırat sulalasının' xanların so'z etedi. Sol tiykarda ol XVIII — XIX a'sirdegi Xiywa xanlıg'ınan so'z etedi. Berdaq bunnan keyin shejirede qaraqalpaq haqqında da so'z etedi. Olardan Dosan, Ersay, Xojanazar, Aydos,h.t.b batırlar ha'm biyler tilge alınadı. Berdaq shejiresindegi faktlerdin' ko'pshiligi isenimli. Biraq ta onda da'wirdin' xranalogiyası saqlanbag'an. Sonın' ushın geyde ha'r qıylı da'wir adamları da aralasadı.

Juwmaqlap aytsaq, shejire jazıw da'sturinde tariyxiy faktler menen folklorlıq da'rekler (an'ızlar, mifler, ha'r qıylı a'n'gimeler h.t.b., aralasıp ju'redi. Degen menen, shejireler xalıq tariyxının' ko'p ta'replerin ashıwg'a ja'rdem beredi. Berdaqtın' «Shejire» shıg'armasın tariyxshılar qaraqalpaq xalqı tariyxının' bir da'regi sıpatında bahalaydı. Sonın' menen birge, shejire — bul a'debiy-ko'rkem shıg'arma. Onda ha'r qıylı derekler, mag'lıwmatlar ko'rkem til menen, ko'rkem obrazlar menen beriledi. Demek shejire o'zinin' mazmunlıq ha'm ko'rkemlik o'zge-sheliklerine iye a'debiy janr. Qaraqalpaqlardın' ha'r bir urıwının' (awızeki) shejiresi bolg'an, ol atadan balag'a o'tip barg'an. Berdaq qaraqalpaq urıwlarının' awızeki shejirelerin, ta'rtiplestirip jazba ko'rkem til menen bayanlag'an, yag'niy tu'sirgen, nusqa etip qaldırg'an. Olar belgili bir ideyag'a bag'darlanıp, mazmunın ku'sheytken. Biraq «Shejire»sinin' baslı ideyalıq mazmunı qaraqalpaq xalqının' o'tmishi, onın' xalıq sıpatında basqa xalıql ararasında tutqan ornı, keleshektegi tag'diri bolıp esaplanadı. Berdaq «Shejire» si XIX a'sir qaraqalpaq a'debiyatının' biyik shın'larının' biri.

## «Amangeldi poeması»

Amangeldi qaraqalpaq awızeki a'debiyatında ha'r turli an'ız, gu'rrin'lerde u'lken orın alıw menen qatar qaraqalpaq shayırları do'retpelerinin' su'yikli bir qaharmanı bolg'an batır. Berdaqtın' «Amangeldi» poemasının' tematikası xalıqtın' ar-namısın qorg'ag'an Asan ha'm Amangeldi sıyaqlı batırlardın' islerin jırlawdan ibarat.

Shıg'armada so'z etiletug'ın Qudaybergen ulı Asan biy ha'm Amangeldi batır tariyxta bolg'an adamlar.

Shıg'armada to'mendegi tariyxıy waqıyalar so'z etiledi:

Qaraqalpaqlardın' birazı Sırda'rya boyın jaylap ju'rgende XVII—XVIII a'sirde Qoqan xanına puqara bolıp jasag'an. Sol waqıtta bir



www.ziyouz.com kutubxonasi

qatar qaraqalpaqlardın' jol baslawshısı ha'm batırı Qudaybergen ulı Asan biy degen bolg'an. Qoqan xanı o'zinin' ha'remi ushın xalıqqa qız salıg'ın salg'an. Xannın' bergen bul buyrıg'ına Asannın' ızası keledi. Xalıq ta, Asan da bul buyrıqqa pu'tkilley ko'nbeydi. Qoqan patshası o'z buyrıg'ın orınlatıw ushın Asandı azaplaydı. Asan qanday azap bolsa da ko'nedi, biraq xalıqtın' namısına tiyetug'ın buyrıqqa qarsılıq bildiredi. Xan onı darg'a asıp o'ltiredi. Asannın' qanın aladı. Asannın' ornına xandı gelle qıladı.

Shıg'armada usı tiykarg'ı waqıyalar menen qatar Amangeldinin' basqa da sawashlarda qatnasıp, o'zinin' batırlıg'ının' arqasında o'z zamanlasları arasında u'lken dan'qqa iye bolg'anlıg'ı, dostına su'yew bolıp, dushpanın qorqınıshqa salg'anlıg'ı so'z etiledi.

Asan o'z xalqının' namısın joqarı sanaydı, o'zinin' xalıq perzenti ekenligin tu'sinedi, xalıqtın' ma'pi ushın gu'resiwdi en' hu'rmetli is dep biledi. Bunı Berdaq bılayınsha jırlaydi:

Qoqan xanı qıldı zorlıq,
Qız soratıp berdi qorlıq,
Asan ko'rsetti dug'ımlıq,
Jılatpayman eldi,-dedi.

— «Qaraqalpaq bermes qızın,
Ha'mmesi de menin' qozım,
Tiydirmespen tiride o'zim»-
Dep Asan er Qoqan keldi.

Asan xannan qorqıp, seskenip yaki xannın' aldında alatug'ın abıroy ushın eldi jılatqısı kelmeydi, el arı dep, xalıq namısı dep jan beredi.

Asandag'ı joqarı adamgershilik sezim, el qorg'aytug'ın azamatlıq qa'siyeti, mine usınday.

Amangeldi de Asannın' tipindegi adam. Ol eldin' oyg'a alg'an a'rmanın-Asan ushın Qoqan patshasınan kek alıwdı orınlawshı bolıp maydang'a keledi. Jas waqtınan-aq eldi, xalıqtı o'zinin' izine erte biletug'ın batır jigit boldı. Amangeldi de Asan sıyaqlı o'z o'mirin xalıq ushın beriwge tayar turatug'ın batır.

Shıg'armada Berdaq shayır Amangeldinin' shıg'ısın, onın' ayrıqsha er ju'rekligin, batırlıg'ın u'lken maqtanısh penen, yoshlı qatarlar menen su'wretleydi.

Amangeldi Tu'rkstanda,
La'shker tartıp atlang'anda,
Ha'mir etse bir zamanda,
Bo'lek-bo'lek duman keldi.

Onın' bul qa'siyetine Qoqan patshasın o'ltiriw ushın bel baylap, ta'wekel etiwinin' o'zi da'lil. Sebebi, sonsha ku'shke, quralg'a yie bolg'an xandı o'ltiriw degen a'ytewir na'rse emes, bunsha ku'shke qarsı atlang'an adamnın' ko'z aldında o'mirden burın o'limnin' elesleytug'ını dawsız. Olay bolsa, Amangeldinin' sonday jolg'a atlanıwı-usı atlanıstın' xalıq ma'pi, xalıq namısı ushın kerekligin an'lawında ha'm xalıq ushın jeke basına keletug'ın qanday qa'wip bolsa da qayıl bolıwında dep tu'siniw kerek.

Usını eskertken shayır, jigitlerdin' namısına tiyetug'ın o'tkir so'z benen:

Amangeldidey bolmag'a,
Barıp xannan qan almag'a,
Gelle kesip, jan almag'a,
Qay birinin' shaman' keldi?

dep ko'rsetedi. Jigitlerdi Amangeldidey bolıwg'a, qara basın bag'ıp xalqına qayır tiygizbey ju'rmesten, xalıq erkin qorg'awg'a ba'rha tayar turıwg'a shaqıradı.

«Amangeldi» poeması o'zinin' ko'rkemliligi, obrazlarının' o'tkirligi jag'ınan tariyxıy shıg'armalar ishinde belgili orın tutadı.

## «Aydos baba» poeması

Aydos biy XVIII a'sirdin' aqırında ha'm XIX a'sirdin' baslarında o'mir su'rgen belgili tariyxıy adam.

Aydos biy qaraqalpaq xalqı Tu'rkstannan Xorezmge ko'ship kelgen waqıtlardag'ı o'z urıwının' ataqlı adamlarınan bolıp, og'an Xiywa xanı Muhammed A'min inaq ta'repinen biylik ha'meli berilgen, son'ın ala xannın' ha'r ta'repleme quwatlawı arqasında pu'tkil qaraqalpaqlardın', ayrıqsha qon'ıratlılardın' basqarıwshısı da'rejesine ko'terilip, el arasındag'ı ha'r tu'rli tartıs-dawlardı o'zinshe sheship otırg'an, o'zinin' hu'kimin ju'rgizgen. Aydos biy Muhammed Rahim xan (1806—1825) da'wirindegi hu'rmetli ha'm qa'dirli adam bolıp ju'redi. Xan onın' menen «biy baba» dep so'ylesedi, sıylıqlar berip, hu'rmetleydi.

Xiywa xanları urıw bası feodallardın' abıroyın ko'terip, urıwlıq qatnastın' qaldıg'ın bekkemleydi. Xannın' salg'ırt ha'm alımlardı jıynaytug'ın jarlıqların o'z waqtında tez orınlaw ushın salıqlar urıw atına salıng'an. Ol salg'ırtlardı shan'araqqa urıw basıları bo'lgen. Qaraqalpaq biyleri ha'm salıq jıynawshıları ta'repinen tu'sken salg'ırt ko'lemi tag'ı da arttırılıp o'ndirildi. Bunın' u'stine «shapar pulı», «kesir pulı» sıyaqlı tolıp atırg'an salg'ırtlar to'letilgen. O'ndiris quralları, jer, mal-mu'lk

urıw atına esaplansa da, onı tiyкarınan sol urıwdın' biy, кa'tqudaları, bayları, din iyeleri paydalang'an. So'ytip, salg'ırtlardın' awırmanlıg'ı miynetкesh xalıqtın' moynına tu'sкen.

Bul jag'daylar qaraqalpaq miynetкeshlirinin' eкonomiкalıq turmıs da'rejesi jag'ınan adam shıdamaslıq da'rejede to'menlewine alıp кelgen. Bul awır salg'ırtlarg'a, кu'shli eziwshiliккe shıdamag'an qaraqalpaq xalqı o'z azatlıg'ı ushın tez-tez кo'terilis jasap turg'an.

Usınday кo'terilistin' birewi 1827—1828-jıllarda bolıp o'tedi. Ko'terilis da'slep qaraqalpaqtın' qıtay urıwının' arasında baslanadı. 1827-jılı jazda gezeкtegi salg'ırttı jıynaytug'ın waqıtta qıtay urıwı Xiywa xanının' salg'ırt jıynawshılarının' ju'wensizligine qarsı shıg'adı.

Qıtaylardın' кo'terilisi Qon'ırat urıwı ta'repinen quwatlanadı. Bulardın' basında Aydos biy turadı.

Aydostın' кo'terilisкe qatnasıwı awır salg'ırtlar sebepli emes, al Xiywa xanının' salıq jıynawshıları ta'repinen qaraqalpaq ha'кimlerinin' de ma'pine zıyan кeltirgenliкten boladı.

Ko'terilistin' barısında Aydos biy o'ltiriledi, onın' ta'repdarlarınan bir bo'legi qashıp qutıladı da, bir bo'legi xan no'кerlerinin' qolına tu'sip, Xiywag'a jiberiledi.

Usı tariyxıy waqıyalardı su'wretlegen Berdaqtın' «Aydos baba» poemasının' mazmunı to'mendegishe:

Aydos biy qaraqalpaqlardın' mol salıq jıynap, onı xan menen bo'lisip, jaqsı da'wran su'rip ju'redi. Xan a'meldarların mise tutpaydı. Xan a'meldarlarına onın' bul jag'dayı unamaydı. Olar Aydostı xang'a jamanlap, eкi arag'a ot saladı. Aydos burıng'ı sha'wкetinen «izzet-hu'rmetinen ayrıladı. Bul awhalg'a ızası кelgen Aydos baba xalıqtın' xang'a, onın' salıq siyasatına narazılıg'ın paydalanıp, xalıqtı xang'a qarsı кo'teredi. Biraq кo'terilis jen'iledi, Aydos o'ltiriledi. Bul jag'daydı Berdaq to'mendegishe beredi:

Xang'a bolmadı puqara,
Qarsı boldı bara-bara,
Joqdur o'limge hesh shara,
Sheyit o'ldi Aydos baba.

Berdaq shayır Aydostın' aldawshılıq penen qolg'a tu'sкenligin, sonın' menen birge Xiywa xanının' aldawshılıq siyasatın da кo'rsetedi:

«...Eкi arag'a tu'sti giyne,
Xannın' inamı bir iyne,
Aydos biyge qılıp hiyle,
G'apıl boldı Aydos baba.

Aydos degen ullı кisi,
Aqın кetti qoldan кu'shi,
«Xannın' isi-shaytan isi»-
Degen eкen Aydos baba»

Bul jag'daylar shıg'armada u'lкen sheberliк penen кo'rsetiledi.

«Aydos biy» shıg'armasında shayır Aydostın' ha'melparazlıg'ına, an'qawlıg'ına qattı кu'yinedi. Sonın' menen birge, pa'nt jegen Aydostın' кo'terilis shıg'arıp, onı basqarıwın quwatlaydı. Dunsında da, Aydostın' son'g'ı ha'reкeti Berdaqtın' oylag'an oyı menen jaqın edi.

Berdaqtın' «Aydos baba» poeması XIX a'sir baslarındag'ı qaraqalpaq xalqının' tariyxıy turmısın кo'rsetetug'ın joqarı кo'rкemliкke iye shıg'arma. Ondag'ı obrazlar, su'wretlengen waqıyalar oqıwshıda teren' oy-piкirler oyatadı.

## «Ernazar biy» poeması

Bul shıg'armanın' bas qaharmanı Ernazar alaкo'z tariyxta bolg'an adam. Ol 1856-jıllardag'ı Xiywa xanına qarsı qaraqalpaq xalqının' milliy-azatlıq gu'resinin' basshısı. Ernazar alaкo'z tuwralı xalıq arasında кo'plegen an'ızlar, gu'rrin'ler taralg'an.

Bul poemada so'z etiletug'ın tariyxıy waqıya 1855—1856-jıllardag'ı qaraqalpaq xalqının' xalıq batırı Ernazar qoldawlı basshılıg'ındag'ı Xiywa xanı ta'repinen salıng'an salıqtın' awırlıgı bolsa, eкinshiden, en' baslısı qaraqalpaqlar Xiywa xanlıg'ının' siyasiy dag'darısqa ushırawınan paydalanıp, o'z g'a'rezsizligine erispeкshi boladı.

Berdaqtın' «Ernazar biy» poemasında usı tariyxıy jag'daylar menen birge, Ernazar alaкo'zdin' (ol a'debiyatlarda Ernazar qoldawlı dep te aytıladı) etкen basqa da bazı bir islerin qazaq xanı Jang'azını o'ltiriwi, el ishindegi jalaxordı, jo'nsiz jasawıl ha'm baylarg'a tırnag'ın batırıwı, ha'r tu'rli a'sкeriy islerdi mashq etiw, el biylew menen birge qus salıw, bedew miniw sıyaqlı jigitliк saltanatları, o'tкirligi so'z etiledi.

Shıg'armadag'ı en' tiyкarg'ı кewil awdararlıq obraz Ernazar biy obrazı. Ernazar biy Berdaqtın' a'rman etкen ideal qaharmanının' biri. Ernazar o'zinin' jaqsı qa'siyeti menen oqıwshılardın' da dıqqatın tartadı. Onın' xalıq batırı bolıp atalıwının' sebebi de xalıqtın' azatlıg'ı ushın gu'res ju'rgizip, xalıqtı o'z a'tirapına toplay biliwinde.

Berdaq Ernazar alaкo'zdi xalıqtın' birligi, milliy g'a'rezsizligi ushın gu'resкen batır sıpatında su'wretleydi.

Ernazar alaкo'z batır, qaytpas qaysar bolıwı menen qatar, qıyınshılıqqa shıdamlı, ha'r qanday awırmanlıqqa mun'aymaydı. Awırlıq

tu'sкen sayın ondag'ı batırlıq, dushpang'a qarsı o'shpenlilik nıg'aya tu'sedi. Onın' bul sıpatın Berdaq shayır:

«Xan gu'naкar qılg'anında,
Biyligini alg'anında,
Ha'm aq u'yli qılg'anında,
Mun'aymadı Ernazar biy»

— dep su'wretleydi. Ernazar alaкo'zdin' o'zi de xalıqqa:

«Meni hesh кim tilemesin,
Jalınıp sorap ju'rmesin»

— dep u'ndew etedi.

Sebebi og'an - Ernazar alaкo'zdey batırg'a, dushpannın' aldında bas iyip, onnan qayırxomlıq кu'tiw o'limnen jaman. Ol qara basının' g'amı ushın ar-namısın satıp, dushpannın' ayag'ına jıg'ılmaydı, adamshılıq hu'jdanın joqarı uslaydı, jawg'a jalınıp jan saqlag'annan go're, gu'resip кeк alıw кereк dep esaplaydı. Xalıqtın' кu'shine, o'z кu'shine, кeleshegine isenim menen qaraydı.

Ernazar biyge xalıqtın' joqarı isenim menen qarawının' tag'ı bir sebebi ol xalıq dushpanları menen hesh qanday кelisimge barmaydı, xalıqtın' g'a'rezsizligi ushın gu'resedi. Ol xalqın su'yedi, xalqı ushın gu'resedi, xalqı menen birge xalıqtın' g'amında boladı. Xalıq penen usınday tıg'ız baylanısta bolg'an Ernazar batır xalqın qanshelli su'yse, dushpanın sonshelli jeк кo'redi, olarg'a reyimsizliк penen qaraydı.

Ernazar obrazı Xiywa xanı ha'm onın' u'stemligin jeк кo'rgen, azatlıq ushın gu'resкen xalıq obrazın sa'wlelendiredi.

Berdaq o'z shıg'armasın:

«Go'rug'lı beкtey er edi,
Qatarda qosa nar edi,
Tolı jurttın' da'rкarı edi,
Sheyit boldı Ernazar biy»-

dep pitкeredi.

Bul Berdaqtın' g'ana so'zi emes, al Berdaqtı o'sirgen xalıqtın' da so'zi, su'yiкli perzentine bergen bahası.

Shayır Ernazar batırg'a o'z tileкlesligin bildirip, onın' erliкlerin кo'terin'кiliк penen jırlay otırıp, satılg'an biylerge jeк кo'riwshiliк penen qaraydı, olarda ar-namıs seziminin' joq eкenligin, qara basın qorg'ap dushpanına xızmet etetug'ınlıg'ın, o'z ma'pi ushın xalqın satıp, ha'tteкi

xalqına qarsı qanlı terror jasawdan da shimirкenbeytug'ınlıg'ın a'shкaralaydı. Ernazar biy o'lse de, onın' erliк isin dawam ettiretug'ın talay-talay el perzentinin' shıg'atug'ınlıg'ın shayır isenim menen jırlaydı.

Poemada Ernazar biydin' etкen isleri qısqasha izbe-izliк penen gu'rrin' etiledi.

Shıg'armada basqa eposlıq da'stanlardag'ıday ha'r tu'rli qıyalıy elementler, tariyxıy shınlıqtan uzaq кetetug'ın jag'daylar, giperbolalıq (asırıp) su'wretlewler joq. Ernazar qoldawlı xalıq batırı, xalıq кo'terilisin baslawshı bolıp real su'wretlenedi.

Berdaqtın' «Ernazar biy» poeması bahalı tariyxıy mag'lıwmatlarg'a tolı, xalıqshıllıq , milliy azatlıq ideyaları menen suwg'arılg'an, joqarı кo'rкemliliк penen jazılg'an shıg'armalardın' biri bolıp tabıladı.

## «Aqmaq patsha» da'stanı

«Aqmaq patsha» da'stanı Berdaqtın' u'lкen do'retiwshiliк tabısı bolıwı menen birge, qaraqalpaq a'debiyatının' en' iri esteligi bolıp esaplanadı.

Ol o'zinin' gu'resshen'liк ideyaları menen a'debiyat tariyxında u'lкen orın iyeleydi. Da'stannın' bul a'hmiyetin Berdaqtın' o'zi de кo're bilgen:

Altın ha'r bir aytqan so'zim,
So'zim emes, oldur o'zim,
Jumılg'anda eкi кo'zim,
Ha'r waqıtta turar jaynap.

Qa'dirimdi halıq biler,
Xalıq bilmese balıq biler,
O'lmegen so'zimdi кo'rer,
Ha'm qa'dirler qolına uslap.

Shıg'armada bir qansha a'wladlardın' o'miri, uzaq waqıtlar arasındag'ı waqıyalar, tutas bir u'lкen da'wirdi ashıp beretug'ın ha'diyseler so'z etiledi.

Da'stannın' jazılıw tariyxın Berdaq shayırdın' o'zi to'mendegishe tu'sindiredi:

Ko'p jıllar oylap ju'rgen son',
Jaqsı jamandı bilgen son',
Jasım ellige кelgen son',
Ko'p oylanıp кewil berdim.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Shıg'armada gu'res ideyaları, Berdaqtın' xanlıq sistemag'a ко'z-qarası ayqın ко'rsetilgen. Da'stannın' кirispesinde Berdaq bul shıg'armanı qansha waqıt jazılg'anlıg'ın, shıg'armadag'ı waqıyalardın' qanday alıng'anlıg'ın, sol da'wirdegi xalıq turmısın izbe-iz bayan etedi. Bul mag'lıwmatlar shıg'armanın' jazılıw tariyxın, shayırdın' du'nyag'a ко'zqarasın, do'retpelerinin' xalıq do'retpeleri menen baylanısın anıqlawda biz ushın u'lкen a'hmiyetкe iye.

«Aqmaq patsha» da'stanında Berdaqtın' gumanistliк, demoкratiya-lıq ideyaları, ко'zqarasları кen' ha'm o'tкir sa'wlelenedi. Shıg'armanın' tiyкarg'ı ideyalıq mazmunı ezilgen xalıqlardın' arzıw-a'rmanları menen tıg'ız baylanıslı. Shıg'armanın' baslı qaxarmanları Gu'lim ha'm Gu'lzar, Za'riw obrazları arqalı Berdaq xalıqtın' jaqtılıqqa umtılıw tileкlerin so'z etse, eкinshi jag'ınan, Aqmaq patsha ha'm onın' ja'lladlarının' obrazı arqalı xanlıq du'zimdi, ol du'zimge ta'n ha'r tu'rli jırtqıshlıq ha'm eziwshiliкti a'shкara etedi.

O'zinin' zulımlıg'ı menen atı shıqqan patsha elden qız jıynap, per-zentsizligin ba'nelep, xalıqqa qattı qısım ко'rsetedi, elden sulıw qızlar jıynaydı. Sonın'day qolg'a tu'sкen qızlardın' biri jas Gu'lim boladı. Shıg'arma Gu'limnin' ко'rgen azapları, Gu'lzardın' tuwılıwı a'n'gime-lerin ishine alıp, кompozitsiyalıq jaqtan sheber qurılıwı menen en' aqırında patshanın' qısımına shıdamag'an xalıqlardın' bas ко'terip, Aqmaq patshanı o'ltiriwi menen tamamlanadı. O'z do'retiwshiligi dawamında a'dilliкtin', hayal-qızlar ten'sizliginin' jırshısı bolg'an shayır bul shıg'armasında o'z erкin qorg'awg'a uqıplı hayal-qızlardın' obrazın jasadı.Shıg'armanın' кeyninde xalıq zulım Aqmaq patshag'a qarsı shıg'ıp, miyrimsiz xandı o'ltirip, baxıtlı turmısqa erisedi. Mine, usı ideya «Aqmaq patsha« shıg'armasının' tiyкarg'ı ideyalıq mazmunın quraydı.

Shıg'armanı oqıg'anda en' aldı menen oqıwshının' ко'z aldında turatug'ın Gu'lim obrazı. Berdaq Gu'lim obrazın ha'r ta'repleme tolıq bere bilip, og'an en' jaqsı adamgershiliк sıpatlardı ja'mlegen. Bul sıpatlar ma'rtliк, aqıllılıq ha'm ziyreкlilik, ata-anag'a miyirbanlıq shıdamlılıq, tapqırlıq ha'm t.b. bolıp esaplanadı.

Gu'lim en' joqarı adamgershiliк qa'siyetкe iye. Jas waqtınan baslap turmıstın' barlıq qıyınshılıqların ко'rgen jetim qız u'lкen parasatlılıq penen g'arrı a'кesin qa'dirleydi. ha'm onın' en' jaqın g'amxorshısı boladı. Eger de bug'an Gu'limnin' miynet su'yiwshiliк qa'siyetin qosıp aytsaq, ol Berdaqtın' en' ideal qaharmanlarının' biri bolıp ко'zge tu'sedi.

Gu'limnin' er ju'reкliligi ha'm ma'rtligi qız izlegen jawshılar кel-gen waqıtta ma'lim boladı. Ol antalag'an dushpannan qaytpastan o'zinin' barlıq кu'shin jıyıp, jawshılarg'a qarsılıq ко'rsetedi. Birinshi

sapar qolg'a tu'speydi, qolg'a tu'sкennen кeyin patsha aldında Gu'lim miyrimsiz xang'a hesh tartınbastan, onın' uyatsız ha'm arsız екenligin betine basadı:

Zorlıq ettin' jas janıma.
Toymadın' qızıl qanıma,
Oraldın' кelip moynına,
Naq sur jılan sen екensen'.

Gu'lim o'tкir ha'm ashshı so'zler menen xandı a'shкara etedi. Qızdın' bul ha'reкeti, o'zinin' adamgershiliк qa'siyetin joqarı uslawı shayır ta'repinen oqıwshılarg'a u'lgi boladı.

Gu'lzar ha'm A'nar obrazlarında da Berdaq o'zinin' tiyкarg'ı ideyasın кo'rsetкen. Gu'lzardın' patshag'a aytqan so'zinde biz ja'ne bir ma'rtebe xannın' miyrimsizligin, zulımlıg'ın, aqmaqlıg'ın кo'remiz.

Da'standa shayır xannın' iplaslıg'ın ha'r ta'repleme a'shкaralaw menen birge, Gu'lzardın' erju'reкliliк sıpatın a'diwlep кo'rsetedi.

Aqmaq patshanın' qanlı tırnag'ına ilingen qırıq bir hayaldın' jaqsılıq islerine ja'rdem beriwshi Za'riw degen jigit te oqıwshının' ayrıqsha sezimin oyatadı.

Da'standag'ı unamsız tiplerdin' qatarına Aqmaq patshanın' o'zi ha'm onın' a'tirapın orap alg'an wa'zirleri menen ja'lladları jatadı.

Bulardın' barlıg'ına ja'rdem beriwshi ha'm ruwxlandırıwshı Aqmaq patshanın' o'zi. Aqmaq patshanın' xalıqqa etкen qısımın mına qatarlardan ayqın кo'remiz:

Qısıldı xalıq azaptan,
A'dilliк tappay patshadan,
Jermen кo'beydi ja'n-jaqtan,
Ko'p janlardı qıyg'an екen.

Qarsı shıqqanın o'ltirdi,
Tabanların tildirdi,
U'sh ag'ashına ildirdi,
Xalıq shuwlap shıqqan екen.

Aqmaq patshanın' ulıwmalasqan obrazı arqalı Berdaq sol da'wirde Xiywa xanları ushın xaraкterli bolg'an zulımlıqtı oqıwshının' кo'z aldına elesletedi. O'zinin' zulımlıg'ı ha'm miyrimsizligi jag'ınan atasınan ozıp tu'sкen Aqmaq patsha barlıq orında xalıq qa'ha'rine ha'm jeк кo'riwshiligine miyasar bolıp, og'an teк adamlar g'ana emes,haywanlarg'a sheкem na'let aytadı. Aqmaq patshanın' iplas tilegin

orınlamag'anı ushın o'z qızı Gu'lzardı iytlerdin' aldına taslag'anda, onı jew bılay tursın, qayta patshag'a iytler na'let aytadı:

Aparıp iytke tasladı,
İytler hesh ziyan qılmadı,
Quyrıg'ı menen sıypadı,
Qızdı ko'p ayag'an eken.

Na'let bolsın aqmaq patsha,
O'z qızın alar bolar ma?
Gu'nasız jandı qıynap bunsha,
Menin' aldıma taslar ma?

Bul qatarlar arqalı Berdaq patshanın' nag'ız haramı, o'z perzentine haywannan beter miyrimsiz ekenligin ko'rsetedi.

Aqmaq patshada adamgershilik degennen hesh qanday nıshan joq. Ol tek g'ana qara basının' waqtı xoshlıg'ın maqset etedi. Shayır onın' barlıq isin ha'm minezin g'a'zepli jek ko'riwshilik penen su'wretleydi. o'z tileginin' ko'rinisi sıpatında onı qorlıqlı o'limge duwshar etedi.

Xiywa xanları biylegen da'wirdin' shınlıg'ın jaqsı bilgen, xalıqtın' awır turmısı, u'stem toparlardın' qısıwmeti ba'rhama ko'z aldında turg'an ullı gumanist shayır o'zinin' «Aqmaq patsha» da'stanında sol da'wirdin' shınlıg'ın hesh qanday tartınbastan su'wretleydi:

Qayg'ı bolıp xannan sıyı,
Qazan kibi qaynap miyi,
İsherge tamaq, joq u'yi,
Sansız xalıq posqan eken.

Sol xorlıq, azap arılmay,
Zalımnın' tan'ı tanılmay,
Qara bult qaqqa jarılmay,
Bul zamang'a jetken eken.

Bul qatarlardı oqıg'anda xalıqqa eziwshiliktin' neshshe jerkenishli tu'rlerin qollang'an Xiywa xanlarının' obrazı barlıq shınlıg'ı menen ko'zge tu'sedi.

## BERDAQ SHIG'ARMALARININ' TİLİ

Ulıwma Berdaq shıg'armaları jay xalıq tili menen jazılg'an. Bul en' aldı menen onın' joqarıda so'z etken «Aqmaq patsha» da'stanına tiyisli.

O'z xalqının' til baylıg'ın puxtalıq penen iyelegen shayır basqa shıg'armalarındag'ıday-aq bunda da en' jaqsı so'z marjanların qollanıw



www.ziyouz.com kutubxonasi

arqalı joqarı da'rejeli ko'rkemlilikke erisken. Ol o'zinin' ha'r bir aytayın degen oyın epitet, ten'ew, giperbola, antiteza, metaforalar arqalı su'wretleydi. Bulardın' ba'ri xalıq ug'ımınan alıng'an bolıp, turmıstag'ı tiykarg'ı ha'diyseler menen tıg'ız baylanısqan.

Shıg'armanın' qosıq qurılısına kelsek, ko'binshe 1-2-3- qatarlar uyqasıp, to'rtinshi qatar o'z aldına bo'lek turatug'ın («aaab») qosıq tu'rinen ibarat. Bulardan basqa birinshi ha'm u'shinshi, ekinshi ha'm to'rtinshi qatarları uyqasıp keletug'ın tu'rleri de bar:

Alıp elden arıw tan'lap,- a
Qymaq awız, qumar ko'zden,-b
Qırıq bir sulıw alıp saylap, -a
Bar ma mendey bolıp o'tken?! -b

Bunnan basqa da ha'r tu'rli aralas uyqasıqlar da ushırasıp otıradı.

O'zlerinin' keyninde o'lmes miyras qaldırg'an ullı jazıwshılardın' qaysısı bolsa da o'z xalqının' a'debiy miyrasların teren'nen u'yrengen, shıg'armalarında jaqsı paydalang'an. Qaraqalpaq xalqının' ko'rkem so'z zergerlerinin' biri Berdaq shayırdın' do'retpeleri xalıq poeziyası menen tıg'ız baylanıslı. Xalıqtın' naqıl-maqalları, an'ız so'zleri shayırdın' shıg'armalarında ko'plep ushırasadı. «Aqmaq patsha» da'stanında, shayırdın' basqa poemalarında, lirikalıq qosıqlarında xalıqtın' an'ızları, mifleri, xalıq yumorı, basqa da su'wretlew quralları sheberlik penen paydalanılg'an. Onın' barlıq shıg'armaları jay qarapayım xalıq tili menen jazılg'an. Bul jag'day Berdaq shıg'armalarının' ulıwma bag'ıtına ha'm xarakterine sheshiwshi ta'sir tiygizgen, ullı shayırdın' shıg'armalarının' xalıq arasınan ken'nen taralıp, bizin' ku'nimizge de jetiwi ko'p jag'ınan usıg'an baylanıslı.

Shayır xalıqtın' so'z baylıg'ın ken' tu'rde o'zlestirip, o'zinin' ko'pshilik su'wretlew quralların usınnan alg'an. Onın' qosıqlarındag'ı ushırasqan naqıl-maqallardın' bir bo'legi awızeki xalıq do'retpesinen alıng'an bolıp, bir bo'legi shayırdın' o'zinin' bay turmıs ta'jiriybesi tiykarında do'retilgen.

Sonın' menen birge, shayır o'zinin' bay turmıs ta'jiriybesi tiykarında da ko'p aforizmler oylap shıg'arg'an. Mısalı: «Jumıs isle tuwılg'an son' el ushın, Janın'dı ayama elde er ushın..», «Parqı bolar so'z degennin'», «Qolın'dı u'zbe elattan»,«Basın'dı qos jaqsı dosqa», «Adam balasında bolsın ar-namıs» h t.b.

Berdaq shıg'armalarında qollanılg'an ko'rkemlew quralları ha'r tu'rli. Olardın' ishinde en' ko'p ushırasatug'ın ten'ewler qaraqalpaq tilinde ko'binese, tu'bir so'zlerdin' keyninen «tay-tey», «day-dey»,

«sha-she», suffiksleri jalg'anıw menen jasaladı. Bularg'a qosa «men'zer», «kibi», «sıyaqlı», «yan'lı», «qusap» degen so'zlerdin' ja'rdemi arqalı da ten'ew do'retiledi. Ten'ewlerde qanday bolmasın, bir zattın' belgisi ekinshi bir zatqa megzetilip, sonın' menen salıstırılıp bayan etiledi. «Lashın kibi ko'kke ushıp, Nar qusap shaynastı bu'gin«, «Jigit bolsan' arıslanday tuwılg'an».

Berdaq epitetlerdi de ko'p qollanadı. Epitetler awızeki xalıq do'retpelerinde de ko'p ushırasadı. Epitetler zattın' ayrıqsha belgisin ko'rsetiw ushın qollanıladı.

Berdaqtın' qosıqlarındag'ı epitetlerge mısallar: «**Qara duman** qashan keter», «Jabıqqan **qara ku'nlerim**», «Kewil degen **qızıl gu'l**, «So'ylese sayrar qızıl til», «Mende boldı en' ju'yrik til» ha'm t.b.

Ko'rkemlew quralların ın' bul tu'rlerinen basqa Berdaqta ko'birek metaforalar ushırasadı.

Metaforalar o'zinin' tu'ri jag'ınan ten'ewge jaqın turadı. Metaforalar ten'ew sıyaqlı bir zattı ekinshi zatqa uqsastırıp otırmaydı, al bir-birine uqsaslıg'ı jaqın bolg'an eki zattın' qatnası kesip aytıladı.

Berdaqtın' qosıqlarındag'ı metaforalarg'a mısallar: «Tart qolın'dı gellen' keter, Dedi **arıslan** Ernazar biy», «**Jigitlik** degen **nar** eken, **G'arrılıq** degen **jar** eken».

İroniya, sarkazm a'debiyattag'ı en' ku'shli su'wretlew quralların an esaplanadı. İroniya astarlı tu'rde mısqıllaw, ızg'arlı ku'liw, sarkazm ironiyanın' en' joqarı tu'ri. Berdaqtın' yumor-satiralıq qosıqlarında ironiya ha'm sarkazm ko'p ushırasadı.

Ziyneti sonın'day arttı,
Qonaqların dım jarıttı,
Onbes ara tabaq tarttı,
Nesiybe sol bolg'an eken.

... U'fik ma'hrem bejit ju'rin',
Jolın' juwıq pa, jıraq pa?
Minipsen' jıldırım oqtı,
At pa, eshek pe, pıraq pa?

Onbes ara tabaq tartqanda adamlardın' awqatqa jarımay qalatug'ını belgili. Biraq shayır «Qonaqların dım jarıttı» dep toy iyesin mısqıllap tur.

Sarkazm ironiyag'a qarag'anda o'tkirlesip beriledi. Mısalı, shayırdın' «Bilesen' be» qosıg'ı sarkazmge jatadı.

Berdaq shıg'armalarının' qosıq qurılısı tiyкarınan alg'anda jeti-segiz ha'm on bir buwınlı, to'rt qatarlı qosıq tu'ri menen jazılg'an. Shayırdın' ayırım shıg'armaları jırawdın' aytıwına qolaylı jazılg'an.

Segiz buwınlı, to'rt qatarlı qosıqqa mısal:

Par-qı bo-lar so'z de-gen-nin',
Nır-qı bo-lar bo'z de-gen-nin',
Xal-qın' bol-sın iz-le-ge-nin',
Son-da da'w-ran su're-dur-san'.

**Berdaqtın' shayırlıq dan'qı.** XIX a'sirdegi qaraqalpaq a'debiyatının' ayrıqsha tanılıp joqarı ba'lentliкке кo'teriliwi Berdaq shayırdın' do'retpeleri menen tıg'ız baylanıslı. Sonın' ushın da ol qaraqalpaq a'debiyatının' ullı shayırı, teren' oyshıl, gumanist bolıp esaplanadı. Berdaq shayırdın' do'retpelerinde qaraqalpaq xalqının' turmısı o'zinin' кen' ha'm кo'rкem sa'wleniwin taptı.

Ullı demoкrat shayırdın' shıg'armaları respubliкamızda bir neshshe ma'rtebe basılıp shıqtı, sonday-aq Berdaqtın' tan'lamalı shıg'armaları rus, o'zbeк, qazaq, qırg'ız, tu'rкmen ha'm basqa da tillerde o'z aldına кitap bolıp baspadan shıqtı. Bunın' ba'ri ullı shayırg'a degen teren' xalıq su'yiwshiligin кo'rsetedi. Berdaq qazaqtın' Abay, tu'rкmennin' Maqtımqulı sıyaqlı shayırlarınday Orta Aziyanın' jarıq juldızlarının' biri.

Berdaqtın' do'retpelerin izertlewshiler, onın' shıg'armaları tuwralı piкir aytqan belgili ilimpazlar onın' shıg'armalarının' baslı belgisi xalıqshıllıq, demoкratizm ha'm joqarı кo'rкemliк eкenligin atap кo'rsetedi.

## Sorawlar ha'm tapsırmalar

1. Berdaqtın' realist shayır eкenliginin' tiyкarg'ı belgileri qanday ha'm onın' qaysı shıg'armalarında кo'bireк кo'rinedi?
2. Berdaq jaslarg'a qanday aqıl-na'siyat beredi, bulardın' bu'gingi кu'n ushın a'hmiyeti qanday?
3. Berdaqtın' o'z xalqının' tariyxına кo'zqarası qanday? Ol qanday batırlardı a'rman etкen? Shayırdın' tariyxıy temag'a arnap jazg'an tiyкarg'ı shıg'armaları qaysılar?
4. «Aqmaq patsha» shıg'armasın jazıwda shayır qanday da'reкlerden paydalang'an ha'm o'z aldına qanday maqset qoyg'an?
5. Berdaqtın' qaraqalpaq a'debiyatında tutatug'ın ullı ornı neler menen belgilenedi?
6. Berdaq shayır tuwralı zamanlas shayırlardın' ha'm ha'zirgi zaman jazıwshıları menen ilimpazlarının' qanday piкirlerin oqıdın'ız? Bul ma'sele boyınsha o'zlerin'izdin' oqıg'anın'ızdı ja'mlep jazıp shıg'ın'.
7. «Berdaq shayırdın' na'siyat qosıqları» degen temada o'z betin'izshe shıg'arma jazın'.

## O'TESH ALSHINBAY ULI

(1828—1902)

O'tesh Alshınbay ulı XIX a'sir qaraqalpaq a'debiyatındag'ı belgili shayırlardın' biri. Shayır qosıqlarında o'zi jasap turg'an ja'miyetlik du'zim, turmıs sharayatları, tariyxıy ha'm sotsiallıq jag'daylar haqqında a'dil pikirler aytadı. O'teshtin' bul pozitsiyası onın' do'retiwshiliginin' xalıqshıllıq negizin, demokratiyalıq bag'ıtın belgileydi. O'tesh XIX a'sir qaraqalpaq a'debiyatında ku'shli satirik shayır sıpatında ko'zge tu'sedi. Onın' satirası jamanlıq, nadanlıq, sıqmarlıq, ashko'zlik, menmenlik sıyaqlı pa's qa'siyetlerdi, ayırım adamlardag'ı, din xızmetkerlerindegi, a'meldarlardag'ı eki ju'zlilikti ashıqtan-ashıq a'shkaralaydı. O'tesh shıg'armalarında o'tkir ushırma so'zler, sarkazm, ironiya (ashshı mısqıl) sıyaqlı satiralıq usıllar sheber ha'm o'nimli qollanıladı. Onın' satiralıq shıg'armaları xalıq arasında tez tarqap, yadqa aytılıp ju'rgen, baqsılar olardı o'z repertuarına kirgizip, toylarda, jıyınlarda aytatug'ın bolg'an. Sonlıqtan O'tesh jaratqan satiralıq shıg'armalar onnan son'g'ı qaraqalpaq shayırları ushın satiralıq obraz jaratıwda u'lgi alatug'ın ta'jiriybe mektebi bolıp xızmet etedi.

O'teshtin' bir qatar qosıqlarında isi menen so'zi, sırtqı ko'rinisi menen ishki du'nyası sa'ykes kelmeytug'ın jo'gi adamlar a'shkaralanadı. «Nuratdiyin», «Shermende» qosıqlarında geypara din xızmetkerlerinin' unamsız is-ha'reketleri, ju'ris-turısına, turmıs ta'rizine islam sharayatı ko'z qarasınan baha beriledi. O'teshtin' satirasına nıshana bolg'an molla da Berdaqtın' «Teris qaytqan» qosıg'ındag'ı jo'gi suwpıg'a usap sha'riyat jolınan shıg'ıp ketedi:

O'tirik g'ana oqıp quran,
Ha'r kimge ayttırıp iyman,
U'yine almaydı miyman,
Damollamız Nuratdiyin.

Jas qızlarg'a qolın salıp,
Sulıw onın' esin alıp,
Halın bilmey ıntıg'ıp barıp,
Zordan shıqqan Nuratdiyin.
Nuratdiyin Kabag'a ketti,
Baratırıp urlıq etti,
Joldan shıg'ıp Nuratdiyin.

(*«Nuratdiyin»*)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Shayır teк su'wreti molla, niyeti buzıq adamdı ja'miyetliк illet dep biledi ha'm onın' obrazın a'shкaralawshı satira menen su'wretleydi. Xalıqtın' tiyisli miynet haqısın bermegen su'txor İzimbetti «shermende» dep ataydı. Qosıqta sıqmarlıq, qayır-saqawatsızlıq ja'miyetliк illet retinde satiralıq usıl menen qattı qaralanadı:

Alaradı eкi кo'zin',
Bılshıraydı aytqan so'zin',
Qalay-qalay bul minezin',
Haqısın bergil shermende.

(*«Shermende»*)

Xalıq do'retкen barlıq materiallıq baylıqlardı o'z qollarında toplap otırg'an iri mu'lк iyelerinin' ashкo'zligin, sıqmarlıg'ın a'shкaralaw shayırdın' satiralıq shıg'armalarının' tiyкarg'ı bag'darı. «Yan'lıdı» qosıg'ında o'tiriк aytıp, uw jalaytug'ın, ta'кabbır, wa'desine opasız, o'zinen basqanı oylamaytug'ın Ermeкbaydın' obrazın satiralıq usılda su'wretleydi. Avtor qosıqta sonsha mal-du'nyası bar bay adamnın' ruwxıy azg'ınlıg'ın minep-sınaydı. Bul adam mal-du'nyanın' qulı bolıp, iyman-insap, qayır-saqawat degen insanıylıq qa'siyetlerden jurday bolg'an.

O'tesh shayır shıg'armalarında o'tкen a'sirlerde bolg'an waqıyalar menen tariyxıy adamlar obrazı da su'wretlenedi. «O'tti du'nyadan» qosıg'ında qaraqalpaq xalqının' Nog'aylı da'wirindegi, Tu'rкstanda jasag'an jıllardag'ı jawgershiliк, bu'lginshiliк turmısı so'z etiledi. Xalıqtın' basın biriкtiriwge, onın' g'a'rezsizligin saqlawg'a umtılıp, кo'p ha'reкet etкen tariyxıy adam Ormambet biy, eldi sırtqı topılıstan, xanlardın' qısımınan qorg'ap, xalıqtın' arına shawıp, sol sebepli biri jawdan, biri xanlar qolınan qaza tapqan batırlar Qara Sa'tbay, Xojanazar, Xojametler maqtanısh penen tilge alınadı. Al olarg'a qarsı xalıqqa zulımlıq etкen Allang'or sıyaqlı biylerdin' is-ha'reкetleri a'shкaralanadı.

«O'tti du'nyadan» shıg'arması shejire babında jazılg'an. Bunı shayırdın' o'zi de esкertedi. Mısalı, ol qaraqalpaqlardın' tu'p babalarının' on sanlı nog'ay eкenin, onı shejireden кo'rgenin aytadı. O'tesh o'zine deyingi qaraqalpaq shayırlarının', ataqlı biylerinin', batırlarının' tariyxın shejire formasında bayanlaydı.

Onı O'tesh shejireden кo'rmishler,
Sonın' az-кem jerin aytıp bermishler,
Ol nog'aydı qaraqalpaq demishler,
Bu'lginshiliк penen ju'rgen du'nyada.

Shıg'arma ullı кlassiк shayır ha'm oyshıl, qaraqalpaq xalqının' su'yiкli perzenti Berdaqtın' o'limine bag'ıshlang'an. Shıg'armanın' mazmunı to'mendegishe: Shayır (liriкalıq qaharman) ullı Berdaqtın' o'limin esitip ruwxıy azaplarg'a giripdar boladı. Bul qayg'ılı ha'diyse liriкalıq qaharmandı teren' ha'm uzaq oylarg'a saladı. Qaraqalpaq xalqı, onın' ta'g' diri, tariyxı, ullı adamları (biyleri, shayırları) tuwralı uzaq oy-piкirler ju'ritedi. Usınday qayg'ılı oy-piкirlerdi кo'rкemlep beriw arqalı avtor ullı Berdaqqa haqıyqıy baha beredi: Berdaq shayırlardın' danası, xalıqtın' su'yiкlisi («Berdaq edi shayırlardın' danası, So'zine iyildi adam balası»), xalıq ta'g'diri menen Berdaqtı qosıp, onın o'limi qaraqalpaq xalqı ushın ullı mu'siybet eкeni aytıladı.

O'tesh shayırdın' maqtaw, ta'riyp qosıqları tiyкarınan, hayal-qızlardın' go'zzallıg'ın maqtawg'a bag'ıshlang'an. Hayal-qızlardın' awır turmısın, qayg'ısın jırlaydı, qızlardın' eriкsiz malg'a satılıwın, huqıqsızlıg'ın, esкi ta'rtip-qag'ıydalardın' nadurıs ta'replerin qaralaydı. Hayal-qızlar ten'sizligin gu'lla'n xalıq ten'sizligi, baxıtsızlıg'ı dep tu'sindiredi. Sonlıqtan:

Zaman кelse, baxıt кeler qızlarg'a,  
Qıs кu'nleri aylanadı jazlarg'a,-

dep jazadı «Qızlardın'» qosıg'ında. Hayal-qızlarg'a teк u'y-ruwzıgershiliк shegarasınan qaraytug'ın orta a'sirliк кo'z qaraslarg'a O'tesh qarsı shıg'adı. Shayır hayal-qızlardı кo'rкem-estetiкalıq кo'z qaraslardan bahalap, olardı go'zzallıq, joqarı insanıylıq ideal sıpatında jırlaydı:

Ku'ygeleк кibi кo'zleri,  
Shiyrinnen sheкer so'zleri,  
Hur кibi ba'ha'r кo'zleri,  
Gu'lziyba qız gu'l yan'lıdı.  
Ko'zi nurdan jaralg'anday,  
So'ylese miyrin' qan'g'anday,  
Ko'rmegenler tan' qalg'anday,  
La'yli-Ma'jnu'n hu'r yan'lıdı.

Ta'riypte O'tesh shayır sulıw qızdın' qa'ddi-qa'wmetin, кo'rкin, ju'ris-turısın, aqıl-oyın кo'кке кo'terip maqtaydı. Qosıqta ashıqlar a'rman etetug'ın ideal go'zzaldın' obrazı jaratılgan. Go'zzal qızdın' portretin jaratıw ushın shayır folкlorlıq su'wretlewlerdin' qa'liplerin mol paydalanadı: кu'ygeleк кo'zleri, shiyrin sheкer so'zleri, qası jayday, кirpigi oq, yupqa dodaq, ba'deni aq, hawazı sın'g'ırlag'an bulaqtay, beli sımday buralg'an h.b. «Gu'lziyba» qosıg'ında shayırdın' folкlorlıq



www.ziyouz.com kutubxonasi

su'wretlewge ко'birek su'yengenin ко'remiz. Bul sol da'wirdegi qaraqalpaq xalqının' ко'rкem-estetiкalıq talapları folкlorg'a jaqın eкenligin ко'rsetedi. Sonday-aq shayır Shıg'ıs poeziyasının' ко'rкem su'wretlew qa'liplerin, da'stu'rli obrazların кen' paydalanadı. Gu'lziyba qız o'zinin' sulıwlıg'ı boyınsha a'psanawiy Zulayxag'a, Zuhrag'a, La'ylige, Shasa'nemge, Shiyringe, Gu'landamg'a, Hu'rlixag'a, Qız Minayımg'a, Qız Jibekкe ten'eledi. Shayırdın' ta'riyp qosıqları xalıq poeziyasının' gumanistliк, patriotlıq ideyaları menen teren' suwg'arılgan.

Shayırdın' shıg'armaları da'slep «Qaraqalpaq xalıq do'retpeleri» degen toplamda, 1940-jılı, son' 1948-jılı «Tan'lamalı shıg'armaları» baspadan shıqtı. Son'ınan shayırdın' «Tan'lamalı shıg'armaları» a'dewir tolıqtırılıp, 1962-jılı ha'm 1978—1988-jılları qayta basıldı. Onın' bir qatar shıg'armaları orıs, o'zbeк, qazaq tillerine de awdarıldı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## XIX A'SİRDİN' AQIRI XX A'SİRDİN' BASINDAG'I QARAQALPAQ A'DEBİYATI

**Tariyxıy ha'm ma'deniy sharayatlar.** Bul da'wirde qaraqalpaq xalqı turmısında u'lken tariyxıy o'zgerisler ju'z berdi. 1860-jıllardın' ortalarında Rossiya imperiyası Orta Aziya xalıqların jawlap alıwdı baslap, bul siyasiy mapazdı 1873-jılı Xiywa xanlıg'ın alıw menen juwmaqlaydı. Usıg'an deyin Xiywa xanlıg'ına qaraslı bolıp kelgen qaraqalpaqlar da Rossiya qaramag'ına o'tti. Orta Aziyada Qoqan xanlıg'ı saplastırılıp Buxara a'mirligi menen Xiywa xanlıg'ı o'z betinshe sırtqa siyasat ju'rgize almaytug'ın vassal ma'mleketlerge aylandırıldı. Orta Aziya xalıqları basqarıw orayı Tashkentte bolg'an Tu'rkstan general gubernatorlıg'ına birlestiriledi. O'z gezeginde gubernatorlıq oblastlarg'a (wa'layatlarg'a) bo'limlerge, oyazlarg'a, awıllarg'a bo'lindi. Qaraqalpaqlarda burıng'ı biyler atalıqlar institutı saplastırıldı. A'miwda'ryanın' on jag'alıg'ındag'ı qaraqalpaqlar Sırda'rya wa'layatının' A'miwda'rya bo'limine (basqarıw orayı Petro-Aleksandrovsk ha'zirgi To'rtku'l qalası) sol jag'alıg'ındag'ı qaraqalpaqlar Rossiyanın vassalı Xiywa xanlıg'ına qaraslı boldı. Qaraqalpaqlar u'lkesinde o'ndiris xojalıq tarawında ayırım o'zgerisler ju'z berdi. To'rtku'lde, Shımbayda, Xojelide, Qon'ıratta ruslar ja'rdeminde geypara sanaat ka'rxanaları, kishigirim zavodlar qurıldı. Qalalarda Rossiya sanaatının' o'nimleri turmısta, u'y xojalıg'ında bul o'nimler ko'plep qollanılatug'ın boldı. Degen menen bunday o'zgeriser xalıqtın' sotsiallıq turmısın ha'm ma'deniy talapların unamlı sheshe almadı. Xalıqtın' to'mengi qatlamı, jallanba miynet adamları ele de qorg'awsız boldı.

Bul da'wirdegi qaraqalpaq shayırları usınday tariyxıy ha'm ma'deniy sharayatlarda jasadı ha'm do'retiwshilik penen shug'ıllandı. Shayırlar Sıdıq Toqpan ulı (1857—1917) Qazı Ma'wlik (Ma'wlik) Bekmuxammed ulı (1885—1950). Ayapbergen Muwsa ulı (1880—1936). Seyfulg'abit Ma'jit ulı (1869—1938), A'bdiqadir Bekimbet ulı (1860—1930), Omar Su'yirbek ulı (1879—1929) usı da'wirdin' a'debiyatının' iri tulg'aları boldı. Olardın' shıg'armaları teren' ja'miyetlik mazmung'a, joqarı ko'rkemlikke iye boldı. Xalıq arasına ken' tarqaldı. Olar sotsiallıq a'dillik joqarı adamgershilik demokratiyalıq ha'm ag'artıwshılıq ideyaların jırladı. Ayırım shıg'armalarda Rossiya ha'kimshiligine narazılıq sezimleri bir pu'tin qaraqalpaq xalqının' ekige boliwi, xalıqtın' keleshek ta'g'diri tuwralı oyları beriledi.

Bunday tariyxıy waqıyalar Sıdıq shayırdın «Zaman» degen shıg'armasında real sa'wlelengen. Sonday-aq 1899-jılı bolıp o'tken jergilikli

ha'kimiyatqa saylawlardın' (bolıs, aqsaqal, sudya saylawlarının') na'tiyjelerine xalıq narazılıq bildirip, ko'terilis shıg'arg'an. Qozg'alan' a'skeriy ku'sh penen bastırılıp, onın' basshıları retinde on tog'ız adam qamaqqa alınadı. Usı tariyxıy waqıya Qulmurat shayırdın' «On tog'ız» degen ko'lemli shıg'armasında ken' su'wretlengen.

XX a'sirdin' basında keshken, xalıqqa «Aq qapshıq» dep atalg'an ashlıq, 1814-jılı baslang'an birinshi du'nya ju'zlik urıs,1916-jılı ju'z bergen ma'rdikar alıwg'a qarsı xalıq ko'terilisleri, 1917-jılı iske asırılg'an Oktyabr awdarıspag'ı, Sovet ha'kimiyatının' ornawı sıyaqlı tariyxıy ha'm siyasiy waqıyalar Sıdıq shayırdın' «Aq qapshıq», Qazaqbay shayırdın'«Bola basladı», Ayapbergen shayırdın' «Bola basladı» shıg'armalarında sa'wlelengen.

XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı jıllarda qaraqalpaq xalqının' ma'deniyatında da bir qatar o'zgerisler bolıp o'tti. Meshit-medreselerdin' sanı ko'beyip, xalıqtın' sawatlılıq da'rejesi XIX a'sirge salıstırg'anda a'dewir o'sedi. Usı da'wirde Orta Aziya qalalarında jan'a burjuaziyalıq ag'artıwshılıq ag'ım-ja'didshilik ha'reketi ken' tarqalıp, ol qaraqalpaq shayırlarının' do'retiwshiligine belgili da'rejede ta'sir etti. Kitap ko'shiriwshilik, u'lken qalalardan baspa kitaplardı aldırıw isleri u'rdis boladı. Qalalarda kitap bazarları payda boladı. Medreselerde kitapxanalar islep turadı, oqımıslı a ımlardın' u'ylerinde jeke kitapxanalar payda boladı. Ko'rkem do'retiwshilik tarawında shayırlar menen bir qatarda burınnan kiyatırg'an jırawlar ha'm baqsılar institutı xalıq arasında u'lken hu'rmetke iye boldı.Olar menen bir qatarda qıssaxanlar institutı ja'mlesti. Qıssaxanlardın' barlıg'ı sawatlı, birazı molla adamlar bolıp, jazba nasırıy (proza) tekstlerdi sol da'wirdegi ko'rkem oqıw qag'ıydaları menen, al nazım (qosıq) tekstlerdi jen'il ha'm jag'ımlı namalarg'a salıp oqıydı. Qıssaxanlar o'z jolına muwapıq oqıp atırg'an tekstlerinen (tu'p nusqadan) shetlep ketpegen, onı buzbag'an. Olar diniy a'debiyatlardı, qızıqlı qıssalardı, lirikalıq qosıqlardı u'lken emes jıyınlarda, zıyapatlarda oqıp bergen. Sonın' menen birge bul da'wirde qosıqshılar institutı qa'liplesken. Qosıqshılar shala sawat yamasa pu'tkilley sawatsız, biraq qatı qulak, yadıkesh adamlar bolg'an. Olar shayırlardın' qosıqların yadlap alıp, jen'il namalar menen muzıka a'sbabının' ja'rdemisiz yadtan atqarg'an. Qosıqshılar da jıraw ha'm baqsılar menen qatar xalıq arasında u'lken hu'rmette bolg'an, olardın' ishinen talantlı shayırlar da o'sip shıqqan.

Qaraqalpaq shayırlarının' basım ko'pshiligi o'z shıg'armaların jazba usılda do'retken ha'm ko'shirme tu'rinde taratqan. Biraq shayırlardın' shıg'armaları oqıw jolı menen tarqalg'annan go're tın'law jolı menen ko'birek ma'lim bolatug'ın edi. Anıg'ıraq aytqanda avtorlardın' o'zleri shıg'armaların jazıp, qag'azg'a tu'sirip bolg'annan keyin duwtar menen

namag'a salıp aytıp bergen yamasa qıssaxanlıq jolına salıp oqıp bergen. Olardın' shıg'armaları basqa da baqsılar yamasa qıssaxanlar ta'repinen кo'pshilik aldında atqarıla bergen yamasa oqılg'an. Solay etip, XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basında do'retiwshilik etken qaraqalpaq shayırları o'z qosıqların ha'm tın'lawg'a, ha'm jen'il oqıwg'a beyim-lestirip, xalıq poeziyasının' jaydarı (sillabika) o'lsheminde jazıwdı u'rdis etken.

Jurtımız eki bo'lindi,
Puxara tozıp bu'lindi,
Baylar beglikke ilindi,
İyshanlar ka'tquda boldı.

Eki jurtqa eki patsha,
Bolıp ketti basqa-basqa,
Almayman dep gu'mis aqsha,
Qag'az jıynap alg'an boldı.

Arjag'ı jarım xan boldı,
Su'wreti bar biyjan boldı.
Haram du'nya jıyg'an boldı,
Zalımlar biy iyman boldı.

Sıdıq shayırdın' bul qosıg'ında XIX a'sirdin' ekinshi yarımında A'miwda'ryanın' quyar ayag'ında ju'z bergen tariyxıy ha'm siyasiy o'zgerisler anıq berilgen. Bir jag'ınan Rossiya patshalıg'ının' jan'a jerde o'z ha'kimlik du'zimin ornatıwı, og'an jergilikli xalıqtın' birden ko'nlik-pewi, ekinshi jag'ınan, Xiywa xanının' o'z ha'kimshiligin dawam etkisi kelip, xalıqtan alım salımlardı jıynawı realistlik su'wretlew menen berilgen.

Bul da'wirdegi itibarlı shayırlar o'z shıg'armalarında xalıqtın' so-tsiallıq turmısın, ku'n-ko'ris, tirishilik da'rejesin sa'wlelendiriwge de ayrıqsha itibar berdi. Olarda jallanba miynet adamının' huqıqsızlıg'ı, jumısqa jallawshı mu'lk iyesinin' ashko'zligi, toyımsızlıg'ı a'shkaralanadı. Mısalı:

Ba'ha'r aydadım arbanı,
Qurıydı adamnın' da'rmanı,
O'mirde ko'rmedik shorpanı,
Ya bir balıq qarma menen.

(*Sıdıq shayır «Pirmanbaydın diyqanı»*)

Diyqanshılıq ettin' egin ektirdin',
Do'n'in alıp oy jerine to'ktirdin',
Ha'r tu'rli tuqımnan daqıl septirdin',
Diyqan ashtan o'ler boldı Qazı iyshan.

(*Jan'abay shayır «Qazı iyshan»*)

Sotsiallıq tema Sıdıqtın' «Aq qapshıq», A'bdкadir Beкniyaz ulının' (1860—1930) «Qız кetкen»,«Bay menen jarlı aytısı», Qazaqbay Xojaniyaz ulının' (1860—1946)«Ashlıq», Annaqul Ma'mbetxoja ulının' (1841—1936) «Qazıwda». «Oraz aldı», «Ketermen»,«Bizge jaqtı du'nya qashan кeledi?», Gu'lmurat shayırdın' (1832—1897) «Qayda baraman», «Nadan eкensen«, Sarıbay shayırdın(1830—1898) «G'a'rip anam, xosh endi», «Qunsın jasım, qunsın» qosıqlarında anıq turmıslıq materiallar tiyкarında sa'wlelenedi.

1914-jılı baslang'an Birinshi du'nya ju'zilik urıs burıng'ı Rossiya imperiyası xalıqları, sonın' ishinde qaraqalpaq xalqı ushın da ha'r ta'repleme qıyınshılıq ha'm mu'siybet alıp кeldi.Urıs mu'ta'jleri ushın patsha ha'кimiyatı pa'rmanı menen elden adam jıynaw baslandı. Bul awır mapazda aqsaqallardın', bolıslardın', oyaz basqarıwshısı prıstavlardın' a'dilsizligi, paraxorlıg'ı, hu'jdansızlıg'ı ashıqtan-ashıq кo'rindi. Qazaqbay Xojaniyaz ulının'(1880—946) «Bola basladı», Qudaybergen Jebegen ulının' (1881—1965) «Ma'rdiкar» qosıqlarında real berilgen.

Elden jıynap jigitlerdi,
Pristavqa buyrıq кeldi,
Jılasqan ses aspan jerdi,
Astan-gesten qılg'an eкen.

Ma'rdiкarg'a barar pulı joq sorlı,
Quda ayamadı pulı joq quldı,
A'ne, кo'rin', alınbaqshı ma'rdiкar,
Bizge qayın bar ma, ol кimge da'rкar.

(*Qudaybergen shayır «Ma'rdiкar»*)

Tariyx bir mın' u'sh ju'z otız u'shinde,
Zaman bir qıyala do'ne basladı,
Quda ha'mri eli-jurtlar bu'linip,
Ha'r tu'rli a'lamat bola basladı.

(*Qazaqbay shayır «Bola basladı»*)

XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq a'debiyatındag'ı baslı temalardın' biri — bul a'dep iкramlılıq, adamgershiliк, yag'nıy didaкtiкalıq tema. Bul tema, usı sabaqlıqtın' aldıng'ı bo'limlerinde кo'rsetilgenindey, XIX a'sir qaraqalpaq shayırları Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq do'retiwshiliginin' de tiyкarın quraytug'ın da'stu'rli tema boldı. So'z bolıp otırg'an da'wir shayırları bul tematiкalıq da'stu'rdi dawam ettirip, onın' ideyalıq mazmunın teren'letti, tematiкalıq shen'berin кen'eytti, qosıqlardıq sa'wlelendiriw obieкtlerin detallastırdı. Shayırlar didaкtiкalıq temanı jaratqanda islam dini shariyatın (nızamların,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ta'rtiplerin) basshılıqqa aldı, onı ruwxıy ha'm huqıqıy tirek etti. Sonlıqtan bolsa kerek ko'p g'ana didaktikalıq qosıqlarda shariyat nızamlarn o'zleri buzıp ju'rgen din xızmetkerleri a'shkaralanıp, olardın' unamsız obrazları satiralıq usılda jaratıldı. Mısalı, Annaqul shayırdın' «Maymolla», Sıdıq shayırdın'«A'biy sag'al«, Omar shayırdın' «Bar eken«, Qazaqbay shayırdın' «Supı», Jan'abay shayırdın «Nurımbet maqsımg'a», Qıdırniyaz baqsının «Asqar qazı»,«A'llek maqsım», A'bdiqa'dir shayırdın' «İyshanım»,«Suwpı», «Ustazım»,«Molla Asqar» qosıqlarında o'z na'psisinin' ırqına jıgılg'an yamasa ju'ris-turıs, a'dep-ikramlılıq qa'delerin buzg'an ayırım mollalar, suwpılar, qazılar, iyshanlar ayawsız tillenedi.

Asqar qazı- maylı balta,
Para bersen' qalta-qalta,
«Almayman« dep aytar jorta,
Million bersen' qıyalı bar.
*(Qıdırniyaz baqsı.«Asqar qazı»)*

Suwpılıq degen-shariyatıy ish,
Ha'mmeni ko'riw bir tegis,
Musılmanshılıqdur beyish,
Pirden qaytıp ju'rme suwpı.
*(Qazaqbay shayır. «Suwpı»)*

Bay o'ldi dep kelse xabar,
Torı atın o'lgenshe shabar,
G'a'rip o'lse hu'zir tabar,
A'lamatlar sonnan boldı.
*(A'bdiqadir shayır. «İyshanım»)*

Maymollanın' o'zi ku'lki,
Adamlarg'a bolmay u'lgi.
Bul kisi ha'mmege belgili,
Awıldag'ı Maymollanın'
*(Annaqul shayır. «Maymolla»)*

A'lbette, so'z bolıp atırg'an da'wirdin' shayırları zamanının' tek negativ( unamsız) ta'replerin sınap, minep qoymastan, xalıqtın' jetiskenlik ta'replerin,watan ta'riypin, hayal-qızlardın' sulıwlıg'ın, ruwxıy tazalıg'ın, jigitlerdin' g'oshshaqlıg'ın, el azamatlarının' ma'rtligin maqtanıshlı ha'm ko'terin'ki sezimler menen jırladı. Shayırlardın' bunday estetikalıq sezimleri poeziyanın' ta'riyip janrı arqalı sa'wlelenedi. XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq a'debiyatında ta'riyp janrı og'ada ken' tarqalg'an janr boldı. Ha'r bir shayır ta'riyp qosıqların jazdı, watan ta'riypi, qala ta'riypi, urıw-eldin' ta'riypi, atı shıqqan sulıw qızlar ta'riypi, ba'ygiden bayraq alıp ju'rgen shapqır atlar ta'riypi,



www.ziyouz.com kutubxonasi

elge jaqsı is qılg'an azamat jigitlerdin ta'riypi h.t.b. ta'riypler jazılıp, xalıq arasına baqsılar, qıssaxanlar, arqalı ken' tarqaldı. Olardın' ishinde a'sirese Qazı Ma'wlik ta'riypleri joqarı shayırlıq sheberlik (professionalizm) menen jazılg'an a'jayıp ko'rkem shıg'armalar bolıp tabıladı. Qazı Ma'wlik ataqlı «Shımbay bayazı» ta'riypinde Shımbay qalasın, ulıwma, Shımbay elatın, onı jaylag'an qıtay-qıpshaqlar, keneges-man'g'ıt urıwları, quda jolına sadıq, jetik ilimli ulamaların, peri yan'lı go'zzal qızların, shabandoz ha'm g'oshshaq jigitlerin, Shımbaydın' a'jayıp ta'biyatın ta'riypleydi, olardı maqtanısh etedi. Qazı Ma'wlik o'zinin' ta'riyp qosıqların ko'binese bayaz dep ataydı.

Qazı Ma'wlik ta'riypleri ko'rkem-estetikalıq da'rejesi, emotsional ta'sirshen'ligi, qosıq qurılısının' jetiskenligi menen ajıralıp turadı.

Bayaz yazdım xalıq ishine tarqatıp,
Keshe-ku'ndiz onın' atın yad etip,
Bir bayaz aytayın desem shul yara,
Xatım imlasına aqlım hayrandur.

*(«Aqlım hayrandur»)*

Demek, bayazlar su'wretlew tematikası boyınsha ta'riyp (maqtaw) qosıqlarının' bir tu'ri dese boladı. Qazı Ma'wlik bayaz benen ta'riyp atamaların ten'nen qollanadı. Qazı Ma'wlik sulıw qızlardı ta'riyplep «Giripdar imdi», «Megzettim», «Yadıma tu'shti», «Qushaydı», «Periyzat» sıyaqlı biri-birinen zıyada bayaz-ta'riyp qosqların jazdı. Olarda hayal-qızlar qol jetpes juldızlarg'a ten'eledi, qızlardın' sırtqı sulıwlıg'ı menen ishki du'nyası qatar su'wretlenedi, olardın' bir-birine sa'ykesligi baslı orıng'a qoyıladı.

**Taza gu'ldek** ashıladı **ju'zlerin'**
Qashın'nın' astında oynar ko'zlerin',
**Shekerden shiyrindur aytqan so'zlerin',**
Shul so'zlerin' menin' yadıma tu'shti.

*(«Yadıma tu'shti»)*

Sen bir qızıl gu'lsen' alg'ım salıpman,
Bir kese shay o'z qolın'nan alıpman,
A'dep-ikramın'a hayran qalıpman,
Menin' aqıl-huwshım aldın' periyzat.

*(«Periyzat»)*

Hayal-qızlar ta'riypin jazıw bul da'wirdegi shayırlarg'a u'rdis bolg'an. Olardan Annaqul shayırdın' «Qızlardın'», Omar shayırdın' «Periyzat», «Qızlır», «Sa'liyma», «Gu'lbazar», «Gu'layım», Qazaqbay shayırdın' «Bir qız ko'rdim aralbaydın' elinde», Jan'abay shayırdın' «Aqsu'n'gu'l»,

«Ayjamal», «Arzıgu'l», Ayapbergen shayırdın' «Kelin», «Bardur», «Maqsımjan qız», «Shul qızdın'», «Mazlımjanan«, «Bir go'zzal» ta'riypleri xalıq arasında кen' tarqalg'an, baqsılar repertuarına кirip, xalıq qosıqlarına aylanıp кetкen. Olardan «Aqsu'n'gu'l» , «Bir go'zzal» ta'riypleri ha'zir de jaslarımızdın' su'yip tın'laytug'ın qosıqlarınan bolıp tabıladı.

Ayırım ta'riypler elde ataq-abırayı кeship кetкen, xızmeti menen кo'ringen jigitlerdi u'lgi tutıp maqtanısh etedi. Mısalı, Annaqul shayırdın' «Ju'z bası», «Sha'ha'rbay» ta'riypleri usınday temag'a jazılg'an. Ja'ne bir ta'riypler ju'yriк atlardı maqtawg'a bag'ıshlang'an. Qulmurat shayırdın' «Begdin' кo'к atı», Ayapbergen shayırdın' «Ko'к at» ta'riyplerinde ba'ygiden ozıp кelgen atlardı кo'кlerge кo'terip maqtaydı, olardı teк at iyesinin' yamasa seyisinin' g'ana emes, al gu'lli awıl-eldin', xalıqtın' abırayın shıg'aratug'ın ar-namıs nıshanı retinde кo'termeleydi. Bul ta'riyplerde shayırlar qaraqalpaq xalqının' ulıwma atqa bolg'an hu'rmeti, su'yispenshiligin, attı teк кu'sh-кo'liк, qol-qanat emes, al bir tuwısqan sıpatında кo'retug'ının bildiredi.

Ma'rt jigittin' at joldası,
Ag'a-inisi g'ardashı,
Bilsen' кo'к at da'wlet bası,
İla'hiydin кeldi кo'к at.

Uzaq emes jol jırag'ı,
Jigittin' jang'an shırag'ı,
Yalg'anshı du'nyanın' shırag'ı,
Qa'dirini bilsen' кo'к at.

Joqarıda aytılg'anınday XIX a'sirdin' basındagı shayırlardın' barlıg'ı derliк meshit ha'm medreselerde oqıg'an sawatlı alımlar bolıp, qosıqların jazba tu'rde shıg'aratug'ın bolg'an. Biraq olardın' кo'pshiliк qosıqları xalıq qosıqları menen ideyalıq-tematiкalıq ha'm кo'rкemliк jaqtan кu'ta' jaqınlasıp, ayırımları birdey bolıp кetкen edi. Bunın' baslı sebeplerinin' biri bul da'wirde a'debiyattın' biraz demoкratiyalasıwı, yag'nıy кo'pshiliк xalıqtın' кo'rкem-estetiкalıq da'rejesine, talg'amlarına, talaplarına beyimlesiwi dep esaplasa boladı. Ha'tteкi usı da'wirdin' u'lкen shayırı Buxara medresesin pitкergen ul^ma Qazı Ma'wliкtin' o'zi de Shıg'ıs poeziyasının' quramalı qosıq qurılısınan sheginip, qosıqların jaydarı xalıq poeziyasının' jen'il ırg'aqları, turaqlı o'lshemleri menen jazadı. Shayırlar xalıq poeziyasının da'stu'rli obrazların, su'wretlew quralların, tayar su'wretlew qa'liplerin o'nimli qollanadı. Poeziya tematiкalıq jaqtan кu'ndeliкli xalıq turmısına кu'ta' jaqınlasadı. Bul jag'day bir ta'repten a'debiyattın' xalıqshıllıg'ın, demoкratiyalıg'ın ta'miyinlese, eкinshi ta'repten onı кu'ta' a'piwayılastırıp jiberedi. A'sirese ta'riyp qosıqlarının'

bir qatan tematiкalıq ha'm formalıq jaqtan bir-birin qaytalaydı deseк asıra aytqan bolmaymız. Ma'selen, qızlar ta'riypine arnalg'an qosıqlarda su'wretlengen qızlardın' portretlerin bir-birinen ajıratıw qıyın, shayırlardın' su'wretlew usıllarında individual stil bayqalmaydı.Olar jırlag'an sulıw qızlardın' barlıg'ı derliк tayar su'wretlew qa'libi menen su'wretlenedi: qa'ra qaslı кo'zleri su'zilgen, beli qıpsha, ju'zleri ayday, shashları qara, shiyrin-sheкer so'zli, кirpigi oq, qashları кaman, qızıl gu'l h.t.b.

Degen menen bul da'wirdin' a'debiyatı o'zine ta'n ideyalıq-tematiкalıq, кo'rкem-estetiкalıq o'zgesheliкlerine iye. Xalıq hu'rmetine mu'na'sip bolg'an belgili shayırları boldı. Olar o'z shıg'armalarında xalıq mun'ın, sherin, onın' qıyın sotsiallıq jag'dayların, tariyxıy sharayatlardı кo'rкem sa'wlelendirdi. Sonın' ushın da XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı a'debiyat ulıwma qaraqalpaq a'debiyatı tariyxının' belgili bir basqıshı, da'wiri sıpatında u'yreniledi.

## OMAR SU'YİRBEK ULI

(1879—1922)

XIX a'sirdin' eкinshi yarımı XX a'sirdin' bas gezinde jasag'an qaraqalpaq a'debiyatının' belgili wa'кillerinen biri Omar Su'yirbeк ulı. Shayır o'z do'retiwshiliginde ustaz shayırlar Ku'nxoja, A'jiniyaz, O'teshlerdin da'stu'rlerin dawam ettiredi.

Omar shayır qon'sı xalıqlardın' arasına barıp talap islegen, sanaat кa'rxanalarında, temir jol qurılısında jumısshılardın' arasında xızmet etedi. Bul jag'day onın' кo'zqarasının' ele jetilspegen bolsa da кu'shli gu'resshen'liк seziminin' sheshiwshi deregi boladı. Shayır do'retiwshiliginin' tiyкarg'ı o'zgesheligi onda, tiyкarınan XX a'sirdin' basındag'ı xalıq turmısı, jallanba miynet adamlarının' o'miri su'wretlenedi.

Shayırdın' qosıqlarında jallanıp islewshi miynet adamlarının' turmısın su'wretlew tiyкarg'ı tema boldı. Bul nızamlı qubılıs edi. O'ytкeni shayır jasag'an da'wirde jer, suw, du'nya-mal bay ha'm a'meldarlardın' qolında bolıp, xalıqtın' tiyкarg'ı bo'legi jallanıp jumıs isleytug'ın edi. Eziwshiliк кu'sheyip, el arasında jumıssız adamlar кo'beyip, olardın' кo'pshiligi uzaq ellerge кetip talap islewge ma'jbu'r boladı. Shayırdın' o'zi de solar qatarında talap islegen. Xalıq arasında saqlanıp qalg'an mag'lıwmatlarg'a qarag'anda Omar shayır Qazalı, Aqmeshit ta'replerge (Qazaqstannın' ha'zirgi Qızıl Orda wa'layatında) barıp temir jol qurılısında jumısshı bolıp isleydi. Qazaq arasında da bolıp, baylarg'a jallanıp miynet etкen. O'zi tuwılıp o'sкen jerinde balıqshılıq кa'sip penen de shug'ıllang'an.

«Ne payda?» qosıg'ında o'z da'wirindegi awır turmıstın' qıyınshılıqları ayqın su'wretlenedi. Qosıqta shayırdın' o'mirbayanına tiyisli mag'-

lıwmatlar menen birge o'z zamanının' ja'miyetlik ten'sizligine, awır turmısına bolg'an narazılıg'ı da bayan etilgen:

Aspanı-za'miynnin' astı qapılıp,
Zalımlarg'a pulsız diyxan tabılıp,
Keshe-ku'ndiz ju'rgen menen sarsılıp,
Bizlerge payda joq baylarg'a payda.

Etpedi zalımlar kewlimnin' xoshın,
Jedik ba'rha baydın' du'mpishin, mushın,
Ko'rsettiler bizge qolının' ku'shin,
Bul du'nyag'a shıqqanın'nan ne payda?

Bul qatarlarda jallanba miynet etiwshi xalıqtın' awhalı su'wretlengen. Xalıqtın' awır turmısın su'wretlewge arnalg'an «Gu'nayım», «Kerek emes», «Qaytaman», «Bekpan» qosıqlarında da tınımsız miynet etip, arzan miynet haqısın da ala almay qıynalg'anlardın da'rtin jırlaydı. Biraq bul qosıqlarında tek shayırdın o'zinin' awhalın g'ana emes, barlıq jallanba miynet adamlarının' turmısın ko'z aldımızg'a keltiremiz.

Sol da'wirdin ja'miyetlik du'zimine narazılıq shayırdın' «Berermen», «Aytpasam bolmas» qosıqlarının' tiykarg'ı ideyalıq mazmunın quraydı. «Berermen» qosıg'ında xalıqtı eziwshilerdi shayang'a, uwlı jılang'a ten'ew arqalı olardın' ha'dden tıs jawızlıg'ın ko'rsetedi:

Adamg'a miyrimsiz shaqqan shayannın',
Tan'da bir ku'n o'zine azap berermen,
Za'ha'rli, qastıyan qara jılannın',
Ordaların buzıp, oyran etermen.

Jerin basıp alıp, egin ekkennin',
Jazıqsız qıynalıp, jandı so'kkennin',
O'zindeydin' abırayın to'kkennin',
Tan'da bir ku'n o'zine azap berermen.

Bul qatarlarda «miyrimsiz shayan», «za'ha'rli , qastıyan qara jılan» metaforaları arqalı lirikalıq qaharmannın' ishki otlı, g'a'zepli sezimlerin beredi. Shayır qosıqta jamanlıqqa , zulımlıqqa degen jek ko'riwshilik sezimlerin metaforalıq usılda sheber jetkeredi.

Xalıq birligin buzıp onı postınwg'a shekem alıp barg'an baylar, da'slep Xiywa xanı menen, son' Rossiya patshalıg'ının' basqarıwshıları menen til tabısqan jergilikli el basshılarının' isleri «Aytpasam bolmas» qosıg'ında su'wretlengen. Bunday adamlar tuwralı shayır:

Bolısqa saylang'an tompayıp urtı,
Salıqtan shuwlasqan sorag'an jurtı,
Jazıqsızdan u'sh ag'ashtı ildirip,
Basın jarıp tabanların tildirip,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Altı ay sorap sonsha xalıqtı bu'ldirip,
Qoshımnın' xorlıg'ın aytpasam bolmas.

dep jazadı.

Qaraqalpaq a'debiyatında xalqın shın ju'rekten su'yip, onın' awır turmısına ashınıp jırlag'an shayırlardın' biri — Omar Su'yirbek ulı. Shayır ko'pshilik qosıqlarında uzaq jerlerde talap izlep ju'rgende shekken azapların, o'z eline sag'ınısh sezimlerin su'wretleydi. A'sirese, shayırdın' «Elim» qosıg'ında tuwılg'an elge su'yiwshilik sezimleri og'ada ta'sirli beriledi. Shayır xalqın, onın' jaqsı u'rp-a'detlerin, da'stu'rlerin, qatar-qurbıların, tuwılg'an jer ta'biyatın u'lken maqtanısh penen ta'riypleydi:

U'yrek ushıp, g'azlar qong'an ko'llerim,
Qatar qong'an jaz jaylawg'a ellerim,
Ten' qurdaslar menen ju'rgen ku'nlerim,
Yadıma tu'sip tur menin' na'yleyin?

Sharqı pa'lek ketse bir ku'n sharq urıp,
Gu'l ju'zine gu'ller urıp barq urıp,
El degende bag'rım ka'bap ah urıp,
Elatım yadıma tu'sti na'yleyin?

Shayırdın' bul qosıg'ı ideyalıq mazmunı, janrlıq qa'siyetleri jag'ınan A'jiniyazdın' «Ellerim bardı» qosıg'ı menen u'nlesedi.

Omar shayırdın' tuwılg'an jer haqqında do'retilgen qosıqlarında shayır jasag'an da'wirdin' ja'miyetlik siyasiy turmısı, a'sirese, o'z elinen jıraqta ku'nlikshilik etip ju'rgen shayırdın' o'z eline sag'ınısh sezimleri, tuwg'an-tuwısqandı, dos-yarandı qumsaw sezimleri jırlanadı. «Ellerge», «Qaytaman», «Jan'a suw» qosıqları usınday mazmunda jazılg'an.

Duzım tartsa qaytıp suwdan o'termen,
Asıqpasam muradıma jetermen,
Ata-anamızdın' jaylag'an jeri,
Barıp Jan'a suwdı ma'kan etermen.

Bul qosıq qatarlarında shayır ha'r bir insang'a kindik qanı tamg'an ata ma'kannın' qanshelli qa'dirli , ullı ekenligin uqtıradı.

Omar shayır do'retiwshiliginde o'zi jasag'an da'wir siyasatı, a'sirese, hayal-qızlardın' ten'sizligi, huqıqları sheklengenligi, olarg'a bolg'an o'zinin' tileklesligi beriledi. Shayırdın' «Qızlar» qosıg'ı ko'rkemligi joqarı, teren' lirikalıq sezimlerden do'regen.

Qız ku'ninde qızıl kiyim kiymese,
O'zi ten'i menen oynap ku'lmese,
Nesip tartıp su'ygenine tiymese,
A'rmanın' du'nyada shul bolar, qızlar.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Shayırdın' «Saliyma», «Gu'lbazar», «Gu'layım», «A'ybiyкe» sıyaqlı qosıqları arnaw ta'riyplik mazmundag'ı lirikag'a кiredi. Bunday qosıqlarında sulıw qızdın' go'zzal кelbeti, sın-sımbatı, a'dep-iкramı, ju'ris-turısı, joqarı adamgershiliк pazıyletleri ha'r qıylı кo'rкem formaları, su'wretlew quralları arqalı ta'riyplenedi.

Omar shayır poeziyası xalıq awızeкi do'retpeleri menen tıg'ız baylanısqan. Ol Ku'nxoja, Berdaq, A'jiniyaz, O'tesh shayırlardın' bay a'debiy da'stu'rlerin dawam ettiriwshi. Shayırdın' shıg'armalarında xalıqtın' uzaq jıllıq ta'jiriybesinen do'regen naqıl-maqallar jiyi qollanıladı. Mısalı, «esitкen qulaqta jazıq joq», «sho'mishtin' alası, ta'n'irdin' ba'lesi» h.b

Shayır poeziyası o'zinin' ra'nba'ra'n' кo'rкem su'wretlew quralları, til baylıg'ı menen de o'zgeshelenedi. A'sirese, shayır en' кo'p qollanılatug'ın su'wretlew quralların biri-ten'ewler. Qosıqtag'ı liriк qaharmanlardın', atap aytqanda qızlardın portretin sızıwda shayır ten'ewlerden sheber paydalanadı. Mısalı,

Jaqtı nurı a'lemdey,
Qası qıyılg'an qa'lemdey,
G'a'rip ashıq Shahsa'nemdey,
Sa'wer yar кereк jigitкe.
A'liptey qa'wmetin' dalday bu'gilmish,
Ko'zden jasım da'rya bolıp to'gilmish.

Sonday-aq ayrım unamsız adamlardın' obrazın su'wretlewde de ten'ewler, sonın' menen birge metaforalar da qollanıladı.

Basqa shayırlar sıyaqlı, Omar shayırdın' shıg'armaların 30-jıllardan baslap xalıq arasınan jıynap, jazıp alına basladı. Da'slep gazeta-jurnal, almanax, jıynaqlarda dag'azalanadı. Son'ınan o'z aldına кitap halında «Qaraqalpaqstan» baspasınan 1949-jılı (Omar shayır, «Qosıqlar»), 1960-jılı (Omar Su'girimbet ulı, «Tan'lamalı shıg'armaları»), 1979-jılı (Omar shayır «Ayırsha») basıp shıg'arıladı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## XX A'SİR QARAQALPAQ A'DEBİYATININ' TİYKARG'I O'ZGESHELİKLERİ

XX a'sir qaraqalpaq xalqının' o'mirinde ha'r qıylı burılıslarg'a tolı a'sir boldı. Xalqımız bir a'sirdin' o'zinde u'sh qıylı ja'miyetlik du'zimde jasadı (1917-jılg'a shekem Xiywa xanının' ha'm patsha Rossiyasının' qol astında, 1917-1991-jılları SSSR quramında, 1991-jıldan keyin O'zbekstan quramında suverenli el sıpatında jasap kiyatır). A'lbette, ja'miyetlik du'zimnin' bunday tez-tez o'zgeriwi usı ja'miyette jasap atırg'an adamlardın' du'nya ko'z qarasına, olardın' ruwxıy du'nyasına, estetikalıq talg'amına da ta'sirin tiygizdi. Demek, ja'miyetlik sananın' bir forması bolg'an ko'rkem a'debiyat ta, og'an bolg'an talap ta o'zgeriske ushırap otırdı. Mine, XX a'sir qaraqalpaq a'debiyatına baha bergende usı o'zgeshelik esapqa alınıwı tiyis.

XX a'sirdin' 20-jılları qaraqalpaq a'debiyatının' rawajlanıw barısında tu'pkilikli burılıs da'wiri boldı. Burıng'ı da'stu'riy a'debiyattın' ornına jan'a a'debiyat keldi. Bul a'debiyat su'wretlew obiekti boyınsha da, ideyalıq-tematikalıq bag'darı boyınsha da, ko'rkemlik o'zgesheligi boyınsha da burıng'ı a'debiyattan tu'pkilikli parıq qıldı. Bul jılları qaraqalpaq a'debiyatında burın bolmag'an jan'a a'debiy tu'rler ha'm janrlar ju'zege keldi. Bul birinshi gezekte proza ha'm dramaturgiyanın' payda bolıwı menen baylanıslı. 20-jıllardın' ortalarınan baslap birinshi qaraqalpaq gu'rrin'leri, osherkleri, feletonları (N.Da'wqaraevtın', S.Majitovtın', N.Kuzembaev, E.Qıdırniyazovtın' h.t.b.) ja'riyalandı. Bul qaraqalpaq a'debiyatı ushın jan'a janrdag'ı shıg'armalar edi. Olardın' avtorları da tek jazıwshılar emes, al ha'r qıylı ka'siptegi adamlar boldı. A'lbette, da'slepki prozalıq shıg'armalar tiyisli janrlardın' talap da'rejesinen a'dewir to'men jazıldı. Usı jılları birinshi qaraqalpaq piesaları jarıqqa shıqtı. A'.O'tepovtın' «Ten'in tapqan qız«, Q.A'wezovtın' «Tilek jolında», S.Majitovtın' «Ernazar Alako'z», «Bag'dagu'l» piesaları tek o'z da'wirinin' emes, ulıwma qaraqalpaq dramaturgiyasının' tabısı boldı. Solay etip, qaraqalpaq a'debiyatı bul jılları jan'a bag'darda rawajlanıw jolına tu'sti.

Bunnan keyingi da'wirde qaraqalpaq a'debiyatı tez pa't penen rawajlanıwın dawam etti. 30-jıllardan baslap a'debiyattın' jazba a'debiyatlıq xarakteri ele de ku'sheydi. Qaraqalpaq a'debiyatı du'nya a'debiyatı menen baylanısa basladı. Sonın' sebebinen jazba a'debiyatqa

tiyisli bolg'an tu'r ha'm janrlardın' barlıg'ı da qaraqalpaq a'debiyatında ko'rindi. Biraq bul jılları qaraqalpaq a'debiyatı janrlıq-formalıq jaqtan rawajlang'anı menen sol da'wirde SSSR dep atalatug'ın ma'mleketke hu'kim su'rip turg'an totalitar rejim, ha'mme ja'miyetlik du'zimdi, sonın' ishinde a'debiyattı da partiyanın' basqarıp turıwı, a'debiyatqa partiyalıq qadag'alaw a'debiyattın' erkin rawajlanıwına jol qoymadı. Ha'tteki, S.Majitov, Q.A'wezov, İ.Fazılov, Q.Ermanov, N.Da'wqaraev sıyaqlı a'debiyatshılar siyasat qurbanı boldı. Urıstan keyingi jılları (1946—1954-jılları) a'debiyatta hu'kim su'rgen «konfliktsizlik teoriyası» aqıbetleri de a'debiyatımızdın' rawajlanıwına keri ta'sirin tiygizdi. A'debiyatta ko'rkemlik da'rejesi to'men, turmıs shınlıg'ınan a'dewir alısta, bos jazılg'an «shıg'armalar» ko'beyip ketti. Bul jılları partiyanı, Lenindi, Stalindi qurg'aq maqtawg'a qurılg'an, oqıwshını tartpaytug'ın shıg'armalar da ju'da' ko'plep jazıldı. Mine, bular XX a'sir qaraqalpaq a'debiyatının' unamsız ta'repleri edi.

XX a'sir qaraqalpaq a'debiyatında Ullı watandarlıq urıs da'wiri (1941-1945-jıllar) ayrıqsha da'wir boldı. Bul jıllardag'ı a'debiyattın' xarakterli belgileri o'zinen burıng'ı ha'm keyingi da'wirdegi a'debiyatqa salıstırg'anda pu'tkilley o'zgeshe edi. A'debiyattın' bas teması - jen'is teması ko'rkem a'debiyattın' barlıq tu'r ha'm janrlarında jetekshilik etti. A'sirese, lirikalıq shıg'armalar basım ko'pshilikti quradı. Sebebi, ko'rkem so'z iyeleri fashistlerge bolg'an jek ko'riwshilik yamasa jen'iske bolg'an tilekleslik sezimlerin tezirek qosıq qatarlarına salıp oqıwshılarg'a jetkeriwge umtıldı. A.Dabılov, S.Nurımbetov, J.Aymurzaev, N.Japaqov, D.Nazbergenov sıyaqlı shayırlar xalqımızdın' en' su'yikli shayırlarına aylandı. Olardın' jazg'an qosıqların adamlar yadlap alıp aytıp ju'rdi. Prozalıq, saxnalıq shıg'armalardın' da bas teması jen'is boldı.

Urıstan keyingi jılları joqarıda aytıp o'tkenimizdey «konfliktsizlik teoriyası» nda jazılg'an shıg'armalar ko'plep ko'rindi. Biraq 50-jıllardın' aqırı qaraqalpaq a'debiyatına u'lken jan'alıq alıp keldi. 1958-jılı birinshi qaraqalpaq romanları baspadan shıqtı (Asan Begimovtın' «Balıqshının' qızı», O'tegen Ayjanovtın' «Aral qushag'ında», Jolmurza Aymurzaevtın' «A'miwda'rya boyında», Xojabek Seytovtın' «Mashaqatlı baxıt» romanları). Mine, usı shıg'armalar qaraqalpaq a'debiyatında roman janrının' da'slepki ko'rinisleri boldı. Son'ın ala qaraqalpaq a'debiyatında To'lepbergen Qayıpbergenov, Karamatdin Sultanov, Shawdırbay Seytov sıyaqlı roman janrının' haqıyqıy sheberleri o'sip jetilisti. Povest, gu'rrin' janrları da rawajlandı. Epikalıq poeziyada Abbaz Dabılovtın' «Bahadır» da'stanın, İ.Yusupovtın' «Joldas mug'allim», «Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq» ha'm basqa da poemalardı 40—50-jıllarda usı janrda jazılg'an en' sere shıg'armalardın' qatarına kirgiziwge boladı.

1960—80-jılları qaraqalpaq a'debiyatı ha'r ta'repleme rawajlandı. A'debiyattın' en' rawajlang'an da'wiri de a'yne usı jıllar boldı. Bul da'wirde professional shayır-jazıwshılar o'sip jetilisti, qaraqalpaq a'debiyatshılarının' shıg'armaları teк orıs, o'zbeк tillerine emes, al du'nyanın' кo'pshiliк tillerine awdarılıp basıldı. Demeк, qaraqalpaq a'debiyatı du'nyalıq кo'lemde tanıldı.

G'a'rezsizliк da'wiri qaraqalpaq a'debiyatın o'z aldına u'yreniwge tuwra кeledi. O'ytкeni, bul da'wirde a'debiyat barlıq sheкlewlerden qutılıp (a'debiyattın' u'stinen partiyalıq qadag'alaw, a'debiyattag'ı tsenzura, partiyanı, Lenindi jırlawg'a zorlap bag'darlawshılıq, sotsialistliк realizm metodında shıg'arma jazıwdı talap etiw h.t.b.), erкin a'debiyatqa aylandı. O'tmishtegi qa'diriyatlardı hu'rmetlew, tiyкarg'ı dıqqattı ruwxıy baylıqqa qaratıw ma'selesi ma'mleкetliк siyasat da'rejesine кo'terildi. Bular a'debiyatqa so'zsiz unamlı ta'sir jasadı. Biraq bul da'wirde de o'zine ılayıq mashqalalar payda boldı. Endi jan'a tu'siniкtegi, g'a'rezsizliк ideyaları menen jasap atırg'an adamlardın' estetiкalıq, ruwxıy talg'amına say кeletug'ın shıg'armalar do'retiw, ha'zirgi da'wirdin' qaharmanların jaratıw jazıwshılardan u'lкen juwapкershiliкti talap etpeкte. Leкin İ.Yusupov, T.Qayıpbergenov sıyaqlı jeteкshi shayır-jazıwshılar menen birliкte jas talant iyeleri de a'debiyatımızdı bunnan bılay da rawajlandırıw jolında jaqsı-jaqsı shıg'armalar do'retpeкte.

Ulıwmalastırıp aytqanda, XX a'sir qaraqalpaq a'debiyatı usınday o'zinsheliкlerge iye. Ol ha'r ta'repleme rawajlang'an a'debiyatlar qatarına qosıldı. Ha'zir du'nyanın' кo'pshiliк xalıqları qaraqalpaq a'debiyatı u'lgilerin o'z tillerinde oqıw mu'мкinshiligine iye.

### Sorawlar ha'm tapsırmalar

1. XX a'sir qaraqalpaq a'debiyatının' rawajlanıwında unamlı ha'm unamsız belgilerdi aytıp berin'.
2. 20-30-jıllarda prozalıq shıg'armalar do'retкen jazıwshılardın' qanday do'retpelerin bilesiz?
3. «Konfliкtsizliк teoriyası» haqqında aytıp berin'.
4. Urıs jıllarında jazılg'an qanday saxnalıq shıg'armalardı bilesiz?
5. G'a'rezsizliк da'wiri qaraqalpaq a'debiyatı haqqında aytıp berin'.
6. Birinshi qaraqalpaq romanları haqqında aytıp berin'.

## 1920—40-JILLARDAG'I QARAQALPAQ POEZİYASI HA'M ONIN' TİYKARG'I BAG'DARLARI

XX a'sirdin' 20—40-jılları qaraqalpaq a'debiyatı, sonın' ishinde poeziya jan'a bag'dar aldı. Bul da'wirde a'debiyattın' ideyalıq-tematiкalıq bag'dan tu'p tiyкarınan o'zgerdi. Bunng'ı da'stu'riy a'debiyatqa ta'n bolmag'an tematiкa кirip кeldi. Sotsialistliк qurılıs, bunng'ı da'wirdin'



www.ziyouz.com kutubxonasi

qaldıqları menen gu'resiw, jan'a du'zimdi qurıwg'a, oqıwg'a shaqırıw — a'debiyattın' baslı teması boldı. Solay etip, a'debiyattın' ulıwma bag'darı o'zgergeni menen ko'rkem a'debiyattın' poeziya tu'ri tiykarg'ı tu'r bolıp qaldı. O'ytkeni, a'sirler boyı qaraqalpaq a'debiyatı poeziya negizinde rawajlang'anlıqtan, bul bag'darda da'stu'rler qa'liplesKenlikten ol dawam etti. Lekin usı jıllardag'ı poeziya mazmun salasında da, forma salasında da tu'pkilikli o'zgerislerge ushıradı. A'sirese, a'debiyatqa endi g'ana kirip kelgen shayırlar ko'p g'ana eksperimentler alıp bardı. Biraq bunday shıg'armalardı do'retiwshilerge ko'rkem sheberlik, ta'jiriybe jetispedi.

Sol da'wirdegi Sovetler awqamındag'ı sheklewshilik siyasatı a'debiyatqa da ta'sirin tiygizbey qoymadı. 20-jılları shayır sıpatında qa'liplesken, revolyutsiyadan burın da shıg'armalar do'retken A.Musaev, A.Dabılov, S.Nurımbetov ha'm basqa da shayırlardın' a'debiyatqa jedel aralasıwına jol qoyılmadı. Olardın' shıg'armaları «siyasiy nadurıslıqta» ayıplanıp baspa so'zde ja'riyalanılmadı. Durıs, usı jıllardın' o'zinde-aq A.Musaev «Bola basladı», «Lenin», «1-may», A.Dabılov «Joldaslar» sıyaqlı jan'a ja'miyettin' jırın jırlawshı qosıqlar do'retti. Biraq bul qosıqlar da usı shayırlardın' ataları diniy adamlar degen ba'ne menen o'z waqtında ja'riyalanbadı. 20-jıllardın' ortalarınan baslap X.Axmetov, A.Begimov, J.Aymurzaev, İ.Fazılov, A.Matyakubov, T.Seytmamutov sıyaqlı shayırlar o'zlerinin' shıg'armaları menen ko'rine basladı. Bul shayırlar jan'a siyasat da'wirinde a'debiyat maydanına keldi, sonın' ushın da da'wir siyasatı menen tezden maslasıp, onın' propogandalawshılarına aylandı. Poeziyadag'ı eksperimentler de a'yne usı shayırlar ta'repinen a'melge asırıldı. Revolyutsiyadan burın qa'lem terbetken shayırlardan tek Seyfulg'abit Majitov g'ana Sovetler ma'mleketinin' da'slepki jıllarınan baslap-aq a'debiyatqa aralasıp kete aldı.

20-jıllardag'ı poeziyanın' tiykarg'ı tematikası jas Sovet ma'mleketinin' dushpanları menen gu'reske shaqırıw, bilimlendiriwge, kolxozg'a kiriwge shaqırıw boldı. Ma'selen, J.Aymurzaevtın' «Tayarman», X.Axmetovtın' «Jamayım» qosıqları jana siyasattın' dushpanlarına qarsı gu'resiwge shaqırıqtan ibarat, agitatsiyalıq xarakterde edi. Olarda poeziyag'a ta'n ko'rkemlik, obrazlılıq jetispedi.

Talwaslap ju'remen endi men o'zim,
Baxıt tuwın alıp ashıldı ko'zim,
Baydı joq qılaman wa'deli so'zim,
Baydı joq qılıwg'a ha'r waq tayarman.

J.Aymurzaevqa tiyisli bul qosıq sol da'wirde mitinglerde, baspa so'zde aytılıp ju'rgen qızıl so'zlerden ibarat. Tilekke qarsı, bunday kemshilik sol waqıtta jazılg'an ko'p g'ana shıg'armalarg'a ta'n edi.

Usı da'wirdegi poeziyada orın alg'an ja'ne bir kemshilik forma quwıwdan, onıs poeziyasına ko'zsiz eliklewden kelip shıqtı. 20-30-jılları Sovetler awqamında jasap atırg'an ko'pshilik milliy a'debiyatlarda «mayakovskiyshe qosıq« yamasa «teksheli qosıq» dep atalatug'ın qosıq forması ken'nen u'rdis boldı. Ha'tteki, ayırım shayırlar tu'rkiy poeziyag'a ulıwma ta'n emes o'lshem - tonika o'lsheminde qosıq jazıwg'a da umtılıp ko'rdi. Biraq bunday «ko'rkem izlenisler« ko'pshilik jag'dayda unamlı na'tiyje bermedi. A.Begimovqa tiyisli bolg'an «Raport» qosıg'ın ko'rip o'teyik:

On sawsag'ım
Barmag'ım
Barmag'ım emes,
Tarmag'ım.
Bilekke pitken
Quwat-ku'sh
Taldırmas
Salg'an qarmag'ım.

Mine, bul qatarlardı poeziyalıq shıg'arma dep bolmaydı. Degen menen, a'sirese, 30-jıllardın' ekinshi yarımınan baslap qaraqalpaq poeziyası tez pa't penen rawajlana basladı. Burın a'debiyatımızda bolmag'an poema janrı ju'zege keldi. J.Aymurzaevtın' «Gu'res», «Gu'reste jen'dik», Q.A'wezovtın' «Qazıw», M.Da'ribaevtın' «Aypara«,«Ayımjamal», «Qaljan», «Shegerada», «Qon'ırattı qorg'aw» poemaları da'slepki poemalar bolıwı menen birge qaraqalpaq a'debiyatının' bunnan bılay da rawajlanıwında aytarlıqtay orıng'a iye boldı. Lirika ko'p janrlıqqa ha'm ko'p temalıqqa iye boldı. A'sirese, bul da'wirde Seyfulg'abit Majitov o'nimli qa'lem terbetti.

**Seyfulg'abit Ma'jitov** (1865—1938) belgili qaraqalpaq shayırı, jazıwshı, dramaturg ha'm ag'artıwshı sıpatında ken'nen belgili. Ol o'z da'wirinin' sawatlı do'retiwshilik iyesi sıpatında ko'rkem a'debiyattın' u'sh tu'ri (poeziya, proza, dramaturgiya) boyınsha da qa'lem terbetti. «Su'yin ha'm Sara», «Qulmurat», «Ontog'ız» romanların (qol jazba tu'rinde), «Son'g'ı selten'», «Ernazar alako'z», «Aygu'l ha'm Tayman», «Jigit boldıq», «Sabaq», «Bag'dagu'l» piesaların do'retti. Ol 1924—1925-jılları Q.A'wezov penen birlikte qaraqalpaq tilindegi shıqqan «A'lipbe», «Oqıw kitabı», «Egedeler sawatı» kitaplarının' avtorı boldı. 1928-jılı baspadan shıqqan «Qaraqalpaq a'debiyatı toplamı»nda S.Majitov ta'repinen jıynap alıng'an 120 g'a jaqın naqıl-maqallar orın aldı.

S.Majitovtın' qaraqalpaq a'debiyatındag'ı orının belgileytug'ın shıg'armaları tiykarınan poeziyalıq shıg'armaları bolıp esaplanadı. Ol ele 20-jıllarg'a shekem-aq shayır bolıp qa'liplesken edi. Biraq shayırdın'



www.ziyouz.com kutubxonasi

revolyutsiyadan burıng'ı jazg'an qosıqları o'z waqtında baspadan shıqpag'an ha'm jog'alıp ketken. Ol revolyutsiyadan keyin-aq onın' siyasatın maqullap jan'a ja'miyetke maslasıp ketken sanawlı shayırlardın' biri boldı. 1918—1920-jılları-aq «Erkinlik tan'ı», «İlyanın' ulı» qosıqların jazdı. Bul shıg'armalarında Oktyabr revolyutsiyasının' xalqımız turmısındag'ı a'hmiyeti haqqında jırlaydı.

Sallanıp aldında qızıl tuw turg'an,
Tan' menen jaltırar altın puw urg'an,
Ha'mme xalıq atqan tan'g'a umtılg'an,
Umtıldı ba'rshe xalıq bizge ne boldı.

Bul qosıq qatarları o'z da'wiri ushın a'hmiyetli edi. Qandayda jan'alıqqa umtılıw sezimin payda etiw, qosıq ko'rkemliginin' joqarı bolıwı qosıqtın' tiykarg'ı jetiskenligi bolıp tabıladı. S.Majitov ha'mme orıs a'debiyatına eliklep atırg'an sol 20-jıllardın' o'zinde-aq Shıg'ıs a'debiyatı da'stu'rinde, atap aytqanda muxammes formasında bir neshe qosıqlar jazdı. Ma'selen, onın' «25-oktyabr» qosıg'ı usınday formada jazıldı. Ol ulıwma progressiv ko'z qarastag'ı shayır edi. Revolyutsiyadan sa'l aldın jazg'an «İniyat bolısqa» degen qosıg'ında ilim-bilimdi propogandalaydı, İniyat bolısqa xalıqtı sawatlandırıwdın' a'hmiyetli ekenligin eskertedi.

Shımbaydın' jeri ken', suwı pa'rawan,
Lekin bilimnen joq hesh namıw-nıshan,
Jıyırma mın' u'y, ju'z jiyirma mın' jan,
Bir mektep joq oqıp sabaq almag'a.

Gedey eldi tuwrı jolg'a salmasa,
Oqıw oqıp bilim-o'ner almasa,
Orısshag'a tag'ı qıssa qılmasa,
İmkanı joq bir qatarda turımag'a.

Shayır bunnan keyinirek jazg'an «Oqıwg'a kel» qosıg'ında da usı ideyasın dawam ettiredi. Tek bilimli jaslar menen g'ana eldin' keleshegi jarqın boladı degen pikirdi alg'a taslaydı. «Aytıp jiber», «Qaraqalpaq jaslarına», «Qızlarg'a» ha'm tag'ı basqa qosıqlarında da shayır bilimlendiriw, ma'deniyat, u'rp-a'det, da'stu'rlerdi qa'sterlew kerek degen ideyanı alg'a su'redi.

Sonday-aq bul da'wirde Q.A'wezov, İ.Fazılov, Q.Ermanov, A.Begimov sıyaqlı shayırlar da ko'p g'ana qosıq ha'm poemaları menen ko'zge tu'sti. 30-jıllardın' ekinshi yarımınan baslap xalıq shayırları A.Dabılov, S.Nurımbetovlar a'debiyatımızg'a jedel aralastı. Olar sol da'wirdegi Sovetler awqamının' oraylıq qalalarına do'retiwshilik saparg'a jo'netildi. Mine, olardın' usı saparlar ta'sirinde do'retilgen qosıqları a'debiyatımız tariyxınan ılayıqlı orın iyeledi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Solay etip, 20-40-jıllardag'ı qaraqalpaq poeziyası ideyalıq-tematikalıq, janrlıq-formalıq jaqtan ele de tu'rlenip, ko'rkemlenip rawajlanıw jolına tu'sti.

## Sorawlar ha'm tapsırmalar

1. XX a'sirdin' 20-40-jıllan poeziyada qa'lem terbetken qaraqalpaq shayırlarıin aytıp berin'.
2. Usı da'wirde poeziyada qanday jan'a janrlar ju'zege keldi?
3. «Mayakovskiyshe», «teksl'eli» qosıq dep atalatug'ın poeziyalıq shıg'armalar, olardın' avtorları haqqında aytıp berin'.
4. M.Da'ribaevtın' qanday poemaların bilesiz?
5. S.Majitovtın' do'retiwshiligi haqqında aytıp berin'.
6. S.Majitovtın' «İniyat bolısqa», «Qaraqalpaq jaslarına» atlı qosıqlarının' ideyalıq mazmunın aytıp berin'.

## 20—40-JILLARDAG'I DRAMATURGİYA

Drama a'debiy janr sıpatında qaraqalpaq a'debiyatında XX a'sirdin' 20-jıllarınan baslap qa'liplesti. Bunın' baslı sebebi drama saxnalıq shıg'arma bolg'anlıqtan teatr bar jerde rawajlanadı. Bunday shıg'armalardın' ta'sirshen'ligi a'debiy tekst tu'rinde emes, al teatrda saxnalastırılıw arqalı artıp baradı. Al sol da'wirge shekem qaraqalpaq jerinde teatr bolmadı, ol bizin' ma'deniy da'stu'rimizde joq ta edi. Biraq folklorımızda, jazba a'debiyatımızda dramaturgiyanın' en' a'piwayı ko'rinisleri orın aldı (aytıslar, ertekler, da'stanlar, jazba a'debiyattag'ı ayırım epikalıq shıg'armalar h.t.b.).

20-jılları birinshi qaraqalpaq dramaturgleri o'sip jetilisti ha'm da'slepki dramalıq shıg'armalar jazıldı. Q.A'wezovtın' «Tilek jolında», S.Majitovtın' «Ernazar Alako'z», A'.O'tepovtın' «Ten'in tapqan qız» piesaları usı bag'dardag'ı en' tun'g'ısh shıg'armalar bolıwına qaramastan qaraqalpaq dramaturgiyası tariyxında ayrıqsha orıng'a iye. 1926-jılı qaraqalpaqlardın' tun'g'ısh teatrı «Tan' nurı» truppasının' du'ziliwi dramaturgiyanın' ele de ku'shlirek rawajlanıwına ta'sir jasadı. Bul truppag'a da'slep Z.F.Qasımov, 1927-jıldan baslap belgili dramaturg, rejisser ha'm akter A'bdiraman O'tepov basshılıq etti. Al 1930-jıldın' dekabrinde usı truppa tiykarında birinshi qaraqalpaq ma'mleketlik teatrı du'zildi. Mine, usı teatrdın' repertuarında joqarıda atap o'tilgen piesalardan tısqarı usı avtorlardın' ha'm Asan Begimov, Mırzag'aliy Da'ribaev, Najim Da'wqaraev, Jolmurza Aymurzaev, Qarabay Ermanov, Rustem Majitov sıyaqlı bir qatar avtorlardın' saxnalıq shıg'armaları jazıldı ha'm saxnalastırıldı.

20—40-jıllardag'ı qaraqalpaq dramaturgiyasının' rawajlanıwında A'bdiraman O'tepovtın' (1905—1934) ornı ayrıqsha. Ol tek g'ana

dramalıq shıg'armalar jazıp qalmastan, olardı saxnalastırıw, o'zi de aktyor sıpatında rol atqarıw, ulıwma teatr isine basshılıq etiw menen shug'ıllandı. Ol ele 1923-jılı-aq Qon'ıratta o'zi qatnasatug'ın dram do'gerek ushın «Zindan», «Jezdejan» atlı isitsinirovkaların, son' «Altınko'l», «Ketsen' kettim», «Taza qonıs» atlı initsinirovkaların jazdı. Avtordın' en' iri dramalıq shıg'arması — «Ten'in tapqan qız» (da'slepki variantı «Shaleke bay») piesasında jaslardın' o'z ten'ine qosılıwg'a umtılıwı mashqalası ko'teriledi. Piesada Shaleke bay, Sultamurat, Tillaxan, Sa'lmen mug'allim obrazları sa'tli shıqqan. Tillaxan arqalı o'z maqsetine jetiw ushın gu'resiwshi qaraqalpaq qızı obrazı beriledi. Bunnan basqa da avtordın' «Ashlıq zarı», «900 gramm», «Seytmurat jalqaw», «Odekolon», «Eki baslı asqabaq», «Gu'man», «Boyawshı wa'kil» atlı saxnalıq shıg'armaları qaraqalpaq dramaturgiyasının' rawajlanıwında belgili orıng'a iye boldı. Ulıwma avtor qaraqalpaq dramaturgiyasına 16 iri saxnalıq shıg'armaları ha'm 40 qa jaqın mayda initsinirovkaları menen u'les qostı.

Qaraqalpaq dramaturgiyasının' qa'liplesiwi ha'm rawajlanıwında belgili ma'mleketlik isker, shayır ha'm dramaturg Qasım A'wezovtın' (1897—1938) ayrıqsha u'lesi bar. Avtor 20-30-jılları bir qatar lirikalıq shıg'armalar, «Begjan», «Qazıw», «Gu'lsa'nem» atlı poemaların do'retti. Ol sonın' menen birge birinshi awdarmashılardan da edi. Onın' awdarmasında A.S.Pushkinnin' «Evgeniy Onegin» romanınan u'zindi, Nawayının' «Farxad ha'm Shiyrin» da'stanı, Hamzanın' qosıqları, Molerdin' «Skapennin' hiylesi» komediyası ja'riyalandı. Ol 30-jıllardın' basında «Sapar qaraqalpaq» atlı kinostsenariy jazdı. Q.A'wezovtın' do'retiwshiliginde ayrıqsha orın iyeleytug'ın shıg'arması onın' «Tilek jolında» piesası esaplanadı. Onın' da'slepki variantı 1924-jılı «Sayeke batır» degen at penen ja'riyalandı. Piesadag'ı waqıyalar 1916-jılı Shımbay uezdine qaraslı Esim japtın' qazıwında bolıp o'tedi. Salıq jıynawshı Da'wlettin' gu'dibuzarlıg'ı, Xalmurat baydın' jalpıldag'ı Madaminnin' ha'dden tıs talapları, Shımbay pristavının' wa'kili Matjannın' Nikolay patshanın buyrıg'ı menen ha'r jeti u'yden bir adam ma'rdikarg'a alınatug'ını haqqında xabardın' jetkeriliwi, sonsha miynet penen qazılg'an japtan a'piwayı miynetkeshlerdin' paydalana almaytug'ını haqqında xabardın' tarqatılıwı miynetkeshlerdin' sol da'wir du'zimine qarsı ko'teriliske shıg'ıwına sebepshi boladı. Ko'terilisshiler da'slebinde pristav xızmetkerlerin, son' pristavtın' o'zin o'ltiredi. Piesanın' bas qaharmanlarınan a'piwayı diyxan Saeke ha'm Ayxan ananın' obrazları ju'da' jaqsı shıqqan. Olardın' xarakterinin' ashılıwı, pikirlewlerinin' isenimli shıg'ıwı ulıwma piesag'a tabıs alıp kelgen. Piesa qaraqalpaq dramaturgiyası tariyxında ayrıqsha orıng'a iye.

Usı da'wirdegi en' ko'rnekli dramaturglerdin' biri Seyfulg'abit Majitov (1869—1938) boldı. Ol sonın' menen birge belgili shayır,

prozaik, ag'artıwshı ha'm awdarmashı edi. 1925-jılı da'slepki qaraqalpaq a'lipbesin du'ziwge qatnastı. Ol talantlı awdarmashı sıpatında İ.A.Krılovtın' ha'm basqa da orıs shayırlarının' bir qatar tımsalların, İnternatsionaldı, Ferdawsidin' «Shaxnama» da'stanın awdardı. Onın' poeziyalıq ha'm prozalıq shıg'armaları da XX a'sirdin' da'slepki 40 jıllıg'ındag'ı qaraqalpaq a'debiyatının' rawajlanıwına tikkeley ta'sir jasadı. S.Majitovtın' do'retiwshiliginde dramaturgiya tiykarg'ı orındı iyeleydi. «Sabaq», «Jigit boldıq», «Son'g'ı selten'», «Gu'lim-Tayman» «Ernazar Alako'z», «Bag'dagu'l» pesaları tek g'ana avtordın' do'retiwshiliginde emes, ulıwma qaraqalpaq dramaturgiyasında belgili shıg'armalardan esaplanadı.

20-jıllardın' aqırı, 30-jıllardın' basında qaraqalpaq dramaturgiyasına jas dramaturgler kelip qosıldı. M.Da'ribaev, N.Da'wqaraev, J.Aymurzaev, R.Majitovlar qaraqalpaq dramaturgiyasının' bunnan bılay da rawajlanıwına u'les qostı. Olar dramaturgiyanı jan'a janrlar menen bayıttı. Ma'selen, belgili a'debiyatshı ha'm prozaik N.Da'wqaraevtın' 30-jıllardın' aqırında jazg'an «Alpamıs» piesası belgili qaraqalpaq da'stanı tiykarında jazılıwı ha'm muzıkalı drama bolıwı menen de tamashago'ylerdin' dıqqatın tarttı. Piesadag'ı ariyalar muzıkası menen qosıq tekstinin' bir birine mas tu'siwi menen piesanın' ko'rkemliginin' artıwına ta'sir jasadı.

Solay etip, 20—40-jıllardag'ı qaraqalpaq dramaturgiyası usı bag'darda rawajlandı. Dramaturgiya adamlardın' ruwxıy talabın o'zinshe qanaatlandırdı ha'm ulıwma a'debiyattın' rawajlanıwın belgili basqıshqa alıp shıqtı. Joqarıda atap o'tken jetiskenlikler menen bir qatarda ayırım kemshilikler de orın aldı. Bul da'wirdegi dramaturgler naturalizmnen, sxematizmnen qashıp qutıla almadı. Ko'p g'ana pesalarda ko'rkemlik jetispedi. Biraq bunday kemshiliklerdin' orın alıwın avtorlardın' jan'a janrda da'slepki qa'demi ekenligi, qaraqalpaq a'debiyatında dramaturgiyanın' jan'a qa'liplesip atırg'anlıg'ı menen tu'sindiriwge boladı.

## Sorawlar ha'm tapsırmalar

1. 20-40-jıllardag'ı dramaturgler haqqında aytıp berin'.
2. Q.A'wezovtın' «Tilek jolında« pesası qanday mashqala a'tirapına qurılg'an?
3. A'.O'tepovtın' do'retiwshiligi haqqında aytıp berin'.
4. Usı da'wir qaraqalpaq dramaturgiyası qanday jetiskenlik ha'm kemshiliklerge iye?
5. S.Majitovtın' «Ernazar Alako'z» ha'm «Bag'dagu'l» piesaları haqqında aytıp berin'.
6. Qaraqalpaq teatrının' qa'liplesiwinde qanday truppa tiykar boldı ha'm onın' da'slepki sho'lkemlestiriwshileri kimler?
7. «Tilek jolında», «Ernazar Alako'z». «Ten'in tapqan qız» piesalarının tekstleri menen tanısın'.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 20—40-JILLARDAG'I PROZA

Qaraqalpaq folкlorında prozanın' ayırım janrlıq tu'rleri a'zelden bolg'anı menen jazba a'debiyatta proza XX a'sirdin' 20-jıllarında payda boldı. O'zinin' tuwılıw da'wirinde qaraqalpaq prozası feleton, osherк, gu'rrin' tu'rinde ju'zege кeldi. Olardın' avtorları teк g'ana jazıwshılar emes, al ha'r qıylı кa'siptegi adamlar edi. Feleton ha'm osherкtin' ju'zege кeliwi baspa so'zdin' (1924-jılı qaraqalpaq tilinde «Birinshi adım» (ha'zirgi «Erкin Qaraqalpaqstan») gazetası, 1928-jılı «Qızıl mug'allim» atlı кo'rкem-a'debiy qol jazba jurnalı shıg'a basladı) payda bolıwı menen a'melge astı. Sol da'wirde endi tuwıla baslag'an sotsialistliк ja'miyettin' jetisкenliк yamasa кemshiliкlerin maqtaw ha'm minew ushın a'yne usı janrlar кereк edi. Da'slepкi osherк ha'm feletonlarg'a кo'p g'ana кemshiliкler ta'n bolg'anı menen (olarda piкirlerdi juwmaqlastırıw, кo'rкemliк, obrazlılıq jetispedi, olardın' кo'pshiligi janr talaplarına juwap bermedi, кo'bireк a'piwayı xabarg'a usap кetti) olar ja'miyetliк o'mirge teren' aralasıp кetti. Bul janrlardın' ju'zege кeliwi haqıyqıy кo'rкem prozanın' (gu'rrin', povestlerdin') payda bolıwına jol ashıp berdi.

20-jıllardın' eкinshi yarımınan baslap qaraqalpaq a'debiyatında da'slepкi gu'rrin'ler jarıqqa shıg'a basladı. Ol gu'rrin'lerdin' кo'pshiligi sol da'wirde To'rtкu'lde shıg'ıp turg'an «Qızıl mug'allim» atlı qol jazba jurnalında ja'riyalandı. Olardan «Komsomol Shırman», «Elshibeк», «Dem alıs кu'nleri», «Ziynep» ha'm tag'ı basqa gu'rrin'lerdi atap o'tiwge boladı. Biraq bul gu'rrin'lerdin' avtorlarına jazıwshılıq sheberliк, talant jetispedi. Sonlıqtanda olar gu'rrin' janrının' talap da'rejesinen a'dewir alısta jazıldı. Olar da'slepкi gu'rrin'ler sıpatında g'ana a'hmiyetкe iye. Da'slepкi gu'rrin'lerdin' ishinde en' ta'wir jazılg'anı N.Da'wqaraevtın' «Ko'p кu'nlerdin' biri» gu'rrin'in atap o'tiwge boladı. Onda oqıwdan dem alısqa кelgen studenttin' tilinen baspashılarg'a qarsı gu'reste ju'zege кelgen кesкin dramatiк waqıyalar кo'rкem su'wretlenedi. Gu'rrin'de qaharmannın' ishкi du'nyası, onın' xaraкteri ashıp beriledi, bayanlaw stili a'piwayı, sonın' menen birge кo'rкem. Gu'rrin' sol da'wirdegi qaraqalpaq prozasının' en' baslı tabıslarının' biri boldı. 20-jıllardag'ı qaraqalpaq gu'rrin' janrının' rawajlanıwına S.Majitov, N.Kuzembaev sıyaqlı avtorlar o'zlerinin' кo'p g'ana gu'rrinleri menen qatnastı. Bul jıllar qaraqalpaq кo'rкem prozasının' bunnan bılay rawajlanıwına tiyкar saldı. A'lbette, bunda a'debiy ta'sirdi de biyкarlaw qıyın. Prozası bizden ertereк rawajlang'an o'zbeк, qazaq, tatar a'debiyatlarının' ta'siri sezilerli boldı. Olardın' geografiyalıq jaqtan jaqın jaylasıwı, tilinin' jaqın bolıwı qol кeldi.

30-jıllarg'a кelip qaraqalpaq prozası a'dewir jetilisti. Jan'a janrlar ju'zege кeldi. Usı jılları da'slepкi povestler jazıldı. Osherк jetilisкen,

ko'rkemligi joqarı janrg'a aylandı. Usı janrdın' sheberleri o'sip jetilisti. Ma'selen, D.Nazbergenovtın' «Seyil», «Toyg'a barg'anda», «Aviatexnik» ha'm basqa da osherkleri usı janr talapları da'rejesinde jazıldı. Sonday-aq baspa so'zde usı avtordın' ko'p g'ana feletonları da ja'riyalandı. Demek, ol usı da'wirge kelip jurnalist-jazıwshı bolıp qa'liplesti. Bul jılları M.Da'ribaev, O.Kojurov, Q.Ayımbetov, R.Majitovlar da o'zlerinin' osherk ha'm feletonların ja'riyaladı.

Bul da'wirde gu'rrin' janrı da pisip jetilisti, eseydi. Ol janrlıq ko'p tu'rlilikke iye boldı, tematikası ken'eydi. 20-jıllardın' gu'rrin'lerinde ko'binese jan'a menen eskinin' gu'resi, baspashılarg'a baylanıslı waqıyalar su'wretlense, endi muhabbat, sotsiallıq-turmıslıq temadag'ı, yumor-satiralıq gu'rrin'ler jazıldı. Usı fakttin' o'zi-aq gu'rrin' janrının' o'skeninen da'rek beredi. N.Da'wqaraev, D.Nazbergenov, M.Kuzembaev, A.Begimov, M.Da'ribaev, R.Majitov, A.Shamuratov, K.Aralbaev sıyaqlı onlag'an jazıwshılar usı janrda o'zlerin sınap ko'rdi. Keyin ala olardın' ko'pshiligi u'lken jazıwshılar bolıp jetilisti.

30-jıllardag'ı qaraqalpaq gu'rrin'lerinin' ishinde N.Da'wqaraev ta'repinen jazılg'an «Partizanlar» ha'm «İnternatta» gu'rrin'lerin joqarı bahalawg'a boladı. Ha'tte, keyin ala a'debiyatshılar «İnternatta» gu'rrin'in povest da'rejesindegi shıg'arma dep bahaladı. Gu'rrin'nin' bas qaharmanı To'resh ha'm onın' anasının' obrazı a'dewir jetilisken, olardın' portreti, xarakteri ko'rkemlik penen ju'zege kelgen. Gu'rrin'nin' tili jatıq ha'm ko'rkem. Syujeti tartımlı, waqıyalar izbe-iz kompozitsiyalıq jaqtan sheber jaylastırılg'an.

30-jılları birinshi qaraqalpaq povestleri - M.Da'ribaevtın' «Mın'lardın' biri», A'.Shamuratovtın' «Eski mektepte», J.Aymurzaevtın' «Quwat» povestleri ja'riyalandı. «Mın'lardın' biri» povestinde bas qaharman Erpolat ha'm Miyirgu'l ortasındag'ı muhabbat oraylıq orında turg'anı menen shıg'arma ko'p g'ana mayda syujetlerden quralg'an. Sonlıqtanda avtor shıg'armanı mayda temashalarg'a bo'lip olardın' ha'r birine atama qoyadı. Bul jag'day shıg'arma kompozitsiyasın qurıwda avtordın' tutqan jolın da an'latadı. Erpolat shıg'armanın' basında a'piwayı qaraqalpaq jigiti, shopan sıpatında su'wretlenedi. Onın' xarakterinin' ashılıwı Erjan sıypan' menen qarsılasqanda ko'rinedi. Erpolattın' jazıqsızdan-jazıqsız tu'rmege tu'siwi, son' ma'rdikarg'a ketiwi, ol jaqtan qızıl a'sker bolıp qaytıp keliwi povesttin' syujetinin' rawajlanıw bag'ıtın belgileydi. «Sırlı mazar« bo'limi shıg'armanın' en' u'lken ha'm sheshiwshi bo'limi sanaladı. Bul bo'limde jan'a qaharman - Hu'rziya menen tanısamız. Hu'rziya Miyirgu'lge salıstırg'anda ha'reketshen', printsipial xarakterge iye, ma'rt. Miyirgu'l ta'g'dirge ko'ngish, o'z maqseti, muhabbatı jolında gu'rese almaytug'ın qaharman. Demek, jazıwshı ha'r bir qaharmanının' individual xarakterin jaratıwg'a itibar qaratqan. Bunı jazıwshının' baslı jetiskenligi sıpatında bahalaw mu'mkin.



www.ziyouz.com kutubxonasi

A'.Shamuratovtın' «Eskі mектepte» povesti de кo'rкem, usı janrdın' talapları da'rejesinde jazılg'an shıg'arma. Povest o'z da'wirinin' talaplarınan кelip shıqqan halda revolyutsiyadan burıng'ı bilimlendiriw sistemasın barınsha qaralaw printsipinde jazılg'anına qaramastan, avtor jeкe qaharmanlardın' obrazların jaratıw arqalı кo'rкem haqıyqatlıqqa erisiwge umtıladı. Durıs, revolyutsiyag'a sheкem кo'pshiliк qaraqalpaq meкtepleri povesttegi su'wretlengen meкtepкe uqsas edi. Ha'r ta'repleme bilimli oqıtıwshılardın' jetispewshiliginen, bilimlendiriwde belgili bir sistema joqlıg'ınan (oqıw qandaydur oqıw ma'кemesi ta'repinen tastıyıqlang'an oqıw bag'darlaması, oqıw кestesi tiyкarında alıp barılmadı, ha'r bir meкtep o'zinshe oqıttı) Esimge uqsag'an oqıwshılar ol meкteplerden (meshitten) qashtı. Jazıwshı mine, usı turmıs haqıyqatlıg'ın кo'rкem haqıyqatlıqqa aylandıradı. En' baslısı povestte bir topar obrazlar galareyası jaratılg'an. Tili кo'rкem, bayanlaw stili tartımlı. Jazıwshı o'z qaharmanlarının' jasına, jınısına, кa'sibine qarap olarg'a so'ylew tilin tan'lag'an. Bul povest te qaraqalpaq a'debiyatında o'z ornına iye shıg'arma bolıp esaplanadı.

30-jılları roman jazıwg'a da umtılıslar boldı. 1932-jılı A.Begimov «Da'slepкi adım» dep atalatug'ın romanınan u'zindi ja'riyaladı. 1933-jılı Q.Ermanovtın' «O'tкen кu'nler» dep atalatug'ın кitabı jarıqqa shıqtı. Sol jılları S.Majitovtın' «Su'yin ha'm Sara», «On tog'ız», «Qulmurat» romanlarının' qol jazba variantı payda boldı. Qullası, bul jılları qaraqalpaq jazıwshıları tınbay кo'rкemliк izleniste boldı. Bul da'wirde orıs ha'm ja'ha'n a'debiyatınan qaraqalpaq tiline awdarmalar islendi. 1932-jıldan baslap «Miynet a'debiyatı» (ha'zirgi «A'miwda'rya») jurnalı shıg'a basladı. 1928-jılı «Qaraqalpaq a'debiyatı toplamı», onnan кeyingi jılları ha'r qıylı a'debiy toplamlar, a'lmanaxlar shıg'a basladı. Olarda jazıwshılardın' shıg'armaları ja'riyalanıp barıldı. Bul na'rse jazıwshılardın' sheberliginin' artıp barıwına ta'sirin tiygizdi. Sonın' sebebinen de proza a'dewir da'rejede rawajlandı. Usı da'wir prozasında gu'rrin' ha'm povest en' jeteкshi janrlar bolıp qaldı.

### Sorawlar ha'm tapsırmalar

1. 20-jıllar qaraqalpaq prozasında qaysı janrlar da'slep payda boldı?
2. 20-jıllar qaraqalpaq gu'rrin'leri haqqında aytıp berin'.
3. 30-jıllardag'ı qaraqalpaq gu'rrin'leri ha'm olardın' avtorları haqqında aytıp berin'.
4. N.Da'wqaraevtın' «İnternatta» gu'rrin'i haqqında aytıp berin'.
5. M.Da'ribaevtın' «Mın'lardın' biri» povestinin' bas qaharmanları кimler ha'm olar haqqında aytıp berin'.
6. A'.Shamuratovtın' «Esкi meкtepte» povestinin' jetisкenliк ha'm кemshiliкleri nelerden ibarat?
7. 20—30-jıllar qaraqalpaq prozası haqqında qanday izertlewlerdi bilesiz?



www.ziyouz.com kutubxonasi

## EKİNSHİ DU'NYA JU'ZİLİK URISI DA'WİRİNDEGİ QARAQALPAQ A'DEBİYATI

Ekinshi du'nya ju'zilik urısı burıng'ı Sovetler awqamında jasag'an gu'lla'n xalıqlar ushın ayrıqsha sınaq boldı. Xalıqtın' en' aldın'g'ı, ku'shke tolısqan jigitleri urısqa atlandı. «Barlıg'ı jen'is ushın» uranı bas urang'a aylandı. Basqa ka'siptegiler sıyaqlı a'debiyatshılardın' da ko'pshiligi urısqa ketti. Ko'rkem a'debiyattın' barlıq tu'r ha'm janrlarında jen'is teması, xalıqtın' fashizmge jek ko'riwshilik sezimin oyatıw birinshi orıng'a shıqtı. Demek, bul da'wir a'debiyatı o'zinin' xarakteri boyınsha o'zininen burıng'ı ha'm keyingi a'debiyatqa ulıwma usamaytug'ın a'debiyat boldı.

### Poeziya

Poeziya qaraqalpaq a'debiyatında bul jılları da o'zinin' jetekshilik pozitsiyasın saqlap qaldı. Sebebi, lirika a'yne poeziya tu'rinde ju'zege keletug'ın bolg'anlıqtan, al lirika a'debiyattın' en' jawınger, ja'miyette ju'zege kelgen o'zgerislerge tez juwap bergish tu'ri bolg'anlıqtan da lirikag'a degen talap ku'shli boldı.

Urıs jılları A.Dabılov, S.Nurımbetov, J.Aymurza v, N.Japaqov, A.Turımbetov, D.Nazbergenov, S.Qurbaniyazov, A.Shamuratov, A'.Shamuratov sıyaqlı ko'plegen shayırlar o'zlerinin' jalınlı qosıqların jazdı. Urıstın' da'slepki ku'nlerinen baslap-aq J.Aymurzaev poeziyada aktivlik ko'rsetti. Onın' «Tın'lan'ızlar» qosıg'ı shaqırıq, jar salıw formasında jazıldı. Onda fashistlerdin' watan topırag'ına bastırıp kirgeni, gu'nasız adamlardın' haq qanları to'gilip atırg'anı, ju'reginde otı bar ha'r bir azamattın' watan qorg'aw isine atlanıwı kerek ekenligi haqqında jar saladı. Qosıq o'zinin' aktuallıg'ı, ishki mazmunının' tartımlı ekenligi menen g'ana emes, al sırtqı formasının' a'dettegiden tıs ekenligi menen de ayrıqshalanıp turadı. Shayırdın' bunnan basqa «Ukraina ot ishinde», «Perzentim«, «Polina — Ukraina qızı» ha'm basqa da qosıqları usı da'wirdin' en' jaqsı shıg'armalarına aylandı. Sonday-aq J.Aymurzaev bul da'wirde bir qansha poemalar da jazdı. Olardan «Batır», «Tu'rkmen qızı Narjan», «Ot ishinde» poemaların atap o'tiwge boladı.

Urıstın' da'slepki ku'nlerinen baslap-aq usı temada ko'plegen shıg'armalar jazg'an Da'li Nazbergenov (1913- 1942) boldı. Onın'

qosıqlarınan patriotlıq sezim, ma'rtlikke shaqırıq ayrıqsha ko'rinedi. Ma'selen, shayırdın' «Ananın' xatı», «Ma'rt bol», «Ant etemen», «Keshirmeymiz, o'sh alamız«, «Patriot« qosıqları tikkeley urıs temasına bag'ıshlandı. Urıs jıllarında o'zbek shayırı G'afur G'ulamnın' «Sen jetim emessen'» qosıg'ı ju'da' ken'nen belgili bolıp ketken edi. D.Nazbergenov ta usı atamadag'ı qosıg'ında evikuatsiya bolıp kelgen jetim balalardı qaraqalpaq xalqı qanday jıllı ju'z benen ku'tip alg'anın jazadı. Urıs jıllarında shayırdın' «Eki batır«, «Bizler jen'emiz« poemaları ja'riyalandı.

Usı da'wirde N.Japaqovtın'da shayırlıq talantı ha'r ta'repleme ko'rindi. Onın' «Qolın'dı tart, fashistler», «Budennıy jawg'a atlandı», «Partizanlar», «Gvardiya bayrag'ı«, «Sıylıq», «Ma'rt palwanın' kiyatır» qosıqları ken'nen belgili boldı. A'sirese, shayırdın' «Budennıy jawg'a atlandı» qosıg'ına nama jazılıp, ko'pshilik ta'repinen atqarılıp ju'rdi. A'met Shamuratovtın' qosıqlarında da watan qorg'awg'a shaqırıq baslı orındı iyeledi. Shayırdın' «Atlan, balam, atlan» qosıg'ında ma'rt ana obrazı jaratıldı. Shayır S.Qurbaniyazov ta urıstın' da'slepki jıllarında o'zinin' jalınlı qosıqları menen baspa so'zde tez-tez ko'rinip turdı. Onın' «Mıltıq al xalqım qolın'a», «Watanımdı qorg'ayman», «Bizin' qorg'an» qosıqları ken'nen ma'lim boldı.

Urıs jıllarında, a'sirese, xalıq shayırı Abbaz Dabılov jemisli qa'lem terbetti. Shayır qosıqlarında folklorlıq ha'm klassikalıq a'debiyattın' ko'rkemlew usılları menen qurallarınan sheber paydalanıwı olardın' ta'sirshen'ligin arttırdı. Shayırdın' «Gu'zep kel» qosıg'ı xalıqlıq aforizmler menen suwg'arılg'an:

Dushpan kelse sayasına na'rwannın',
Qa'tebin jazdırsa bizin' ka'rwannın',
Sıylasıq bilmegen nag'ız haywannın',
Ha'm o'ltirip, quyrıq jalın gu'zep kel?

Mine, bunday qosıq qatarları urısqa atlang'an ha'r bir jawıngerdi ilhamlandırıp o'z ku'shine isenim payda etti. Usı jılları shayırdın «Na'-ma'rt jigit nege da'rkar» qosıg'ı ayrıqsha ken'nen belgili boldı. Onı derlik ha'r bir jigit-qız yaddan bildi. Sebebi, bul qosıqta emotsionallıq ta'sir etiwshilik sezimler menen birge filosofiyalıq pikirler aralasıp ju'rdi. Qosıqtın' ta'sirshen'ligi ayrıqsha ku'shli boldı. Usı jılları Sadıq Nurım-betovtın' «Perzentim» qosıg'ı da ko'pshilik bap qosıqqa aylandı. Qosıq urısqa atlanıp atırg'an jigitke a'kesinin' nakazı formasında jazıldı. Bunda jigittin' watan aldındag'ı minneti ju'da' ta'sirli tu'sindiriledi.

Tuwg'an eldin' ar-namısın alıp kel,
Dushpannın' basına sawda salıp kel,

Jen'istin' namasın tezden shalıp кel,
Menin' sag'an tapsırmam sol perzentim.

Yadın'nan shıqpasın dushpannın' pa'nti,
Gitlerdin' buzılg'an menmenliк sha'rti,
Azatlıq du'nyanın' bolın'ız ma'rti,
Watan ushın ayanbag'ıl perzentim.

S.Nurımbetovtın' usı jılları jazg'an qosıqlarında bizin' isimiz haq, sonlıqtan da biz jen'emiz degen ideyanı oqıwshılar sanasına sin'iriw baslı orında turdı. Shayır piкir o'tкirligi ha'm ta'sirshen'ligin ta'miyinlew ushın xalıqlıq metaforadan, giperbola ha'm ten'ewlerden o'nimli paydalandı. Sonlıqtanda onın' qosıqları кo'pshiliк ushın tu'siniкli ha'm ta'sirli boldı.

Urıstın' da'slepкi jılları jas talantlı shayır Artıq Shamuratov (1915-1943) aкtivliк кo'rsetti. Urıstan burın-aq (1934-jılı) birinshi qosıqlar toplamın baspadan shıg'arg'an ha'm o'zin a'debiy sınshı sıpatında da tanıtıp u'lgergen ol «Xosh bol, ana?», «Bizin' Voroshilov» sıyaqlı jalınlı qosıqların do'retti. Shayır epiкalıq poeziyada da o'zin sınap кo'rdi. Ol «Miynet maydanında», «Dushpan sırı», «Baxıtlı ana» poemaların jazdı. Sonday-aq A'met Shamuratovtın' da bul jılları «Joq etemiz«, «Bar balam, bar?», «Fronttag'ı yarg'a sa'lem», «O'sh al!», «Sa'lem sizge fronttag'ı ulın'nan», «Sawashtan кeldi» sıyaqlı qosıqları jarıq кo'rdi.

Urıs temasına arnap A.Begimov, X.Seytov, B.Qayıpnazarov, J.Seytnazarov sıyaqlı bir qatar shayırlar o'zlerinin' qosıqların do'retti. Olardın' ha'mmesine ortaq tema urıs ha'm jen'is teması boldı. Bizin' isimiz haq, biz jen'emiz, bizin' topırag'ımızg'a bastırıp кirgen dushpanlardı nıpqırt etemiz degenge sıyaqlı piкirler orın aldı. Sonday-aq shayırlar piкir o'tкirligin ha'm ta'sirshen'ligin ta'miyinlew ushın folкlorlıq ten'ewler menen giperbolalardan, metaforalar menen allegoriyalardan кo'bireк paydalandı.

Urıs jıllarındag'ı shayırlardı tiyкarınan eкi toparg'a bo'liwge boladı: urısqa tiккeley qatnasıp front maydanınan qosıq jazg'an shayırlar ha'm awılda qalıp adamlarda jen'isкe degen isenim oyatıwg'a umtılg'an shayırlar. Birinshi topardag'ılardın' (J.Aymurzaev, A.Shamuratov, J.Abibullaev, S.Qurbaniyazov, B.Qayıpnazarov ha'm basqalar) qosıqları tiккeley urıs ha'reкetlerine arnaldı. Olar urıstı o'z кo'zi menen кo'rgenleri ushın da bul temadag'ı shıg'armaları a'dewir isenimli ha'm ta'sirli shıqtı. Eкinshi topardag'ılar da (A.Dabılov, S.Nurımbetov, X.Seytov, A'. Shamuratov ha'm basqalar) adamlardı ma'rtliккe, watan qorg'awg'a bag'ıshlap кo'plegen qosıqlar do'retti. Olar tiккeley xalıqtın' arasında ju'rip patriotizmge tolı qosıqların oqıdı. Ma'selen, xalıq shayırları A.Dabılov ha'm S.Nurımbetovlar qıssaxanlıq jolına salıp qosıqların

oqıp ju'rgenligi sebepli olardın' ko'pshilik qosıqlarıı tın'lawshılar yadqa biletug'ın da'rejege keldi. A'sirese, olardın' «Na'ma'rt jigit nege da'rkar» ha'm «Perzentim» qosıqları ju'da' ken'nen belgili boldı.

Urıs jıllarındag'ı poeziya ushın bir qatar kemshilikler de ta'n edi. Bul kemshilikler ba'rinen de burın awılda qalg'an shayırlardın' urıs haqqında haqıyqatlıqtı bilmey turıp qosıq jazıwında ko'rindi. Qızıl a'skerlerdi folklorlıq batırlarg'a, dushpanlardı ju'da' qorqaq, a'ljiwaz kimselerge ten'edi. Bul ko'rkem shınlıqtan bet burıw edi. Degen menen, bul da'wirde shayırlar o'nimli qa'lem terbetti ha'm urıstag'ılarg'a, awılda qalıp awır miynet etiwshilerge ruwxıy da'rman beriwshi u'lken ku'shke aylandı.

## Proza

Urıs jıllarındag'ı qaraqalpaq prozası tiykarınan su'wretleme, osherk ha'm gu'rrin'lerden ibarat boldı. A'sirese, osherk janrı a'dewir ku'shli rawajlandı. Bunda M.Da'ribaev, J.Aymurzaev, D.Nazbergenov, R.Majitov, N.Japaqov, J.Saparov, A.Turımbetovlar o'nimli isledi. Olardın' tikkeley miynet maydanınan ha'm fronttan jazg'an osherkleri o'zinin' operativligi ha'm ko'rkemligi menen ko'zge tusti.

M.Da'ribaevtın' «U'sh batırdın' anası» ha'm «Jumıs ushın» osherklerinde ma'rt ha'm miynetkesh ana obrazların jasaydı. Birinshi osherktin' qaharmanı Ayımgu'l ko'p miynet etken ha'm qıyınshılıqlardı ko'rgen ana. Ol o'zinin' frontqa atlang'an ulına watan qorg'awda qırag'ı, ma'rt bolıwg'a na'siyat etip xat jazadı. Al ekinshi osherktin' qaharmanı Gu'ljamal atızda miynet etedi ha'm birge islewshilerdi de ayanbay miynet etiwge shaqıradı. Avtordın' bulardan basqa «Traktorshı», «Atızdag'ı gu'rrin'» osherkleri de sa'tli shıqqanlıg'ın aytıp o'tiw kerek. Sonday-aq jazıwshı usı jılları «Satıwshı qız», «Mırzabay bıjıq» sıyaqlı satiralıq gu'rrin'lerdi de jazdı.

R.Majitovtın' «Jemisli miynet», «Qas qag'ımda», «Sag'ınıshlı ku'tiw», «Ashılg'an sır», «Dan'q iyesi» osherkleri a'skeriy ha'm urıs temasına arnaldı. Olardın' ko'pshiliginde avtor urıs maydanında bolıp atırg'an ha'reketlerdi sheberlik penen ashıp beredi. Osherklerdin' qaharmanlarına oqıwshılardın' su'yispenshiligin oyatadı.

N.Da'wqaraevtın' «O'limdi pisent etpewshiler», «Ma'rtlik« gu'rrin'leri tikkeley urıs temasına bag'ıshlandı. Avtor İvanov, Brudnov, Sabırbay obrazları arqalı urıs qıyınshılıqların, jawıngerlerdin' jen'is jolındag'ı ma'rtliklerin isenimli su'wretlep beredi. Bul eki gu'rrin'di de usı da'wirdegi en' jaqsı shıg'armalardın' qatarına jatqarıwg'a boladı.

Ulıwmalastırıp aytqanda, urıs da'wirindegi qaraqalpaq prozası kishi janrlardan (gu'rrin', osherk) ibarat boldı. Jazıwshılar usı janrlar arqalı

urıs ha'm tıldag'ı haqıyqatlıqtı epikalıq bag'darda bayanlawg'a ha'reket etti. Bul da'wirde povest ha'm roman janrında shıg'armalar jazılmadı. Bunın' baslı sebebi tez o'zgerip turg'an jag'daylardı kishi janrlarda su'wretlew anag'urlım abzalıraq edi.

## DRAMATURGİYA

Urıs da'wirinde qaraqalpaq dramaturgleri de o'zlerinin' shıg'armalarında ko'birek da'wir haqıyqatlıg'ın su'wretlewge umtıldı. J.Aymurzaevtın' «Kolya», «Perzent», «Leytenant Elmuratov», N.Da'wqaraevtın' «Alpamıs», S.Xojaniyazovtın' «Bizin' bahadır» pesaların tamashago'yler qızg'ın ku'tip aldı.

«Kolya» pesasında sovet jawıngerlerinin' ma'rtligi ha'm fashistlerdin' jawızlıg'ı su'wretlense, «Perzent» pesasında kolxoz jılqımanı Murat penen agronom Borisovtın' paraxatshılıq da'wirdegi hadal miynet etiwi ha'm urısqa atlang'annan keyingi erlikleri ko'rsetip beriledi. Biraq bul eki pesa da bir qansha kemshiliklerge iye edi. Olarda pesanın' ulıwma mazmunın ashıp beriwge qatnassız epizodlar, personajlardın' obrazın ashıwda u'stirtinlik ko'birek ko'rindi. Dramaturgtin' bul pesalarına salıstırg'anda «Leytenant Elmuratov» pesası anag'urlım sa'tli jazıldı. 1943-jılı jazılıp saxnag'a qoyılg'an bul pesada Batırbek Elmuratov ha'm onın' dostı rus jigiti İvanovtın' urısta ko'rsetken erlikleri isenimli ashıp beriledi. Pesada urıs ha'reketleri menen qatar sol da'wirde tılda miynet etiwshilerdin' erlikleri de ko'rsetiledi. Bul pesa sol da'wir ushın ju'da' aktual temag'a qurıldı ha'm tamashago'ylerde u'lken qızıg'ıwshılıq oyattı.

Urıstan aldın'g'ı jılları «Aysha» pesası menen ko'ringen, keyin ala belgili dramaturg bolıp jetilisken S.Xojaniyazov 1944-jılı urıs temasına arnap «Bizin' bahadır» pesasın jazdı. Pesada biraz kemshilikler bolıwına qaramastan avtor Sultan, Bostan, Mariya, satqın Brunnikovlardın' obrazları arqalı urıs qıyınshılıqların ashıp beriwge umtıladı. Avtordın' o'zi urıs haqıyqatlıg'ın bilmegeni sebepli ayırım epizodlar isenimsiz shıqqan.

Urıs da'wirinde jazılg'an dramalıq shıg'armalardın' ishinde en' sa'tli shıqqanlarının' qatarına N.Da'wqaraevtın' «Alpamıs» muzıkalı dramasın jatqarıwg'a boladı. Pesa «Alpamıs» da'stanının' negizinde jazıldı. Onda avtor ko'p g'ana epizodlardı saxna ushın qolaylastırdı ha'm jetilistirdi, personajlar qosıldı yamasa ulıwma waqıyalarg'a onshelli qatnası bolmag'an ekinshi da'rejeli personajlar alıp taslandı. A'sirese, pesadag'ı ariyalardın' tekstleri jan'adan jazılg'an ha'm olar pesanın' sa'tli shıg'ıwında tiykarg'ı orındı iyeleydi. Patriotizmge tolı bul ariyalar (a'sirese Alpamıs ta'repinen atqarılatug'ın) qaharman obrazların ashıp beriwge, tamashago'ylerde maqtanısh, tilekleslik sezimlerin payda

etiwge tiyкarlang'an. Bul pesanın' ja'ne bir utımlı tamanı «Alpamıs» da'stanı esкi qaraqalpaq da'stanlarının' biri bolıp, onın' bas qaharmanı Alpamıs xalqımızdın' su'yispenshiligine iye edi. Bunday xalıq qaharmanın saxnada кo'riw qushtarlıg'ı urıs da'wirinde ja'ne de arttı.

Urıs da'wirindegi qaraqalpaq dramaturgiyası usınday o'zinshelікlerge iye boldı. Waqıttın' qıyın-qıstawlıg'ına, qıyınshılıqlarına qaramastan bul da'wirde de dramaturgiyanı rawajlandırıw boyınsha bir qansha jumıslar islendi. O'zbeк, orıs ha'm basqa da bir qansha xalıqlardın' en' jaqsı dramalıq shıg'armaları qaraqalpaq tiline awdarılıp saxnalastırıldı. Bul na'rse qaraqalpaq dramaturglerinin' o'z sheberliкlerin arttırıwına ja'rdemlesiw menen birge qaraqalpaq teatrının' repertuarın bayıttı.

* * *

Ulıwma urıs da'wirinin' qaraqalpaq a'debiyatı o'zinen burıng'ı ha'm кeyingi da'wirler menen salıstırg'anda tu'pкiliкli o'zinsheliкке iye boldı. Bul o'zinsheliк birinshi gezeкte urısqa baylanıslı кelip shıqtı. Ha'mmenin' na'zeri urısqa qaratılg'anlıqtan a'debiyat ta onnan bo'leкlenip кete almadı. A'debiyattag'ı tiyкarg'ı tema urıs teması boldı. Poeziya кo'rкem a'debiyattın' basqa tu'rlerine salıstırg'anda кu'shlireк rawajlandı. Shayırlar xalıqtın jen'isке degen isenimin, dushpanlarg'a jeк кo'riwshiliк sezimlerin oyatıw ushın tu'rlishe forma ha'm mazmunda shıg'armalar do'retti. Bul da'wirde en' operativ tu'r bolg'an liriкa кu'shli rawajlandı. Prozada кishi janrdag'ı shıg'armalar кo'bireк do'retilse, dramaturgiyada bir aкtli pesalar ha'm intsinirovкalar basım кo'pshiliкti quradı.

## Sorawlar ha'm tapsırmalar

1. Urıs da'wirinde qa'lem terbetкen qaraqalpaq shayırları haqqında aytıp berin'.
2. «Na'ma'rt jigit nege da'rкar», «Perzentim», «Ulım, tın'la?» qosıqlarının' avtorları кimler ha'm olardın' ideyalıq-tematiкalıq bag'ıtı qanday? Usı qosıqlardı yadlap alın'.
3. Urıs da'wirindegi liriкalıq shıg'armalardın' baslı tematiкası qanday?
4. S.Nurımbetovtın' urıs jıllarında jazg'an qosıqları haqqında aytıp berin'.
5. Urıs da'wirinde epiкalıq poeziya janrlarında jazılg'an qanday shıg'armalardı bilesiz ha'm olar haqqında aytıp berin'.
6. Urıs da'wirinde jazılg'an qanday osherкlerdi bilesiz?
7. Urıs da'wirinde jazılg'an gu'rrin'ler ha'm olardın' avtorları haqqında aytıp berin'.
8. J.Aymurzaevtın' urıs da'wirindegi qanday pesaların bilesiz ha'm olardın' tematiкası nelerden ibarat?
9. S.Xojaniyazovtın' «Bizin' bahadır» pesası haqqında aytıp berin'.
10. N.Da'wqaraevtın' «Alpamıs» pesasın oqıp shıg'ın' ha'm pesa haqqında aytıp berin'. Pesanın' da'stannan ayırmashılıq ta'replerine dıqqat qaratın'. Pesadag'ı ariyalardı yadlap alın'.

## 60–80-JILLARDAG'I QARAQALPAQ A'DEBİYATI

1960-1980-jıllar XX a'sir qaraqalpaq a'debiyatının' en' rawajlang'an da'wiri boldı. 1958-jılı A.Begimovtın' «Balıqshının' qızı», O'.Ayjanovtın' «Aral qushag'ında», J.Aymurzaevtın' «A'miwda'rya boyında», X.Seytovtın' «Ha'wirli samallar» romanlarının' ja'riyalanıwı qaraqalpaq a'debiyatının' ha'r ta'repleme rawajlang'anınan da'rek berdi. Urıstan son'g'ı jılları 1950-jıllardın' ortalarına shekem a'debiyatta konfliktsizlik teoriyası ta'sirinde jazılg'an shıg'armalar ko'plep do'retilip a'debiyattın' rawajlanıwına keri ta'sirin tiygizgen bolsa da usı da'wirde de A.Dabılovtın' «Bahadır» da'stanı (1948-1949-jıllar), İ.Yusupovtın' «Joldas mug'allim» poeması (1949-jıl), J.Aymurzaevtın' «Kelin» gu'rrin'i» (1948-jıl) sıyaqlı ulıwma qaraqalpaq a'debiyatındag'ı en' belgili shıg'armalar do'retilgen edi. Mine, usınday shıg'armalar a'debiyattın' bunnan bılay o'siwine unamlı ta'sir jasadı.

1960-1980-jılları ko'rkem a'debiyatımızdın' haqıyqıy jetekshileri o'sip jetilisti. Olar a'debiyattın' barlıq tu'r ha'm janrlarında shıg'armalar do'retti ha'm maqtanıshımızg'a aylandı, qaraqalpaq a'debiyatının' du'nya a'debiyatı tariyxında o'z ornına iye bolıwında aytarlıqtay xızmet atqardı. Ma'selen, poeziyada İ.Yusupov, prozada T.Qayıpbergenov a'debiyatımızdın' haqıyqıy jetekshileri boldı. Usı da'wirde dramaturgiyanın' rawajlanıwına S.Xojaniyazov, P.Tilegenov, K.Raxmanovlar aytarlıqtay u'les qostı. K.Sultanov, Sh.Seytov, U.Pirjanov, G'.Seytnazarov, K.Ma'mbetov, S.Bahadırova sıyaqlı prozaikler, T.Jumamuratov, B.Qayıpnazarov, T.Seytjanov, M.Seytniyazov, D.Aytmuratov, U.Xojanazarov, K.Karimov, J.İzbasqanov sıyaqlı shayırlar o'sip jetilisti. Bul da'wirde qaraqalpaq a'debiyatının' basqa xalıqlar a'debiyatı menen baylanısı ku'sheydi. Ko'plegen du'nya klassiklerinin' shıg'armaları qaraqalpaq tiline awdarılıp basıldı.

### Proza

Bul da'wirde a'sirese, qaraqalpaq prozası ku'shli rawajlandı. 50-jıllardın' aqırında da'slepki romanlar ja'riyalang'an bolsa, 60-jıllardan keyin prozada jazılatug'ın janrlarda ko'plep shıg'armalar do'retildi. 1960-jıllardın' basınan baslap o'zinin' povestleri menen tanılıp ju'rgen jas jazıwshı To'lepbergen Qayıpbergenov da'slepki romanı — «Son'g'ı

hu'jim» nen son' «Qaraqalpaq qızı» romanı menen ko'rindi. Bul roman XX a'sirdin' da'slepki 30 jıllıg'ındag'ı qaraqalpaqlardın' turmısın ko'rkem su'wretlewi, realistlik obrazlardı jaratıwdın' ha'r ta'repleme jetilisiwi, syujetlerdin' ken' planda alınıwı ha'm olardın' bir biri menen logikalıq baylanıslılıg'ı, kompozitsiyalıq jıynaqlılıq, bayanlaw stilinin' jetiliskenligi sıyaqlı roman janrına qoyılatug'ın talaplardın' jemisli orınlanıwı menen ko'pshiliktin' dıqqatın o'zine tarttı. Romandag'ı tiykarg'ı obraz — Jumagu'l obrazının' evolyutsiyası avtor ta'repinen isenimli jaratılg'an. Ol anası menen u'yinen quwılg'an jetim qızdan xalıq basshısı, siyasatshı da'rejesine shekem ko'p g'ana mashaqatlı jollardı basıp o'tedi. Bul jollardı Jumagu'l so'zsiz basıp o'tiwi tiyis edi. Avtor onı isenimli bere alg'an. Romandag'ı Turımbet, Du'ysenbay, Sa'nem kempir obrazları da o'z da'wirinin' qarama-qarsılıqların, haqıyqatlıg'ın o'zlerine ja'mlegen. Roman tek avtordın' tabısı bolıp qalmay, 60-jıllardag'ı qaraqalpaq a'debiyatının' da jetiskenligi boldı. Jazıwshı usı shıg'arması arqalı tariyxıy roman do'retiwge tayarlıq basqıshın o'tedi ha'm bunnan keyin a'debiyatımızda ken'nen belgili bolg'an «Qaraqalpaq da'stanı» roman-trilogiyasın do'retti.

1961-jılı jarıqqa shıqqan Karamatdin Sultanovtın' «Aq da'rya» romanı da ayrıqsha a'debiy qubılıs boldı. Romanda ekinshi jer ju'zlik urıs da'wirindegi Aral ten'izin jag'alap qonıslasqan xalıqtın' turmısı, adam shıdap bolmaslıq qıyınshılıqlar, jen'isti tezletiw ushın hayal-qızlar, kempir-g'arrılar, jas balalardın' ku'n-tu'n demey miynet etiwleri isenimli su'wretlenedi. Roman O'tegen Ayjanovtın' «Aral qushag'ında» romanı menen u'nles. «Aral qushag'ında» romanında waqıyalardın' rawajlanıwındag'ı tiykarg'ı konflikt o'ndirislik konflikt bolsa, bunda semyadag'ı konflikt tan'lap alıng'an. O'tirik-o'seklerdin' na'tiyjesinde Ja'miylag'a g'a'remet, jala jabılıp semyasınan ayırılıp qalıw qa'wpi tuwıladı. Biraq o'zinin' haq ekenin Ja'miyla isenimli da'lilleydi. Romandag'ı waqıyalardın' rawajlanıwındag'ı ja'ne bir konflikt Qa'dir qashqıng'a baylanıslı. Mine, usı obraz keyin ala a'debiyatshılar ortasında ko'p talas-tartıs tuwdırdı. Bir a'debiyatshılar (İ.Sag'itov, A'.Qojıqbaev) bul obrazdı romang'a enispey tur dep bahalasa, ekinshiler (M.Nurmuxammedov) kerisinshe, da'wir haqıyqatlıg'ın, qıyınshılıg'ın ashıp beriw ushın durıs jaratılg'an dep bahaladı. Qullası, bul roman 60-jıllardag'ı qaraqalpaq a'debiyatındag'ı en' elewli shıg'armalardın' birine aylandı.

Usı da'wirde tariyxıy-biografiyalıq roman do'retiw de ken' en jaydı. K.Sultanovtın' «A'jiniyaz», O.Bekbawlievtin' «Beruniy», «Taras Aralda», K.Ma'mbetovtın' «A'jiniyaz» romanları belgili shayır ha'm ilimpazlardın' o'mirin su'wretlewge bag'ıshlandı. Bunday belgili bir millettin' ataqlı so'z sheberlerine arnalg'an u'lken ko'lemdegi shıg'armalar do'retiw

ta'jiriybesi bizge qon'sılas xalıqlar a'debiyatında da bar edi. Ma'selen, o'zbek a'debiyatında Aybektin' «Nawayı», qazaq a'debiyatında Muxtar A'wezovtın' «Abay jolı» roman-epopeyaları do'retildi.

60-jıllardın' ortalarınan baslap prozada Sh.Seytov keleshegine n u'mit ku'ttiretug'ın jazıwshı sıpatında ko'rine basladı. Jazıwshının' «Ig'bal soqpaqları», «Shırashılar», «Xalqabad» (4 kitaptan ibarat), «Jaman shıg'anaqtag'ı aqtuba« romanları, «Qashqın», «Ko'p edi tırnalar», «Jinayatlı isine qosıp tigilsin» povestleri qaraqalpaq prozasının' rawajlanıwında o'z ornına iye boldı. «Xalqabad» romanında XX a'sirde xalqımızdın' basına tu'sken awır ku'nler - kolxozlasıw, repressiya, ekinshi jer ju'zlik urıs, onnan keyingi da'wirdegi qıyınshılıqlar ko'rkem sa'wlelenedi. Romandag'ı qaharman obrazın jasawdag'ı, syujet, kompozitsiya du'ziwdegi jazıwshının' sheberligi ko'p g'ana jazıwshılar ushın u'yreniw mektebi boldı.

Bul jılları qaraqalpaq a'debiyatında povest, gu'rrin' janrlarında da bir qatar shıg'armalar payda boldı. T.Qayıpbergenovtın' «Bir suwıq tamshı», «Uyqısız tu'nler», «Mug'allimge raxmet», «Ta'nha' o'zine ma'lim sır», G'.Seytnazarovtın' «Dawıllar arasında», «Gu'jim haqqında ballada», U.Pirjanovtın' «Su'wret», Q.Kamalovtın' «Marjangu'l», K.Ma'mbetovtın' «Moskvadan kelgen qız», «Men onı su'yer edim», «İmtexan», A.Bekimbetovtın' «Sırlı izler izinen«, «Awır sınaqlar», K.Shamutovtın' «Perzent» povestlerin oqıwshılar jıllı ku'tip aldı. Olardın' ko'pshiligi basqa tillerge awdarılıp basıldı. Gu'rrin' janrında G.Esemuratova, S.Bahadırova, A.Atajanov, A.Aliev, A.Sadıqov, K.Allambergenovlar jemisli miynet etti. Olardın' gu'rrin'leri respublikalıq gazetalarda, «A'miwda'rya» jurnalında ja'riyalandı, o'z aldına toplam bolıp basılıp shıqtı.

Usı da'wirdegi prozalıq shıg'armalarg'a tiykarınan material tan'lawda dokumentalizmge bet burıw ku'sheydi. Bul o'z gezeginde ko'rkem shıg'armanın' turmıs shınlıg'ı menen jaqınlasqanın ko'rsetedi. O'mirdegi haqıyqıy bolg'an waqıyalar menen real adamlar turmısınan T.Qayıpbergenovtın' «Qaraqalpaq da'stanı« trilogiyası, K.Sultanovtın' «A'jiniyaz» romanı, O.Bekbawlievtın' »Beruniy», «Taras Aralda» shıg'armaları payda boldı. Olardan J.Aymurzaevtın' «Jetimnin' ju'regi» ha'm A'.Ta'jimuratovtın' «Sarkovlı batır» povesti tariyxıy shıg'armalarg'a usag'anı menen de, negizinen olar basqa janrdın' talabına juwap beredi. Demek, keyingi eki shıg'arma da memuarlıq sıpatlar basım. 1960-80-jıllardag'ı qaraqalpaq prozasının' janrlıq ha'm stillik ko'z qarastan jetilisiwi ha'm rawajlanıwı bunnan keyin de prozamızdın' rawajlanıw bag'darların belgilep berdi.

Usı da'wirdegi roman janrında ko'p planlılıq sezildi. Bunı T.Qayıpbergenovtın' «Qaraqalpaq da'stanı» trilogiyasına kirgen romanlardan

anıq ko'riwge boladı. Bul romannın' syujeti, tiykarınan, bir neshshe baslı qaharmanlardın' ha'reketi menen xalıq massasının' ha'reketin biriktirip su'wretlewge qurılg'an. A'lbette, bul da'wir prozasında qaharman obrazın liriko-psixologiyalıq planda su'wretlew tendentsiyası ta'wiraq ku'sheydi. Bunda T.Qayıpbergenov, S.Sa'liev, A.Aliev, S.Bahadırova povestlerinde jaslardın' o'mirine, olardın' is ha'reketlerine baylanıslı bolg'an waqıyalar liro-epikalıq planda realistlik penen su'wretlendi. Ma'selen, «Uyqısız tu'nler» povestindegi Gu'lzar, S.Sa'lievtın' «Ka'rwan ma'nzildi go'zler» povestindegi Kewlimjay, sonday-aq S.Bahadırovanın' «Hayallar» povestindegi Ziywar obrazları liriko-psixologiyalıq planda do'retilgen.

Solay etip, bul jılları qaraqalpaq prozası poeziya, dramaturgiyag'a salıstırg'anda da ku'shlirek rawajlandı. Prozanın' tematikası ken'eydi. Tariyxıy, tariyxıy-biografiyalıq temada jazılg'an shıg'armalar menen bir qatarda, lirika-epikalıq, lirika-psixologiyalıq bag'darlarda, da'wir mashqalalarına arnalg'an shıg'armalar ko'plep ko'rindi. Jazıwshılardın' do'retiwshilik sheberligi arttı. Du'nya klassiklerinin' prozalıq shıg'armalarının' qaraqalpaq tiline awdarılıwı, qaraqalpaq jazıwshılarının' shıg'armalarının' basqa tillerge awdarılıp basıp shıg'arılıwı olar ushın u'yreniw mektebi boldı ha'm aktivligin arttırdı.

## A'DEBİYAT TEORİYASINAN MAG'LIWMATLAR

**Roman.** Bul atama frantsuz, nemets tillerinde usılay ataladı. Orta a'sirlerde latın tilinde emes, al roman tillerinde jazılg'an ha'r qanday shıg'arma roman dep atalg'an. Roman iri epikalıq shıg'arma bolıp onda bir yamasa bir neshe bas qaharmannın' obrazı (ma'selen, «Qaraqalpaq da'stanı» roman trilogiyasında Mamanbiy, Aydos biy, Ernazar Alako'z, «Xalqabad» romanında Daniyar, Saeke, Qunnazar aqsaqal obrazları h.t.b.) tolıq jasalıp, barlıq waqıya ha'm syujetler solardın' a'tirapına ja'mlenedi. Romanda tiykarg'ı syujetler ha'm qaptal syujetler bolıwı mu'mkin. Roman tiykarınan prozada jazıladı, qosıq penen jazılatug'ın da romanlar bar (A.S.Pushkinnin' «Kapitan qızı», T.Jumamuratovtın' «Makarya sulıw» shıg'armaları).

**Povest.** Orıs tiline tiyisli atama. Orta epikalıq janr. Romanda waqıyalar tolıq tu'rinde alınıp, qaharman xarakteri de tolıq ashıp beriletug'ın bolsa, povestte qaharman psixologiyasının' belgili bir halatı, peyzajlıq ko'rinisler sa'wlelenedi. Povestte waqıyalardın' waqtı da sheklengen boladı (romanda bir neshe on jıldın', ju'zlegen jıldın' waqıyaları su'wretleniwi mu'mkin). Qaraqalpaq a'debiyatında povest XX a'sirdin' 30-jıllarınan baslap payda bolıp (M.Da'ribaevtın' «Mın'lardın' biri», A'.Shamuratovtın' «Eski mektepte» povestleri) en' ken' rawajlang'an



www.ziyouz.com kutubxonasi

janrlardın' birinen esaplanadı. T.Qayıpbergenovtın' «Bir suwıq tamshı», «Uyqısız tu'nler», Sh.Seytovtın' «Qashqın», O.Beкbaulievtin' «Taras Aralda», S.Bahadırovanın' «Hayal», K.Ma'mbetovtın' «Mosкvadan кelgen qız» povestlerin atap o'tiwge boladı.

**Gu'rrin'.** O'mirdin' кo'lemi boyınsha кishi qubılısın su'wretleytug'ın bolg'anlıqtan кishi epiкalıq shıg'arma dep ataladı. Ol bir konfliкtкe qurılg'an syujet tiyкarında jaratıladı. Qaraqalpaq a'debiyatında gu'rrin' XX a'sirdin' 20-jıllarında payda boldı. N.Da'wqaraevtın' «Ko'p кu'nlerdin' biri» gu'rrin'i birinshi gu'rrin'lerden esaplanadı. Usı avtordın' «İnternatta», J.Aymurzaevtın' «Kelin», İ.Yusupovtın' «Seydan g'arrının' gewishi» gu'rrin'lerin qaraqalpaq a'debiyatında usı janrdag'ı en' jaqsı shıg'armalardın' qatarına jatqarıwg'a boladı. Kishi epiкalıq janrdın' gu'rrin'nen tısqarı ocherк, novella sıyaqlı tu'rleri de bar.

## Poeziya

Bul jılları qaraqalpaq poeziyası da o'rкenlep rawajlandı. A'piwayı liriкalıq qosıqtan baslap epiкalıq poeziyag'a sheкemgi barlıq janrlarda кo'rкemligi joqarı shıg'armalar jarıqqa shıqtı. 60-jıllarg'a sheкem shayırlar tiyкarınan кlassiкalıq poeziya, folкlor u'lgisinde shıg'armalar do'retip кelgen bolsa, endi ha'r bir shayırdın' jeкe stili кo'rine basladı. Batıs ha'm Shıg'ıs poeziyasına ta'n bolg'an кo'rкem formalarda shıg'armalar jazıldı.

A.Dabılov, S.Nurımbetov, J.Aymurzaev, T.Jumamuratov, X.Seytov, X.Turımbetov, B.Qayıpnazarov, İ.Yusupov, T.Seytjanov, M.Seytniyazov, Sh.Seytov, K.Raxmanov, T.Matmuratov, U.Xojanazarov, G.Esemuratov sıyaqlı shayırlar menen birge 70-jıllardan baslap a'debiyatımızg'a кirip кelgen T.Qabulov, J.İzbasqanov, K.Karimov, H.Ayımbetov, N.To'reshova, X.Da'wletnazarov, S.İbragimov, B.Genjemuratov ha'm basqa da кo'plegen shayırlar qaraqalpaq poeziyasının' rawajlanıwına o'zlerinin' u'lesin qostı.

60-jılları xalıq shayırları A.Dabılov, S.Nurımbetovlar o'nimli miynet etti. A.Dabılov bay uyqasqa, ra'n'-ba'ra'n' кo'rкemliккe iye qosıqları menen кo'rinse, S.Nurımbetov «Berdaq», «Qamarı», «Jipeкshi jan'ıl», «Ten'izde», «Zarımbettin' g'abırısı» sıyaqlı poemaları menen кo'zge tu'sti.

O'zinin' «Ko'к emen», «Gu'ller» toplamları menen belgili bolıp u'lgergen shayır B.Qayıpnazarov ta usı jılları кo'p g'ana qosıq ha'm balladaları menen кo'rindi. B. Qayıpnazarov xalıqlıq poeziyanın' en' jaqsı u'lgilerin rawajlandırıw menen birge poeziyada lirizmdi, sezimtallıqtı кu'sheytti. Onın' poeziyasında estetiкalıq zawıq tiyкarg'ı orındı iyeledi.

50-jılları кo'bireк satiralıq qosıqlar do'retкen T.Jumamuratovtın' talantı bul jılları ele de tasqınladı. Onın' balalarg'a arnalg'an «Qa'siyetli

ga'whar tas haqqında ertek», «Kiyiktin' eki ılag'ı» shıg'armaları joqarı ko'rkemlikke iye bolıwı, balalar psixologiyasına mas tu'siwi, joqarı ta'rbiyalıq xarakteri menen ayrıqshalanıp turadı. Onın' «Ukraina qızı», «Ananın' kewli ballada» sıyaqlı ha'm basqa da poemaları, a'sirese, «Makarya sulıw» shıg'arması, ko'plegen lirikalıq qosıqları bul jıllardag'ı qaraqalpaq a'debiyatın bayıttı.

Bul da'wirde qaraqalpaq poeziyasında İ.Yusupov jetekshilikti qolg'a aldı. Onın' shayırlıq diapazonı, poetikalıq pikirlewi ken', ol o'zine shekemgi qaraqalpaq awız ha'm jazba a'debiyatının' en' jaqsı u'lgileri menen Shıg'ıs ha'm Batıs poeziyasının' sintezinde shıg'armalar do'retti. Sonlıqtan da onın' lirikalıq poeziyası da, poemaları da joqarı ko'rkemlikke iye boldı. Ol o'z shıg'armalarında du'nya masshtabındag'ı problemalarg'a da tolg'anısların bildirdi. Onın' «Shıbıg'ı sınsa shınardın'», «Ukraina ju'regimdesen'» ha'm basqa da qosıqları usınday tolg'anıslardan tuwılg'an. Shayırdın' o'zbek, qazaq, qırg'ız, tu'rkmen, rus, ukrain, azerbayjan ha'm basqa da xalıqlarg'a, olardın' eline, jerine, ta'biyatına arnalg'an og'ada ko'p qosıqları bar. Sonday-aq shayır qaraqalpaqlardın' milliy o'zinsheligin, koloritin an'latatug'ın «Ku'n shıg'ıs jolawshısına», «Qaraqalpaqtı ko'p maqtama ko'zimshe», «Ana tilime» sıyaqlı ha'm basqa da qosıqların do'retti. Shayır usı jılları «Dala a'rmanları», «Bu'lbil uyası«, «Ma'n'gi bulaq» sıyaqlı poemaların jazdı. Bul shıg'armalar qaraqalpaq a'debiyatının' jetiskenligi sıpatında bahalandı. Shayırdın' shıg'armaları janrlıq jaqtan da ra'n'-ba'ra'n', forması boyınsha da jan'a. Ol Shıg'ıs a'debiyatına ta'n formalar g'a'zzel, muxammesti, Batıs a'debiyatının' u'lgileri sonet, oktava ha'm basqa da formadag'ı qosıqlardı rawajlandırdı.

Bul jıllar qaraqalpaq poeziyası ushın haqıyqıy izleniw jılları boldı. Poeziyamız janrlıq jaqtan bayıdı. Epikalıq poeziyada liro-epikalıq, romantikalıq, liro-dramalıq poemalar, da'stanlar do'reldi. Qaraqalpaq a'debiyatı ushın a'zelden ta'n bolg'an da'stu'riy qosıqlardan tısqarı erkin qosıq (Sh.Seytov, J.İzbasqanov, S.İbragimov, B.Genjemuratov, Sh.Ayapovlar ta'repinen do'retildi), nasırıy qosıq (X.Da'wletnazarov, İ.O'tewliev, D.Sherniyazova h.t.b.) sıyaqlı jan'a shıg'armalar payda boldı. Olar jo'ninde qarama-qarsılı pikirler aytılg'anı menen so'zsiz a'debiyatımızdı bayıttı. Kishi lirikalıq qosıqlar ken'nen rawajlandı.

Usı da'wirdegi qaraqalpaq poeziyasında o'mir shınlıg'ın realistlik su'wretlew tendentsiyası ku'sheydi, o'mir qubılısların ha'm adam ha'reketin su'wretlewdin' jan'a formaları jetilispekte. Lirikada burıng'ı qollanıp ju'rgen formalarg'a qosımsha filosofiyalıq lirika, publitsistikalıq lirika, to'rtlik, romans, oktava, syujetli lirika ha'm g'azzel usag'an burın poeziyamızg'a siyrek qollanılg'an yamasa dım qollanılmag'an formalar payda boldı. Birinshi ret poeziyada ku'shli realistlik tımsallar do'reldi.

Talantlı shayır İ.Yusupov poeziyag'a bu'gingi du'nya poeziyasının' joqarı talabınan qatnas jasaydı. Ol du'nya poeziyasının' rawajlanıw tariyxın ha'mme waqıt ko'z aldına eleslete aladı ha'm sonın' progressiv da'stu'rlerin o'z do'retiwshiliginde jetilistiriwge umtıladı. Sonlıqtan onın' poeziyası qaraqalpaq a'debiyatında o'zgeshe bir biyik sulıw to'be bolıp ajıralıp turadı. Ol bu'gingi qaraqalpaq poeziyasın burın ko'rilmegen da'rejede bayıttı. Onda o'mir shınlıg'ın su'wretlewde siyasiy-ja'miyetlik ko'z qarastın' o'tkirligi, pikirdin' filosofiyalıq teren'ligi ha'm publitsistikalıq ken'lik ha'm ku'shli lirizm anıq ko'zge tu'sip turadı.

D.Aytmuratov birneshe tımsallar jazıp, a'debiyatımızdın' burıng'ı tımsal jazıwdın' folklorlıq formasının' ornına rus ha'm Evropa xalıqlarının' realistlik a'debiyatlarında tımsaldın' formasın alıp kelip, onı milliy ko'rkem oylawımızg'a teren' sin'istirip jiberdi.

Talantlı shayır X.Turımbetov poeziyamızg'a belgili da'rejede u'les qosqan edi. Ol tu'rkiy xalıqlar poeziyasında ken'irek rawajlang'an syujetli qosıqlar do'retiw da'stu'rin a'debiyatımızg'a alıp keldi.

Xalmurat Saparov belgili balalar shayırı sıpatında ko'zge tu'sti. Ol balalar ushın bir qansha qosıqlar do'retti. Onın' »Sarı tay» toplamı rus tilinde basılıp shıg'ıp ja'miyetshiliktin' unamlı dıqqatına sazıwar boldı.

Ulıwmalastırıp aytqanda, u'yrenilip otırg'an da'wir qaraqalpaq poeziyasının' en' rawajlang'an da'wiri boldı. Bul jılları poeziyada jazılatug'ın shıg'armalardın' barlıq janrlıq tu'rleri rawajlandı, bayıdı. Qaraqalpaq shayırlarının' poeziyalıq shıg'armaları orıs, o'zbek ha'm basqa da ko'plegen tillerge awdarıldı. Du'nya klassiklerinin' poeziyalıq shıg'armaları qaraqalpaq tiline awdarılıp ja'riyalandı.

## A'DEBIYAT TEORİYASINAN MAG'LIWMATLAR

**Poema.** Grektin' poema so'zinen alıng'an bolıp, qosıq penen jazılatug'ın iri liro-epikalıq shıg'arma. Poema su'wretlenetug'ın waqıyalardın' ko'lemi boyınsha povestti eske tu'siredi. Onda qaharmanlardın' xarakteri jasaladı. Waqıyalar belgili bir konfliktlerge qurıladı. Du'nya a'debiyatında poemanın' da'slepki forması sıpatında eposlar atap o'tiledi. Da'slepki qaraqalpaq poemalarınan M.Da'ribaevtın' «Aypara», «Ayımjamal», J.Aymurzaevtın' «Gu'res» poemaları bar. Al poema janrının' en' sheberi İ.Yusupov bolıp esaplanadı. Shayırdın' «Aktrisanın' ıg'balı», «Dala a'rmanları», «Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq», «Bu'lbil uyası» poemaları qaraqalpaq a'debiyatında usı janrdı janrlıq, tematikalıq, formalıq jaqtanda tu'rlendirip, bayıttı.

**Lirika.** Ko'rkem a'debiyattın' en' eski teklerinin' biri. Grektin' *lira* so'zinen kelip shıqqan. Lira muzıkalıq a'sbap ataması an'latqan, usı a'sbapta qosıqlardın' naması atqarılg'an. Lirikada obekt emes,

www.ziyouz.com kutubxonasi

İ.Yusupov ta'repinen jazılg'an «O'mirbeк laqqı», D.Aytmuratovqa tiyisli «Pirqaqqan« pesaları da uzaq jıllar qaraqalpaq saxnası repertuarınan jay aldı. Birinshi pesada qaraqalpaq xalqının' en' belgili кu'lкi ustası O'mirbeк obrazı sheber jaratılg'an. Onın' tapqırlıg'ı, joq jerden кu'lкi tabıwı xalıqlıq qaharmang'a degen su'yispenshiliкti ele de arttırsa, «Pirqaqqan«da sol da'wirdegi ayırım basshılardın' кu'lкili, jerкenishli ha'reкetleri sheber ashıp beriledi. Usı shıg'arması ushın avtor o'z waqtında quwdalawg'a, shoqmarlı sıng'a tap boldı.

70-jılları K.Raxmanov o'zinin' «Kelin» ha'm «O du'nyag'a mira't» «Eglengen ba'ha'r» pesaları menen qaraqalpaq dramaturgiyasında jarq etip кo'rindi. «Kelin» pesası sol da'wirdin' tematiкasına bag'ıshlang'an. Pesadag'ı Zarımbet ha'm Aysha obrazları sa'tli shıqqan. Aysha a'dep-iкramlılıg'ı, кelinlerge ta'n iybeligi, sonın' menen birge sawatlılıg'ı menen Zarımbettin' ata-anası, awıl adamları ortasında u'lкen abroyg'a iye boladı. Ol ha'r qanday кelinlerge, ulıwma jaslarg'a u'lgi bola alatug'ın obraz.

«O du'nyag'a mira't» pesasındag'ı Taspolat, onın' balası Nurpolat, hayalı Ulperi obrazları olardın' pu'tкilley кerisi. Taspolat u'lкen sawda ma'кemesinin' baslıg'ı bolıp isleydi. Onın' ushın insap, xu'jdan degen tu'siniкler jat. Ol barlıq na'rseni teк aqsha menen o'lsheydi. Hayalı Ulperi de onnan qalıspaydı. Jeкe qara basının' ha'zligi, baylıq arttırıw jolında en' iplas na'rselerge de qol urıwdan tayınbaydı. Olar eкewinin' ta'rbiyasınan shıqqan balası da o'mirden tuwrı jol tan'lay almaydı. Oqıwg'a barmay ishiwshiliккe, na'shebentliкке berilgen balalarg'a qosılıp, aqırı solardın' qolınan qaza tabadı. Mine, bul bir semyada orın alg'an tragediya adamlarg'a sabaq boları so'zsiz.

Dramaturgiyanın' jan'a bag'darlarının' biri кino-dramaturgiyalıq, televidenie ha'm radiolarda qoyılıp atırg'an saxnalıq shıg'armalar do'rele basladı. Mısalı, N.Japaqovtın' »Aral balıqshıları» atlı stsenariy tiyкarında usı atamadag'ı film кinog'a tu'sirilip, a'debiyatımızdı ha'm ma'deniyatımızdı кen'nen tanıtıwg'a u'lкen ta'sirin tiygizdi. Bunnan basqa İ.Yusupov «A'jiniyaz» atlı operanın' librettosın do'retti. Sonday-aq dramalıq shıg'armalardın' ha'r qıylı janrlıq formaları payda boldı. Mısalı, muzıкalı drama, tragediya, кomediya, tragiкo-кomediya h.t.b. T.Seytjanovtın' «A'biw Rayxan Beruniy» draması tematiкası jag'ınan g'ana emes qaharman obrazın jasawda da dramanın' u'lкen tabısı boldı.

Dramaturg J.Aymurzaev «Berdaq», «Aygu'l-Abat» pesaların qayta isledi. «Berdaq» pesasında Berdaq o'z da'wirindegi u'lкen tariyxıy-sotsiallıq waqıyalardın' orayında turadı. Pesada Berdaq, Ernazar alaкo'z, Qumar ana, Qutım suwpı usag'an tariyxıy adamlardın' ha'r ta'repleme jetilisкen obrazları jasaldı. S.Xojaniyazovtın' «Talwas» pesası sol da'wir temasında do'regen muzıкalı кomediya. Pesanın' tiyкarg'ı materialı etip awılda jasap atırg'an bir shan'araq turmısı alıng'an.

Shan'araq basshısı Tawbay g'arrının' hayalı Aybiyke ku'tpegende ayazlap, to'sek tartıp jatadı. Onı Tawbaydın' tanısı İzbasqan degen molla ta'wipke emletpekshi. Sawatlı qızı Talwas bul iske pu'tkilley qarsı, al anasın vrashqa emletiwdin' ta'repdarı. Mine semyada konflikt da'slep usılardan baslanadı.

P.Tilegenovtın' «Begjap tragediyası» shıg'arması u'lken dramatizmge tolı. Avtor oqıwg'a baratug'ın jaslardın' baspashılar ta'repinen uslanıwı ha'm olardın' ayanıshlı awhalların ju'da' isenimli su'wretlegen. Pesa qaharmanları Quwat, Elmurat, Qurbangu'l, A'lewetdin molla, Jaralı kempir, Biyman obrazları arqalı berilgen.

Qullası, bul da'wirde qaraqalpaq dramaturgiyası usınday bag'darda rawajlandı. Dramaturgiya janrlıq, tematikalıq jaqtan bayıdı. Dramaturglerimizdin' a'debiy sheberligi artıp bardı.

## A'DEBİYAT TEORİYASINAN MAG'LIWMATLAR

**Dramaturgiya.** A'debiy tu'r ma'nisinde, yag'nıy dramanın' sinonimi sıpatında qollanıladı. Sonday-aq, bir jazıwshının' yaki pu'tin bir a'debiyattın', da'wirdin' dramalıq shıg'armalarının' jıyındısına da dramaturgiya dep at beredi. Mısalı, S.Xojaniyazovtın' dramaturgiyası, qaraqalpaq dramaturgiyası, 30-jıllar dramaturgiyası h.t.b.

**Drama.** (Grekshe *drama* - ha'reket so'zi) A'debiyattın' u'sh tu'rinin' biri (lirika, epika, drama). Drama en' da'slep saxnada ko'rsetiw ushın jaratılg'an shıg'arma. Epikalıq shıg'arma oqıwg'a bag'darlang'an bolsa, dramalıq shıg'arma ko'riwge bag'darlanadı. Epikalıq shıg'arma oqıwshının' abstrakt oylaw, bayanlang'an waqıyanı ko'z aldına elesletiw uqıbına mo'lsherlenedi, al dramada personajlardın' so'ylewi menen ha'reketlerinin' birligi baslı orında turadı. Sonlıqtan dramanın' ekinshi o'miri teatr saxnasında dawam etedi.

Basqa janrlarg'a salıstırg'anda dramada waqıya ku'ta' shiyelenisken'ligi ha'm keskinligi menen ajıraladı, qaharmanlardın' ruwxıy du'nyası sırtqı jag'daylardın' qatan' ta'sirine tu'sedi. Sonlıqtan waqıyalardın' ha'm personajdın' ruwxıy draması baslı orıng'a shıg'adı. Ko'rkem shıg'armadag'ı bunday jag'daydı geyde dramatizm dep te ataydı.

**Komediya.** (Grekshe *comos* – kewilli alaman, toplım, *ode* – qosıq, jır) Dramaturgiyanın' bir janrı. Komediyada waqıyalar, adam minezqulqı ku'lkili etip su'wretlenedi, qaharmanlar ku'lkili jag'daylarg'a tu'sip otıradı. Konflikt komediyalı jobada sheshiledi. Komediyada ku'lki, ha'zil arqalı adamlardag'ı turmıstag'ı, ja'miyettegi kemshiliklerdi ko'rsetedi. Qaraqalpaq a'debiyatında komediya janrında A'.O'tepovtın' «Ten'in tapqan qız», S.Xojaniyazovtın' «Su'ymegenge su'ykenbe», Q.Ma'tmuratovtın' «O'mirbek ha'm tazsha» komediyaları ken'nen belgili.



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Trgaediya.** (Grekshe *tragos* –eshki ha'm *ode* – qosıq) Dramalıq shıg'armalardın' izi qayg'ı menen pitetug'ın janrlıq tu'ri. Ol en' da'slep a'yyemgi Gretsiyada qudaydın' atına eshki soyıp tamasha o'tkeriwge baylanıslı kelip shıqqan. Sonnan berli tragediya bir neshe rawajlanıw basqıshların basınan keshirdi.

Tragediyalıq shıg'armalar basqa janrdag'ı do'retpelerden o'zine negiz etip alıng'an konfliktlerinin' og'ırı keskinligi ha'm teren'ligi, olarda sotsial-ja'miyetlik sha'riyatlardın' teren' sa'wleleniwi, filosofiyalıq jaqtan da oyshıllıg'ı menen ayrıqsha sıpatlanıp turadı. Tragediya tariyxıy rawajlanıwdın' ayrıqsha a'hmiyetli burılıs jag'dayların o'tkir ha'm keskin tu'rde sa'wlelendirip otıradı. Qaraqalpaq a'debiyatında S.Ma'jitovtın' «Ernazar Alako'z», M.Da'ribaevtın' «Ko'klen batır», «A'rman» tragediyaları bar.

* * *

XX a'sirdin' 60-jılları qaraqalpaq a'debiyatının' en' rawajlang'an da'wirlerinin' biri boldı. A'debiyattın' barlıq tu'r ha'm janrlarında joqarı ko'rkemliktegi shıg'armalar payda boldı. Bul da'wirde a'debiyatımızdın' du'nya ju'zlik a'debiyat penen baylanısı ku'sheydi. Bunda orıs ha'm o'zbek a'debiyatlarının' ta'siri ha'm baylanıstırıwshı xızmeti u'lken boldı. XX a'sir a'debiyatındag'ı shayır-jazıwshılardın' shıg'armalarının' basıp shıg'arılıw ko'lemi ha'm tirajı boyınsha da a'yne usı da'wir jetekshilik etedi.

## Sorawlar ha'm tapsırmalar

1. Usı da'wir qaraqalpaq a'debiyatının' en' ko'rnekli wa'killeri haqqında aytıp berin'.
2. Usı jıllar qaraqalpaq a'debiyatında qanday romanlardı bilesiz?
3. Usı da'wirde do'regen qaraqalpaq povestleri, gu'rrin'leri ha'm olardın' avtorları haqqında aytıp berin'.
4. Roman degenimiz ne?
5. Povest ha'm gu'rrin'lerdin' teoriyalıq anıqlamasın aytıp berin'.
6. 60-80-jıllardag'ı qaraqalpaq poeziyasının' rawajlanıwının' ulıwma bag'darı haqqında aytıp berin'.
7. Usı da'wirde do'regen en' ko'rnekli lirikalıq shıg'armalar ha'm olardın' avtorları haqqında aytıp berin'.
8. Usı jılları jazılg'an qanday en' jaqsı poemalardı bilesiz?
9. Lirikanın' teoriyalıq anıqlamasın aytıp berin'.
10. Poema degenimiz ne?
11. 60-80-jıllardag'ı qaraqalpaq dramaturgiyasına ulıwma sıpatlama berin'.
12. K.Raxmanovtın' pesaları haqqında aytıp berin'.
13. Dramag'a teoriyalıq anıqlama berin'.
14. Komediya ha'm tragediyalardın' teoriyalıq sıpatlamasın mısallar ja'rdeminde aytıp berin'.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ABBAZ DABILOV

Talantlı xalıq shayırı Abbaz Dabılovtın' poeziyasında oqıwshını o'zine eriksiz tartatug'ın ku'shli lirizm, xalıq poeziyasının' ruwxındag'ı sheberlik penen jazılg'an, aforizmlerge tolı, teren' oyshıl shıg'armalar ko'plep ushırasadı. Qaraqalpaq xalqının' til baylıg'ın bay shayırlıq ta'jiriybesi arqalı teren' o'zlestirgen Abbaz Dabılovtın' shıg'armaları oqıwshılardın' oy-a'rmanın qozg'aydı, estetikalıq sezimlerin qıtıqlaydı.

Abbaz Dabılov 1898-jılı Taxtako'pir rayonının' «Qara oy» degen jerinde tuwılg'an. Abbaz Dabılov en' da'slep diniy mektepte eskishe oqıp sawatın ashadı, keyin Qaraqum iyshan medresesinde oqıwg'a mu'mkinshilik tabadı. 1907-jılı a'kesi o'lip, oqıwdı dawam ettire almaydı. U'y-ishinin' jag'dayı awırlasıp, Abbaz shet jerlerge talap izlep ketedi, jergilikli baylardın' eginin oradı, paxtasın teredi, ku'nlikshilik etedi. 1914-jılı o'z eline qaytıp keledi, awıl arasındag'ı baylardın' malın bag'adı.

Abbaz Dabılovtın' do'retiwshiligi o'zinin' ha'r ta'replemeliligi, awızeki a'debiyattın' ta'sirinin' ku'shliligi menen xarakterlenip turadı. Ol do'retiwshiliginin' da'slepki da'wirinde el arasında qıssa oqıytug'ın bolg'an. «Go'rug'lı», «Qılıshbek», «G'a'rip-ashıq» sıyaqlı da'stanlardı yadqa bilgen. Demek, ol qaraqalpaq qıssaxanlıq o'nerine de u'lken u'lesin qosqan.

Poeziyamızdın' iri wa'kili sıpatında tanılg'an A.Dabılov XX a'sir qaraqalpaq a'debiyatına birden gu'zar jol menen kelgen emes. Ol shayır sıpatında 1917-jıldan keyin jan'a ja'miyettin' siyasatına maslasıp kete almadı. Sonlıqtanda onı «O'tken zaman qayta aylanıp kelerme?», «Kelinler» qosıqları ushın siyasiy qa'telikte ayıpladı. Onın' qosıqların sol jılları baspa so'zde basıwdı qadag'an etti.

Abbaz Dabılov xalıq arasında o'zinin' lirikalıq qosıqları menen de belgili bolg'an. Ol o'zi menen zamanlas A.Muwsaev, S.Majitovlar menen birge qaraqalpaq poeziyasında ag'artıwshılıq, ulıwma insanıylıq pazıyletlerdi ulıg'law, paraxatshılıqtı saqlawg'a shaqırıw, ma'rtlik, eldi qorg'aw, azamatlıq wazıypanı ken' ja'miyetshilikke ug'ındırıw ha'm tag'ı basqa ma'seleler haqqında o'zinin' ko'plegen shıg'armaların jazdı.

Abbaz Dabılovtın' do'retiwshiliginin' en' shın'g'a shıqqan da'wiri urıs ha'm urıstan keyingi da'wir. Shayır urıs jılları fashist basqınshıların menen gu'reske shaqıratug'ın «Biz jen'emiz», «Na'ma'rt jigit nege da'rkar», «Jen'gen jaqsı» qosıqların jazdı. Bul sol da'wirdegi J.Aymurzaevtın' «Ulım tın'la», A'bitay Turımbetovtın' «Atlan» qosıqları menen bir qatarda a'skeriy poeziyanın' en' jaqsı u'lgileri boldı. Bul qosıqlar waqıyalarg'a qurılmag'an. Olarda watandı su'yiwshilik sezimlerin oyata biletug'ın u'lken ku'sh bar. Sonday-aq bul jılları Abbaz Dabılov ayırım unamsız illetlerdi a'shkaralaytug'ın qosıqlardı da do'retti. «Bir brigadir

haqqında», «Bir jalqaw murapqa», «Batırlarg'a tiygen joqpa zıyanın'», «Zorg'a ju'к boladı bir atqa» h.t.b. qosıqlarında ishjaqpaslıq, erinsheкliк illetleri sheber a'shкaralanadı. Shayır agitatsiyalıq liriкanın' da sheberi bolg'an. Usı ta'repi menen qaraqalpaq poeziyasında u'lкen iz qaldırdı. Sol sebepli onın' bir qansha qosıqları xalıq arasında кen' taralıp, xalıq qosıqlarına aylanıp кetкen. Ma'selen, «Biybisa'nem» qosıg'ın atap o'tiwge boladı.

Shayırdın' urıstan кeyingi jıllardag'ı en' u'lкen do'retiwshiliк tabısı - bul onın' «Bahadır» da'stanı bolıp tabıladı. Bul da'stan Abbaz Dabılovtın' кo'p jıllıq poetiкalıq izlewshiliginin' jemisi. Da'stan 1950-jılı birinshi baspadan shıqtı. Al, 1957-jılı ol tolıq tu'rde jarıq кo'rdi. Bul da'standa Oкtyabr revolyutsiyasınan burıng'ı qaraqalpaq awıllarındag'ı jag'day, ha'r qıylı toparlar arasındag'ı qarama-qarsılıq ha'm ten'sizliк, adamlardın' o'z erкinligi ushın gu'resleri, jaslar arasındag'ı muhabbat h.b. ma'seleler su'wretlenedi. Avtor bul ma'selelerdi jeкe tu'rde almastan, qaraqalpaq turmısına ta'n bolg'an qız uzatıw, ılaq shabıw, palwan tu'siw, qız-jigit aytısları h.t.b. waqıyalar menen tıg'ız baylanısta alıp su'wretleydi. Xalıqtın' u'rip-a'deti кen'nen su'wretlenip, shayır onı teren' tu'rde biletug'ınlıg'ın кo'rsetti. Shayır barlıq waqıyanı janlı tu'rde o'zinin' boyawı menen jetкeredi. Shayırdın' obraz jasawdag'ı sheberligi hayal-qızlar obrazın jasawda anıq кo'rinedi. Ma'selen, da'standa Qırmızı obrazı u'lкen sheberliк penen jasalg'an.

«Arıslan palwan, dushpanı кo'p basımnın',
Talınsha bar basımdag'ı shashımnın',
Zamanım tar, quwanıshım az bolıp,
Jırtqıshqa jolıqqan jalg'ız g'az bolıp,
O'z mun'ımdı o'zim jırlap otırman
Duwtardın' namasın shalıp, saz bolıp...»

Bunda Qırmızının' tilinen sol da'wir qızlarının' кewil кeshirmeleri, psixologiyalıq halatı sheber tu'rde berilse, eкinshiden, til sheberligi arqalı qaharman ta'repinen aytılg'an piкir ele de кo'rкemlengen. Da'stannın' realistliк xaraкteri onı folкlorlıq da'stanlardan o'zgeshelep turadı, shıg'armadag'ı waqıyalar rawajlanıwında izbe-izliк logiкalılıq saqlang'an, olar tutas bir кompozitsiyag'a ja'mlengen.

«Bahadır» da'stanında qatnasıwshı qaharmanları кo'p, avtor solardın' кo'pshiligin a'debiy qaharman, кo'rкem obraz da'rejesine кo'tere alg'anlıg'ı dıqqatqa ılayıq. Olardın' qaysısı bolmasın o'zinin' bir belgisi menen este qaladı. Jarlılıqtan jarımag'an Allan'g'or, o'tкir tilli tirishe Shınargu'l, jaslardı bir-birine jolıqtırıwda ayrıqsha orın tutqan qız jen'gesi Du'rdana, joldaslıqqa sadıq jigit Azat yamasa usı qusag'an tolıp atırg'an qaharmanlar avtordın' sheberligi arqalı salmaqlı obraz sıpatında tanıladı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Da'standa xalqımızg'a ta'n bolg'an bir-birewge ja'rdem beriw, a'sirese, basına is tu'skende qayırqomlıq etiw qusag'an pazıyletler bir neshe orında sheber berilgen. Mısalı, jarlı Allan'g'or du'nyadan qayttı. «Sıpırasında bolmasa, shanashında unı joq» Shınargu'lge xalıq jıynalıp ja'rdem etedi. Allan'g'ordı jerleydi. O'mirden tuwrı jol taba almay albırap turg'an Arıslang'a Azat ja'rdem beredi, og'an ag'alıq etedi, qanday qıyınshılıq bolsa da Arıslan menen birge boladı.

Da'stannın' bas qaharmanlarının' biri Arıslan bolıp esaplanadı. Ol a'kesinen on to'rt jasında jetim qaladı, turmıs jolın taba almaydı, waqtın bir neshe jıllar asıq, top oynap bosqa o'tkeredi. Bul onın' anası Shınargu'lge qattı batadı, ne islew kerek, ana sol haqqında oylap balasına qarata:

> Balam azanda bir toysan',
> Mezgilge zordan shıdaysan',
> Mezgilden qalsan' jılaysan',
> Bir nan bersem jubanasan',
> So'ytip ketip asıq topqa,
> Meni taslap jang'an otqa,
> Qaramaysan' barlı joqqa,
> Qarnın' toysa quwanasan'...
> Ata ka'sibinde mal baqpay,
> Ya elden bir ag'a tappay,
> Abıroyın'dı so'ytip jappay,
> Sen qalay ku'n ko're alasan',
> Bolıp balam iske qardar,
> Miynetin'de panalasan',

-deydi.

Arıslan obrazı ha'm basqa da qaharmanlar da'standa qaraqalpaq xalqının' folklorlıq da'stanlarının' progressiv da'stu'rlerin paydalanıw arqalı jasalg'anlıg'ın ko'remiz. Arıslandı su'wretlewde avtor xalıqtın' ug'ımındag'ı batır jigitlerdin' tipin jasaydı. Ol palwan, qara ku'sh iyesi ha'm aqıllı, barlıq jag'ı jup tu'sken, xalıq an'sag'an ideal jigit. Onın' gu'reske tu'sip o'zin sınawı, Artıqtan shaybas gu'ren'di tartıp alıp miniwi durısında, eposlıq shıg'armalardın' usılı menen u'nles keledi.

Da'standag'ı Qırmızı obrazına da toqtamay ketiw mu'mkin emes. Ol ten'sizlik zamanda-aq, o'zinin' bas bostanlıg'ın, erkinligin an'sag'an qız. O'zin malg'a satpaqshı bolg'an a'kesine so'z benen qarsı shıg'adı, narazılıq bildiredi. Demek, Qırmızı burıng'ı ta'rtip boyınsha mal bergennin' jeteginde kete beretug'ın qızlardan emes, al o'z baxtı ushın gu'rese alatug'ın qız. Shayır Qırmızı obrazın beriwde ko'rkem so'z kestelerin tabadı, bularda Qırmızı tek ko'riktin' adamı emes, al aqıl oy parasattın' adamı sıpatında tanıladı.

Da'stanındag'ı jasalg'an unamsız obrazlar da oqıwshıg'a teren' ta'sir etedi. Eкi adamnın' arasına ot taslap, jawlastırıwshı - Shaqmaq кempir, maqtanshaq bay balası Artıq obrazları shayırdın' u'lкen tabısı bolıp tabıladı. Artıq-maqtanshaq, du'nya-maldın' puwına semirgen quwıs gewde, aqılsız jigit. Ol qızdın', onın' jen'gesi Du'rdananın' aldag'anına erip astındag'ı atın beredi, natıqlıg'ı sebepli qızdın' betine tiкке qaray almaydı, aytar so'zin bilmeydi. Al, Shaqmaq кempir - da'stanlardag'ı ja'digo'y кempirdin' tipin esкe tu'siredi.

«Bahadır» qaraqalpaq da'stanlarının' u'lgisinde jazılg'an shıg'arma bolıw menen birge, realistliк xaraкterde jazılg'an. Da'stannın' bas qaharmanı Arıslan xalıq da'stanlarındag'ı batırlarg'a usamaydı. Olarg'a usap ha'mme na'rsege ilahiy кu'shlerdin' ja'rdeminde erispeydi. O'z maqsetine erisiw ushın gu'resedi. Bul gu'res o'mir shınlıg'ına qurılg'an. Ol o'z muhabbatı jolında gu'resedi. Da'standag'ı Qaysar palwan, shaqmaq кempir, Artıq obrazlarının' portretlerin jasawda folкlorlıq da'stu'r qatnasqanı menen ulıwma shıg'armada jazba a'debiyatlıq xaraкter basım. Ol XX a'sir qaraqalpaq epiкalıq poeziyasındag'ı en' кo'rneкli shıg'armalardın' biri bolıp esaplanadı.

Abbaz Dabılovtın' do'retiwshiligi teren' xalıqlıq sıpatqa iye: shayırdın' xalıq turmısındag'ı a'hmiyetli temalardı tawıp jırlay biliwi, bir birine uqsamag'an qaharman obrazların jasawı, a'sirese, shıg'armalarında qarısıp кetкen uyqaslardı qollana biliwi, o'zinin' aytajaq oyın qıyınnan qıyıstırıp, filosofiyalıq piкirlerdi ta'sirli jetкeriwi, qaraqalpaq xalqının' til baylıg'ın o'te o'zlestirip iyelewi — shayırdın' shayırlıq sheberliginen dereк beredi.

## Sorawlar ha'm tapsırmalar

1. Belgili shayır A. Dabılovtın' o'miri ha'm do'retiwshiligi haqqında aytıp berin'.
2. Shayırdın' ulıs jılları jazg'an qanday shıg'armaların bilesiz?
3. Shayırdın' Mosкva saparınan son' do'retкen qosıqlar du'rкininin' кo'rкemliк o'zinsheliкleri haqqında aytıp berin'.
4. Shayır liriкalarında uyqastın' sheber jasalıwı, ha'r qıylı frazeologizmlerdin' qollanılıwı jo'ninde mısallar ja'rdeminde tu'sindirip berin'.
5. «Bahadır» dastanındag'ı tiyкarg'ı qaharmanlar haqqında aytıp berin'.
6. Arıslan obrazın sıpatlap berin'.
7. Qırmızı ha'm Azat obrazlarına sıpatlama berin'.
8. «Bahadır» da'stanında qaharman obrazlarının' portretinin' jasalıwın mısallar ja'rdeminde aytıp berin'.
9. «Bahadır» da'stanınan 40—50 qatar qosıqtı yadlap aytıp berin'.
10. Shayırdın' liriкalıq qosıqlarına sholıw jasan'.

# JOLMURZA AYMURZAEV

Qaraqalpaq a'debiyatının' tariyxında XX a'sirdin' 20-jıllarınan baslap teren' iz qaldırg'an jazıwshı J.Aymurzaev bolıp tabıladı.

J.Aymurzaev 1910-jılı 6-noyabrde Qaraqalpaqstanın' Shımbay rayonının' bunng'ı Tazqara volotsında (ha'zirgi Q.A'wezov fermer xojalıqları birlespesi) diyxan semyasında tuwıladı. Ol 1924-jılı Shımbay qalasındag'ı Mektep internatqa oqıwg'a kiredi. 1927-jılı To'rtku'l pedagogikalıq texnikumın pitkerip bir jılday Taxtako'pir rayonında mug'allim bolıp isledi. Bunnan keyin Respublikalıq baspa so'z oraylarında jumıs isledi.

## Poeziyası

J.Aymurzaev o'z do'retiwshiligin poeziyadan basladı. Ol Shımbayda, To'rtku'lde oqıp ju'rgen gezlerinde-aq «Gu'resin'», «Egis eger wag'ın' keldi» degen da'slepki qosıqların jazdı. Sonday-aq, shayır bul jılları basqa da qaraqalpaq shayırları sıyaqlı xalıqtı miynet etiwge, ilim alıwg'a, bilimli bolıwg'a shaqırıq qosıqların do'retti.

Shayırdın' talantı kem-kemnen jetilisiwi menen birge du'nyag'a tu'sinigi artıp, poeziyada u'lken ja'miyetlik filosofiyalıq ma'selelerdi sa'wlelendire baslawı «Palwan qız», «Jazg'ı ku'n», «Shomanay», «Shap tulparım, sharshama» qosıqlarında ko'rindi. Bul qosıqlarda rus poeziyasına ta'n bolg'an teksheli qosıq formasın qaraqalpaq poeziyasına engiziwge umtılıw, qaraqalpaq poeziyası qosıq qurılısına jan'alıq alıp kiriwge umtılıslar ko'zge tu'sti.

Urıs jıllarında shayırdın' talantı ele de ashılıstı. «Ulım, tın'la», «Tın'lan'ızlar» qosıqları usı da'wirdegi qaraqalpaq a'debiyatındag'ı en' ko'rnekli shıg'armalardın' qatarınan orın aldı. Bul shıg'armalardag'ı patriotizm, ma'rtlik sezimleri, watandı su'yiw, sonlıqtanda onı qorg'aw ha'r kimnin' perzentlik minneti ekenin ug'ındırıw sıyaqlı belgiler olarg'a tabıs alıp keldi. Sonday-aq, bul shıg'armalarda ishki ha'm sırtqı formalardın' mazmung'a say tu'siwi qosıqlardın' ko'rkemligin ja'ne de arttırdı.

Onın' urıstan keyingi da'wirde jazılg'an qosıqlarınan «Paxta»,«Paxta ushın», «Shamurat ata», «O'zbek qızı» sıyaqlı qosıqlarının' ko'rkemligi joqarı. Shayırdın' «Jan'a qosıqlar» du'rkinindegi »Birge bolsın toyları», «Mug'a'llim», «Keldim», «Qurbanayg'a», «U'sh qızg'a», «Meni ku't», «Nemets qızına» qosıqları tuwralı da unamlı pikirler bildiriwge boladı. Ma'selen, onın' «Birge bolsın toylarırı'» degen qosıg'ında ko'binese soraw-juwap arqalı obrazdı ashıp beriw ko'zge tu'sedi.

J.Aymurzaevtın' «Aydın jol» poeması temasının' aktuallıg'ı, qaharman obrazlarının' janlı ha'rekette ko'rsetiliwi menen ajıralıp turadı. Sonday-

aq shayırdın' «Gu'res», «Gu'reste jen'dik», «Qız ketken» poemaları o'z da'wirinde unamlı bahalandı.

Ulıwma alg'anda J.Aymurzaev poeziyası qaraqalpaq a'debiyat tariyxında belgili orındı iyeleydi.

## Prozası

XX a'sirdin' 30-jıllarınan J.Aymurzaev shayır, dramaturg bolıp qalmastan, al jurnalist, prozaik retinde ko'pshillikke bir qatar publitsistikalıq maqalaları, osherkleri, feleton ha'm gu'rrin'leri menen tanıla basladı. «Traktor kelgende», «Miynet eri Nuratdin«, «Kolxoz eri» (1931—1932) degen gu'rrin'lerinde qaraqalpaq awıllarında payda bolıp atırg'an jan'alıqlardı, qaraqalpaq diyxanları sanasındag'ı o'zgerislerdi ken'nen su'wretlep beredi.

J.Aymurzaevtın' da'slepki prozalıq shıg'armalarının' ishinde en' ko'rneklisi pitpey qalg'an «Quwat» povesti (1940). Onın' mazmunı tiykarınan qaraqalpaq xalqının' o'tkendegi turmısın, hayal-qızlardın' baxtı ushın gu'resin ashıp beriwge arnalg'an.

Onın' osherkleri tolıg'ı menen derlik respublikamızdın' awıl xojalıg'ı xızmetkerlerinin', paxtakeshlerdin' ku'ndelikli turmısın suwretlewge arnalg'an. Jazıwshının' gu'rrin'lerinde de awıl adamlarının' turmısı, sol da'wirdegi sotsiallıq turmıs jag'dayların ashıp beriw orın aldı. Onın' «Kelin», »Abadan» atlı gu'rrin'leri «Gu'ldirsin gu'lleniwde», «Jigerli jigitler», «Gu'llengen awıl», tag'ı basqa osherkleri usınday.

J.Aymurzaevtın' «Kelin» gu'rrin'i a'debiyatımızda usı janrda do'retilgen en' jaqsı shıg'armalardın' birine aylandı. Onda jan'a mazmun, syujet, waqıya, ideya o'mir ag'ısı menen tutasıp ketedi, novellalıq sıpat basım. Gu'rrin'de O'temurat, onın' balası Da'wletmurat, kelini ukrain qızı Nadejda obrazları ju'da' sa'tli jaratılg'an. Olardın' ha'r birinin' o'zine ta'n xarakteri bar. O'temurat o'jet, tek o'zinin' pikirin durıs dep esaplaytug'ın eski tu'siniktegi g'arrı. Da'wletmurat sawatlı, o'mirlik joldasın sıylaytug'ın jigit. Nadejda aq ko'kirek, sabırlı, barlıq na'rseni aqıl menen o'lshestirip sheshetug'ın, o'z isinin' mamanı kelinshek. Gu'rrin'degi tiykarg'ı konflikt usı qaharmanlar ortasındag'ı tartısqa qurılg'an. Biraq ol tartıs a'dettegi emes, bul xarakter gu'resi, psixologiyalıq gu'res. O'temurat g'arrının' turmıs praktikasının' jen'isi menen jan'alıqtı moyınlawı o'mir o'zgerisi. Usı ideal momentlerdi jazıwshı qısqa gu'rrin' arqalı ashıp bere alg'an.

Memuarlıq povestlerdin' qaraqalpaq a'debiyatındag'ı baslaması J.Aymurzaevtın' «Jetimnin' ju'regi» povesti boldı. Bul shıg'armadan avtordın' o'z basınan keshirgenleri, jaslıqtag'ı awır turmıs jolları, tu'rli jag'daylar, sonday-aq jazıwshının' tvorshestvolıq mektebi, zamanlasları,



www.ziyouz.com kutubxonasi

tuwg'an-tuwısqanları, dosları, qaraqalpaq a'debiyatı ha'm iskusstvosının' geybir ma'seleleri haqqındag'ı jan'a mag'lıwmatlardı alıwg'a boladı.

J.Aymurzaevtın' «A'miwda'rya boyında» romanı qaraqalpaq a'debiyatında da'slepki romanlardın' biri ekenligi menen de bahalı. Roman u'lken satiralıq prozanın' baslaması da boldı. Romannın' bas qaharmanı Ra'wshan sol da'wir ko'z-qarası menen bir qansha sa'tli jaratılg'an. Jas qa'nige, agronom qız Ra'wshan miynette, ja'miyetlik jumısta, semya ma'selelerinde de o'z so'zine, o'z jolına iye, mudamı janlı ha'rekette boladı, aktivlik ko'rsetedi.

Al J.Aymurzaevtın' «Qızketken» romanı Qızketken kanalın qazıwshılardın' ma'rtlik miynetlerin su'wretlewge arnalg'an. Bunda jas injener Elmurat Genjeevtın' jan'a Qızketken kanalının' sag'asın tın'nan jarıp salıwdag'ı pu'tkil qazıwshı alaman menen birge ko'rgen qıyınshılıqları bayan etiledi.

## DRAMATURGİYA

J.Aymurzaevtın' dramaturgiyalıq xızmeti de otızınshı jıllardın' baslarınan baslandı. Ol o'zinin' «Ha'kisliler» komediyasının' alg'ı so'zinde «Men biraz ha'kislilerdin' ha'kisliklerin usı pesag'a ayırıqsha a'kelip qosıp terip jazdım» degen edi. Komediyada mekeme baslıg'ı Tawjan ha'm onın' a'tirapında ko'legeylep ju'riwshi, jen'il minez, na'zelim sekretarı, semya isine qılap etiwshi Qa'nigu'l,haq kewilli zayıbı Ziybagu'l, Tawjannın' jo'nsizligin sırttan a'shkaralap, ko'zinshe jaltaqlıq etip ju'riwshi qarawıl jigit obrazları bar.

J.Aymurzaevtın' «Ha'kisliler» komediyası bir akt, u'sh ko'rinisten ibarat. Komediyalıq ku'lkili waqıya Tawjan obrazına baylanıslı kelip shıg'adı. Onın' sekretarı Qa'nigu'l menen bolg'an ha'reketleri, jumısqa nemquraydılıg'ı ko'riwshilerdin' jek ko'riwshiligin oyatadı.

J.Aymurzaev 30-jıllardın' ekinshi yarımında «O'z tayag'ı o'zine», «Totıxannın' toyında», «Dushpanlar», «Toy», «Urlıqqa xorlıq» komediyaların do'retti. Bul da'wirde muzıkalı dramalar jazıldı, onın' da'slepki do'retiwshileri S.Ma'jitov, J.Aymurzaev, M.Da'ribaev, N.Da'wqaraev, A'.Shamuratovlar boldı. J.Aymurzaev penen A'.Shamuratovtın' «Aral qızı» pesası qaraqalpaq a'debiyatında balıqshılar o'mirinen jazılg'an muzıkalı drama edi.

J.Aymurzaev urıs temasına arnap «Perzent», «Kolya», «May antı», «Leytenant Elmuratov» pesaların jazdı.

J.Aymurzaevtın' «Aygu'l-Abat» draması qaraqalpaq dramaturgiyasının' u'lken utıslarının' biri boldı. Pesanın' janrlıq o'zinsheligi, qosıq penen jazılıwı, pesa personajları obrazlarının' jaratılıwı, tematikası ha'm ideyası boyınsha da qaraqalpaq a'debiyatı tariyxındag'ı en' tabıslı do'retilgen shıg'arma bolıp qaldı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Dramaturg «Baxıtlılar bag'ında», «Bag'dag'ı qızlar», «A'miwda'rya» muzıкalı dramaların, «Qız ha'm Ko'кnarshı», «Menin' appag'ım» кomediyaların do'retti.

Al tariyxıy temada do'retкen «Berdaq» piesası qaraqalpaq a'debiyatının' кlassigi Berdaq G'arg'abay ulına arnalıp jazıldı.

Ulıwma alg'anda J.Aymurzaev qaraqalpaq a'debiyatında o'z ornına iye universal talantlı jazıwshılarımızdan biri bolıp tabıladı. Ol qaraqalpaq a'debiyatında 60 jıldan aslamıraq waqıt do'retiwshiliк miynet etip a'debiyatımızdı кo'rкeytiwge belsene qatnastı.

## Sorawlar ha'm tapsırmalar

1. J.Aymurzaevtın' o'miri ha'm do'retiwshiligi haqqında qısqasha aytıp berin'.
2. Jazıwshının' «Kelin» gu'rrin'in tolıq oqıp shıg'ıp ol haqqında o'z tu'sinigin'izdi aytıp berin'.
3. J.Aymurzaevtın' urıs da'wirinde jazg'an qanday poeziyalıq shıg'armaların bilesiz?
4. Shayırdın' poemaları haqqında aytıp berin'.
5. «Jetimnin' ju'regi» povestin oqıp shıg'ın' ha'm sol arqalı da'wirge, jazıwshı do'retiwshiligine baha berin'.
6. «Aygu'l-Abat» ha'm «Berdaq» muzıкalı dramalarındag'ı qaharman obrazlarına sıpatlama berin'.
7. J.Aymurzaevtın' qaraqalpaq a'debiyatında tutatug'ın ornı haqqında aytıp berin'.

## KARAMATDİN SULTANOV

Eкinshi du'nya ju'zliк urıstan son'g'ı jıllardan baslap baspa so'z orınlarında jumıs islep, кo'p g'ana osherк, gu'rrin' do'retкen avtorlardın' biri Karamatdin Sultanov boldı. Onın' «Aqda'rya», «A'jiniyaz» romanları oqıwshılar ja'miyetshiliginin' su'yip oqıytug'ın shıg'armaları boldı. «Aqda'rya» romanı 1967-jılı o'zbeк tilinde basılıp shıqtı.

K.Sultanovtın' da'slepкi osherк ha'm gu'rrin'leri «Menin' awılım» (1956-j), «Awıllaslarım» (1960-j) toplamlarında jarıq кo'rdi. «Awıllaslarım» toplamındag'ı «Aral awılının' adamları», «Menin' awıllasım», »Sırlı oramal» atlı gu'rrin' ha'm osherкlerinde кu'ndeliкli o'mirdi avtordın' teren' bayqawları, qaharmanlardın' ishкi oy du'nyasın sheber ashıp beriwleri кo'zge tu'sedi.

«Aral awılının' adamları» osherкinde bas qaharman Aqantaydın' o'miri su'wretlenedi. Sonın' menen birge bul osherкte Qa'dir qashqın obrazı da bar. Usı obraz кeyin ala do'regen «Aqda'rya» romanında da кo'rindi. Bul roman jarıqqa shıg'ıwdan-aq, a'debiyatshılardın' dıqqat orayına aylandı ha'm İ.Sag'ıytov, M.Nurmuxammedov, Q.Maqsetov, A'.Qojıqbaev h.t.basqalar bul roman haqqında baspa so'z betinde

arnawlı maqalalar jazdı. Roman tematikası ha'm ideyası, mazmunı boyınsha da O'tegen Aytjanovtın' «Aral qushag'ında» romanı menen tikkeley baylanıslı. Eki avtor da kitaplarında tek ko'rkem so'z sheberi bolıp qalmastan, al o'zleri so'z etken waqıyalardı teren'nen biletug'ın qa'nige sıpatında seziledi. Bunısız shıg'arma ta'sirli shıqpas ta edi. Romanda tiykarg'ı obrazlar bolg'an Nazlı kempir, Sapar, Jamiyla, Jumabay obrazları avtor pozitsiyasın kitap oqıwshılarg'a jetkeriwde u'lken a'hmiyetke iye bolıp esaplanadı. Unamsız obrazlardın' (Qa'dir, Salima) roman aqırında xalıq qatarına qosılıp miynet etiwi dıqqattı o'zine tartadı. Romanda en' sheber do'retilgen eki obraz bar. Bular Nazlı kempir ha'm Ja'miyla obrazları. Shıg'armanın' baslı tabısı da usı obrazlar arqalı ju'zege keledi. Romanda konflikt ha'm syujet haqıyqat turmıs waqıyalarına qurılg'anlıg'ın ko'remiz. Sol da'wirde do'relgen basqa romanlardag'ıday asa siyasatlastırıw, ha'r tu'rli klasslar arasındag'ı gu'reske asa itibar beriwshilik bul romanda ushıraspaydı.

Jazıwshı Ja'miyla ha'm Nazlı kempir obrazların sheber do'rete alg'an. A'sirese, Ja'miyla jigerli ha'm isine sadıq, enesine barınsha miyirman hayal. Jigitler frontqa ketkende kolxozda islep, ulıwma xalıqlıq iske ja'rdem beredi. Qıyınshılıqlarg'a albıramaydı. Jumabay obrazı da avtordın' u'lken tabıslarının' biri. Ol hadal kewilli, miynetkesh jigit. Jan-ta'ni menen miynet islep o'zinin' fronttag'ı doslarına ja'rdem etedi. Sapar menen bolg'an doslıg'ın, og'an bolg'an sadıqlıg'ın ha'mme na'rseden de joqarı qoyadı.

Romanda Nazlı kempirdin' balası Sapar urısqa ketedi. Frontqa ketken jigitlerdin' ornına kolxoz jumısına jas balalı hayallar shıg'adı. Sapardın' kelinshegi Jamiyla da ku'yewinin' ornına balıq awlawg'a baradı. Nazlı kempir u'ydegi aqlıg'ına qarap qaladı. Ja'miyla ku'yewinin' dostı, o'zinin' qurdası Jumabay menen ten'izden balıq awlaydı. Ko'p sanlı qıyınshılıqlarg'a gezlesedi, bo'linip ıg'ıp ketken muzdın' u'stinde birneshe ku'n qalıp qoyıwlarg'a da duwshakerlesedi.

Nazlı kempirdin' aqıllılıg'ı, ma'rtligi fronttag'ı balası Sapardan o'ldi degen xabar kelgende ko'rinedi. Birinshiden, ol basqa kempirler qusap aybaraq salıp jılamaydı. Bunda kelini Ja'miylanın' kewil-keypiyatın tu'sirgisi kelmeydi. Ekinshiden, Nazlı kempir balasınan ko'rgen aqlıg'ı A'skerbaydan ayırılıp qalıwdan qorqıp, kelini Ja'miylanı o'z awılının' jigiti, Sapardın' jorası Jumabayg'a turmısqa shıg'ıwına tilekleslik bildiredi. Ondag'ı oyı aqlıg'ı ko'z aldında ju'riwi edi. Romanda burın du'kanshı, fronttan qashqan Qa'dirdin' ha'reketleri de ju'da' isenimli tu'rde su'wretlengen. Romang'a sın pikir bildirgen a'debiyatshılar a'yne usı obraz do'gereginde bir qansha talas-tartıslı pikirler bildirdi. Biraq bul obraz arqalı shıg'armanın' ta'sirshen'ligi ele de artıp, urıs da'wirinin' qıyınshılıqları ayqın sa'wlelenedi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

www.ziyouz.com kutubxonasi

6. «Aqda'rya» romanın qaraqalpaq a'debiyatındag'ı qaysı roman menen salıstırıwg'a boladı ha'm olardın' uqsaslıq tamanları qanday?

7. «A'jiniyaz» romanı haqqında aytıp berin'.

8. Jazıwshının' «Aqda'rya» ha'm «A'jiniyaz» romanları jo'ninde pikir aytqan a'debiyatshılardın' miynetleri, olardag'ı talas-tartıslı onnlar haqqında aytıp berin'.

9. Qaraqalpaq a'debiyatında XIX a'sirde jasag'an qaraqalpaq klassik shayırı A'jiniyazdın' obrazı jasalg'an qanday shıg'armalardı bilesiz?

## İBRAYIM YUSUPOV

XX a'sir qaraqalpaq a'debiyatında, a'sirese, poeziyada en' ko'zge ko'ringen talant iyesi İbrayım Yusupov bolıp tabıladı. Ol o'zinin' oyshıl, teren' lirizmge, obrazlı filosofiyag'a qurılg'an lirikalıq shıg'armaları arqalı qaraqalpaq lirikasın janrlıq jaqtan ele de rawajlandırdı, jetilistirdi. Ol qaraqalpaq a'debiyatında a'sirler dawamında qa'liplesken da'stu'rlerin du'nya a'debiyatı da'stu'rleri menen sintezledi, jan'a janrlıq tu'rlerdi ha'm ko'rkem formalardı alıp keldi. İbrayım Yusupov do'retiwshiligi arqalı qaraqalpaq a'debiyatında poema janrı ko'p tu'rlendi, ko'rkeydi. Liro-dramalıq, romantikalıq poemalar a'yne, İ.Yusupov do'retiwshiligi arqalı qaraqalpaq a'debiyatına kirip keldi. Ol tek shayır bolıp qalmastan «G'arrı tuttag'ı gu'z» prozalıq toplamın ja'riyaladı. A'sirese, onın' «Seydan g'arrının' gewishi» gu'rrin'i qaraqalpaq a'debiyatında usı janrdag'ı en' ko'rnekli shıg'armalardın' biri bolıp qaldı. Sonın' menen birge İ.Yusupov qaraqalpaq a'debiyattanıw ilimine de o'z u'lesin qostı, a'debiyatımızdın' ha'r qıylı problemaları boyınsha bir qansha maqalalar ja'riyaladı. A'debiyatımızdag'ı usınday ullı xızmetleri ha'm «Aktrisanın' ıg'balı«, «Dala a'rmanları«, «Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq« poemaları ushın Berdaq atındag'ı Qaraqalpaqstan ma'mleketlik sıylıg'ının' laureatı boldı. O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan xalıq shayırı. O'zbekstan Qaharmanı.

Ekinshi jer ju'zlik urıstan keyin shayır bolıp qa'liplesken İbrayım Yusupovtın' balalıq ha'm jaslıq jılları urıs da'wirine tuwra keldi. Ol 1929-jılı Shımbaydın' Azat awılında du'nyag'a keldi. Urıstan keyingi jılları Qaraqalpaq pedagogikalıq institutın tamamlag'annan son' onlag'an jıl usı institutta a'debiyattan sabaq berdi. «A'miwda'rya» jurnalının' bas redaktorı boldı. İlimiy jumıs penen shug'ıllandı. Uzaq jıllar Qaraqalpaqstan respublikası jazıwshılar awqamın basqardı. «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasının' redaktorı bolıp isledi. İ.Yusupovtın' birinshi qosıg'ı 1946-jılı baspada jariyalandı. 1949-jılı-aq birinshi poeması - «Joldas mug'allim»i baspadan shıqqannan keyin xalqımızdın' su'yikli shayırına aylandı. Sonnan keyingi jılları shayırdın' 20 g'a jaqın poetikalıq toplamı, 10 nan aslam poemaları qaraqalpaq oqıwshılarına ina'm etildi. A'. Shamuratov penen birlikte «Qırıq qız» dramasın,



www.ziyouz.com kutubxonasi

«O'mirbeк laqqı» кomediyasın, «A'jiniyaz» librettosın, «Seydan g'arınnın' gewishi» gu'rrin'in, bir neshe publitsistiкalıq ha'm ilimiy maqalaların baspadan shıg'ardı. Shayır do'retpeleri orıs, o'zbeк ha'm basqa da кo'plegen tillerde poetiкalıq toplam ha'm ayırım shıg'armalar tu'rinde ja'riyalandı. Onın' awdarmasında qaraqalpaq tilinde du'nya кlassiкlerinin' (Pushкin, Bayron, Gyote, Geyne, Sheкspir, Lermontov, Shevshenкo, Mayaкovsкiy), tu'rкiy xalıqlar shayırlarının' (Maqtımqulı, Toqay, S.Vurgun, M.Karim, Zulfiya) ayırım qosıqları, кitapları ha'm shıg'armaları ja'riyalandı.

İbrayım Yusupov birinshi gezeкte liriк shayır. Onın' liriкası qaytalanbas кo'rкemliкке iye, o'z xalqının' estetiк du'nyası menen teren' baylang'an. Ol o'z xalqının' o'tmishi menen bu'gingisin, milliy qa'diriyatların jetiк biledi ha'm qa'sterleydi. Sonlıqtanda shayır:

Qaraqalpaqtı кo'p maqtama кo'zinshe,
Qarmaqqa tez qabatug'ın balıqpan,
Ha'r кimnin' bar a'zzi jeri o'zinshe,
Shortanımday an'qıldaqlaw xalıqpan, deydi.

Usı qatarlar arqalı-aq shayırdın' o'z xalqının' patriotı, onın' jan ashırı екenin кo'riwge boladı. Bul piкirdi shayırdın' «Ana tilime» atlı qosıg'ı tuwralı da aytıwg'a boladı.

Jıraw seni ba'ygi atınday baplag'an,
Sheshen seni dawda shıntlap taplag'an,
Alpamıslar uran etip urısta,
Berdaq seni qural etip saplag'an.

Ana tilim - sen basqadan ayırmam,
Sen turg'anda men de a'dewir shayırman,
Sonsha qatal su'rginlerde jog'almay,
Bul кu'nlerge jetкenin'e qayılman.

İ.Yusupov do'retiwshiliginin' u'lкen bir bo'legin onın' xalıqlar doslıg'ı, basqa xalıqlar turmısına bag'ıshlap jazılg'an shıg'armaları quraydı. Bunın' o'zi shayırdın' shayırlıq piкirlew diapozonı кen', du'nyalıq a'debiyat penen jaqınnan tanıs екenin кo'rsetedi. Ol qaysı xalıqtın turmısınan shıg'arma jazbasın sol eldin' ta'biyatın, xalqının' da'stu'rin, milliy qaharmanların кeltiredi ha'm usı arqalı a'debiy etiкanı saqlaydı ha'm o'z shıg'armasının' ta'sirshen'ligin de arttıradı.

İ.Yusupovtın' «Alatawdan esкen samal», «Arashan» qosıqları menen birge, Qazaqstan tuwralı shıg'armalarında da poetiкalıq jan'alıqlar jaqsı seziledi. Ol Qırg'ızstandı» «Jarlarına jas qırannın' pa'rwazın berip, Toqtag'uldın' qart qıyalın terbegen u'lкe» dep su'wretleydi, al onın'

Za'wlim alatawın «Gu'zeкtegi jılqıshıday quntıyıp, aq qalpag'ın basıp кiygen shın'ların'» dep ol tawlı jerdin' sulıw кo'rinislerin beriwge umtıladı.

İ.Yusupovtın' Qırg'ızstan haqqında jazılg'an qosıqların son'g'ı jılları do'regen «Qırg'ızlarg'a», «Men su'yemen, su'yemen qırg'ızdın' Ala tawın», «Narın» shıg'armaların a'dewir tolıqtıra tu'sedi. Bularda shın ju'reкten aytılg'an, кo'rкemliкке o'tкen кewil sırı bar, bu'кpelemey berilgen ıssı ju'reк tolqını bar. Bunnan tısqarı qırg'ız xalqına degen hu'rmet, olar menen tu'bimiz bir ag'ayin eкenimizdi an'latıw, usı arqalı xalıqlar arasındag'ı awızbirshiliкке, tatıwlıqqa кo'pir salıw qusag'an ullı ideyalar seziledi.

İ.Yusupovtın' tu'rкiy tilles o'zbeк, qazaq, azerbayjan, tu'rкmen, tatar, bashqurt, nog'ay xalıqlarına arnalg'an da bir qatar liriкalıq shıg'armaları bar. Olar qaraqalpaq a'debiyatında xalıqlar doslıg'ına arnap jazılg'an en' sere liriкalıq shıg'armalardın' qatarına кiredi. Al ha'r qıylı jıllarda do'retкen Кavкaz du'rкinleri, uкrain, rus xalıqlarına arnap jazılg'an qosıqları da oqıwshını eriкsiz o'zine tartadı. Olarda sol su'wretlengen jerlerdin' ta'biyatına, xalqının' u'rp-a'detine degen su'yispenshiligin arttıradı. Shayırdın' doslıq sezimlerin sa'wlelendiriwshi shıg'armalarının' ishinde onın' qa'lemles doslarına arnap jazg'an liriкaları da ayrıqsha orındı iyeleydi. Ma'selen, Rasul Gamzatovqa, Shıng'ıs Aytmatovqa, G'afur G'ulamg'a, Mustay Karimge ha'm tag'ı da basqa belgili jazıwshı-shayırlarg'a arnap jazg'an liriкalıq shıg'armaları joqarı кo'rкemliкке ha'm кu'tilmegen poetiкalıq sheshimlerge tolı.

Du'nya ju'zindegi haq niyetli adamzattın' doslıg'ın jırlaw, olardın' quwanıshı menen qayg'ısına ortaqlasıw adamlar ushın jat emes. Bul temag'a arnalg'an shayırdın' qosıqları poeziyamızdın' tematiкasın кen'eytti. İ.Yusupovtın' «Shıbıg'ı sınsa shınardın'» degen qosıg'ının' кu'shi mine, usında.

İbrayım Yusupov liriк shayır sıpatında jaqsı belgili. Onın' do'retpesinin' negizgi o'zegı bolg'an liriкanın' tematiкasının' o'zinshelliк belgilerin an'law ushın «Кu'nshıg'ıs jolawshısına» (1956) qosıg'ı xaraкterli shıg'arma. Bunda ol tuwg'an jerinin' bay ta'biyatı, en' tiyкarg'ısı miymandos, miynetкesh xalqı haqqında jırlaydı. Tuwg'an jeri, xalqı menen maqtanıw hesh qashanda hesh bir shayır ushın jat emes, bul da'stu'rli jol:

O'z elinin' bir mu'yeshin aralap,
Ju'reginde ma'n'gi saqlap кetiwge,
Кu'n shıg'ısqa sapar sheккen azamat,
Asıq dostım bizin' jaqqa jetiwge.

Shayırdın' liriкasının' tematiкası usı tuwılg'an jeri, onın' burıng'ı ha'm ha'zirgi tariyxı menen baylanıslı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

İ.Yusupovtın' tuwılg'an jer haqqında, muhabbat lirikaları teren' lirizmge, awıspalı ma'nige iye. Olarda ko'rkemlew quralları menen usılları o'z ornında isletilip qosıqtın' ko'rkemligin arttıradı. Sonın' menen birge shayır ja'miyette orın alg'an ha'r qanday mashqalalarg'a tınısh qarap otıra almaydı, olar jo'ninde o'z xalqının' ozıq oylı bir azamatı sıpatında tınıshsızlanadı, olarg'a o'z kewil sezimlerin bildiredi. Ma'selen, shayırdın' «Sag'alayaq«, «Aral elegiyaları», «Tırnalar», «Korabller qoyımshılıg'ındag'ı eles« atlı qosıqları da'wirdin' ashshı haqıyqatlıg'ın batıl aytıwg'a qurılg'an. Olarda ba'rinen de burın shayırlıq sezgirlik, ma'rtlik seziledi.

Tan'larım oyanbas tolqın sestinen
Qaylardan alarman onday ku'shti men,
Duzlı shan'g'ıt ko'mgen ko'ller u'stinen,
Bul jag'ısqa tu'spey barar tırnalar

Shayırdın' «Tırnalar» qosıg'ınan alıng'an bul bir ba'ntte-aq teren' oy-pikir ja'mlengen. Lirik qaharmanının' kewil keshirmelerinen, onın' da'rtlerinen ha'r kim o'z oy keshirmesin, da'rtin ko'redi. Qosıqtag'ı aytılajaq tiykarg'ı pikir keleshek a'wlad aldındag'ı islegen gu'nalarımızg'a o'kinish. Keshegi jıllarda jiberilgen, bu gin de dawam etip atırg'an kemshiliklerge ku'yinish. Eger qosıqqa qatarma-qatar analiz jasaytug'ın bolsaq birinshi qatardag'ı «Tan'larım oyanbas tolqın sestinen» qatarı A'miw ha'm Araldın' burıng'ıday tolıp-tasıp turınawının' obrazlı su'wretlewin an'latadı. «Duzlı shan'g'ıt ko'mgen ko'ller u'stinen, Bul jag'ısqa tu'spey barar tırnalar» degen qatarlarda da pikir o'tkir berilgen. Ko'llerdi duzlı shan'g'ıttın' ko'mip taslawı awır ekologiyalıq apatshılıqtın' aqıbeti. Aqıbetin oylamay islengen ha'reketlerdin' aqıbeti. Sondayaq shayır bir ba'nttin o'zine teren' pikirdi ja'mley alg'an. Lirikanın' az so'z benen-aq u'lken pikirlerdi aytıw mu'mkinshiliginen sheber paydalang'an. Ba'nttin' da'slepki eki qatarında lirik qaharmanının' o'tmishti eslewi, onı sag'ınıwı, an'sawı onın' son'g'ı eki qatarında bu'gingi qubılıslar, ekologiyamızdın', ta'biyatımızdın' bu'gingi kelbeti sa'wlelenedi.Yag'nıy shayır antiteza usılın qollanıw arqalı pikir o'tkirligine erisken.

«Aral elegiyaları» qosıg'ında lirik qaharmanının' ekologiyalıq apatshılıqtan ta'shwishke tu'siwi ele de teren'lesedi. Onda lirik kaharmanının' o'kinishke tolı sezimleri oqıwshını biyta'rep qaldırmaydı.

Xosh, ten'iz, su'yiklim? Jaralı janday,
O'lim halatında urasan' hallas,
Menin' qayg'ım amfibiya adamday,
Sensiz qırda jasap sawa bola almas.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Qosıqtın' baslı o'zinshelikleriniń' biri onda pikirlewdin' analitikalıq usılı qatnasadı. Shayır o'mirdi tek sırttan baqlawshı emes, al onın' qubılısların izertlewshi de. Bul shıg'armanın' janrlıq sıpatına da ta'sirin tiygizedi. Qosıq meditativlik-filosofiyalıq lirika. Al «Qayta qurıwdın' balalarına» qosıg'ında da'wirdin', zamannın' ashshı haqıyqatlıg'ı publitsistikalıq usılda ashıp beriledi. Shayır ju'reginde qatparlanıp qalg'an da'rt to'giledi. Shayırlıq sezgirlik arqalı basqalar elestire bermeytug'ın qubılıslardı korkemlep jetkeredi.

Buwg'an beldi sheshtik, shalg'ay salındı,
Miywe ag'ashı marapatqa malındı,
Kewil qa'terjamlıq sherbetin iship,
Haqıyqatqa barar jollar tanıldı.

Bilgishler so'yledi aldınan orap,
İykemshiller ın'g'ay jabın jag'alap,
Ayaqlardı qag'ıp go'ne sho'n'geler,
Jag'ımpazlar jalpıldadı ag'alap.

Beton mal qoralar muzdın' ıg'ınday,
Ba'ri biyg'am ko'ship ketetug'ınday,
Jayrap atır texnikası tat basıp,
Biyda'wlet balanın' xojalıg'ınday.

Shayır bul qosıg'ında publitsistikalıq oy-pikirdi de ko'rkemlew quralları ha'm usılları arqalı barınsha ko'rkemlep beriwge erisken. A'sirese, «Miywe ag'ashı marapatqa malındı», «Kewil qa'terjamlıq sherbetin iship», «İykemshiller ın'g'ay jabın jag'alap», «Ayaqlardı qag'ıp go'ne sho'n'geler», «Beton mal qoralar muzdın' ıg'ınday», «Biyda'wlet balanın' xojalıg'ınday» degen qatarlarda allegoriya, metafora, ten'ew ju'da' sheber qollanılg'an.

İ.Yusupov du'nya poeziyası u'lgilerin qaraqalpaq poeziyasına alıp kelgen novator shayır sıpatında da ken'nen belgili. Ol Shıg'ıs poeziyasına ta'n bolg'an g'a'zzel, muxammes sıyaqlı qosıq tu'rlerin do'retti. Bunda shayır qosıqtın' sırtqı formasın da, ishki mazmunın da usı formalardın' kelip shıg'ıw tu'rine jaqınlastırg'anın ko'remiz. Shayırdın' to'rtlikleri qısqa, tujırımlı, teren' pikirge iye bolıwı menen ajıralıp turadı.

Qondı bir tamshı shıq pisken almag'a,
Ha'm men «mazmunman« dep kerdi ko'kirek,
Biraq ku'n shıqtı da onı jalmadı,
Alma tur. Al qayda sol shıqtan da'rek?!

Shayır to'rt qatarg'a-aq usınday u'lken mazmundı jamlestire aladı. Bul to'rtlikte shayır simvollıq su'wretlewden ha'm parallelizm usılınan

sheber paydalang'an. Shıq - maqtanshaqlıq, turaqsızlıq, alma кen' peyillilік, turaqlılıq ha'm barlıq simvolı. O'mirde кu'shsizler, erten'gisine isenbeytug'ınlar кo'birек maqtanadı. Shıq solardın' a'debiyattag'ı кo'rкem obrazı. Al alma ushın bul jag'dayda maqtanıw da, «men mazmunman» dep talasıw da za'ru'r emes.

İ.Yusupov Batıs poeziyasına ta'n bolg'an sonet, oкtava sıyaqlı qosıq u'lgilerin de qaraqalpaq a'denbiyatına alıp кirdi ha'm bul formalar shayır do'retiwshiligi arqalı a'debiyatımızdı bayıttı.

Ulıwmalastırıp aytqanda İ.Yusupov qaraqalpaq poeziyasın ra'n'-ba'ren'lestirip, onı ha'r ta'repleme rawajlandırdı. Shayır liriкası ideyalıq-tematiкalıq bag'dan, janrlıq tu'ri boyınsha da en' jetilisкen shıg'arma-larg'a tolı.

İ.Yusupovtın' qaraqalpaq a'debiyatında poema janrın rawajlan-dırıwg'a qosqan u'lesi de salmaqlı. Shayırdın' birinshi poeması «Joldas mug'allim» 1949-jılı jazıldı. Bul poema onın' shayırlıq jolın belgilewshi shıg'arması edi. Sonnan bergi da'wirde «Aкatsiya gu'llegen jerde», «Aкtrisanın' ıg'balı», «Esкi fontan ertegi», «Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq», «Dala a'rmanları», «Tumaris», «Poseydonnın' g'a'zebi», »Bu'lbil uyası», »Ma'melек oy», «Ma'n'gi bulaq«, «Watan topırag'ı» poemaları belgili.

Shayırdın' qaysı poemasın alıp qarasan'da onda shayırlıq izleniw-shiliкti, janrlıq o'zinsheliккe, jan'a piкir aytıwg'a umtılıwdı кo'remiz.

«Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq» poemasında tu'rкmen hayal-qızlarının' awır ta'g'diri su'wretlenip, on sawsaqtan o'neri to'gilgen bul a'jayıp adamlar qansha miynet etse de miyneti bahalanbag'anın, olardın' qayg'ılı o'mirin sheberliк penen ashıp beredi. Tu'rкmen qızın yawmıt sa'rdarı hayal u'stine aladı, qolınan o'neri tamg'an кelinshек qızlı boladı, o'zinin' o'nerin qızına o'tкeredi. Olar toqıg'an gilem dan'qı pu'tкil shıg'ısqa an'ız bolıp taraydı, bug'an Xiywa xanı ashıq boladı. Xan qızdın' o'zine emes, o'nerine ashıq. Qız xan sarayına aldırıladı. Xan saltanatı ushın gilem toqıwdan ol bas tartadı. O'ytкeni, ol toqıg'an gilem, biylewshilerdin' baq talas ha'm du'nya toplaw ushın esapsız qırg'ın jawgershiligine sebep bolıwın qa'lemeydi. Qız zindang'a taslanadı.

Do'ndi gilem geyde tawıs pa'rindey,
Aspandag'ı ayqulaqtay qubıldı,
Geyde gilem Feruzanın' gu'lindey,
Sulıwlıqtın' bar sheginen shıg'ındı.

Ha'r кu'ni bir кirpiк ıshqı otınday,
Zer shashag'ı jalın bolıp lawladı,
Ga' g'ıjladı seкsewildin' shog'ınday,
Ga' tandırday ushqın shashıp lawladı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Shıg'armag'a xalıq poeziyasının' romantikalıq ruwxı, til sheberligi jaqsı sin'gen, gilemshi hayaldın' tu'rkmen aydımında o'zinin' tuwg'an obasın eske tu'siriwlerin, gilemshi hayaldın' awır miynetin shayır tilekleslik ha'm romantikalıq ko'terin'kilik penen jırlaydı, onın' ko'z tartqan nag'ısı janlandırıladı:

O'zim tan'lap qılshıq tarttım tu'bitten,
O'zim iyirip belli jandı qıynadım,
Kestelerin kewlimdegi u'mittin',
Sheshek atqan sha'meninen jıynadım.

Sarı boyaw-kewlimdegi qayg'ı-mun',
Qara boyaw-ta'g'dirimnin' gu'wası,
Jasıl boyaw-a'rmanları jaslıqtın',
Qızıl boyaw-ju'regimnin' jarası.

Haqıyqatında da, xalıqtın' tu'siniginde boyawlardın' ren'i usılayınsha aytıladı, avtor usı tu'sinikti poetikalıq formada ug'ımlı jetkerdi. «Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq» shıg'arması doslıq haqqında, ta'g'dirles xalıqlardın' o'tken o'miri ha'm bu'gingisi haqqında, olardın' turmısı, ku'n-ko'risi, milliy o'zinsheligi haqqında jazılg'an shıg'arma boldı.

«Dala a'rmanları» poeması da ko'rkemligi joqarı, janrlıq o'zinsheliKke iye shıg'arma esaplanadı. Poemada U'stirtti bag'ındırıwshı adamlardın' qaharmanlıq miyneti jırlanadı. Taydın' izin qırıq jıl saqlag'an taqır, qıran ushsa qanatın, tulpar shapsa doynag'ın ku'ydirgen jaziyra, mun'lı namag'a shertken mayalısh, dala ju'yrigi-jayranlar o'sken ken'lik oqıwshının' ko'z aldınan birli-bir o'tedi. Bunda avtor pikir obrazlılıg'ın birinshi orıng'a qoyadı.

Poema avtordın' dala tuwralı oyları menen ashıladı:

Ken' dalada erkin sayranlap jalg'ız,
Sen tuwralı oylaw-men ushın peshe,
«Dala oy tuwdırmas adamda» dese,
Janım, bul jalg'an ga'p isenbe ha'rgez.

Kewlimde bul jerdin' ha'r bir putası,
Qosıq, oylap atırg'anday ko'riner,
Eski Bedewlinin' tas da'rwazası,
Tu'ksiyip tariyxıy oylarg'a shu'mer.

Oqıwshının' aldında eski tariyxıy o'tmishtin' waqıyaları avtorlıq qıyal menen sa'wlelenedi. Durısında da hesh kimnen qorqıp, etegin jıymag'an dala ko'p a'sirlik tariyxıy ha'diysenin' janlı gu'wası. Talay jawıngerler bul dalag'a saltanat penen sap tartıp keldi, biraq olardın' janı dalada qaldı, shayır aytqanınday-aq «Qa'y Qısraw bası bul jerde qanlı meste jatıp pushayman etken...»

O'rshil oydın' jolında qurban bolıp, dalanın' sıyqırlı tilin tapqan, jasırın sırın ashqan, onı xalıq iygiligine aylandırıwda tınbay izlengen, ta'biyatqa ashıq bolg'an Mariyanın' tag'diri oqıwshının' sezimine ku'shli ta'sir etedi. Mariya bizin' da'wirimizdin' ko'p sanlı romantik, o'rshil, oyshıl, adamlarının' biri. Avtor ta'biyat ko'rinislerin, onın' sulıwlıg'ın, ta'biyattın' janlı-jansız ag'zaların bir-biri menen baylanıstırıp, obrazlı tu'rde su'wretleydi. Jeyranlardı basketbolshı qızlarg'a, quyashtı basketbol tobına, qoyandı reportaj alıwshı su'wretshige megzetiwi shayırdın' ju'yrik qıyalınan do'regen obrazlar ekeni dawsız.

«Tumaris»- qaharmanlıq temadag'ı poemalardın' qatarına kiredi. O'z xalqının' o'tken tariyxı tuwralı faktler, an'ız a'n'gimeleri shayır ushın og'ada bay material beredi. O'tkendi su'wretlew shayırg'a bu'gingini ulıg'law ushın kerek. Ha'r bir xalıqtın' o'tmishinde an'ızg'a aylang'an qaharmanlıq waqıyalar ko'p. Usılardın' biri- qaraqalpaqlardın' ata-babaları esaplang'an massagetlerdin' hayal patshası Tumaris tuwralı qaharmanlıq ha'diyse. İ.Yusupovtın' «Tumaris» poemasında sol hayal patshanın' o'z jeri, o'z qa'wimlerinin' erkinligi ushın ja'ha'nger Kirge qarsı ma'rtlik sawashı sa'wlelendiredi.

Poemada Tumaris, Shıraqlar ta'repinen ko'rsetilgen erlik, qaharmanlıq dramalıq waqıyalar menen birge su'wretlenedi. Oqıwshının' ko'z aldında an'ızg'a aylang'an batır ana Tumaris obrazı turadı:

Jolbarıstın' jaw bu'yregin,
Julıp jegen g'aybar ku'shin,
Qas batırdın' bas su'yegin,
Zeren etip, qımız ishken.
Sen emes pe, eldin' kegin,
Keskinlesip alıp o'sken?
Asqar, mu'yiz ay astında,
Kim ko'rkin'di sag'ınbag'an,
O'giz suwdın' jag'asında,
Kim ku'shin'e tabınbag'an

Shayır poemanın' janrlıq o'zinsheligine baylanıslı og'an say su'wretlew usılın, ko'rkem til taba bilgen. Shıg'arma jaslardı o'z watanın, tuwılg'an jerin su'yiw, onı qa'sterlew ruwxında ta'rbiyalawda ayrıqsha a'hmiyetke iye.

İ.Yusupovtın' poemalarının' ishinde en' «Aktrisanın' ıg'balı» do'retpesi a'hmiyetli orındı iyeleydi. «Aktrisanın' ıg'balı» - ma'deniyat haqqında onın' u'lken bir tarawı teatr, qaraqalpaqtın' birinshi akterları haqqında jazılg'an shıg'arma bolg'anlıqtan poemada su'wretlengen barlıq ha'diyseler, keshirmeler usı ma'selenin' a'tirapında boladı. Avtor teatr ko'rkem o'nerinin' qaraqalpaq miynetkeshleri arasında da'slepki

ma'deniyat ung'ın sebiwshi, onın' ko'pshılıktin' sana-sezimin oyatıp, ha'zirgi rawajlang'an ma'deniyatqa umtılıwg'a ja'rdemlesiwshi ku'sh ekenin sa'wlendirgen. Poemadag'ı tiykarg'ı obraz sıpatında birinshi qaraqalpaq dramaturglerinin' biri A'bdiraman O'tepov ha'm hayalqızlardan shıqqan talantlı aktrisa Ayımxan Shamuratovalardın' obrazları jasalg'an. Usı obrazlar arqalı qaraqalpaq saxnasının' da'slepki da'wirdegi o'miri, birinshi ma'deniyat qarlıg'ashlarının' turmısı ken'nen so'z etiledi. Shıg'armada avtor teren' ma'nili xalıqlıq ug'ımlardı orınlı tu'rde qaharmannın' minezin ashıwda durıs paydalana biledi: »Qız kewili aq sandıq», «Da'stu'r zan' emes o'zi zan'», «Birewler taldan da tikenek izler» h.t.b. Yamasa poemadag'ı mınanday qatarlarg'a dıqqat awdarayıq»:

Sonday ju'rekler bar, du'nyada biraq,
Ku'shli ag'ıstan da ziyatıraq,
Olar su'ye g'oysa, hu'kimi o'ktem,
Olar ku'ye g'oysa, shıdamı bekkem.

Bul pa'k ha'm bir-birin su'ygen ju'reklerdin' halatı. Bunday tartımlı orınlar poemada ko'p.

İ.Yusupov bunnan keyin «Qaraqalpaq xalqında so'z», «Bu'lbu'l uyası», «Ma'n'gi bulaq» poemaları haqqında da unamlı pikirlerdi bildiriw mu'mkin. Shayırdın' son'g'ı jılları jazg'an «Watan» topırag'ı poeması temasının' aktuallıg'ı, qaharman psixologizmin ashıp beriwdegi sheberlik, batıl pikirlewler menen g'a'rezsizlik da'wirindegi qaraqalpaq a'debiyatının' tabısı boldı. Onda XX a'sirdin' 30-jıllarında repressiyag'a ushırag'an watanlaslarımızdın' awır ta'g'diri, olardın' alısta ju'rse de o'z watanın yadınan shıg'armawı, watan topırag'ın jannan a'ziz ko'rip qa'sterlewi qaharmanlardın' ishki ruwxıy keshirmeleri, olar ushırasqan qıyan-kesti waqıyalar arqalı ashıp beriledi.

Juwmaqlap aytqanda İ.Yusupov XX a'sir qaraqalpaq a'debiyatının' en' ko'zge ko'ringen so'z sheberlerinin' biri. Ol qaraqalpaq poeziyasın burın ko'rilmegen biyik shoqqılarg'a alıp shıqtı. Onın' poeziyası zaman na'pesi menen azıqlanıp, milliy a'debiyatımızdı rawajlandırıp kiyatır.

### Sorawlar ha'm tapsırmalar

1. İ.Yusupovtın' o'miri ha'm do'retiwshiligi haqqında qısqasha aytıp berin'.
2. İ.Yusupovtın' qanday prozalıq shıg'armaların bilesiz?
3. Shayır poeziyasında ken'nen qollanılatug'ın Shıg'ıs ha'm Batıs poeziyasına ta'n qanday ko'rkem formalardı bilesiz?
4. Shayırdın' qaraqalpaqlardın' milliy ruwxın, o'zine ta'n bolg'an o'zinsheligin sa'wlelendiretug'ın lirikalıq shıg'armaları haqqında aytıp berin'.
5. Shayırdın' basqa xalıqlar tuwralı jazg'an qanday lirikalıq shıg'armaların bilesiz?

6. Shayır lirikalarında batıl pikirlew, publitsistikalıq sıpat haqqında aytıp berin'.
7. «Qaraqalpaqtı ko'p maqtama ko'zimshe», «Ana tilime» qosıqların yadlap aytıp berin'.
8. Shayır poemaları haqqında aytıp berin'.
9. «Aktrisanın' ıg'balı» poemasının' janrlıq o'zinsheligi haqqında aytıp berin'.
10. «Dala a'rmanları» poemasının' janrlıq o'zinsheligi, ondag'ı simvollıq obrazlar haqqında aytıp berin'.
11. «Watan topırag'ı» poemasın oqıp shıg'ın' ha'm ol haqqında aytıp berin'.

## TO'LEPBERGEN QAYIPBERGENOV

To'lepbergen Qayıpbergenov XX a'sirdin' belgili jazıwshısı. Ol o'zinin' ko'p g'ana prozalıq do'retpeleri menen qaraqalpaq a'debiyatın bayıttı. Onın' osherkleri, gu'rrin'leri, romanları milliy ko'rkem prozamızda o'z ornına iye.

T.Qayıpbergenov 1929-jılı 7-mayda Kegeyli rayonının' aymag'ında diyxan semyasında tuwıldı. Bolajaq jazıwshı ele awıldag'ı mektepte oqıp ju'rgen waqıtlarında-aq, ziyrek, quntlı oqıwshı boldı. Keyin Xojeli pedagogikalıq ushilishesinde oqıdı. 1950-jılı Qaraqalpaq Ma'mleketlik Pedagogikalıq İnstitutının' rus tili ha'm a'debiyatı bo'limine oqıwg'a tu'sedi. Tap usı waqıttan onın' a'debiyatqa aralasıwı baslandı. Ol da'slep kishi qosıqlar jazdı. Al en' da'slepki gu'rrin' ha'm osherkleri «Bloknot so'yleydi» degen toplamında basılıp shıqtı. Onın' ha'zirge shekem «Sekretar», «Mug'allimge raxmet», «Suwıq tamshı», «Uyqısız tu'nler», «Ta'n'ha' o'zine ma'lim sır«, «Qara da'pter« povestleri, «Son'g'ı hu'jim» «Qaraqalpaq qızı», «Qaraqalpaq da'stanı», «Ko'zdin' qarashıg'ı», «Qaraqalpaqnama» romanları, sonday-aq g'a'rezsizlik da'wirine tiyisli «O du'nyadag'ı atama xatlar», «Qa'lbimnin' qamusı», «Turkiynama» «Qaraqalpaqpan, ta'wekelshimen» do'retpeleri, ko'p sanlı publitsistikalıq shıg'armaları ja'riyalandı, olar ha'zirgi qaraqalpaq prozasının' bunnan bılay da rawajlanıwında u'lken a'hmiyetke iye bolıp tabıladı.

Jazıwshının' 1955-jılı «Poshtalyon kelgende» atlı gu'rrin'i birinshi ret jarıq ko'rdi. Sonnan keyingi jılları jazıwshı bolıp qa'liplesti ha'm joqarıda atap o'tilgen shıg'armaların do'retti. Ol ko'rkem a'debiyat tarawındag'ı xızmetleri ushın Berdaq atındag'ı Qaraqalpaqstan respublikalıq, Hamza atındag'ı O'zbekstan Ma'mleketlik sıylıqların aldı. Bunnan basqa ol 1986-jılı «Qaraqalpaq da'stanı» trilogiyası ushın burıng'ı awqamnın' ma'mleketlik sıylıg'ına, «Qaraqalpaqnama» romanessesi ushın M.Qashg'ariy atındag'ı jer ju'zlik (Orta Aziya) sıylıqqa miyasar boldı. T.Qayıpbergenov O'zbekstan qaharmanı.

T. Qayıpbergenovtın' do'retiwshiliginde povestler u'lken orın tutadı. Ma'selen, 1956-jılı jarıqqa shıqqan «Sekretar», 1958-jılı ja'riyalang'an



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Mug'allimge raxmet» povestleri jazıwshının' da'slepki povestleri bolıwı menen birge qaraqalpaq a'debiyatında povest janrın rawajlandırıwda belgili orındı iyeledi. «Suwıq tamshı», «Uyqısız tu'nler» povestleri ko'rkemlik da'rejesi joqarı, usı janrdın' talaplarına juwap beretug'ın shıg'armalar boldı. Usı eki povesttegi Kamal ha'm Gu'lzar Qaraqalpaqova obrazları qaraqalpaq a'debiyatındag'ı en' sheber jasalg'an obrazlar qatarında tilge alınadı. Olarda psixologizm, qaharmanlardın' ruwxıy halatın ashıp beriwge ayrıqsha a'hmiyet berilgen. Eki povestte de ekinshi du'nya ju'zlik urıs aqıbetleri, onın' adamzat o'mirindegi tragediyası Kamal ha'm Gu'lzar o'miri arqalı ju'da' sheber ashıp berilgen.

Jazıwshının' 1960-jılları jarıqqa shıqqan «Son'g'ı hu'jim», «Qaraqalpaq qızı» romanları milliy prozamızda qaharman xarakterinin' evolyutsiyasın su'wretlewde a'hmiyetke iye bolg'an shıg'armalar qatarına kiredi. «Qaraqalpaq qızı» romanında qaharman xarakteri, psixologizmi sheber jasalg'an. Shıg'armadag'ı barlıq waqıya Jumagu'l obrazı arqalı ashıp beriledi. Bunda qaraqalpaq qızının' huqıqsızlıq, ten'sizlik o'mirden erkinlikke umtılıwındag'ı basıp o'tken azaplı jolı ju'da' isenimli tu'rde su'wretlengen, sonday-aq Za'ripbay, Du'ysenbay, Qutımbay, Turımbet, Ayten molla obrazları oqıwshının' dıqqatın o'zine tartadı. 60-jıllardın' ekinshi yarımınan baslap «Qaraqalpaq da'stanı» trilogiyası ja'riyalana basladı. Roman rus, o'zbek, qazaq, tu'rkmen tillerine awdarıldı. Bul do'retpeni qaraqalpaq a'debiyatshı alımları menen birge o'zbek ilimpazı P.Shermuxammedov, orıs ilimpazı Zoya Kedrina, T.Dabılova ha'm basqalar izertledi. Roman u'sh kitaptan ibarat («Maman biy» a'psanası, «Baxıtsızlar», «Tu'siniksizler»). Trilogiyada qaraqalpaq xalqının' XVIII, XIX a'sirlerdegi turmısı tariyxıy faktler tiykarında ko'rkem tilde ashıp berilgen. Romannın' birinshi kitabında tiykarg'ı orayda XVIII a'sirdegi qaraqalpaq batırı Maman biydin' tariyxıy ha'reketi turadı. 1743-jılı avgustta qaraqalpaq elshileri Maman biydin' basshılıg'ında patsha Rossiyasına qosılıw niyetinde Peterburgqa baradı. Romandag'ı barlıq waqıyalar mine, usı tariyxıy haqıyqatlıq a'tirapına qurılg'an. Romannın' syujeti ju'da' ko'p planlı. Syujettin' tiykarg'ı jolı Maman biy a'tirapında rawajlansa, onın' geypara tarawları Abılqayır, Murat shayıq, Amanlıq, Irısqul biy, Esengeldi, Ayg'ara biy h.t. basqalardın' ha'reketleri menen tıg'ız baylanıslı. Biraq, olardın' ha'mmesi Maman biy obrazının' a'tirapında bolıp o'tedi. Trilogiyanın' ekinshi kitabı - «Baxıtsızlar» romanı. Romanda Aydos biy, Esengeldi biy, To'remurat suwpı, Muxammed A'min xan, Muxammed Raxim, Begis, Mırjıq, Qumar, Irza, To're, Ernazar, Ku'nxoja h.t.b. tariyxta bolg'an adamlar bar. Romannın' u'shinshi kitabı - «Tu'siniksizler» Ernazar alako'zdin' o'z xalqının' basshısı bolıp, Xiywa xanlıg'ı zulımlıg'ına qarsı alıp barg'an gu'reslerin su'wretlewge arnalg'an. Romanda

Ernazar alaкo'z, Ernazar кeneges, Berdaq shayır, Zarlıq, Jang'azı, Qaraqum iyshan, Qumar ana, Sayıpnazar, Gu'lziyba, Ten'el, Qa'llibeк, Genjemurat sıyaqlı obrazlar berilgen. Ernazar alaкo'z obrazı a'debiyatımız tariyxında Maman biy, Aydos baba islerin dawam etiwshi o'z xalqının' g'a'rezsizligi ushın gu'res alıp barg'an batır tariyxıy adam obrazı bolıp tabıladı.

«Maman biy a'psanası» roman trilogiyanın' birinshi кitabı. Romanda qaraqalpaqlar o'mirinin' Jan'ada'rya boyındag'ı da'wiri ha'm Xorezmge кo'ship кeliwi, bul jerdegi da'slepкi кu'nleri su'wretlenedi. Jan'a da'rya boyında jasap atırg'an qaraqalpaqlar qazaqlardın' кishi ju'zinin' xanı Abılqayırdın' qol astında boladı. Abılqayır baqlaw ha'm basqarıw ushın olarg'a G'ayıp degen кisini yarım xan etip qoyadı. Qaraqalpaqlar Abılqayırg'a кo'p salg'ırtlar to'lep azap кo'rgeliкten urıwlardın' basshı biyleri bul azaptan qutılıwdın' jolların izlestire baslaydı. Olar ha'r jaqqa tarap кetкen qaraqalpaqlardı birlestirip кu'shli xalıq bolıwdı maqset etedi.

«Baxıtsızlar» romanı trilogiyanın' eкinshi кitabı. Bunda qaraqalpaq xalqının' XIX a'sirdin' birinshi yarımındag'ı o'miri su'wretlenedi. Roman syujetinin' orayında xalqımızdın' tariyxındag'ı belgili adam-Aydos biy turadı. Usı obrazdı jasaw ushın jazıwshı Berdaqtın' «Aydos baba» shıg'armasındag'ı Aydos obrazın ha'm tariyxıy shınlıqtı basshılıqqa aladı. Aydos biy Xiywa xanlıg'ına su'yenip qaraqalpaq xanlıg'ın du'zbeкshi boladı. Ol o'z maqsetin a'melge asırıw ushın Xiywa xanlıg'ına barınsha jaranadı. Biraq Qon'ırat qalasının' ha'кimi To'remurat suwpı Xiywa xanlıg'ınan g'a'rezsiz Qon'ırat ha'кimligin du'ziwge ha'reкet etedi. Eldin' ishinde eкi basshı ortasında qarama-qarsılıq shıg'adı. Aydostın' eкi inisi Begis penen Mırjıq To'remurat suwpı ta'repine o'tedi. Xiywadan xan кelip Aydostı qollag'an bolıp To'remurat suwpı la'shкerlerine qarsı urıslar ju'rgizedi. Usı urısta Aydos inileri Begis penen Mırjıqtı o'ltiredi. Aydos bunnan кeyinde qaraqalpaq biylerin biriкtirip g'a'rezsiz ma'mleкet du'zbeкshi boladı. Biraq biyler biriкpeydi. Bul Aydostın' o'liwine alıp кeledi.

Romannın' bas qaharmanları Aydos biy, To'remurat suwpı, Begis, Mırjıq, Qumar ana h.t.b. Aydos oyshıl, o'z xalqının' ta'g'dirin teren'nen oylay alatug'ın adam. Ol o'zinen bir a'wlad burın jasag'an Maman biydin' («Maman biy a'psanası» romannın' bas qaharmanı) Rossiyag'a qosılıp g'a'rezsiz ma'mleкet du'ziw haqqındag'ı ideyası a'melge aspag'annan кeyin Xiywa xanlıg'ına su'yenip g'a'rezsiz qaraqalpaq ma'mleкetin du'zbeкshi boldı. Biraq xan onı aldaydı. Ol qala salıw, egin egiw ma'deniyatın rawajlandıradı. «Miriwbet кu'ni» degen bir-birewge g'amxorlıq кo'rsetetug'ın кu'ndi oylap shıg'ardı. Bunnan basqa da кo'p g'ana jaqsı islerdi a'melge asıradı. Biraq xalıqtı izine tolıq ertiw,



www.ziyouz.com kutubxonasi

awızbirshilikti barınsha bekkemlewdin' sarras jolın taba almag'anlıqtan ol basqarg'an xalıq ko'terilisi jen'iliske ushıraydı.

Romandag'ı Begis ha'm Mırjıq obrazları mazmunı boyınsha biri-birine jaqın. Ekewi de Aydos biydin' tuwısqan inileri. Ekewi de an'qaw ha'm o'jet. Qon'ırat biyi To'remurat suwpının' so'zine erip o'zinin' tuwısqan ag'ası Aydosqa qarsı shıg'adı ha'm onın' qolınan o'ledi.

To'remurat suwpı sum, hiyleker ha'm takabbır adamnın' obrazı. Ol Qon'ırat xanlıg'ın du'ziw arqalı o'zinin' qolında xalıq biyligin uslap turg'ısı keledi. Ol bul maqsetin a'melge asırıw ushın sumlıq ha'm hiyleni iske saladı. Begisti o'zinin' a'skerlerine basshı etip qoyadı ha'm bul arqalı tuwısqan ag'ası Aydos penen onı arazlastıradı. Biraq Begis o'lgende onın' o'limine qıylanbaydı. Ornına Aytmurat qızıl betti ap-an'sat a'sker bası etip tayınlaydı. Qaraqalpaq qızların Qorasan baylarına atlarg'a awmastıradı. Biraq ba'ribir Qon'ırat xanlıg'ın du'ziw jo'nindegi maqsetine erise almaydı. Tek Aydostın' g'a'rezsiz Qaraqalpaq ma'mleketin du'ziw haqqındag'ı ideyasına qarsı shıqqanı qaladı.

Qumar ana obrazı - jazıwshının' u'lken tabısı. Ol aqıllı, uqıplı hayal, ataqlı Esengeldi mehremnin' qızı. Qaynag'ası menen ku'yewi Mırjıqtın' arasındag'ı, To'remurat suwpı menen Aydostın' arasındag'ı ala awızlıqlardın' aldın alıwg'a ha'reket etedi. Ha'mmesin de o'z ornı menen sıylaydı. O'zinin' hayallıq ar-namısın ha'mme jerde de qorg'ay aladı.

**«Tu'siniksizler» romanı.** Trilogiyasının' u'shinshi kitabı. Bul roman tiykarınan atı tariyxta a'psana bolg'an adam Ernazar alako'zdin' o'mirin ha'm ol jasag'an da'wirdegi qaraqalpaq xalqının' tariyxın su'wretlewge arnalg'an. Romanda Ernazardın' jigitlik da'wirinen baslap, xalıq ko'terilisinin' basshısı bolıp, ko'terilisshiler ıdırap, jen'iliske ushırap, Ernazardın' o'limge giriptar bolıwına shekemgi ju'da' ko'p jıllıq waqıya su'wretlenedi. Ernazar alako'z bul- «Baxıtsızlar» romanındag'ı Aydostın' inisi Mırjıq penen kelini Qumardan tuwılg'an bala. Ol jasınan-aq aqıllı, so'zge sheshen, palwan ha'm batır jigit bolıp o'sedi. Gu'reslerge tu'sip jen'islerge erisedi. Usınday pazıyletleri na'tiyjesinde biylik a'meline erisedi. Biraq Ernazar biy biylik a'melin Maman biy menen Aydos baba ideyalıq tiykarın salg'an qaraqalpaq xanlıg'ın du'ziw ushın paydalanadı ha'm rus patshalıg'ınan ja'rdem soramaqshı boladı. Ernazar alako'z bul a'rmanına erisedi. Qaraqalpaq xanlıg'ın du'zedi. Zarlıq to'reni xan etip saylap o'zi bas wa'zir boladı. Xiywa xanlıg'ı bul jas xanlıqqa qarsı a'skeriy hu'jim etedi. Gu'reste jas xanlıq jen'iledi. Ol ilim, bilim u'yrensin dep birqatar qaraqalpaq balaların (Ten'el, Qa'llibek) Rossiyag'a jiberedi.

Romannın' baslı qaharmanlarının' biri Qaraqum iyshan (Tu'rkiy axun) ha'reketi «Baxıtsızlar» romanında baslansa da, «Tu'siniksizler»

romanında ju'da' ayqınlasadı. Ol ja'digo'y ha'm eкi ju'zli adam. Kereк jerinde urılar menen de sheriк bolıp кete beredi. Ol Ernazardı bir neshe ma'rtebe aldaydı. Onın' tiyкarg'ı maqseti Xiywa xanlıg'ı arqalı islamnın' u'stemligin saqlaw. Xiywa xanlıg'ı quramında ha'm qaraqalpaqlar arasında ruslardın' ta'sirin o'tкermew.

Romanda Zarlıq to're, Jang'azı to're, Mixaylov, Ten'el ha'm Qa'llibeк obrazları. Basqa da obrazlar sa'tli jasalg'an.

T.Qayıpbergenov «Qaraqalpaq da'stanı» trilogiyasınan кeyin «Ko'zdin' qarashıg'ı» romanın, «Qaraqalpaqnama» roman-essesin jazdı.

Jazıwshının' «Ko'zdin' qarashıg'ı» romanı tariyxımızda »tubalawshılıq jılları» dep atalg'an da'wir shınlıg'ınan alıng'an. Romannın' baslı qaharmanları Da'wletov ha'm Serjanovlar. Da'wletov sovxozdın' jan'a direкtoı, al Serjanov bolsa esкi direкtorı. Romanda sol jılları orın alg'an qosıp jazıwlar, a'meldi iyelew ushın ha'r qanday jinayatqa qol urıw, jaramsaqlanıw sıyaqlı illetler, eкologiya mashqalaları so'z etiledi.

«Qaraqalpaqnama» roman-essesi bu'gingi a'debiyattın' joqarı кo'rкemliк ha'm ideyalıq talabınan tuwg'an. Avtor romanda miflerdi, a'psanalardı, legendalardı, didaкtiкalıq piкirlerdi evolyutsiyalıq jol menen turmıslıq materiallarg'a aralastırıp su'wretleydi.

Bul shıg'arma o'zine ta'n o'zgesheliккe iye. Birinshiden, avtordın' jeкe tvorshestvolıq evolyutsiyası menen birge respubliкamızdag'ı кo'rкem oydın' o'siwin beredi, eкinshiden, milliy folкlorlıq materiallardı paydalanıwı bul romannın' o'zine ta'n ha'm milliy o'zgesheligin кo'rsetetug'ın baslı faкtorlardın' biri bolıp esaplanadı. Avtor o'zinin' jeкe o'mirine, do'retpesine, o'zi o'sкen ja'miyetliк o'mirge ta'n memuarlıq elementlerdi de shıg'armag'a orınlı кirgizgen.

T.Qayıpbergenovtın' joqarıda atı atalg'an do'retpeleri teк g'ana qaraqalpaq prozasında g'ana emes, al, pu'tкil tu'rкiy a'debiy-esteтiкalıq oy du'nyasında u'lкen jan'alıq boldı. Bul shıg'armalar milliy-epiкalıq ha'm XX a'sir realistliк prozasının' da'stu'rlerinin' printsiplerin birbirine sintezlestirip, olardı ha'zirgi sheshiliwi tiyis problemalardın' кo'rкem jılnamasın du'ziwge xızmet ettiriwge degen jazıwshının' umtılısınan do'regen. Al, bul shıg'armag'a M.Qashqariy atındag'ı jer ju'zliк sıylıqtın' beriliwi g'a'rezsizliк jıllarındag'ı qaraqalpaq prozasında u'lкen waqıya boldı.

G'a'rezsizliк jıllarında da T.Qayıpbergenov a'debiyatımızdı o'zinin' кo'rкem forma, janr ha'm stil salasındag'ı izlenisleri menen bayıttı. Bunın' mısalı sıpatında onın' «O du'nyag'a atama xatlar» roman - essesin кeltiriwge boladı. Bul do'retpe tiккeley Aral tragediyasına arnalıp, ol o'zbeк, frantsuz tillerine awdarıldı, usı arqalı pu'tкil regiong'a qa'wip salg'an apatshılıq haqqında jer ju'zi xalıqlarına ma'limlewde u'lкen xızmet etedi.

Bunnan keyin jazıwshı «Tu'rkiynama», «Qaraqalpaqtın' o'z qalpag'ı menen sırlasıwı», «Qa'lbimnin' qamusı» «Qaraqalpaqpan ta'wekelshimen» shıg'armaların do'retti. Bul shıg'armalar o'zinin' janrlıq-formalıq, ideyalıq-tematikalıq bag'darları boyınsha jan'alıq bolıp qalmastan, qaraqalpaq a'debiyatının' usı jıllardag'ı jetiskenlikleri boldı.

«O du'nyadag'ı atama xatlar» do'retpesinde jazıwshı original ko'rkem formanı tan'laydı-Aral tragediyasının' aqıbetleri haqqında avtordın' qayg'ılı gu'rrin'in bul du'nyadag'ı tiri, jer basıp ju'rgen adamlar tın'lamag'anlıqtan, o du'nyadag'ı atasına mura'jat etiwge ma'jbu'r boladı. Demek, bizin' zamanlasımız - jazıwshı menen onın' marhum atası arasındag'ı sa'wbet da'wirdin', totalitar ja'miyettin' adamlar basına salg'an tragediyalıq aqıbetlerin su'wretlewge xızmet etedi. Bul na'rse avtorlıq ideyanı oqıwshıg'a da'l ha'm ashshı haqıyqatlıg'ı menen qosa jetkeriwde u'lken a'hmiyetke iye.

T.Qayıpbergenovtın' ja'ne bir jan'a do'retpesi «Qa'lbimnin' qamusı» dep ataladı. Do'retpe avtordın' filosofiyalıq oy-sezimlerinen ibarat, og'an jazıwshı reportaj-esse dep janrlıq atama qoyg'an. Bul shıg'arma da avtordın' jeke ko'z-qaraslarına, o'tkir pikirlerine bay.

T.Qayıpbergenov do'retiwshiliginde «Tu'rkiynama» do'retpesi de belgili a'hmiyetke iye. Do'retpede pu'tkil tu'rkiy xalıqlar, olardın' tariyxı su'wretlenedi, tuwısqan tu'rkiy tilles xalıqlardın' eski tariyxın, o'tmishin qayta qaraw, olardın' awızbirshiligin qayta tiklew, ruwxıy jaqınlıg'ın bekkemlew h.t.b. ma'seleler de ortag'a qoyıladı.

T.Qayıpbergenovtın' «Qaraqalpaqpan, ta'wekelshimen» shıg'arması jazıwshının' o'mir ta'jiriybesi, oqıg'an ha'm ko'rgen ha'diyseleri, faktleri tiykarında do'regen shıg'arma. Ol og'an berilgen 999 sorawg'a juwaptan ha'm jaslarg'a degen 99 na'siyatınan ibarat. Bul do'retpede de ibarat alatug'ın pikirler, u'yreniw za'ru'r bolg'an fakt ha'm ha'diyseler ko'p.

Jazıwshı do'retiwshiliginin' ja'ne bir u'lken bo'legin onın' publitsistikalıq maqalaları quraydı. T.Qayıpbergenov XX a'sirdin' 80-jıllarının' ekinshi yarımınan baslap elimizde orın alıp atırg'an ha'r qıylı mashqalalar (ko'birek ekologiya mashqalası) jo'ninde Moskva, Tashkent qalalarında shıg'atug'ın oraylıq gazeta ha'm jurnal betlerinde ko'p g'ana maqalalar ja'riyaladı. Bul maqalalarda jazıwshının' batıllıq penen aytqan pikirleri ele de orın alıwı mu'mkin bolg'an ko'p g'ana tragediyalıq jag'daylardın' aldın aldı, jazıwshılar, jurnalistler ortasında ashıq so'zlilikti, demokratiyanı rawajlandırdı. Sonday-aq olar qaraqalpaq ko'rkem publitsistikasın bunnan bılay da rawajlandırıwda aytarlıqtay xızmet atqardı.

Solay etip, To'lepbergen Qayıpbergenov belgili qaraqalpaq jazıwshısı. XX a'sir qaraqalpaq prozasının' jetekshilerinin' biri bolıp esaplanadı.

## Sorawlar ha'm tapsırmalar

1. T. Qayıpbergenovtın' qaraqalpaq a'debiyatındag'ı ornı haqqında aytıp berin'.

2. Jazıwshının' da'slepki gu'rrin'leri ha'm da'slepki gu'rrin'ler toplamı haqqında nelerdi bilesiz?

3. «Sekretar», «Mug'allimge raxmet» povestleri haqqında aytıp berin'.

4. «Uyqısız tu'nler», «Bir suwıq tamshı» povestlerin oqıp shıg'ın' ha'm Kamal, Gu'lzar Qaraqalpaqova obrazlarına sıpatlama berin'.

5. «Qaraqalpaq qızı« romanın oqıp shıg'ın ha'm ondag'ı baslı obrazlarg'a sıpatlama berin'.

6. «Qaraqalpaq da'stanı» roman trilogiyasının' u'sh kitabı jo'ninde, olardag'ı tariyxıy haqıyqatlıq, tariyxıy obrazlar haqqında aytıp berin'.

7. Jazıwshının' «Qaraqalpaqnama» roman essesinin' janrlıq o'zinsheligi haqqında ne bilesiz?

8. Jazıwshının' g'a'rezsizlik da'wirinde jazg'an shıg'armalarına sholıw jasan'.

9. Jazıwshının' publitsistikalıq shıg'armaları haqqında aytıp berin'.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# G'A'REZSİZLİK DA'WİRİNDEGİ QARAQALPAQ A'DEBİYATI

80-jıllardın' ekinshi yarımınan baslap turmısta demokratiyalıq ku'shler ha'reketke kirdi ha'm usıg'an baylanıslı qayta qurıw bag'darlaması burıng'ı kommunistlik rejimnin' qulawına alıp keldi. Burıng'ı Awqamnın' qulawı menen onın' quramındag'ı awqamlıq respublikalar g'a'rezsizlikke eristi. Xalıqlardın' g'a'rezsizlikte jasaw a'rmanı iske astı. O'zbekstan 1991-jılı g'a'rezsiz ma'mleket bolg'an bolsa, al Qaraqalpaqstan O'zbekstannın' quramındag'ı Suverenli respublika boldı. Biyg'a'rez el bolg'annan keyin O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan jan'a konstitutsiya nızamlarına tiykarlanıp o'zinin' bayrag'ına, gimnine iye boldı.

O'zbekstan Konstitutsiyasının' bir jıllıg'ına baylanıslı 1993-jılı «Bizin' ullı keleshegimizdin' huqıqlıq kepilligi» degen bayanatında Prezidentimiz İ.A.Karimov tariyxıy basıp o'tken jollarımızdı ha'm ha'zirgi turmısımızdı durıs ko'rsetiwdin' kerek ekenligi haqqında «Bizin' jerimizdin' haqıyqıy jan ku'yerleri aldında, onın' iygiligi ushın so'zi menen de, isi menen de ha'reket etip atırg'anlar aldında bizler o'zbek milleti haqqında barlıq haqıyqatlıqtı ashıwımız tiyis. Tariyxıy haq niyetlilik penen ko'rsetiw, bizlerdin' barlıg'ımız ushın ar-namıs isi ja'ne parız bolıp tabıladı», - degen edi.

O'zbekstannın' g'a'rezsiz el bolıwı turmıstın' barlıq salasında erkinlikke iye bolıwg'a ken' jol ashtı. En' baslısı o'zimizdin' kimligimizdi tanıdıq. O'zimizdin' tariyxımızdı, tilimizdi, dinimizdi, ma'deniyatımızdı, a'debiyatımızdı teren'irek u'yreniwge mu'mkinshilik aldıq, mu'lkimizge o'zimiz biylik etiwge eristik. Bul bizge g'a'rezsizliktin' bergen baxtı.

Prezidentimizdin' O'zbekstannın' jan'a tariyxın jazıw, Xorezmdegi Mamun akademiyasının' qayta tikleniwi, ruwxıy ma'deniyat ha'm ag'artıw orayın du'ziw, xalıq a'wız eki a'debiyatının' bay miyrası «Alpamıs» da'stanının' 1000 jıllıg'ın 1999-jılı belgilew, ko'rkem o'ner akademiyasın du'ziw ha'm teatr o'nerin rawajlandırıw haqqındag'ı shıg'arg'an pa'rmanları ilimdi, ilimdi, tariyxtı, a'debiyattı, ko'rkem o'nerdi, ma'deniyattı teren' izertlewge ha'm biliwge qaratılg'anlıg'ı ma'lim.

O'zbekstan Respublikası g'a'rezsizlik alg'annan keyin qaraqalpaq a'debiyatı da ko'p g'ana o'zgerislerge ushıradı. Bul o'zgerisler birinshi gezekte ideyalıq-tematikalıq bag'ıtta ju'z berdi. Burın sotsialistlik realizm dep atalg'an metodqa oranıp alıp, sheklengen tematika a'tirapında



www.ziyouz.com kutubxonasi

g'ana shıg'armalar do'retken jazıwshı-shayırlarımız endi erkinlikke iye boldı. A'debiyattın' u'stinen partiyalıq qadag'alaw alıp taslang'annan keyin o'mir shınlıg'ın a'dewir da'l su'wretlew mu'mkinshiligi tuwıldı. Ja'miyetlik du'zim o'zgeriwine baylanıslı onda jasap atırg'an adamlardın' sana sezimi, oy-o'risi, du'nya ko'z qarası, ko'rkem-estetikalıq talg'amı da o'zgerdi. Usınnan kelip shıqqan halda jazıwshı-shayırlarımızdan a'debiyatqa jan'asha qatnas jasaw, oqıwshılardın' ruwxıy halatın, du'nyasın esapqa alıw talap etildi. Na'tiyjede g'a'rezsizlik da'wirinin' a'debiyatı jan'a bag'ıttag'ı a'debiyat sıpatında do'rele basladı. İ.Yusupov, T.Qayıpbergenov, Sh.Seytov, M.Seytniyazov, A.Sadıqov, J.İzbasqanov, K.Karimov, K.Raxmanov, M.Nızanov, Q.Matmuratov, S.İbragimov, H.Ayımbetov, M.Jumanazarova, X.Da'wletnazarov, N.To'reshova, B.Genjemuratov, S.Jumag'ulov sıyaqlı onlag'an jazıwshı-shayır ha'm dramaturglerimiz usı da'wirde o'zlerinin' shıg'armaları menen qaraqalpaq a'debiyatının' bunnan bılayg'ı rawajlanıwına u'les qospaqta.

XX a'sirdin' 90-jıllarının' basında SSSR qusag'an totalitar du'zimge tiykarlang'an ma'mlekettin' ıdırawı, onın' baslı ideologiyalıq quralı bolg'an kommunistlik oylawdın' adamlardın' sanasınan a'ste-a'ste sıg'ıp shıg'arıla baslawı, onın' ornın adamzattın' a'sirler boyı jıynalg'an filosofiyalıq, etikalıq, estetikalıq, huqıqıy bilim qorları sistemasının' iyeley baslawı bizin' a'tiraptag'ı ja'miyetlik ha'm ta'biyat qubılıslarına, sonın' ishinde, turmısımızdın' ajıralmas bir bo'legi bolg'an ko'rkem a'debiyatqa degen qatnasımızdı da pu'tkilley o'zgertip jiberdi.

Durıs, g'a'rezsizliktin' da'slepki jılları a'debiyatta ekileniwler, burıng'ı qa'lipten shıg'ıp ketiwde qıyınshılıqlar boldı. A'sirese, bul qaharman obrazın jasawda, shıg'armag'a ideya-tematika tan'lawda ko'birek orın aldı. Shayır jazıwshılar jan'a da'wirdin' qaharmanı qalay bolıw kerek, jan'a da'wirdin haqıyqatlıg'ın qalay jırlaw kerek degen sorawlarg'a juwap taba almay sarsıldı. Biraq bul bag'darda da XX a'sir qaraqalpaq a'debiyatının' jetekshileri bolıp u'lgergen İ.Yusupov ha'm T.Qayıpbergenovlar u'lgi ko'rsetti. İ.Yusupov da'wir haqıyqatlıg'ın burıng'ıdan da batıl ayttı. Onın' shıg'armalarında pikir ele de o'tkirlesip, tın' pikir aytıw ko'birek ko'rindi. G'a'rezsizliktin' da'slepki jılları-aq jazg'an «Mustaqillik maydanınan o'tkende», «Alıs Malayziya koshelerinde», «Begligin'di buzba sen» lirikalarında g'a'rezsizlik da'wirinin' a'debiyatı qanday bag'ıtta rawajlanıwı kerek ekenligin ko'rsetip berdi. T.Qayıpbergenovtın' «Qaraqalpaqnama», «Qa'lbimnin' qamusı», «Qaraqalpaqpan, ta'wekelshimen« ha'm ko'p g'ana publitsistikalıq shıg'armaları qaraqalpaq jazıwshıları ushın u'yreniw mektebi boldı. Solay etip, g'a'rezsizlik da'wirinin' qaraqalpaq a'debiyatı da qaraqalpaq a'debiyatında qa'liples-ken da'stu'r tiykarında jan'a bag'ıtta rawajlanıp kiyatır.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## PROZA

G'a'rezsizlik da'wirinde qaraqalpaq jazıwshıları da ja'miyetlik, siyasiy o'zgerislerdi esapqa alg'an halda qa'lem terbetti. Usı da'wirge shekem ko'rkem so'z ustalarımız, sonın' ishinde, prozaiklerimiz de belgili bir sheklengen temalar a'tirapında shıg'armalar do'retip keldi. Ma'selen o'zlerinin' roman, povestlerin ko'binese ya alıs o'tmish waqıyalarına, ya birde Oktyabr awdarıspag'ı waqıyalarına qurdı. Bul jolda, a'lbette, olar belgili tabıslarg'a da eristi. Biraq, bunda kommunistlik ideologiyanın' ta'siri basım boldı. Ma'selen, 1920-30-jıllardag'ı qıyan-kesti tariyxıy waqıyalar, kolxozlastırıw ha'm sovetlestiriwge baylanıslı sovet hu'kimetinin' ju'rgizgen siyasatı haqqında haqıyqatlıqtı, ol da'wirdin' qarama-qarsılıqlı ha'diyseleri haqqında shınlıqtı jazıw mu'mkin bolmadı. Al, eger bul temag'a arnalg'an do'retpeler jazılsa da, olar siyasiy qa'liplerdin' shen'berinen shıg'ıp kete almadı. Bunın' ta'siri jazıwshılarımızdın' bir birine qarama-qarsı klasslardın' gu'resine shennen tıs itibar beriwlerinde, qaraqalpaq urıwları arasındag'ı alawızlıqtı ha'dden tıs bo'rttirip ko'rsetiwinde, iyshan- burıng'ı ziyalılırımız bolg'an ruwxanıylardın' kelbetine qara boyawlardı ayawsız jag'ıwında, jasalma konflikt jasawg'a umtılıwshılıqta, bolsheviklerdin' obrazın shennen tıs ideallastırıp su'wretlewlerinde h.t.b. ko'rindi.

Biraq g'a'rezsizlik da'wiri baslanıwdan bul kemshiliklerdin' ba'ri saplastırılıp, joqarı ko'rkemliktegi, oqıwshılardın' ruwxıy sho'lin qandıratug'ın, o'mirdi ko'rkem realistlik bag'darda su'wretlewi jag'ınan ha'r ta'repleme jetilisken shıg'armalar do'retilip kete bermedi. Kerisinshe, ayne proza tarawında ko'birek kemshilikler ju'z berdi. O'tken 15 jıl ishinde T.Qayıpbergenov, Sh.Seytovlardın' romanların esapqa almag'anda usı iri epikalıq janrda shıg'armalar ju'da' az do'retildi. A'sirese, da'wir mashqalaların ashıp beretug'ın, da'wirimizdin' adamları obrazın jaratqan shıg'armalar sanawlı g'ana. Sonlıqtan da, bul da'wir prozası haqqında so'z etkende a'debiy protsesste elewli waqıya bolg'an, a'debiyat ıqlasbentlerinin' dıqqatın o'zine tartqan roman, povest, gu'rrin'lerdin' kem ekenliginin' guwası bolamız.

Proza haqqında so'z bolg'anda onın' en' u'lken janrı roman haqqında aytpay ketiw mu'mkin emes. G'a'rezsizlik jıllarında qaraqalpaq jazıwshıları da bir qatar romanların ja'riyaladı. Ma'selen, T.Qayıpbergenovtın' «O du'nyag'a atama xatlar», «Qaraqalpaqtın' o'z qalpag'ı menen sırlasıwı», «Qa'lbimnin' qamusı», «Tu'rkiynama», Sh.Seytovtın' «Jaman shıg'anaqtag'ı Aqtuba», A.Sadıqovtın' «Tasta da gu'lleydi», H.Hamidovtın' «Ushqın«, K.Allambergenovtın' «Da'rya tartılg'an jıllar», K.Raxmanovtın' «Aqıbet», Q.Ma'tmuratovtın' «Terbenbes», Amangeldi Xalmuratovtın' «Ja'nnet bag'ı», Q.Ayımbetovtın'



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Qarabuwra», S.İsmaylovtın' «Ju'rek gallaktikası», H.O'temuratovanın' «Hu'rliman», A.A'bdievtin' «Jin-jıpırlar uyası» atlı romanların atap o'tiwge boladı.

T.Qayıpbergenovtın' joqarıda atı atalg'an do'retpeleri tek g'ana qaraqalpaq prozasında g'ana emes, al. pu'tkil tu'rkiy a'debiy-estetikalıq oy du'nyasında u'lken jan'alıq bolg'anın atap o'tiwimiz kerek. Bul shıg'armalar milliy-epikalıq ha'm XX a'sir realistlik prozasının' da'stu'rlerinin' printsiplerin bir-birine sintezlestirip, olardı ha'zirgi sheshiliwi tiyis problemalardın' ko'rkem jılnamasın du'ziwge xızmet ettiriwge degen jazıwshının' umtılısınan do'regen. «Qaraqalpaqnama» shıg'arması arqalı T.Qayıpbergenov tek g'ana qaraqalpaq prozasında emes, al, ha'zirgi Oraylıq Aziya xalıqları a'debiyatında birinshi bolıp roman-esse janrın do'retti. Sonlıqtan da, O'zbekstan xalıq jazıwshısı A'.Yakubov «Qaraqalpaqnama» do'retpesin joqarı bahalap «A'yyemgi Tu'rkstan a'debiyatında birinshi roman-esse, XX a'sir tu'rkiy a'debiyatında bolsa, da'slepki nama degen edi. Bul shıg'armag'a M.Qashqariy atındag'ı jer ju'zilik sıylıqtın' beriliwi g'a'rezsizlik jıllarındag'ı qaraqalpaq prozasında u'lken waqıya boldı.

G'a'rezsizlik jıllarında T.Qayıpbergenov prozamızdı o'zinin' ko'rkem forma, janr ha'm stil salasındag'ı izlenisleri menen bayıttı. Bunın' mısalı sıpatında onın' «O du'nyag'a atama xatlar» roman-essesin keltiriwge boladı. Bul do'retpe tikkeley Aral tragediyasına arnalıp, ol o'zbek, frantsuz tillerine awdarıldı, usı arqalı pu'tkil regiong'a qa'wip salg'an apatshılıqtın' ko'rkem tariyxın jer ju'zi xalıqlarına ma'limlewde u'lken xızmet etti. A'lbette, T.Qayıpbergenovtın' bul do'retpesi taqır jerden shıqqan joq. Jazıwshı ol shıg'armanı jazbastan aldın ko'p g'ana jer ju'zilik konferentsiyalarda shıg'ıp so'yledi, ha'r qıylı tillerde, baspalarda maqalalar, osherkler ja'riyaladı, bul problemag'a du'nya ju'zi ja'miyetshiliginin' pikirin qarattı, a'sirese, akad. A.Saxarovtın' jazıwshımızdı quwatlap, Moskva tribunasınan shıg'ıp so'ylewi jazıwshının' bunday shıg'armanı do'retiwge a'zelden-aq u'lken tayarlıqlar ko'rgenligin an'latadı.

T.Qayıpbergenovtın' ja'ne bir jan'a do'retpesi «Qa'lbimnin' qamusı» dep ataladı. Do'retpe avtordın' filosofiyalıq oy-sezimlerinen ibarat, og'an jazıwshı reportaj-esse dep janrlıq atama qoyg'an. "Tu'rkiynama» do'retpesi de belgili a'hmiyetke iye. Bul do'retpe avtordın' yadında qalg'an waqıyalar tiykarında jazılg'an. Do'retpede pu'tkil tu'rkiy xalıqlardın' obrazı jaratılg'an.

G'a'rezsizlik jılları jazılg'an romanlardın' ishinde Sh.Seytovtın' «Jaman shıg'anaktag'ı Aqtuba», K.Allambergenovtın' «Da'rya tartılg'an jılları», A.Sadıqovtın' «Tasta da gu'lleydi», S.İsmaylovtın' «Ju'rek galaktikası», Q.Matmuratovtın' «Terbenbes» romanları haqqında unamlı pikir bildiriwge boladı. Da'slepki u'sh romannın' tematikası



www.ziyouz.com kutubxonasi

bir-birine jaqın. XX a'sirdin' 50-jıllarınan baslap g'a'rezsizlik jıllarına shekemgi da'wirde elimizde orın alg'an mashqalalar A'mirxan, Jalg'as, Jumabay obrazları a'tirapında ashıp beriledi. A'sirese, Sh.Seytovtın' romanında da'wirdin' ashshı haqıyqatlıg'ı hesh qanday qıpsalamastan ashıp beriledi. A'mirxan buzaqılıq, hiylekerlik, jawızlıqtı o'zinde ja'mlegen obraz. Ol o'z maqseti, bayıw, ha'mel tekshesine ko'teriliw jolında hesh qanday jerkenishli ha'reketten tayınbaydı. Onın' ushın basqa adamlar ta'g'diri bir pul. Al K.Allambergenov ha'm A.Sadıqovlardın' romanlarındag'ı Jalg'as ha'm Jumabaylar da'wir ten'sizlikleri, nızamsızlıqları menen gu'resiwge, bunda ha'r qaysısı o'zinshe jol tan'lawg'a bel baylag'an qaharmanlar. Biraq partiyalıq jeke ha'kimlik hu'kim su'rip turg'an sol da'wirde Jalg'as, Jumabay qusag'anlardın' haqıyqatlıq ushın gu'reste jen'iske erisiwi mu'mkin emes edi. Bul haqıyqatlıq eki romanda da ju'da' sa'tli ashıp beriledi. S.İsmaylovtın' «Ju'rek galaktikası» romanı janrlıq jaqtan jan'a roman. Ol ilimiy-fantastikalıq janrda jazılg'an. Qaraqalpaq a'debiyatında ele bunday janrda romanlardın' do'retilmegenin esapqa alatug'ın bolsaq, bul roman qaraqalpaq a'debiyatında o'z ornına iye ekenligi so'zsiz.

Q.Matmuratovtın' «Terbenbes» romanları son'g'ı da'wirdegi a'debiyatımızda elewli qubılıslardın' biri boldı. Romannın' en' utıslı tamanlarının' biri de a'yne qaharman obrazın jaratıwda ha'm ha'zirgi da'wir ushın a'hmiyetli mashqalalardı ko'terip shıg'ıwında bolıp tabıladı. Romanda XIX a'sirdin' aqırı, XX a'sirdin' basında Terbenbes atawının' a'tirapında jasag'an xalıqtın' o'miri so'z etiledi. Shıg'armanın' bas qaharmanı Lepesbay a'piwayı awıl balasınan is bilermen, el basshısı da'rejesine shekemgi jollardı basıp o'tedi. Bul joldı jazıwshı isenimli su'wretley alg'an. Lepesbay is u'yreniwdi baslı maqset etip o'z aldına qoyadı. Ol kishi zavodlar quradı, usı arqalı xalıqtı jumıs penen ta'miyinleydi. Ekinshiden, o'z jerimizdin' ta'biyg'ıy ina'mın (balıqtı) xalıqtın' iygiligine jumsay biledi. Balıqtı duzlap, qaqlap tayar o'nim halına keltirip Rossiya ha'm Evropanın' basqa ellerine satıwdı sho'lkemlestiredi. Ol o'z awıllaslarına biymillet g'amxorlıq etiwdi, olardı jumıs penen ta'miyinlew, bergen qarızların jumıs isletiw menen o'ndirip alıw arqalı a'melge asıradı. Mine, sonın' ushın da roman qızıqlı oqıladı ha'm oqıwshılar ta'repinen qızg'ın ku'tip alındı.

Bul da'wirde povest, gu'rrin' janrlarında da bir qatar shıg'armalar ju'zege keldi. A'sirese, povest janrında bir qatar janrlıq ha'm ko'rkemlik izlenisler ju'zege keldi. S.İsmaylovtın' «Payg'ambarlar ha'm shaytanlar», M.Nızanovtın' «Eki qanxor» povestleri burın qaraqalpaq a'debiyatında onshelli rawajlanbag'an dedektiv janrında do'retildi. G.Esemuratovanın' «Duwdendegi da'pter», «Eski su'renler» povestleri da'wir haqıyqatlıg'ın batıl ashıp beriwi menen qunlı. S.İsmaylovtın' «Bizler

bir u'yde jasaymız» atlı povesti ilimiy fantastiкa janrında jazıldı. Ulıwma S.İsmaylov qaraqalpaq prozasın jan'a janrlar menen bayıttı. Bul salada izlenisler alıp bardı. M.Nızanovtın' «Aqshagu'l» povesti ha'zirgi da'wir problemalarına arnalg'an. Bunda bir shan'araq mısalında adamlar arasında sıylasıq, insap ha'm insapsızlıq, jaqsılıq ha'm jamanlıq problemasi, adam ta'g'diri, onın' qa'dir-qımbatının' ayaq-astı etiliwi sheberliк penen ashıp beriledi. Shıg'armada qaharman psixologizminin' jasalıwına ayrıqsha itibar qaratıladı. Biraq g'a'rezsizliк jılları qaraqalpaq prozasında joqarıda atap o'tilgen povestlerdi ha'm H.O'temuratovanın' gu'rrin'lerin esapqa almag'anda bul janrlardag'ı shıg'armalardı do'retiwshiler tiyкarınan jas jazıwshılar bolıp qaldı.

Ulıwma alg'anda, g'a'rezsizliк da'wiri qaraqalpaq prozası burın qol urılmag'an temalarg'a, ideyalarg'a qa'lem terbetiwde, el tarıyxında u'lкen ornı bar real shaxslardın' кo'rкem obrazın jaratıwda, qaharman xaraкterin jasaw jolında burıng'ı qatıp qalg'an кestelerden, stereotivlerden qutılıwda, jan'asha janrlıq stilliк shoqкılardı iyelewde belgili tabıslarg'a eristi. Sonın' menen birge bul da'wir prozasının' rawajlanıwının' ele de joqarı bolıwına tosqınlıq jasag'an obeкtiv ha'm subeкtiv sebepler boldı. Birinshisine eкonomiкalıq qıyınshılıq, qag'az qıtshılıg'ı sebep bolsa, eкinshisine jazıwshılarımızdın' o'zlerinin' jan'a da'wirge tayar emesligi, estetiкalıq oy-du'nyasının' burıng'ı totalitar ja'miyette ornıg'ıp qalg'an qa'liplerden, dogmalardan tolıq qutılmag'anlıg'ı, кo'rкem izlenisinin' to'menligi sebep boldı.

## POEZİYA

Bul da'wirde qaraqalpaq poeziyası da o'z rawajlanıw jolına iye boldı. Negizinde poeziyag'a demoкratiyalıq кeypiyat, кo'z qaras ertereк 80-jıllardın' eкinshi yarımınan baslap кirip кelgen edi. Usı jılları sol da'wirdegi awqamnın' ıdıraytug'ını belgili bolıp qaldı. O'ytкeni, ha'mme orınlarda nızamsızlıq, jeкe ha'кimshiliк, ta'rtipsizliк, tubalawshılıq orın aldı. Bul na'rse sol ma'mleкette jasawshı adamlardın' orınlı narazılıg'ın payda etti. Ja'miyette, problemalar sonday кo'beyip кetti, olar bir-biri menen ulasıp ja'miyetti qaplap aldı ha'm bunday ja'miyettin' tozg'anı кo'rinip turdı. Bizin' sharayatımızda eкologiyalıq problema birinshi orıng'a shıqtı. Sonlıqtan da usı jılları poeziyamızdın aqsaqallarının' biri İ.Yusupov «Qayta qurıwdın' balalarına», «Ashıq so'z», «Dialeкtiкa», «Korabller qoyımshılıg'ındag'ı eles» sıyaqlı turmıstın' ashshı haqıyqatlıg'ın batıl su'wretleytug'ın liriкalıq shıg'armaların do'retti. Bunday demoкratiyalıq кeypiyat basqa da qaraqalpaq shayırlarına otti.

G'a'rezsizliк da'wiri a'debiyattın' basqa tu'rleri sıyaqlı poeziyag'a da erкinliк berdi. Sonlıqtan da İ.Yusupov, K.Raxmanov, T.Qabulov,



www.ziyouz.com kutubxonasi

J.İzbasqanov, K.Karimov, H.Ayımbetov, N.To'reshova, S.İbragimov, X.Da'wletnazarov, B.Genjemuratov, M.Jumanazarova ha'm t.b. qaraqalpaq shayırları ideyalıq-tematikalıq, janrlıq-formalıq izlenisler alıp bardı. Olardın' lirikalıq shıg'armalarında erkin pikir aytıw, jan'asha pikirlew ko'birek ko'rindi. İ.Yusupovtın' usı da'wirdegi lirikalıq shıg'armalarının' bazı birewleri haqqında joqarıda aytıp o'tken edik. Shayır J.İzbasqanov ta bul da'wirde do'retiwshilik penen jedel shug'ıllandı. Shayırdın' qosıqlarında ku'shli lirizm, joqarı estetikalıq talg'am, en' baslısı pikir sulıwlıg'ı ko'zge taslanadı.

Tolqınlardın' to'sin aymalarday,
Jelpinesiz jazg'ı sulıwlar,
To'mende suw emes, ayna barday,
Serpilesiz nazlı sulıwlar.

Yamasa

Ko'rgenin'iz bar ma go'zzaldı,
Tan' sa'ha'rde shashırap oyang'an
Ushqınlanıp a'ne qozg'aldı,
Sulıw emes, bir uwıs a'rman.

Birinshi mısal J.İzbasqanovtın' «Shag'alalar» qosıg'ınan alındı. Bunda lirik qaharman o'z sezimlerin shag'alalar menen sa'wbetke quradı. Ta'biyattın' erkin ha'm erke jaratılısı bolg'an shag'alalardın' ha'reketinen go'zzallıqtı, sulıwlıqtı ko'rgisi keledi. Onnan estetikalıq zawıq alg'ısı keledi. Ekinshi mısalda da («Ko'rgenin'iz bar ma go'zzaldı» qosıg'ınan) a'dettegiden tıs pikirlew bar. Qaraqalpaq xalıq da'stanlarında «batır uyqısınan shashırap oyandı» degen ibaranın' isletiletug'ının bilemiz. Bunda shashırap oyanıw degen bizin' sanamızg'a batırlıqtın', aybatlılıqtın' simvolı sıpatında sin'edi. Al shayır bul qosıg'ında bul ibaranı qızlardın' go'zzallıg'ın ta'biyiy halında jetkeriw ushın isletedi.

X.Da'wletnazarov «G'ayrı jurttag'ı qaraqalpaqlar«, «Qozılar» dep atalatug'ın qosıqlarında xalqımızdın' o'tmishi, onın' o'tkendegi o'mirine baylanıslı emotsiyag'a tolı sezim-pikirlerin beredi. Bul qosıqlar ko'rkemligi, ta'sirshen'ligi boyınsha u'lken tabısqa iye boldı. K.Raxmanovtın' ko'p g'ana qosıqları oqıwshılar ta'repinen qızg'ın ku'tip alındı. A'sirese, shayırdın' ekologiyalıq qıyınshılıqlardı su'wretlewge arnalg'an qosıqları ta'sirshen'.

Ko'k aspanda ten'bil-ten'bil aq bultlar,
Sazaradı alag'ada kewlimdey,
Shaqırg'anday bolar geyde jat jurtlar,
Senin' son'g'ı qol bılg'ag'an belgin'dey.

Quyash bultqa ga' su'n'gip, ga' jarq eter,
Ta'biyattın' ba'ha'rdegi nazınday.
Din' aspannan quslar menen da'rt o'ter.
Sesti Araldın' en' aqırg'ı sazınday...

Mine, bul lirik qaharmannın' qulazıg'an kewlinen o'tip atırg'an keshirmeler. Lirik qaharman qıyalıy ta'biyat penen sırlasıp, onın' menen da'rtlesip atır. Bul qosıq ta'biyat penen insan arasındag'ı qatnasıqtı, olardın' birisiz ekinshisi o'mir su're almaytug'ının ko'rsetedi. Shayır ekologiya problemasın usı usıl arqalı jetkeriwdi maqul ko'rgen.

Sonday-aq bul da'wirde M.Jumanazarovanın' lirikalıq shıg'armalarında batıl pikirlew, H.Ayımbetovtın' lirikalarında pikirdi awıspalı ma'nige quriw, N.To'reshovanın' qosıqlarında hayal-qızlardın' du'nyag'a ko'z karasının' sa'wleleniwi, B.Genjemuratovta janrlıq-formalıq izlenisler ko'birek sezildi.

G'a'rezsizlik da'wirinde qaraqalpaq shayırları poema janrında da biraz jemisli isledi. Bul da'wirde İ.Yusupovtın' «Watan topırag'ı», J.İzbasqanovtın' «Qamal» (dramalıq poema), «Oqıwshıma xat», N.To'reshovanın' «Tutqın», «Qızımaw», «Analıq haqqında qıssa», «Jetim qız», X.Da'wletnazarovtın' «İyesiz jurt», «Qaraqalpaq bayazı», «Ziywariy shejire», «A'lwidag' muhabbat. «Xosh qal jaslıg'ım» (nasrıy poema), B.Genjemuratovtın' «Qıtay jipegindegi bitik», A.O'teniyazovanın' «Aysultan» h.t.b. poemalar, A'.O'tepbergenovtın' «Allan'dı umıtpa», «Allada da esap bar», N.To'reshovanın' «Yalg'anshı» dastanları ja'riyalandı. Usı poemalardın' ishinde İ.Yusupovtın' «Watan topırag'ı« ha'm B.Genjemuratovtın' «Qıtay jipegindegi bitik» poemaları ayrıqsha so'z etiwdi talap etedi.

İ.Yusupovtın' poemasında XX a'sirdin' 30-jıllarındag'ı repressiyada ma'jbu'riy o'z watanın ta'rk etken watanlaslarımızdın' ayanıshlı ta'gdiri so'z etiledi. Ha'r ta'repleme sawatlı A'bdisa'med axun alıs Turkiya elinde ju'rip-aq o'zinin' talantı, sawatı, adamgershiligi arqasında ko'pshiliktin' hu'rmetine miyasar boladı. Ol o'lip baratırıp ta ulı Mamıtqa o'z watanına sadıq bolıwdı, og'an qaytıp barıwdı na'siyatlaydı. Poemada Mamıttın' watan sag'ınıshı, ayralıq jolındag'ı azaplanıwları, kewil keshirmeleri, ruwxıy halatı sheberlik penen jetkerilgen. O'z watanın an'sap kelgen Mamıt qusag'an watan gedeylarına keshegi qızıl imperiya da'wirinde gumansırap qarawlar, olarg'a jo'nsiz azap beriwler su'wretlengen. O'z watanının' topırag'ına ayag'ı tiyiwden og'an tawap etip, duwa oqıp atırg'anda onı jansız dep gu'manlanıp tyurmag'a qamaydı.

Qapa bolıp, albıraqlap turg'anda,
U'sh miliysa jetip keldi bulmang'a.

Qolg'a кisen salıp so'zge кeltirmey,
Jabıq mashinag'a mingizdi sonda.

Mine, bul Sovet da'wiri siyasatının' bir кo'rinisi edi.

Poemada ha'r кim ibrat alg'anday adamgershiliк fazıyletleri su'wretlengen orınlar кo'p. A'bdisa'med axun balası Mamıt penen o'z elin ta'rк etip Turкiyadan baspana tabadı. Ol jerde basqa adamlar qatarı jergiliкli jerdin' isbilermen, qayır-saqawatlı insanı Nurılla biy olarg'a qayır saqawat кo'rsetedi, baspana beredi. Usınday g'amxorlıqqa A'bdisa'med axun adamgershiligi, insanlıq hu'jdanı menen juwap beredi. Nurılla biydin' u'yi o'rtenip, qızı Janna ot arasında qalg'anda o'z o'mirin qa'wipкe qoyıp (denesinin' кo'p jeri ha'dden tıs кu'yip кetiwi aqıbetinen A'bdisa'med axun qaytıs boladı) onı aman alıp shıg'adı. Qullası, bul poema joqarı adamgershiliк fazıyletleri menen ha'dden tıs jawızlıqtı, jaqsılıq penen jamanlıqtı qatara qoyıp su'wretlew arqalı insang'a ta'n bolg'an quramlılıqtı ashıp beredi. O'z puqaraların tentene etкen qızıl imperiyanın' hesh bir huqıq normalarına sıyıspaytug'ın siyasatın a'shкara etedi. Poema oqıwshını o'tmishкe na'zer taslaw, tınısh turmıstın' qa'dirine jetiw, adamgershiliк sıyaqlı ullı tu'siniк haqqında oy juwırtıwg'a jeteleydi.

B.Genjemuratovtın' poeması da oqıwshılar ta'repinen qızg'ın кu'tip alındı. Shıg'arma o'zbeк tiline awdarılıp ja'riyalandı. Og'an o'zbeк shayırı A'zim Suyun «son'g'ı da'wirde watan haqqında jazılg'an en' jaqsı shıg'arma boldı« dep bahaladı. Poemada tu'rк qag'anı Mo'de xannın' tilinen el-jurt, watan tınıshlıg'ı ushın eldi birlestiriw, jaslardı watang'a sadıq qılıp ta'rbiyalawdın' usılları bayan etiledi. Mo'de xan o'z no'кerlerinin' sadıqlıg'ın, birligin sınap кo'riw ushın olardı talay sınaqtan o'tкeredi. Qon'sı Shın patshası en' ju'yriк tulparın soratqanda da, on to'rt jasar jalg'ız qızın soratqanda da el-jurt tınıshlıg'ın go'zlep irкilmesten berip jiberedi. Biraq watan jerinen ber dep sorag'anda irкilmesten sawashqa shıg'adı ha'm shın patshası u'stinen jen'isкe erisedi. Demeк poemadan shıg'atug'ın juwmaq watan topırag'ı, jeri ha'mme na'rseden a'ziz. Onı кo'zdin' qarashıg'ınday saqlaw sol jerde jasawshılardın' ha'r birinin' minneti.

G'a'rezsizliк da'wirinde qaraqalpaq dramaturgiyası da rawajlanıwg'a iye boldı. Bul jılları Q.Matmuratovtın' «Bir u'yde eкi o'mir», «A'кeli jetimler», «O'mirbeк ha'm tazsha», «Aq teкesh ha'm кo'к teкesh», A.O'talievtin' «Ernazar Alaкo'z», «A'mir Temurdın' bir кu'ni», «Sultan Jaleletdin», Sh.Seytovtın' «Xalqabad» romanı tiyкarında jazılg'an «Qutlı jol» pesası (qayta islegen Q.Matmuratov), «Shariyar» dastanı tiyкarında jazılg'an «Shariyar» pesası (Q.Matmuratov), M.Nızanovtın' «Eкi du'nyanın' a'weresi», K.Raxmanovtın' «Ta'g'dir soqqısı», B.Baymur-

zaevtın' «Ba'ddiwa», «Pa'leкtin' ga'rdishi», A.O'teniyazovanın' «Jigittin' ıg'balın bersin», «Muhabbat ha'm g'a'zep», «U'mit ushqını», «Jumbag'ı кo'p du'nya bul», S.Jumag'ulovtın' «Eкstrasens», «Ku'yewin'di berip tur», «Adamlar qalay buzılg'an», «Bultlı кu'nler» pesaları jazıldı. Bul pesalar saxnalastırılıp tamashago'ylerdin' na'zerine usınıldı.

«Bir u'yde eкi o'mir» pesası dramalıq janrda jazılg'an. Onda a'piwayı bir u'ydin' o'miri arqalı turmıstın' dramalıq ta'repi ashıp beriledi. Bir u'ydin' eкi кelini eкi qıylı minezdegi, eкi qıylı du'nya tu'sinigindegi кelin. Olardın' ata-anaları da sonday. Shıg'armadag'ı tiyкarg'ı кonfliкt te shan'araq ag'zaları arasındag'ı tartısqa qurılg'an. Qullası, bul shıg'arma ha'zirgi da'wir temasınan alıp jazılg'an bolıp, onda milliy mentalitet probleması, milliy u'rp-a'det, da'stu'rlerge sadıqlıq ma'seleleri baslı orıng'a qoyıladı.

«O'mirbeк ha'm tazsha« кomediyası da tabısqa iye boldı. Onda O'mirbeкtin' tapqırlıg'ı, so'zge sheshenligi, ba'rqulla кewilli ju'riwi og'an degen su'yispenshiliкti oyatadı. O'mirbeк qaraqalpaqlardın' milliy qaharmanı. Onın' atına baylanıslı ju'da' кo'p sanlı aneкdotlar bar. O'mirbeк aytıptı degen ushırma so'zler xalıq arasında tolıp atır. Burın da İ.Yusupov ta'repinen jazılg'an «O'mirbeк laqqı» кomediyası uzaq jıllar dawamında qaraqalpaq saxnasında qoyılg'an edi. Q.Matmuratovtın' кomediyası da u'lкen tabısqa iye boldı. O'mirbeкtin' Tawasar bay menen ba'seкige tu'siwi ha'm onda jen'ip shıg'ıwı bir neshe кu'lкili epizodlar arqalı beriledi. Pesada Qulımbet qazı, Tazsha, Labaq, Tawasar baydın' кempiri obrazları sa'tli shıqqan. M.Nızanovtın' «Eкi du'nyanın' a'weresi» pesası da кomediya janrında jazılg'an. Onda burın2ı sкlad baslıg'ı o du'nyag'a barg'annan кeyin de gu'na'si кo'p bolg'annan кeyin кo'p sorawg'a tutıladı. Qullası, ol o dunyanın' da, bul du'nyanın' da a'weresine aylanadı.

T. Allanazarovtın' «Aydos biy» (1993), T. Qayıpbergenovtın' «Aydos baba». (Mın' tillag'a bahalang'an gelle» (1998) tragediyaları tariyxıy temag'a bag'ıshlanıp, tariyxıy shaxs Aydos biy tuwralı syujetкe qurılg'an. Olarda avtordın' Aydos biy tuwralı jan'a кo'z-qarasları кo'rкemlep beriledi.

Bul da'wirde jazılg'an dramalıq shıg'armalardın' ishinde A.O'taliev-tin' «Ernazar Alaкo'z» dramasın en' sa'tli jazılg'an saxnalıq shıg'armalar-dın' qatarına кirgiziwge boladı. Shıg'armanın' tiyкarı XIX a'sir qaraqal-paqlardın' o'mirinen alıp jazılg'an. Usı da'wirdegi milliy qaharman Ernazar Alaкo'z pesa orayında turadı. Pesadag'ı waqıyalardın' tariyxıy shınlıqqa qurılıwı, onda qatnasıwshı personajlardın' da tariyxta bolıwı, olardın' ha'reкetlerinin' isenimli shıg'ıwı bul shıg'armag'a tabıs alıp кeldi. Usı avtordın' «A'mir Temurdın' bir кu'ni», «Sultan Jaleletdin» atlı pesaları da tariyxıy shaxslardın' o'mirinen alıp jazılıwı menen bahalı.

Sonday-aq bul da'wirde bir qatar basqa xalıqlardın' a'debiyatınan da dramalıq shıg'armalar qaraqalpaq tiline awdarıldı. Ma'selen, O'zbekstan qaharmanı A.Aripovtın' «Sahıp qıran» piesası, qazaq dramaturgleri S.Balg'abaevtın' «Bizler de ashıq bolg'anbız», «En' sulıw kelinshek», «Muhabbatsız a'sir», K.Jetpisbaevtın' «Bul qanday toy», B.Jurtovtın' «Qa'yinene qılwası», K. Su'yinishovtın' «Kempir-g'arrının' erkesi», azerbayjan dramaturgi G.Xugaevtın' «Qatınımdı qaytıp ber», o'zbek dramaturgi Bagdasarovtın' «Jıg'ılg'ang'a judırıq», tu'rkmen dramaturgi N.Gullaevtın' «Keyipli kelin», qırg'ız dramaturgi N.Zakievtin' «A'ke ta'g'diri», ta'jik dramaturgi M.Baxtiydin' «Mekteptegi muhabbat» piesaların atap o'tiwge boladı. Bul shıg'armalar qaraqalpaq teatrının' repertuarın ken'eytiw menen birge qaraqalpaq dramaturgiyasın da bayıttı.

Ulıwmalastırıp aytqanda g'a'rezsizlik da'wirinde qaraqalpaq dramaturgiyası usınday o'zinsheliklerge iye boldı. Ol a'debiyattın' basqa tu'rlerine salıstırg'anda a'zzi rawajlandı. Bul da'wirde ko'birek komediya janrına itibar berildi. A'sirese, jen'il ku'lki tuwdıratug'ın ha'r qıylı tamashalar teatrda ko'birek saxnalastırıldı. Drama janrında shıg'armalar dım az jazıldı.

* * *

Solay etip, g'a'rezsizlik da'wiri qaraqalpaq a'debiyatı a'sirler dawamında rawajlanıp kelgen qaraqalpaq a'debiyatının' da'stu'rlerin bunnan bılay da jalg'astırıp xalqımızdın' ruwxıy baylıg'ın ele de tolıqtırıwg'a, olardın' estetikalıq du'nyasın bayıtıwg'a xızmet atqardı. A'debiyatımızdın' tu'r ha'm janrları tu'rlendi, tematikası ken'eydi. En' baslısı jazıwshı-shayırlarımız burıng'ı awqam da'wirinde qa'liplesip qalg'an qızıl ideologiyanın' siltewi boyınsha shıg'arma jazıw qusag'an illetinen qutıldı. Baspa so'z, a'debiyat u'stinen ornatılg'an qadag'alaw alıp taslandı. Bunın' barlıg'ı a'debiyatımızda ju'z bergen unamlı o'zgerisler edi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# TEST SORAWLARI — JUWAPLARI

1. Berilgen u'zindi qaysı so'z sheberine tiyisli?

Qansha go'zzal usı jer beti
Lekin mensiz bul da bir jetim,
Al doslarsız gu'lla'n niyetim,
Sho'lden o'lgen bu'lbu'lge megzer.
Yaki solg'an bir gu'lge megzer.

1. İ.Yusupov
2. T.Jumamuratov
3. A.Dabılov
4. S.Nurımbetov
5. Sh.Seytov

2. Qunnazar, Ma'diyar qaysı shıg'armalardın' qatnasıwshıları?

1. «Xalqabad» romanı
2. «Son'g'ı hu'jim» romanı
3. «Ko'p edi ketken tırnalar»
4. «Bosag'a» romanı
5. «Qaraqalpaq qızı» romanı

3. «Jaqsı adamnın' ju'regi» poemasının' janrlıq tu'rin anıqlan'.

1. Dramalıq poema
2. Satiralıq poema
3. Lirikalıq poema
4. Mifologiyalıq poema
5. Barlıq juwaplar durıs

4. «Aq da'rya» romanında qaysı da'wir waqıyası su'wretlenedi?

1. 20-jıllardag'ı waqıyalar
2. Urıs da'wirindegi waqıyalar
3. Urıstan keyingi da'wirdegi waqıyalar
4. Bu'gingi turmıs waqıyaları
5. 3,4 juwaplar durıs.



www.ziyouz.com kutubxonasi

5. «İnim sag'an tuwrı joldı aytıp otırman, eger bolaman desen', jawdan кegimdi alaman desen', uwayımdı qoy, gu'res maydanına shıq. Ha'zir pu'tкil du'nya ju'zinde, lawlag'an ot alısıp, tuwlag'an tolqın baslandı» - degen so'zler qaysı qaharmannın' so'zi.

1. Dosbergen
2. Beкtursın
3. Erpolat
4. Ayqız
5. Allambergen

6. «Posqan el» romanının' avtorın tabın'.

1. K.Ma'mbetov
2. T.Qayıpbergenov
3. S.Axmetov
4. İ.Yusupov
5. K.Raxmanov

7. «Aral qushag'ında» romanında qaysı da'wirdin' waqıyalar su'wretlengen?

1. XIX a'sirdegi tariyxıy waqıyalar
2. XX a'sirdin' 30-jıllarındag'ı tariyxıy waqıyalar
3. Urıs da'wirindegi tariyxıy waqıyalar
4. 1,3 juwaplar durıs.
5 1,3,4 juwaplar durıs.

8. 70-jıllardag'ı qaraqalpaq a'debiyatının' wa'кilleri кimler?

1. A. Begimov, İ.Qurbanbaev
2. J. Aymurzaev, İ.Yusupov
3. T. Qayıpbergenov, K.Ma'mbetov
4. 1, 3 juwaplar durıs.
5 3, 4 juwaplar durıs.

9. «Aral qızı» piesasının' avtorın anıqlan'.

1. A'.Shamuratov
2. T. Allanazarov
3. P. Tilegenov
4. S. Xojaniyazov
5. K. Raxmanov

10. Sham edin' ha'stesi sıng'an,
Duwtar edin' da'stesi sıng'an,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ha'r perden' altın sımnan,
Tar tag'ıldı sharqamadan.

Qosıqtın' do'retiwshisin tabın'.

1. A.Dabılov
2. İ.Yusupov
3. S.Nurımbetov
4. T.Jumamurtov
5. J. Aymurzaev

11. Oqıw-g'ayrat, oqıw-ku'sh,
Oqıwsız miynet -gewik push,
Oqıw menen ha'r na'rse,
O'zgerip bolmaq taza tu's.

Qosıq qatarları qaysı so'z sheberinin' do'retpesinen.

1. İ.Yusupov
2. X.Axmetov
3. İ.Fazılov
4. D.Nazbergenov
5. A.Matyakubov

12. S.Majitovtın' «Aytıp jiber» dep atalg'an qosıg'ı qaysı shayırg'a arnalg'an?

1. Qazaqbay
2. A.Muwsaev
3. Qulmurat
4. A'met
5. İ.Yusupov

13. Qaraqalpaq jasların oqıwg'a, sawatlı bolıwg'a, bilim alıwg'a shaqırıwshı «Oqıwg'a kel», «O'ner bilim», «İnan ma'kkem» qosıqlarının' avtorı?

1. M.Da'ribaev
2. A.Muwsaev
3. S.Ma'jitov
4. A.Dabılov
5. J.Aymurzaev

14. 20-jıllardın' ortalarınan baslap qaraqalpaq a'debiyatında drama janrı payda bolıp, ol...

1. S.Ma'jitovtın' «Bag'dagu'l» draması
2. Q.A'wezovtın' «Tilek jolında» draması

3. S.Xojaniyazovtın' «Su'ymegenge su'ykenbe« draması
4. A'.O'tepovtın' «Ten'in tapqan qız» draması
5. Drama janrı payda bolg'an joq.

15. S.Ma'jitovqa tiyisli dramalıq shıg'armalar qaysı qatarda berilgen?

1. Ernazar alako'z, Jigit boldıq, Sabaq
2. Bag'dagu'l, Gu'man, Leytenant Elmuratov
3. Gu'lim-Tayman, Talwas, Su'yin Sara
4. Tilek jolında, Ten'in tapqan qız
5. Sabaq, Su'ymegenge su'ykenbe, Ten'in tapqan qız

16. Sadıq shayırdın' qaysı shıg'arması ushın Berdaq atındag'ı ma'mleketlik sıylıq berildi?
1. Berdaq
2. Baxtiyar
3. Qamarı
4. Jipekshi qız
5. Xanalaslar

17.Sadıq Nurımbetovtın' yumor-satiralıq qosıqları berilgen qatardı tabın'.

1. Shug'ıllarg'a, O'gizlerden xabarın' joq, Shalag'ay bolman' ha'r iske
2. Ku'sh-ko'liklerden arza, Traktor ha'm ketpen
3. Kritikashıl baslıq, Shug'ıllarg'a, Taymasbek
4. Ma'spambettin' tu'si, At sawdasındag'ı aldawshılarg'a qarsı
5. Toy qılamız, O'tesh batır, İnimnin' xatı

18. J.Aymurzaevtın' urıs jıllarında jazılg'an lirikaları.

1. Jen'impaz xalıq, Ulım tın'la
2. Fronttan xat, Tın'lan'ızlar, Atası menen balası
3. Atası menen balası, Shımbayg'a, Watan ushın
4. O'tesh batır, Kewil-kewilden suw isher
5. J.Aymurzaevtın' urıs da'wirinde jazılg'an do'retpesi joq.

19. Drama janrında ken'nen belgli bolg'an «A'miwda'rya boyında», «Berdaq», «Ha'kisliler» piesalarının' avtorı.

1. S.Nurımbetov
2. T.Jumamuratov
3. J.Aymurzaev
4. T.Ma'tmuratov
5. İ.Yusupov

20. Da'wirimizdin' en' aktual mashqalalarının' biri ta'biyattı, haywanlardı qorg'aw ma'selelerine arnalg'an shıg'arma

1. Kiyiktin' eki ılag'ı
2. Okean ortasında
3. Suwg'a ketken adam
4. Kritikashıl baslıq
5. Akatsiya gu'llegen jerde

21. Sursha ha'm Atıraq obrazları qaysı shıg'armada so'z etiledi?

1. Ananın' kewli balada
2. Bala tuwralı so'z
3. Ag'ayinli eki batır
4. Qa'siyetli ga'whar tas haqqında ertek
5. Okean ortasında

22. «Bag'dagu'l«, «Ten'in tapqan qız», «Su'ymegenge su'ykenbe» dramalarındag'ı bas ma'sele...

1. Klaslıq gu'reslerdi sa'wlelendiriw
2. Hayal-qızlardın' erkinlik ushın gu'resi
3. Jaslarımızdı bilimli bolıwg'a shaqırıw.
4. Muhabbat ma'selesin sa'wlelendiriw
5. Hayal-qızlardın' huqıqsızlıg'ı u'stinen a'shkaralaw

23. Urıs jıllarındag'ı poeziyalıq shıg'armalar qaysı qatarda berilgen?

1. «Watan ushın», «Atlan», «Na'ma'rt jigit nege da'rkar»
2. Ulım tın'la, Daw bolmasın, Biz jen'emiz
3. Umıtpa meni, Doslıq jayı, O'zek,
4. Perzentim, Ananın' su'yiwi

24. N.Da'wqaraevtın' urıs jıllarında jazılg'an prozalıq shıg'arması

1. İnternatta, Qaharmannın' anası
2. Germaniyanın' gu'rjileri, Partizanlar
3. Batırlıq, O'limdi pisent etpewshiler
4. Sag'ınıp ku'tkende, Tag'ı da alg'a
5. Prozalıq shıg'arma jazbag'an

25. Frontqa ketken sapar, onın' hayalı Ja'miyla, enesi Nazlı kempir obrazları qaysı shıg'armada so'z etiledi?

1. N.Da'wqaraevtın' «Batırlıq» gu'rrin'inde
2. M.Da'ribaev «Mın'lardın' biri» povestinde



www.ziyouz.com kutubxonasi

3. K.Sultanov «Aq da'rya» romanında
4. İ.Yusupovtın' «Aктnsanın' ıg'balı» poemasında
5. S.Salievtin' «Tırnaq» romanında

26. Xalıq legendası tiyкarında jazılg'an shıg'arma

1. Bala tuwralı so'z
2. Qardag'ı iz
3. Bu'lbil uyası
4. Ma'кarya sulıw
5. Bahadır

27. T.Ma'tmuratov poemaları qaysı qatarda berilgen?

1. Periyzat, Unı da'rtleri, Aysa'nem
2. Menin' juldızım, Ma'meleк oy
3. Jaqsı adamnın' ju'regi, Gu'res
4. Gu'reste jen'diк, Erbay batır
5. Ka'rwan ma'nzildi go'zler, Tırnaq

28. Qaraqalpaq a'debiyatında roman janrının' tiyкarın salıwshı

1. O'.Ayjanov «Aral qushag'ında»
2. X.Seytov «Mashaqatlı baxıt»
3. A.Begimov «Balıqshının' qızı»
4. J.Aymurzaev «A'miwda'rya boyında»
5. A.Beкimbetov «Awır ta'g'dirdi jen'iwshiler»

29. 60-jılları jazılg'an prozalıq shıg'armalardı tabın'?

1. Bostansız bu'lbil, Xalqabad, Turmıs sabag'ı
2. Qaraqalpaq qızı, Bir awız so'z, A'jiniyaz
3. Qon'ırat, Ta'g'dir, Shımbay
4. Bosag'a, Jetimnin' ju'regi, Ko'zdin' qarashıg'ı
5. Jalınlı jıllar, Bozataw, Posqan el

30. Anası menen balası diywanashılıqqa ushırag'an, quwanıshlı o'mirge u'mit penen qa'dem taslaw jolı arqalı кo'plegen qaraqalpaq balalarının' ta'g'dirin tipiк obrazda su'wretlegen qaharman ha'm ol qaysı shıg'armada berilgen?

1. «Baxıtlı miynet gu'rrin'inde Sadulla
2. «Qaraqalpaq qızı» romanında Jumagu'l
3. «Batırlıq» gu'rrin'inde Sabırbay
4. «İnternatta» gu'rrin'inde To'resh
5. «Bag'dag'ul» dramasında Bag'dagu'l.



www.ziyouz.com kutubxonasi

31. M.Da'ribaevtın' qaysı shıg'arması realistlik qaraqalpaq prozasının' qa'liplesiwinde belgili a'hmiyetke iye boldı?

1. Shegarada
2. Jan'a adamlar
3. U'sh batırdın' anası
4. A'rman
5. Mın'lardın' biri

32. Jesir kempirdin' qızı Hu'rziya, jigit ag'ası Aytbay obrazları qaysı shıg'armada so'z etiledi?

1. Ko'klen dramasında
2. Shegarada poemasında
3. Mın'lardın' biri povestinde
4. A'miwda'rya boyında romanında
5. Bahadır da'stanında

33. «O'mirbek laqqı» komediyası, «İskender patshanın' tu'si» piesalarının' avtorı?
1. T.Jumamuratov
2. İ.Yusupov
3. T.Ma'tmuratov
4. M.Da'ribaev
5. A'.O'tepov

34. İ.Yusupovtın' qaysı shıg'arması o'zinin' mazmunı jag'ınan uzaq tariyxtı eske tu'siretug'ın, patriotlıq maqtanısh sezimlerdi, filosofiyalıq oy-pikirlerdi o'zinde ja'mleydi?

1. Kewil-kewilden suw isher
2. Ayt sen A'jiniyazdın' qosıqlarınan
3. Kegeyli
4. Ana tilime
5. Qu'diretli shınar haqqında

35. Bul menin' idiraldı iri su'ykimli do'retpem edi,-dep jazadı İ.Yusupov-Shayırlıq degen «la'zzetli su'rginge» aydalıwım usı poemadan baslandı.

İ.Yusupov qaysı shıg'armasın na'zerde tutqan?
1. Akatsiya gu'llegen jerde
2. Dala a'rmanları
3. Tumaris
4. Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq
5. Joldas mug'allim



www.ziyouz.com kutubxonasi

36. T.Qayıpbergenovtın' qaysı shıg'armasında tariyxımızda «tubalawshılıq jılları» dep atalg'an da'wir shınlıg'ı so'z etiledi?

1. Qaraqalpaq qızı
2. Qaraqalpaqnama
3. Ko'zdin' qarashıg'ı
4. Qaraqalpaq da'stanı
5. Son'g'ı hu'jim

37. Wa'siyat eken al sondag'ı
Aytıp ketken urpag'ına,
Tır jalan'ash qalsan'dag'ı,
Bek bol, bala qalpag'ın'a

qosıq qatarları qaysı shayırdın' shıg'armasınan alındı?

1. İ.Yusupov «Qaraqalpaq haqqında so'z»
2. A.Shamuratov «Dostın' sırı»
3. T.Ma'tmuratov «Qaraken'»
4. M.Da'ribaev «Tu'rk qızı»
5. A.Dabılov «O'tken zaman»

38. J.Aymurzaevtın' «Tın'lan'ızlar», S.Nurımbetovtın' «Perzentim» qosıqlarındag'ı tiykarg'ı ideya....

1. gumanizm
2. didaktika
3. xalıqlar doslıg'ı
4. realizm
5. patriotizm

39. A.Begimovtın' qaysı osherkinde Shımbaylı mug'allim Sha'ripbay Allambergenovtın' fronttag'ı erlikleri su'wretlenedi?

1. Namıs
2. O'rnekshiler
3. Watandarlıq urıstın' veteranı
4. Ol watan ushın urıstı
5. Qazaq korpusının' marshı

40. Urıstan keyingi jılları do'retilgen dramalar?

1. Birinshi gudok, Jigit boldıq, Alpamıs
2. Su'ymegenge su'ykenbe, Aygu'l-Abat, Aral qızı
3. Jas ju'rekler, Bizin' bahadır, Qırıq-qız
4. G'a'rip-Ashıq, A'miwda'rya boyında, Bag'dagu'l
5. Gu'man, Tilek jolında, Aral qızı



www.ziyouz.com kutubxonasi

41. N.Da'wqaraevtın' qaysı shıg'arması birinshi ma'rtebe qazaq tilinde 1929-jılı «Jan'a meкtep» jurnalında basıldı?

1. Keshegi bir кu'nlerde
2. Batırlıq
3. Baxıtlı miynet
4. İnternatta
5. Ko'p кu'nlerdin' birewi

42. G'a'rezsizliк da'wiri jıllarındag'ı prozalıq shıg'armalar qaysı qatarda berilgen?

1. Tu'rкstan, Jiyren, Do'hmet
2. Da'rya tartılg'an jıllar, Bahadır, Gu'res
3. Posqan el, Jan'a adamlar, Shırashılar
4. Xalqabad, Qaraqalpaq qızı, Posqan el
5. Jaman shıg'anaqtag'ı Aqtuba, A'miwda'rya boyında

43. Shaqmaq кempir obrazı qaysı shıg'armada so'z etiledi?

1. Xalqabad
2. Bahadır
3. Qaraqalpaq qızı
4. Shırashılar
5. Qızкetкen

44. Adamlar tiriliginde jaqsı bolıp, adamlardın' su'yiwshiligine bo'leniwi кereк, olardın' dan'qı o'lse de o'shpewi tiyis. Jaman adamlardın' o'mirin uzaytıw bul ja'miyetкe zıyan degen oydı, ideyanı alg'a qoyg'an mazmunlı shıg'arma qaysı?

1. Jetimnin' ju'regi
2. Menin' juldızım
3. Jalınlı jıllar
4. Jaqsı adamnın ju'regi
5. Durıs juwap joq

45. Qaraqalpaq a'debiyatında memuarlıq shıg'armanı tabın'.

1. Qaraqalpaqnama
2. Qaraqalpaq qızı
3. Jetimnin' ju'regi
4. Posqan el
5. Tu'rкstan



www.ziyouz.com kutubxonasi

46. Sadıq shayırdın' epikalıq shıg'armaların durıs tabın'?

1. Toyg'a u'les, o'tken ku'nler, Farhad
2. Jipekshi Jan'ıl, Allamurat a'lpayım
3. Qamarı, Berdaq, Shomanay
4. Baxtiyar, Ernazar Alako'z, Tu'rkstan
5. Berdaq, Zarımbettin' g'abırısı, Qa'dirdan doktor

47. K.Raxmanovtın' qaysı draması «Aqıbet» romanının' syujeti tiykarında jazılıp, qatnasıwshılarda romandag'ı adamlar bolıp tabıladı.

1. Kelin
2. Injıqtın' muhabbatı
3. Eglengen ba'ha'r
4. Jaralı ju'rekler
5. O du'nyag'a mira't

48. S.Xojaniyazov atındag'ı jas tamashago'yler teatrı o'zinin' birinshi perdesin qaysı dramanı qoyıw menen ashqan edi?

1. T.Jumamuratov «Tiklengen tuw»
2. İ.Yusupov «O'mirbek laqqı»
3. K.Raxmanov «Jaralı ju'rekler»
4. K.Raxmanov «Eglengen ba'ha'r»
5. J.Aymurzaev «Kolya»

49. Qaysı shıgarma doslıq haqqında, ta'g'dirles xalıqlardın' o'tken o'miri ha'm bu'gingisi haqqında jazılgan bolıp tabıladı?

1. Jetimnin' ju'regi
2. Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq
3. Qaraqalpaqnama
4. Dala a'rmanları
5. Menin' juldızım

50. «İ.Yusupovtın' poeziyası» degen ilimiy monografiyanın' avtorı?

1. G.Esemuratov
2. Q.Bayniyazov
3. S.Bahadırova
4. S.Axmetov
5. A.Aliev

51. «A.Muwsaevtın' shayırlıq stilinin' o'zgeshelikleri» degen temada kandidatlıq jumıs jazg'an ilimpaz?

1. T.Allanazarov

2. O. Beкbawlov
3. N. Japaqov
4. Q. Bayniyazov
5. İ. Sag'ıytov

52. Ko'rкem o'nerdin' baslı wazıypası?

1. Xaraкter jaratıw
2. İshкi sezimlerdi oyatıw
3. Xalıq turmısın sa'wlelendiriw
4. Ko'rкem obraz jaratıw
5. Sulıwlıqtı beriw

53. Ko'rкem a'debiyattın' basıp o'tкen tariyxıy jolı.

1. Mifologiya. Folкlor. A'debiyat.
2. Waqıyalardı a'piwayı bayanlaw, obraz jaratıw
3. Realistliк a'debiyat, folкlor.
4. Romantiкalıq a'debiyat, folкlor, realistliк a'debiyat.
5. Folкlor, realistliк a'debiyat, romantiкalıq a'debiyat.

54. A'jiniyazdın' «Bardur», «Ellerim bardı» qosıqları qanday estetiкalıq sezimlerdi oyatadı?

1. Ko'terin'кi ha'm go'zzal sezimlerdi oyatadı.
2. Tragediyalıq sezimlerdi.
3. Ku'lкi ha'm ha'zil sezimlerin.
4. Qorqınısh ha'm tragediyalıq sezimlerdi
5. Tragediyalıq ha'm go'zzal sezimlerdi

55. Berdaqtın' «Altı qız» shıg'arması qanday estetiкalıq кategoriyag'a tiyкarlang'an?

1. Tragediyalıq кategoriyasına, sebebi qatnasıwshılardın' o'limi su'wretlenedi.
2. Komediyalıq, sebebi кu'lкili jag'day su'wretlenedi.
3. Go'zzallıq кategoriyasına, sebebi qızlardın' sulıwlıg'ı su'wretlenedi.
4. Ko'terin'кiliк кategoriyasına, sebebi saltanatlı jag'daylar su'wretlenedi.
5. Qaharmanlıq кategoriyasına, sebebi altı qız qaharmanlarsha qurban boladı.

56. İ.Yusupovtın' «Sho'girme» qosıg'ında sho'girme...

1. Etnografiyalıq element, sebebi xalıqtın' milliy кiyimin bildiredi.
2. Allegoriyalıq obraz, sebebi ol qaraqalpaq xalqının' obrazın astarlap beredi.



www.ziyouz.com kutubxonasi

3. Simvolikalıq obraz, sebebi ol qaraqalpaq xalqının' simvolın (nıshanın) an'latadı.

4. Tragediyalıq obraz, sebebi ol xalıqtın' qayg'ılı tariyxın beredi.

5. Tariyxıy obraz, sebebi ol qaraqalpaq xalqının' uzaq o'tmishin eske saladı.

57. Shekspirdin' «Romeo ha'm Djuletta» tragediyasında Romeo qanday obrazg'a jatadı?

1. Qaharmanlıq obraz, sebebi ol muhabbat jolında qaharmanlıq isleydi.
2. Ko'terin'ki obraz, sebebi ol ko'terin'ki sezimlerdi oyatadı.
3. Komediyalıq obraz, sebebi Romeo ko'p jerlerde ku'lki jag'daylarda ha'reket etedi.
4. Tragediyalıq obraz, sebebi Romeo muhabbatqa sadıq bolıp qurban boladı.
5. 1 ha'm 2 juwapları durıs.

58. Ko'rkem a'debiyattın' tu'rlerin ko'rsetin'.

1. Mifologiya, awız a'debiyatı, drama.
2. Drama, Epos, lirika
3. Drama, epos, liro-epika, lirika
4. Mifologiya, qaharmanlıq epos, roman
5. Roman, poema, lirika, epika.

59. **Aqmaqqa ha'mdam bolsan', qalmas** ar-uyat,
Sol ushın Hayyaamnan tın'la na'sihat»
Axmaqlardın' **bergen** balzam **suwınan**
Aqıllının' **bergen** za'ha'ri **zıyat.**
Astı sızılg'an so'zler ko'rkemlewdin' qaysı tu'rine jatadı?

1. Troplar
2. Allegoriyalıq su'wretlew
3. Simvolikalıq su'wretlew
4. Ko'rkem sintaksis
5. Ko'rkem leksika

60. Qaraqalpaq poeziyasının' tiykarg'ı qosıq o'lshemi

1. Aruz
2. Barmaq
3. Tonika
4. Sillaba-tonika
5. Metrika



www.ziyouz.com kutubxonasi

# MAZMUNI

Ko'rkem a'debiyat haqqında tu'sinik ..... 3
Qaraqalpaq folklorı ha'm onın' tu'rleri ..... 5
Salt-da'stu'r qosıqları ..... 5
Xalıq qosıqları ..... 15
Balalar folklorı ..... 18
Xalıq danalıg'ının' kishi janrları ..... 20
Ertek ha'm an'ızlar ..... 24
Da'stanlar ..... 32
Qaraqalpaq jazba a'debiyatı haqqında ..... 59

**Nog'aylı ha'm Tu'rkstan da'wirindegi qaraqalpaq a'debiyatı (XV—XVIII a'sirler)** ..... 63

Jiyen jıraw Amanlıq ulı ..... 67
Ku'nxoja İbrayım ulı ..... 71
A'jiniyaz Qosıbay ulı ..... 75
Berdaq G'arg'abay ulı ..... 85
O'tesh Alshınbay ulı ..... 114

**XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq a'debiyatı** ..... 118

Omar Su'yirbek ulı ..... 125

**XX a'sir qaraqalpaq a'debiyatının' tiykarg'ı o'zinshelikleri** ..... 129

1920—40-jıllardag'ı qaraqalpaq poeziyası ha'm onın' tiykarg'ı bag'darları ..... 131
20—40-jıllardag'ı dramaturgiya ..... 135
20—40-jıllardag'ı proza ..... 138

**Ekinshi du'nya ju'zilik urısı da'wirindegi qaraqalpaq a'debiyatı** ..... 141

60—80-jıllardag'ı Qaraqalpaq a'debiyatı ..... 147
Abbaz Dabılov ..... 158
Jolmurza Aymurzaev ..... 162
Karamatdin Sultanov ..... 165
İbrayım Yusupov ..... 168
To'lepbergen Qayıpbergenov ..... 177

**G'a'rezsizlik da'wirindegi qaraqalpaq a'debiyatı** ..... 184

Test sorawları—juwapları ..... 195



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Qurbanbay Ja'rimbetov, Quwanıshbay Orazımbetov**

# QARAQALPAQ A'DEBİYATI

*Ka'sip-o'ner kolledjleri oqıwshıları ushın sabaqlıq*

*«Bilim» baspası*
*No'kis — 2006*

Redaktorı *İ. Allanov*
Tex. red. *T. Maxsudova*
Xudojnik *İ. Serjanov*
Operator *G. Serimbetova*

Basıwg'a ruxsat etilgen waqtı 14.12.06-j. Formatı 60x90 1/16. Tip «Tayms» garniturası. Ofset baspa usılında basıldı. Kegl 10. Ko'lemi 13,0 baspa tabaq. 15,3 esap baspa tabaq. Nusqası 500 dana. Buyırtpa № 78

«Bilim» baspası, 742000. No'kis qalası. Qaraqalpaqstan ko'shesi,9.

Tashkent qalası, «NİSİM» jeke tipografiyası. Sh. Rashidov ko'shesi, 71^.

www.ziyouz.com kutubxonasi